



- 1 II. Mas Cêbolang dalah para santrinipun ing Wirasaba
Sang adipati ngluwari nadar nanggap sulap Mas Cêbolang sasampunipun lair
putranipun kanthi wilujêng dalah ibunipun. Inggang ningali sakalangkung
kathah kalêbêt para abdi tuwin sêliripun sang adipati. Mas Cêbolang bagus
rupinipun, karêngga ing pangangge sarwi sae. Ing dalêm têrbangan,
têtêmbangan tuwin singiran swantênipun ulêm, bênging anganyut-anyut, mila
kathah sangêt para wanita inggang gandrung kayungyun. Sêliripun sang
adipati inggang kinasih nama Jae Manis abên liring, sakalangkung kapranan.
Sulapipun Mas Cêbolang mawarni-warni damêl gawokipun inggang sami
ningali.
Wiji sê mangka katanêm sanalika thukul, sêkar, wêkasan awoh agêng-agêng.
Para sêlir kasuwun mêthik woh-wohan, sakalangkung rame ndadosakên
rênanipun sang adipati. ...
kaca 1-11

Jilid 5 - Kaca : 1

DHANDHANGGULA

Pupuh Dhandhanggula 17 pada sarta Sinom 1 pada ing ngandhap punika sêsêlan
karanganipun R. Ng. Ranggawarsita kados katrangan ing ngajêng. Sêsêlan wau
kacetak miring lan botên mawi angka pupuh.

Dhandhanggula

1. Purwaning reh manising palupi |
Rêspatjenjang nujwa gathitastha |
Ruwah ping tigalikure |
ing Dal mangsa Kasèku |
sinêngkalan Atata rêsi |
apan Amulang Jalma |
nênggih kang dhinapur |
amarna rikang carita |
duk prang Giri awusana soring jurit |
têmah kithane bêdhah ||
2. Sarusaking wau kithèng Giri |
(n)Jêng Pangeran Pêkik kang ambêdhah |
garwa putra sadayane |
binoyong mring Matarum |
tapis rajabrana ing Giri |
tuwin kang rajakaya |
binêktèng Matarum |
wadya lit rusak jinarah |
kunêng wontên putra sing ampeyan katri |
apan atunggal rena ||
3. Inggang sêpuh wasta Jayèngrêsmi |

- wontên malih arinipun priya |
 Jayèngsari panêngrane |
 kalih samya abagus |
 apan sami jatmika kalih |
 pan samya ahli tekat |
 ing ngèlmi takabul |
 warujunipun wanudya |
 apaparab wau Nikèn Rancangkapti |
 warna ayu utama ||
4. Cinatur duk bêdhahirèng Giri |
 putra têtiga wau punika |
 sami nis tilar prajane |
 wong Mataram datan wruh |
 mring putra tri dènya lumaris |
 sami arêbat gêsang |
 ing purug tan ngumpul |
 kalangkung kawêlasarsa |
 pan mangilèn parane dyan Jayèngrêsmi |
 kêkalih rencangira ||
5. De kang rayi Radèn Jayèngsari |
 apan mangetan ing lampahira |
 tan pisah lawan arine |
 Kèn Rancangkapti wau |
 dahat dening kawêlas-asih |
 panakawane juga |
 Buras wastanipun |
 panakawane kang rama |
 datan pisah sapurug dènya lumaris |
 sajuga ingkang milya ||
6. Kêkinthil tan kêna sah lan gusti |
 pan pun Buras kang abdi wastanya |
 kacatur wau lampahe |
 langkung kawêlas-ayun |
 Rancangkapti anggung anangis |
 ingkang raka sangsaya |
 pucaking tyas pupus |
 tumingal ing arinira |
 kinèn (ng)gendhong mring pun Buras ingkang abdi |
 yèn sayah ginêntenan ||
7. Pan wus ilang wanguning priyayi |
 yata radèn ngangin-angin warta |
 yen (n)Jêng Sultan ing karsane |
 têtêrêm tan karsa anglut |
 mring sêntana putra ing Giri |
 kang sampun tan kacandhak |
 kang anis rumuhun |
 radyan eca ing tyasira |
 yata mulat sêmana ningali wukir |
 langkung asri kawuryan ||
8. De wit-witan anganggrang nèng nginggil |
 taru gêng-gêng kang apuyuh dènta |

Jilid 5 - Kaca : 2

amêpêti sawarnine |
ingkang pala gumantung |
tuwin sêkar-sêkar mawarni |
ran wukir Sokayasa |
dene kang pilungguh |
sang pandhita Anggungbrangta |
ingkang tumut wisma rong desa watawis |
sami sêntananira ||

9. Kasub lamun pandhita linuwih |
nênggih Kyai Gêdhe Anggungbrangta |
buntas ngiwa panêngênne |
kathah wong agung-agung |
ingkang samya angalap ngèlmi |
darbe putra satunggal |
jalu tur binagus |
nanging dèrèng mawi krama |
duk timure kang rama sinung kêkasih |
Mas Ngali nging tan karan ||
10. Sarêng diwasa dipunparabi |
mring kang rama kae Mas Cêbolang |
katêlah diwasa ranne |
nanging pugal kêlangkung |
nora kêna bathuk kalimis |
langkung dening (m)bêlasar |
mring panggawe dudu |
kathah prawan lan somahan |
wong ing ngare tan gothang ing siyang ratri |
minggah marang aldaka ||
11. Panggih lawan Mas Cêbolang sami |
mring pondhoke rinewangan cumban |
pan wus sinung wismèng dhewe |
lèring wisma ramèku |
yen mring ngare rama marêngi |
ana wong angon menda |
maesa lan lêmbu |
rencange kinèn sung sêga |
lan gagudhêg winor lan kacubung sami |
kang sinungan tan nyana ||
12. Lamun gadublêge dipunmori |
sawusira mangan nulya niba |
dene lêmbu sakathahe |
lan mendane jinupuk |
niji-niji nora katawis |
praptèng wisma pinragat |
dinum santri agung |
winartan (ng)gènnipun tumbas |
apan asring kang rama sinrêg ngilèni |
mring kang darbe maesa ||

13. Nora mantra putra pandhita di |
 pan wus surup ngèlmu kasampurnan |
 prandene dèn mamah bae |
 langkung sèwu (n) dalurung |
 kang rama gung dènya (n) dukani |
 tinundhung pinêlalah |
 (m) bêktèng santri catur |
 wus sadasa wulan kentar |
 anuruti dènya pralènthe sayêkti |
 ngumbara (m) barang trêbang ||
14. Wus anurut tanah ing pasisir |
 malah wus bêngang ping pira-pira |
 saking kêkathahên ronggèng |
 nêng Sidayu kinêpung |
 andhêmèni bojoning santri |
 kesah maring ing Daha |
 mondhok wismanipun |
 Ki Jamal pangulu Daha |
 dhasar kathah santrinira Ki Jamali |
 Ki Jamali sru bungah ||
15. Mring sang prapta wus sinung wismèki |
 santrinira Ki Jamali samya |
 mring kang prapta langkung sihe |
 arênês cangkêm karut |
 yèn kalane dipunsuruhi |
 ginawe pakaulan |
 pangantèn tan atut |
 kaul nanggap Mas Cêbolang |
 yèn lumampah kantos kathah santri ngiring |
 santrine dhewe papat ||
16. Bêbêktane duk kesahe nguni |
 mung punika kang ginawe tandhak |
 kapat parigêl bêksane |
 tur wong wus samya surup |
 lamun ronggèng lanang sayêkti |
 prandene nêng kêrêngan |
 kwèh suduk-sinuduk |
 nênggih wong lakon sadina |
 yèn miyarsa Mas Cêbolang dènsuruhi |
 dhangan pra samya prapta ||
17. Nanging wong cilik datan kuwawi |
 anyuruhi marang Mas Cêbolang |
 saking tan kêlar opahe |
 langkung gung sajènipun |
 yèn têbasan rong puluh anggris |
 marma arang kang kêlar |
 nanggap sabab agung |
 lan bêktane santri kathah |
 yèn wong cilik arang kêlar angingoni |
 dhangan nonton kewala ||

Sinom

1. Yata anuju sêmana |
bupatine darbe kardi |
puput dènnya darbe putra |
duk kala garwèng nyakiti |
dhukun kathah samya ngling |
sok lujênga darbe kaul |
ngundang Kimas Cêbolang |
mangka rahayu marmaning |
animbali marang panjak Mas Cêbolang ||

Jilid 5 - Kaca : 4

Sasampunipun sêsêlan utawi tambahan dening R. Ng. Ranggawarsita ing nginggil,
lajêng nyandhak ngandhap punika ingkang sambêt kaliyan Sêrat Cênthini jilid
IV.Mila miturut aslinipun sambêtan punika pupuh:

Jilid 5 - Kaca : 5

321 Sinom

40. Anuju wulan purnama |
lir raina padhangnèki |
badhene wetan pandhapa |
ênggènne ananggap singir |
pêpak sajèn mawarni |
sêkar konyoh lawan kutuk |
sêkul tumpêng mêngana |
warni pasar amêpêki |
salawate nèng sajêng salawe reyal ||
41. Rolas wadhah samya dhulang |
liya ancak lawan cêthing |
miwah bokor gêlas talam |
sadaya dipunsasabi |
sinjang sêkaran warni |
bathik lurik lawan wulung |
myang karukub kurungan |
kang sinjang mawarni-warni |
padhang bulan binanton obor sasanga ||
42. Myang kang saos pêlataran |
patih mantri lan prajurit |
pandam ting parik tinata |
dènnya lênggah kyai dipati |
ngêdhangkrang anèng kursi |
pinggir pêndhapi (ng)gènnipun |
cênela kinêmbangan |
pantês ngagêm nyamping bathik |
nagasari jinêmbangan latar-pêthak ||
43. Paningsêt cindhe jo bara |
rasukan blah-bantên asri |
sêmbagya lus kapuranta |
corèke kêmbang pinêthik |
kotang kancing mirah brit |
pêniti jangga intên byur |

- dhuwung ganja tinatah |
ing intên mirah tulya sri |
kuluk cêmêng baludru rinenda ing mas ||
44. Gumbalanya kêkêtugan |
sumping sêkar hêr rinukmi |
abagus pupuk sêmbada |
lir kêlana angêjawi |
ingayap para cèthi |
abusanendah yu-ayu |
kênnya randha wêlanjar |
andhèr marêk ki dipati |
awibawa tinarap para biyada ||
45. Miwah sêsaosanira |
ki adipati nêng ngarsi |
kênap lan bangku cancingan |
sinêrbèt putih tulya sri |
ingkang anglaladèni |
pawèstri samya yu luhung |
wedang tèh mêmamanisan |
puwan roti wedang kopi |
anèng ngêkan sêmuwa isining meja ||
46. Sacarane lah-olahan |
guguriyan manis-manis |
pêpak di-adi ingolah |
miwah woh-wohan mawarni |
samya rumat cumawis |
latar ginêlaran sampun |
lampit agêng apanjang |
(ng)gonne panjak dèn-gêlari |
klasa alus yata ing wau samana ||
47. Mas Cêbolang ingandikan |
Ki Jamali kang angirid |
busanane Mas Cêbolang |
baju kotang kêsting abrit |
pinggir rinenda alit |
nyampingira kasa wulung |
sabuk putih rong kilan |
kuluke bathokan sêtrim |
dhêstharipun jêplakan putih rinenda ||
48. Adhuwung kêmalon abang |
gayaman landheyan miling |
tulange ulam minatan |
mirah agênge saranti |
santrine kabèh ngiring |
gêdhe cilik luwih satus |
wong nonton pan atusan |
kalbu abdining dipati |
nadyan lare desa pan kening kewala ||

49. Pan parêntah sang dipatya |
 nyukakna manahing ngalit |
 marma wong nonton akapang |
 ki dipati lênggah kursi |
 ingayap manggung sêlir |
 samya binusanan murub |
 pan wus pêpak sadaya |
 sinarah pênjaluknèki |
 saprabote kimas gèn badhe anulap ||
50. Pan wus dhawuh kinèn lêkas |
 sêndika kang dèndhawuhi |
 anulya nyandhak tarêbang |
 sasolahira rêspati |
 dhasar radi kinardi |
 apacak têrbang pinangku |
 ing dhêngkul (n)dhagak ladak |
 (m)bêranyak anggunungsari |
 adan lêkas sajak Jawi sêkar Lêmpang ||
51. Swara muluk gêtas rênyah |
 angungkung arum tur manis |
 ngês wilêtnya nganyut manah |
 panêrbange angapipir |
 sabat gya naurani |
 tarêbang tiga gumrumung |
 barung angklung lan kêndhang |
 calung calapita gadhing |
 ramya gobyok gumêr gêtêr magênturan ||
52. Wor swara sru lagu Lêmpang |
 orêg kang samya ningali |
 jêjêl riyêl yêl-uyêlan |
 dhêsêkan pipit pinipit |
 kèh solah-bawanèki |
 bungah kang para calimut |
 cêlêr-cinêlêr ramya |
 kathah kang kelangan sami |
 opyak gègèr sakêdhap nora karuwan ||
53. Suwe-suwe tan rinasa |
 kelangan pêrlu ningali |
 jalwèstri carup dhêsêkan |
 wong kang (n)dhugal mangarahi |
 mring wong wadon anggriming |
 tangan nguyêl-uyêl susu |
 nalusup gagap-gagap |
 gêm bok ginêgêm agêmi |
 kèh mangkono wênèh têtêm tinêkêman ||
54. Yata wau Mas Cêbolang |
 narêbang bêsus awasis |
 gêtêr kumitir ngapinjal |
 kêtungtung pyêk tong-ting tong-gring |

prung prèng grung pang pang pong ping |
klong klung crik crik crèk bah bah gur |
tung-klèk tung-plèk tung ting brang |
pap pèp bah bah thir nal nil nil |
nguk nguk brêng brung pung pak pung pyak dhung dhêng dhung brang ||

55. Kang sauran rêbut sora |
swarane samya sru angrik |
rahab unukul-ingungkulan |
santri barung naurani |
yèn nuju sèlèhnèki |
sauran (ng)gènnya gumrumung |
yèn kabèh tibèng gongan |
Mas Cêbolang kang nampèni |
ngêlik mëlung ngungkung mêmbat angêmandhang ||

56. Anglangut swara rum mêmbat |
bèning lir suling wratsari |
tan ana swara kang memba |
êmpuke gilig amêthit |
mangkya kang samya singir |
wus dangu dènnira talu |
suwuk maca sêlawat |
kèndêl aso ngaring-arang |
pan anglela Mas Cêbolang anjênthara ||

57. Ki dipati ris ngandika |
èndi sabatmu kang dadi |
tandhak kang jiblès wanodya |
mas Cêbolang matur inggih |
punika kang prayogi |
pun Nurwitri namanipun |
pinundhut binusanan |
carèstri ronggèng linuwih |
pinaringkèn kinèn tumuli lèkasa ||

58. Tur sêndika Mas Cêbolang |
lèkas bawa Gambirsawit |
swara rum manis ngêsira |
mêmbat wilêt (n)dudut ati |
santrine naurani |
gumrêmbêng barêng trêbang brung |
rampak ukêle padha |
tan ana gangsul mênèhi |
Mas Cêbolang akipat panrêbangira ||

59. Nulya tandhaknya abêksa |
berag kabèh kang ningali |
ki dipati langkung suka |
abdine kinèn nglêboni |
gêntèn lan dèndhawuhi |
tombokira kabèh nyuku |
suka gantya abêksa |
abdinira ki dipati |

sasênênge dènnira njaluk gèndhingan ||

60. Sawênèh ana barêngan |
samyã gèndhing Gonjang-ganjing |
bêksa karone bramantya |
sêbrak sarêng narik kêris |
gègèr ingkang ningali |
ki dipati langkung bêndu |
sigra anyandhak rotan |
kang tukar lumayu ajrih |
pan wus pulih tata kang nonton sadaya ||

Jilid 5 - Kaca : 7

61. Yata wau ki dipadya |
kepengin tumut angibing |
kang abdi kêplok sadaya |
manggung sêlir suka sami |
Montro gèndhinganirèki |
tan dangu anulya sampun |
yata Kimas Cêbolang |
tan kenging ngampah kang galih |
tarêbange wus sinungkên rowangira ||

62. Buka rasukane jubah |
mung kotange ingkang maksih |
duk waune sinasaban |
jobah kotange tan kèksi |
yata lêkas angibing |
bêksanira bêksa alus |
gèndhingane La-êla |
orêg samya kang ningali |
saabdine ki dipati langkung suka ||

63. Miwah sira ki dipatya |
langkung sukanirèng galih |
yata wau kang abêksa |
sawusnya niba kang gèndhing |
kimas bêksane nyirig |
nglètèr sarya pancak gulu |
ngalahkên tandhakira |
bêksane nurut ing pinggir |
-ring kalangan sarya ulate kinarya ||

64. Kwèh bungah satêngah ana |
sawiji kaum ningali |
Dulsubur lan bojonira |
nêdya mèlu naurani |
mantêngah gambyong singir |
kang gumawang andudulu |
sêsêg tan antuk marga |
migag-migug sru kapipit |
nimbok Subur rada wasis sok gèlêman ||

65. Dèn incih kiwa têngênnya |
dhinêsêg dipun-gagapi |

kêna cêg kang payudara |
kinêpêl pinidih-pidih |
puringisan ngèsêmi |
kang nguyêg saya kêsusu |
rinankus sinjangira |
(m)bok Subur pasang anyênthing |
tanganira kiwa gondhèlan kang lanang ||

66. Kang têngên kari saduwa |
nèng dhêngkul sarwi anjênthir |
pinarnahakên agampang |
tumanduk kang mangarahi |
bênêr andêdêl nuli |
garêgêl balusuk puput |
kasamur iyak-yêgan |
lir linampahkên pakolih |
enak-enuk sipunuk nora katara ||
67. Uyag-uyêg dhêdhêsêkan |
Dulsubur pangrasanèki |
dêg-dêge solahing kathah |
tan nyana bojone untir |
anjongok rada (n)jêngking |
kêsêl ngadêg awatipun |
Dulsubur wus pitaya |
kasamur solahing janmi |
malah gênti kiwa têngêne anggarap ||
68. Gilir ginarap wong tiga |
nuju panggarap kang kèri |
duwêke gêdhe adawa |
satêkêm nêt mangang luwih |
Ni Subur ngulèt njundhil |
asru banène kumlukuk |
Dulsubur kagyat mulat |
bojone ginarap wingking |
asru ambêngok ngudubilah katiwasan ||
69. Gumrubyug kang (ng)garap uwal |
slendhang tapih dèndhèdhèli |
marang bangsat kang anggarap |
mung kari kulambinèki |
gègèr pating jarêlih |
Dulsubur sru tulung-tulung |
mundhak dadi bayangan |
bojone dènuli-uli |
nulya mulih bojone banjur pinala ||
70. wontên walanjar satunggal |
abdinira ki dipati |
pan lagya kagêm sapisan |
ing mangkya dipunkasihi |
nama pun Jaemanis |
akuning wêdana suluh |

Jilid 5 - Kaca : 8

- netra (n)jahit balerah |
alandhêp idêp tumêngging |
payudara kêngkêng lir mundhu undhuan ||
71. Pangangge kinacèk pêlag |
ngungkuli kang para sêlir |
tikêl rêgi parabotnya |
saking sihe ki dipati |
nging rada ngadi-adi |
pan kêmayu adol ayu |
ulate êblas-êblasan |
aling-alinge ngladèni |
mring ki adipati yèn wus nêbih (ng)gènnya ||
72. Malah cêlak lawan panjak |
sadhela bali ngladèni |
kacu kumbaya kusta-bang |
krêp nginang idu ngacuwis |
bêlisên susurnèki |
sabithi atos lir watu |
polahe kêrang-jalan |
nènèr kèwês galak lirih |
pan sasore wis pindho kacune ilang ||
73. Saking mèndèse aganas |
nas-nès mènjèng nunjang kuping |
kapengin marang kang nrêbang |
sedhat-sedhot ulatnèki |
kadulu mring ki dipati |
agya marêk anèng ngayun |
yèn wus katungkul lunga |
dol ayu dlèrèngan liring |
pan kêmaruk kinasihan ing bëndara ||
74. Anjêngglèng minggir kalangan |
misah (ng)gon lan kancanèki |
eram sakèh kang tumingal |
kênèse lindhis kêmini |
samana amarêngi |
sawiji wong andêdulu |
sudagar ngangge mumpyar |
sakojur dipun dhèdhèli |
kêna kabèh gêmbor-gêmbor galimpangan ||
75. Gègèr asru lêng-ulêngan |
caruk-caruk ting jarêlih |
wor winor nora karuwan |
kabrawuk (m)bok Jaemanis |
têlas dèn-balojodi |
ambalêjêd bukung widhung |
kauyêl ing-akathah |
angadêg ki adipati |
langkung duka asru mring kawulanira ||

76. Dene kaya wong alasan |
kabèh kang nonton si Joprit |
de iku mas patih ada |
nyengoh kabèh kênèng baring |
upayanên dèn aglis |
sapa kang agawe rusuh |
gupuh kawulanira |
anggolèki kang ngrusuhi |
tan kapanggya mung wong siji ngathang-athang ||
77. Dèn-idêg-idêg ing kathah |
katur marang ki adipati |
lawan pawèstri satunggal |
katur yèn pun Jaemanis |
gêgêtun ki dipati |
kêkasihe ambaluju |
duka mring wong lanang kang |
kaudan kinèn (ng)gêbugi |
dosanira dene amêmadha uda ||
78. Gya parentah ki dipatya |
kinèn njagani kang bêcik |
aja na wong rêrusuhan |
jaganana tumbak bêdhil |
matur sandika aglis |
dhinawuhkên sadaya wus |
tap ajrih wus tan rêсах |
ki dipati ngandika ris |
hèn ya panjak (m)bêksaa lan tandhakira ||
79. Cêbolang ture sandika |
nulya bawa Lompong-kèli |
swara rum gêtas araras |
nyênnyêt ngêsês mijêt ati |
sauran naurani |
gumuntur gêr barung arum |
pyung pyung pyêg dhêng tung tung brang |
pêp pêp bah bah klung klung thur thir |
orak arik nal nil pong ping tung pêg bêng bung brong brang ||
80. Sêsêg gobyog asauran |
yèn wus tékèng gonganèki |
grêg pêt ririh trêbangira |
panabuhe ukur jawil |
kang sangêt mung kakalih |
calung calapita barung |
nampani Mas Cêbolang |
lan tandhake barung ngêlik |
mêthêt mêt awilêt gulêt ulêtan ||
81. Akancuh rêncang swaranya |
lir rêbab barung lan suling |
nyamlêng saplak nora jamak |
Mas Cêbolang lan Nurwitri |
tog tinog dènya ngibing |

Mas Cêbolang bêksa kakung |
Nurwitri bêksa dyah |
akarya wêmbaning ati |
kaya uga Onêngan lan Wukirsêkar ||

82. Sasolahira kinarya |
liringe amêratani |
kang kasangkut ing paningal |
gêragapan sênig-sênig |
tan tawajuh ing ati |
ati lir runtuh talêdhug |
kênêng sumbaga gêndam |
Mas Cêbolang ngigêl apik |
asta manthêng andhêngklang klèk pacak-jangga ||

83. Narècèt rikat kumlepat |
wiwir sondhère kumitir |
ahebat naga kapalang |
tandhake mungsêr sasirig |
lir parênjak tinaji |
larap majêng lajêng nindur |
golang-galing linglingan |
kwèh ning kang myat ciptèng kapti |
kaya-kaya lan dhèwèke mêngkonona ||

Jilid 5 - Kaca : 10

84. Wanodya ingkang niningal |
samyak kasmaran kêpati |
kanyut wat kenging sumbaga |
(ng)gêgês tyasira mawêrdi |
miwah manggung lan sêlir |
-ira ki dipati wau |
tambuh ing solahira |
ana ngulèt kirig-kirig |
angacêcêng malah mijil rasanira ||

85. Banjur lumayu wan-awan |
nguyuh mring pakiwan sami |
yata ing wau samana |
Mas Cêbolang kèndêl nuli |
wangsul dènnira linggih |
sang dipati nulya dhawuh |
kinèn lêkas anulap |
pan kinèn aso kariyin |
pan sandika ature Kimas Cêbolang ||

86. Yata manggung sêlir samya |
iriban samya (m)balangi |
ing gêgantèn miwah kêmbang |
wênèh bajong-bajong liring |
ana ingkang ngawêti |
sarwi ngêblongkên gumuyu |
nanging langkung iriban |
dènnira balangan liring |

ciptanira êmbèn bae rêruncungan ||

322 Pocung

1. Yata lêkas nyulap Mas Cêbolang wau |
kumutug kang dupa |
tumpêng papat dènkurungi |
Mas Cêbolang bêksa ngubêngi kurungan ||
2. Lan tandhake mubêng kurungan ruruntung |
sawusnya mangkana |
kang kurungan dènungkabi |
tumpêng papat seje-seje thukulira ||
3. Siji thukul wit-witan lombok wohipun |
siji wit sêmangka |
uwohe sakêndhil-kêndhil |
siji bligo uwohe sadandang-dandang ||
4. Siji waluh sagembol-gembol wohipun |
suka kang tumingal |
ki dipati thruthèng galih |
angandika hèn panjak apa kênaa ||
5. Kabèh iku apa kêna-a jinumput |
matur Mas Cêbolang |
botên susah inggih kenging |
dhinahara nadyan binêkta mantuka ||
6. botên purun molah-malih sampun lugu |
sanès lan wong kathah |
kang limrah warti tan kenging |
yèn punika inggih ta kenging kewala ||

2 Janur kuning kasulap dados sawêr. Wulu pêksi kalêbêtakên kurungan, lajêng dados pêksi mawarni-warni, kauculakên mabur saliwêran. ... kaca 11

Jilid 5 - Kaca : 11

322 Pocung

7. Langkung suka dipati angatak gupuh |
manggung sêlirira |
samyakinèn amêndhêti |
kumarayak apan sami rarêbutan ||
8. Angundhuhi sêmangka kalawan waluh |
acêngkah-cinêngkah |
samyak rewange pribadi |
lajêng ulêng adêdrêg têngah kalangan ||
9. Ki dipati duka kèn ngundurkên sampun |
wong nonton sadaya |
langkung sukane kêpati |
yata badhe lêkas malih arsa nyulap ||

10. Nyandhak janur kuning lan ron bëndha gupuh |
lan lar bèbèk ayam |
lan lar manuk êmprit pêking |
lar brêkutut dêrkuku putêr lan dara ||
11. Linêbokkên kurungan kutug kumêlun |
Mas Cêbolang bêksa |
lan tandhakira ngubêngi |
tarêbange tinitir kaya bêdhaha ||
12. Parikane apan muni Surung-dhayung |
sawusnya mangkana |
kurungan wus dènungkabi |
sawarnine êlar wus wujud sadaya ||
13. Godhong bëndha apan iya dadi bulus |
janur dadi ula |
sawarnane kabèh sami |
bèbèk ayam manuk bulus lawan ula ||
14. Abuburon datan ana ingkang mêtù |
saking ing kalangan |
suka mulat ki dipati |
miwah kabèh wong kang sami aniningal ||
15. Ki dipati angling apa kêna iku |
bèbèk dèn-opora |
lawan pitike ya dèn-tim |
matur nêmbah sira wau Mas Cêbolang ||
16. botên susah pan kenging sadayanipun |
suka ki dipatya |
nulya kinèn anyêkêli |
pan kumrubut sagung kang para parêkan ||
17. Mung ulane lan bulus wus rinaracut |
marang Mas Cêbolang |
mulih dadi janur kuning |
bulusipun mulih dadi godhong bëndha ||
18. Ki dipati suka malih ngandika rum |
ya manèh wêtokna |
kabisanmu kang (ng)gawoki |
Mas Cêbolang nuwun ature sandika ||
19. Nyuwun lêsung kakalih saalunipun |
sigra ki dipatya |
mundhut lêsung nulya prapti |
mujur ngidul mujur ngalor saalunya ||
20. Pan agupuh Mas Cêbolang masang kutug |
kang lêsung ginunan |
dinumuk-dumuk kaping tri |
tan antara obah lêsunge amapan ||

3 Jantra kasulap dados sima anggêro; tiyang ningali sami lumajêng sar-saran,
nanging Mas Cêbolang mbêngoki bilih sima botên mbêbayani, wêkasan
wangsul malih dados jantra ...
kaca 13

Jilid 5 - Kaca : 12

322 Pocung

21. Alu wolu samya bendrong akumruwuk |
titir kokothèkan |
maju sarêng lêsung kalih |
muni dhewe ambendrong alu nêmbêlas ||
22. Lêsung tumbuk ajêblès surung-sinurung |
alunya tan gical |
saha sru bendrongan titir |
tung prang tung prong tung prêk thung thung prêk dhong dhong brag brag ||
23. Kang andulu sadaya suka agumun |
lêsung tutumbukan |
alu titir tanpa janmi |
alu kalih ting balêbêr liru gyannya ||
24. Saya cukup kang nonton uyêl atimbun |
kang sawênèh ana |
wong bêbedhangan wus lami |
pan katuju kapanggih ana tontonan ||
25. Sukèng kalbu kalihe dhêkêt akumpul |
pan sami karsanya |
kasamur pipit-pinipit |
tutug ing sakarêpe agêgarapan ||
26. Dangu-dangu katara ing solahipun |
ing kiwa têngênnya |
ginêtak uwal kang untir |
pan sinurak ginaguyu ing ngakathah ||
27. Èstrinipun lumayu tan bisa mêtu |
dènuyêng ing kathah |
susune dèncucuwoli |
cak cêk mak mêk mal mol susu pipi branang ||
28. Wusnya dangu dènnira angadu lêsung |
anulya rinucat |
alu ngalumpuk (ng)gènnèki |
lêsung kalih wus kinèn anggawa mêdal ||
29. Suka ngangkat ki dipati ngatak gupuh |
manèh alêkasa |
mêtokna kagunan malih |
kang liningan sèndika santrine nulya ||
30. Gya binanda tinalikung winayungyun |
suku antuk jangga |
ginayut gayut ginodhi |

sawusira linêbokakên kurungan ||

31. Lawan mantra sarta kutuge kumêlun |
Mas Cêbolang ngatak |
mring panjak gêndhing Kinanthi |
Wiratrana dyan lêkas gumêr swaranya ||
32. lajêng tandhak lan Kimas Cêbolang runtung |
ubêng nêng kurungan |
kaping pitu gèn-ngubêngi |
sawusira ngatak kimas panjakira ||
33. Kinèn salin Kêbogiro gêndhingipun |
gumuruh swaranya |
sêsêg kang bawa gora tri |
pan tinitir gumuntur trêbang barungan ||
34. Kang (n)dudulu tan bosên pênontonipun |
sangsaya kapranan |
wontên wong lonthe sawiji |
langkung landhêp ampuhe prasasat sarpa ||
35. Lonthe iku warnane kalangkung ayu |
singa wong jinawat |
tan saranta nuli ngincih |
gya ginarap nêng têngah tontonan ||
36. Dèrèng tutug kang anggarap krasa (n)jêpluk |
mundur mèkèh-mèkèh |
(n)dheprok nguyuh ngolang-ngoling |
wontên malih kang anggarap dèg-adêgan ||
37. Lagya maju anglumba sakala abuh |
pan sasore mula |
olêh wong salawe luwih |
kabèh rêngkêng-rêngkêng gêrêng-gêrêng lara ||
38. Ana banjur kulit lonyoh ting palêpuh |
pan padha sadhela |
andheprok tan bisa mulih |
akèh ngincim-incim sanake kang waras ||
39. Mas Cêbolang ngungkabi kurunganipun |
panjak kang binanda |
wus ucul sami nunggangi |
marang sima gigibrah têngah kalangan ||
40. Gêro-gêro sima ngajrihi dinulu |
kagum kabèh padha |
sagung wong ningali |
rêbut dhucung lumayu agêgolongan ||
41. Lonthe wau katêmu tinêmu-kuwuk |
pan binalonjodan |

Jilid 5 - Kaca : 13

sandhangane sarwa bêcik |
sêngkang sinjang sadaya têmah têlanjang ||

42. Dènkuk-êngkuk ngarêngkuk nulya tinubruk |
ingilês wong kathah |
lonthe nangis jêrit-jêrit |
gêmbuk-gêmbuk gêmboke dènidak-idak ||
43. Pan dènêpuh ilune pan maksih ampuh |
singa kang angidak |
kumaramyasnya sumêngkring |
kitrang-kitrang kinukur saya warata ||
44. Ting barêkuh kèh markotok sikilipun |
uyèb kêkêrogan |
sakèh wong mimisuh sami |
pan pinala kasêlak ajrih ing sima ||
45. Sagung sêlir gila jrih samya lumayu |
malbèng dalêm samya |
tinalar sang adipati |
wong kang nonton samya sumingkir atêbah ||

4 Santrinipun kabanda kêncêng, kalêbêtakên ing kurungan, wêkasan sagêd ucul piyambak. ... kaca 13-14

Jilid 5 - Kaca : 14

322 Pocung

46. Suka ngakak ki dipati manthuk-manthuk |
asru angandika |
panjak paran adatnèki |
apa ora anêmênni ingkang sima ||
47. Ki Cêbolang matur botên-botênipun |
gigila kewala |
yata angling sang dipati |
yèn mêngkono nuli racutên dènenggal ||
48. (Ng)gigilani mêdèni kang samya (n)dulu |
sigra Mas Cêbolang |
kurungan winêngkang nuli |
sarwi cêthèt sima manjing jro kurungan ||
49. Langkung suka ki dipati andulu |
manggung sêlir samya |
inguwuh pan sami mijil |
ngadhêp malih galo simane tan ana ||
50. Kang nanonton wus samya wangsul sadarum |
yata Mas Cêbolang |
(m)buka kurungan tumuli |
ingkang sima wus pulih pan dadya jantra ||

51. Santri katon wangsul binanda andhingkul |
suka kang tumingal |
sigra rinacut tumuli |
kang binanda suka anglindur upama ||

323 Dhandhanggula

1. Yata wau sira sang adipati |
karsanira wau dhik-udhikan |
nadar duk sakit garwane |
putrane dèrèng mêtù |
saking guwa garbaning bibi |
wêruh ing padhang hawa |
kang garwa rahayu |
marma arsa linampahan |
udhik-udhik apan lima-wêlas anggris |
nanging warni hardana ||
2. Kimas Cêbolang dènandikani |
pan winartan inguni kang sabda |
pan wus tinuturkên kabèh |
kang dhinawuhan matur |
inggih ulun darmi nahidi |
nanging inggih dadosa |
ping kalih puniku |
abdi-paduka sadaya |
sawarnine tiyang èstri kang rumiyin |
pan sampun kawoworan ||
3. Apan ngamungna paduka inggih |
kang tumata kang ngrêbut pan amba |
ingkang nêbar ing artane |
pan anging sarat tumut |
amba ngrêbat saking sakêdhik |
sang dipati karênan |
apa sakarêpmu |
yatra pan wus tinampanan |
mring Cêbolang sang dipati tédhak nuli |
samanggung sêlirira ||

5 Mas Cêbolang kadhawuhan nyêbar udhik-udhik arta, tiyang kathah sami rêbatan arta salang tunjang saengga Mas Cêbolang dhawah kalumah dipunkakahi tiyang kathah.
Sasampunipun tontonan sulap rampung, Mas Cêbolang sakancanipun kaparingan arta 30 reyal tuwin sandhangan. ...
kaca 14-15

Jilid 5 - Kaca : 15

323 Dhandhanggula

4. Gêdhe cilik wong dalêm amijil |
apan lajêng akêpung akapang |
wong (n)jaba winarah kabèh |
lamun mangke ing pungkur |
iki nora kêna dènwori |
yata wusnya mangkana |
Mas Cêbolang gupuh |

angadêg têngah kalangan |
manggul bokor parèstri pasang pra sami |
(ng)gèn badhe ngrêbat arta ||

5. Yata Mas Cêbolang nêbar aglis |
pan gumêdêr parèstri rêbutan |
uyêl cablèk-cinablèkan |
dipati suka (n)dulu |
tumul ngrêbut sarat ngecani |
yata Kimas Cêbolang |
bokore rinêbut |
mring pawèstri arta wutah |
lajêng uyêl Mas Cêbolang api-api |
tiba rêhning rinêbat ||
6. Ngathang-athang pan lajêng dènbruksi |
mring pawèstri arta kang nêng jaja |
rinêbatan ing wong akèh |
kimas anjumbul-jumbul |
panjumbule anyondhol pênthil |
kang sinondhol tan etang |
maksih eca ngrêbut |
Mas Cêbolang kinakahan |
mring wong akèh kimas apan jungkit-jungkit |
anggambul margèng suta ||
7. Suka miyat wau ki dipati |
ragi mêlas marang Mas Cêbolang |
dene dènuyêl ing akèh |
angling mring kimas arum |
aja dadi manahirèki |
dene ta awakira |
mring wong wadon dènbruk |
Mas Cêbolang ragi susah |
lêngur-lêngur batine tuntung kêpati |
dhapure pindha susah ||
8. Wusnya nuli dènudhikkên malih |
wong ing jawi kang kinèn majênga |
ki dipati nêbar dhewe |
rame uyêl gumuruh |
tuwa anom gêdhe lan cilik |
wor winor tan karuan |
gêdrah sungsun timbun |
ana kang tiba kalumah |
wênèh ngagir angalungsar kajumpalik |
udrêg cêngkah-cinêngkah ||
9. Rarêjengan ramya ting jarêlih |
wêngkang winêngkang dènya rêbatan |
tan pijêr kêna dhuwite |
ana kang wus dènêrut |
mêksa ngungkih dipun-gogohi |
miwah anèng kandhutan |
kang ginêgêm ucul |

langkung suka ki dipatya |
panêbare kang arta dènintir-intir |
pinrih dangu rêbatan ||

- 6 Sang adipati kasêngsêm dhatêng Nurwitri. Ing satunggaling dintên Nurwitri tuwin Mas Cêbolang katimbangan, kadhawuhan mangangge pawèstri. Kadhawuhan têtêmbangan sinambi nginum brêm lan waragang. Sang adipati sakalangkung kapranan saengga Mas Cêbolang rinapu kadosdene wanita; gantos-gantos kalihan Nurwitri. Mas Cêbolang sagêd ngupados wêkdal liron-sih kalihan Jae Manis. Botên namung Jae Manis kemawon ingkang kapilit ing asmara. Sêlir sanès-sanèsipun, tiyang sêsemahan dumugi nyi pangulu anèm ugi kacakan Mas Cêbolang. Dangu-dangu sang adipati mirêng lan sakalangkung duka, sarta prentah supados Mas Cêbolang katukup. Sadèrèngipun kapikut Mas Cêbolang mirêng, lajêng lolos lumêbêt ing wana. Kabujung botên sagêd kacêpêng. Samangke tekadipun badhe mantuk sarta mêtobat dhatêng ramanipun. ...
kaca 16-31

Jilid 5 - Kaca : 16

323 Dhandhanggula

10. Nulya kinèn mundhut arta malih |
limalas êngkas tan dangu prapta |
katur picis bolong kabèh |
sinêbarkên sumawur |
rinêbut ing abdi jalwèstri |
sikêp bangsat angrêbat |
dêdrêg ting barêkuh |
adhosok jêngkang-jinêngkang |
miwah sikut-sinikut bithi-binithi |
gudrah aguladrahan ||
11. Ana (ng)guyu wênèh pan anangis |
ana ingkang sinjangipun sêmpal |
myang balung nyongor lambene |
mimisên irungipun |
nora kêna sinjang barêndhil |
ginujêg akakalan |
mari-mari yèn wus |
arta wutah sinjang bêdhah |
kèh tingkahe ana wong lanang sawiji |
akathah olèhira ||
12. Têpung gêlang lèmpèng kêbak dhuwit |
ngandhut ngêmut (ng)gêgêm kêbak uwang |
miwah kang ginembol akèh |
ingêbyuk pan rinêbut |
picis mawut dipunrêbati |
rinêncak ing wong akèh |
bêbêde jur mumur |
wontên pawèstri angrêbat |
pan kasusu klèru konthole sinêbit |
kewal agobrah-gobrah ||
13. Jêlih-jêlih nora dènpraduli |
mêksa rinujak ingidak-idak |

pêcèthèt paringsilane |
uyêl kuwur katawur |
tan cinatur solahirèki |
lingsir dalu (ng)gènnira |
kasukan anutug |
yata samana bubaran |
ki dipati paring tigangdasa angrris |
marang Kimas Cêbolang ||

14. Ki dipati angandika aris |
èsmu (ng)guyu marang Mas Cêbolang |
panjakmu Nurwitri kuwe |
lah tilarên karuhun |
dimèn kari nèng (n)jêro bêcik |
suka tyas sun-tumingal |
lir wong wadon lugu |
nora mantra-mantra lanang |
lan maninge manira akarya ringgit |
Nurwitri kang muruka ||

15. Lawan sira yèn ingsun-timbali |
aja lunga-lunga nèng Kauman |
omahe Jamali bae |
yèn ana kuranganmu |
lumêbuwa ingsun paringi |
yèn ora kongkonana |
bae matur mring sun |
iya bojone si Jamal |
ngongparingi pangan sasantrinirèki |
sakèhe cacahêna ||

16. Matur nêmbah sumangga nulya mit |
Mas Cêbolang anampani arta |
tigangdasa reyal kèhe |
lan sabusananipun |
tuwin paring sinjang mring santri |
aniji wus warata |
myang sasajènipun |
dènusungi santri kathah |
langkung bungah sakèh santri ting cukikik |
untung Kimas Cêbolang ||

Jilid 5 - Kaca : 17

17. Mundur saking ngarsane dipati |
lawan sasantrinira sadaya |
myang pangulu Jamaline |
santri satus gumrudug |
anèng margi Jamali angling |
dhuh anakmas Cêbolang |
punika yèn mungguh |
kula amujur salawat |
sinjangipun sajènipun kula inggih |
lêrêse tumut angsal ||

18. Sabab margane angsal rijêki |
kapracaya pinaring akathah |
saking kula wiwinihe |
Mas Cêbolang lon muwus |
yèn wus praptèng wisma agampil |
kula mangsa ngicalna |
ing tata lan patut |
datan susah winicara |
Ki Jamali ambêsono ngêdhih-êdhih |
gumrêmêng turut marga ||
19. Tan adangu praptèng ing wismèki |
kae Jamali ing Pakauman |
gumêdêr santri praptane |
tata dènnira lungguh |
tan antara sajèn binagi |
tinadhah ting kucapah |
tuwuh ngadhug-adhug |
myang sakêtip modinnira |
lèbèr maring têtangganya maksih luwih |
sêkul ulam panganan ||
20. Arta tinitèn sadayanèki |
sajèn sêlawe lan tigangdasa |
ki dipati pêparinge |
arta tombok angetung |
apan angsal kawandasanggris |
gungunge kawandasa |
gangsal langkunganipun |
kang dhatêng pangulu Jamal |
pan sadasa reyal kang dhatêng ing santri |
arta tridasa gangsal ||
21. Dinum kaduman anyuku sami |
kang sèkêt rêyal mring Mas Cêbolang |
kalêbu lan Nurwitrine |
wus rampung pandumipun |
aluwaran sadaya aris |
wau ta ki dipatya |
èstu tyasnya kanyut |
mring Nurwitri ronggèng lanang |
ki dipati radi kawuron sakêdhik |
ing brêm tape waragang ||
22. Wuru kaworan alimpang brangti |
mring Nurwitri kang binrangti anyar |
katêmbèn blero karsane |
nulya binêkta kundur |
maring dalêm gêdhong kang wingking |
ki dipati ngandika |
Nurwitri dimaju |
sunsarê singêbèn ingwang |
sêmbari rêngêng-rêngênga Lompong-kèli |
Montro Pêtung-wulungan ||

23. Gambirsawit lawan Gandrung-manis |
matur inggih Nurwitri ngujiwat |
sarwi pinathêt lathine |
ki dipati agupuh |
ngrangkul gulunira Nurwitri |
grêgêtên cinuwolan |
lathi pipinipun |
dèningsêp ingaras-aras |
matur mangke dhuh mangke kangjêng kiyai |
turene kinèn nêmbang ||

Jilid 5 - Kaca : 18

24. Angandika lah iya dènbcik |
nulya rêngêng-rêngêng swara raras |
Lompong-kèli kalulute |
(n)jalirit mêt arum |
kalêlêran ambêlèr ati |
pan lagya rong êgongan |
ki dipati muwus |
wus mênênga suntarima |
dènmreneya aja sira wêdi-wêdi |
Nurwitri ngarah apa ||

25. Gya ginayut anggane Nurwitri |
kêkêp-kinêkêpan rêp-arêpan |
kadya maring dyah tan pae |
sasolah bawanipun |
mriyêmbada anêmbadani |
angrêngih kang rinêpa |
ingungkih kinukuh |
katomah têmah tan polah |
ginolingkên golag-galig anglêgani |
pinungkurkên karênan ||

26. Angudhêmpêl pupul anèng wuri |
waringutên tan salayèng karsa |
wastra silak warastrane |
pangangkahira rikuh |
lir kekeyan akongkah-kangkih |
nêmpuh tan kênèng ngampah |
Nurwitri anjumbul |
andêngkèng tyasnya kumêsar |
pulintiran angêsah umatur ririh |
ingkang antèr kewala ||

27. Kya dipati langkung sukèng galih |
sangsaya nglut lukiting turida |
rada katêmbèn karsane |
sanepaning dyah ayu |
ing pangrasa malah ngungkuli |
kulinaning kalangyan |
dede amputipun |
pan ora untap-untapan |
surasaning karasikan mung Nurwitri |

ngalêmpak tumpak lawak ||

28. Tan angiwal pakiwuling gati |
dhêkêt kêkêt lir banon lan rimbag |
nora rênggang don-adonne |
ki dipati kalimput |
kalulut ing wilêd kalaning |
kathah solahing karsa |
riwenira kumyus |
kang kinarsan tan (ng)gulawat |
wus antara anjog drês gatining rêsmi |
kongsi byar aluwaran ||
29. Nurwitri pan lir sawung kêpilis |
katêrêsan ing gati marlupa |
tan kênèng têbih ênggonne |
sarwi dênêlus-êlus |
ki dipati wêlas ningali |
apan kathah sihira |
mring Nurwitri lulut |
supe langêning wanita |
nunggèng ronggèng apan katon kalih ratri |
tan kenging mêdal-mêdal ||
30. Kathah pêparinge ki dipati |
nahên samana Kimas Cêbolang |
nèng Pakauman pondhoke |
mompior busananipun |
ambalèrèt salin sumalin |
bêsuse angayangan |
kathah prawan kanyut |
kikinthil tumut pondhoknya |
sapraptane pondhok rinewang sarêsmi |
enjing mulih sinungan ||
31. Arta sawang-sawung wongirèki |
ana nêlung reyal lan ngrong reyal |
sareyan andulu wonge |
yèn si lamun anuju |
ingkang ayu akinyih-kinyih |
ngantos sapuluh rêyal |
kimas dênira sung |
marma wadon lunga têka |
ing ciptane enak kodhil olèh misil |
yèn ta lamun gêmiya ||
32. Mas Cêbolang panci lamun sugih |
yata ing wanci suruping arka |
duta saking jro praptane |
kinèn nimbali gupuh |
Mas Cêbolang anyêndikani |
nulya dandan busana |
alise cinukur |
pinatut tajêming tanggal |

Jilid 5 - Kaca : 19

adu mancung sumping sêkar nagasari |
sarira ganda jênar ||

33. Atêtasik sumilak arêsik |
nyamping sarung bugis gêgêrusan |
sabuk gêdhog paringane |
kulambi galar konus |
bêsus wasis dhasare sigid |
abagus tur sangsangan |
barang dèn(ng)go patut |
nulya kering lampahnya |
tan adangu wus katur mring ki dipati |
kang prapta ingandikan ||
34. Kinèn lajêng maring dalêm wingking |
sapraptanira nèng ing ngajêngan |
ki dipati lon dêlinge |
dènkêpara ing ngayun |
alungguha lawan Nurwitri |
tur sêmbah Mas Cêbolang |
wus nunggil alungguh |
samyasasmitèng èsêman |
ting barisik atotogan dhêngkul ririh |
ing sêmu wus anduga ||
35. Ki dipati angandika aris |
besuk ing pëndhak wulan purnama |
sira suntimbali manèh |
ngluwihi lan kang uwus |
sira dadya ringgit sarakit |
lan Nurwitri prayoga |
abagus yu-ayu |
êntingna pagunanira |
sira besuk sun-ganjar kang luwih bêcik |
anglêgakna tyasingwang ||
36. Mas Cêbolang nêmbah matur aris |
inggih pintên banggi kalêrêsan |
sêndika sakarsanta ngrèh |
yata wusnya adangu |
mundhut dhahar ki adipati |
nutug (ng)gènnira dhahar |
gya linorot sampun |
pinaringkên Mas Cêbolang |
sadaya wus nadhah kalawan Nurwitri |
wus turuh cinarikan ||
37. Wusnya bubar ingkang nglêladèni |
parèstri samya mundur sadaya |
tan linilan pangayape |
pan amung ingkang kantun |
Mas Cêbolang lawan Nurwitri |
sami bawa prènèsan |
wênêsing pamuwus |

Jilid 5 - Kaca : 20

- cara carêm carêmêdan |
pan kakênan ing liring ki adipati |
kagêbang ronggèng lanang ||
38. Pan acêlak lênggah ki dipati |
sarwi manis arum angandika |
abêcik cêlakan bae |
tan ewuh kang cinatur |
ing pasêmon samana malih |
lan sira Mas Cêbolang |
aja adu mancung |
nganggeya cara wanodya |
pan turutên kewala sakarsa-mami |
kang kaya warnanira ||
39. Mas Cêbolang nêmbah matur inggih |
èsmu (ng)guyu sami ngungkrêt jangga |
anggêgêt ilat lewane |
mingsêr lèngsèr sing ngayun |
pinaringan busana adi |
angiwa ping-ampingan |
cucul adu mancung |
busana cara wanita |
gêlung sentêk sinêkar lungsèn kinancing |
cêpaka lan ronkira ||
40. Apan asinjang garingsing ringgit |
kêmbên gadhung mêlathi rinenda |
pinayudara esthane |
awida jênar arum |
pupur sawêtara nêlahi |
kacu gumbaya kusta |
abrit dhasar alus |
rumimong ing pawidhangan |
sawusira busanarsa marêk ngarsi |
sasolahe kinarya ||
41. Ulat rikat lir kilat ngawêngi |
ngima raras kumênnyut tyasira |
ki dipati pandulune |
sangaya wuwuh wuyung |
praptèng ngarsa nunggil alinggih |
Nurwitri pan kasoran |
ing mêmanisipun |
kaot trah guru lan sabat |
yêkti kaot laraping liring nêlahi |
akarya lara brangta ||
42. Langkung sukanira ki dipati |
sarwi gumujêng winor wuwusnya |
dubilah dudu rasane |
baguse dene ayu |
nulya tangannira tinarik |
payo adhêdhêsêgan |
bae pada lungguh |

kang ingikal nganyut tingal |
wus anglela lèlèjême jaman wingi |
andhèdhèt-dhèdhèt asta ||

43. Rinêjêng kèndho anulya linggih |
adu dhêngkul mung sapèdhadhonan |
ki dipati lon dêlinge |
payo padha anginum |
brêm tape grit waragang manis |
sinambi dhèdhaharan |
sêsaosan agung |
nutug dènnira kasukan |
pagujêngan aprènèsan manas ati |
sisiwo sêdangunya ||
44. Ki dipati angandika aris |
payo wus dalu raryan luwaran |
manira rip arsa sare |
sisindhènan sirèku |
swara wadon wae kang bêcik |
gèndhing pathêt manyura |
iya Pétung-wulung |
Kaboyong lan Kêmbang-gayam |
Kuwung Montro Lambangsari Gandrungmanis |
anuli pathêt sanga ||
45. Onang-onang lawan Lompongkèli |
Gambirsawit miwah Êla-êla |
Lara-lara lirik baê |
kang liningan sung guyu |
sarwi mathêt lathi amathis |
wus tata pasareyan |
ronggèng ro nèng ayun |
kinèn sindhèn gègèntènan |
ki dipati sêsareyan dènpêtêki |
sarta sindhèn La-êla ||
46. Onang-onang lawan Gambirsawit |
Pétungwulung lawan Kêmbang-gayam |
Montro lan Gandrungmanise |
ki dipati lon muwus |
sisindhènan ya Lompongkèli |
wong roro abarungan |
kang sinung ling matur |
sèndika anulya lêkas |
abarungan sindhèn ngèlik Lompongkèli |
ulon alon-alonan ||
47. Angriringik angrês ngraras ati |
runtut nyamlêng akèplêng lir pendah |
rèbab kalusèn kawate |
swara lit manis arum |
mèrit mèthit amèthêt ati |
tetela kang parikan |

Jilid 5 - Kaca : 21

- ki dipati wungu |
 abêksa (m)bari alênggah |
 Mas Cêbolang lan Nurwitri angrakiti |
 anjogèd lulungguhan ||
48. Pating karinggêg dènnira ngibing |
 dangu-dangu saya sru anêmbang |
 dadya ngandhêg pangibinge |
 agulêt kinarubut |
 ronggèng kalih anindur liring |
 lengek-lengok ling-lingan |
 nyangkluk pancak-gulu |
 sèblak kumlebat araras |
 anyarisig sisirig mungsêr nèng ngarsi |
 aberag ki dipati ||
49. Nutug dènnira sami angibing |
 nulya tangannira Mas Cêbolang |
 tinarik lan Nurwitrine |
 agapyuk sarêng lungguh |
 pan kinayut jangganya sami |
 pipi lathi ingaras |
 -aras kalihipun |
 nulya malih asareyan |
 ronggèng roro nèng dagan tan kêna têbih |
 pan sarwi paprênèsan ||
50. Sarta kinèn sindhèn gènti-gènti |
 sagêndhingan edhang anggêndhinga |
 Nurwitri Lompong-kèline |
 Cêbolang Pêtung-wulung |
 nulya ngêlik swara (n)jalêrit |
 gêtêre mulêt rêmak |
 tuntung manis arum |
 ki dipati wungu lênggah |
 kinêndhangan cangkêm gong kêngongirèki |
 sami cangkêm kewala ||
51. Asta kalih angêbuk guguling |
 pindha kêndhang nèng cangkêm ungêlnya |
 pong pèg em-em dhah kêthothe |
 èng-èng thuk nang nong gung |
 ginaguyu ing ronggèng kalih |
 ki dipati anulya |
 sareyan lan muwus |
 Cêbolang angrêrêpia |
 ngura-ura têngbange Sinom pêngrawit |
 tibakna Suyung ika ||
52. Lan tibakna dhenok Silir-silir |
 lan tibakna Genjong rêmêningwang |
 nuli Lompong-kèli manèh |
 yèn wus iku nulya wus |
 Mas Cêbolang anyandikani |

Jilid 5 - Kaca : 22

anulya ura-ura |
tigang pada sampun |
swara rum gêtas arênyah |
nulya gêndhêng mêdêd lêmpeŋg Lompong-kèli |
wilêd nganyut-anyut tyas ||

53. Gumujêng suka ki adipati |
Mas Cêbolang binalang sap-tangan |
pan lajêng pinaringake |
Cêbolang matur nuwun |
nulya tangannira tinarik |
sarwi mèsêm ngandika |
dènmarene lungguh |
Nurwitri uningèng cipta |
mundur saking ngarsanira ki dipati |
sasamur nèng jêrambah ||
54. Ingkang anèng jroning gêdhong sami |
ki dipati lan Kimas Cêbolang |
baleging lèjêm sêmune |
Mas Cêbolang ginayuh |
kinapithing liniling-liling |
rinungrum sinambrama |
lir brêmara ruruh |
angrêpih maduning sêkar |
ki dipati kapadhan lungiding kapti |
katuju lêgawèng tyas ||
55. Pandam lilin wus mati ginunting |
nulya ginulingkên Mas Cêbolang |
sumèlèh miring rakite |
ki dipati kapungkur |
pan karakêt-kêkêt nèng wuri |
dangu arêrêjêkan |
sinjang wus karangkus |
angikal warastra mapan |
santosa drêng adon-adon adu manis |
tumanduk pan dinadak ||
56. Kinukuhan mêksa angêngkêngi |
diya-diniya dinaya-daya |
dinuwa-duwa tan palèh |
sinêrot anulya nglud |
angrêkênêng kêna ginanti |
Mas Cêbolang (ng)garonjal |
tyasira kumêpyur |
pinarwasa kawisesa |
sasolahe kapidik umatur ririh |
ingkang sarèh kewala ||
57. Saya gembira ki adipati |
amranani ing sakarsanira |
ing rèh rêkasa wus rame |
tan wiwal dènnya kiwul |

- pulintiran anguntir-untir |
antèr antaranira |
nirkên ing tyas ayu |
tapis rarasing wanita |
winantara lan Nurwitri kasornèki |
pan kirang bautira ||
58. Mas Cêbolang aluwês awasis |
ing satata tataning pratingkah |
ki dipati karênane |
kapadhan ing tyas kelut |
pan ginopan panumpunèki |
rêrekaning kalangyan |
langkung suka nutug |
têlas surasaning solah |
kasrêg sinrêg binot riwuting wigati |
gita lunturing prana ||
59. Byar raina luwaring pulangsih |
ki dipati sarira marlupa |
Mas Cêbolang lêmpe-lêmpe |
sawusira tuturuh |
ki dipati angarih-arih |
pangrêhe angrêrêpa |
sarwi ngêlus-êlus |
Nurwitri marêk ing ngarsa |
èsmu (ng)guyu kawula puniki tilik |
kang mêngtas kajantakan ||
60. Mas Cêbolang ngêblongkên Nurwitri |
sarwi nauri mèsêm ngujiwat |
aran wong wus padhadene |
ki dipati gumuyu |
niwêl lathi pipi sarya ngling |
karone aracuta |
bêbêda kang bagus |
nulya pinaring busana |
bêbêd ikêt sabuk kêlawan kulambi |
kêris pêndhok suwasa ||
61. Nulya busana wong loro sami |
pênganggènira apan kinêmbar |
jlakithit padha baguse |
ki dipati andulu |
mring ronggèng ro sangsaya asih |
siyang dalu karênan |
jajambon anutug |
ginilirakên trêkadhang |
kinarsakkên ronggèng ro sarêng saratri |
supe mring para garwa ||
62. Kang parèstri nora dènpraduli |
mung Nurwitri lawan Mas Cêbolang |
alèngkèt lir gula lèdèng |
ing siyang dalunipun |

Mas Cêbolang iriban liring |
mring pra sêlir biyada |
sisinglon pulang yun |
lamun Nurwitri kinarsan |
Mas Cêbolang nilip marang para èstri |
gerang-gerêng kewala ||

63. Sakathahe para èstri-èstri |
samyâ kedanan mring Mas Cêbolang |
abagus gampang uwange |
milanya samya tutut |
Cêbolang yèn adus mring (n)jawi |
èstri gèbèl ambegal |
amrih pinulang hyun |
linadèn anèng padusan |
yèn wus tutug lumêbu angampir-ampir |
rikatan (m)bari liwat ||

Jilid 5 - Kaca : 24

64. Dadya panjang kidunge parèstri |
sandhung jêkluk angop kulakêpan |
Mas Cêbolang kang dèn-ame |
samyâ yon brangta wuyung |
beda lawan Nurwitri tani |
gêlême yèn jiniyat |
sêtun roro têlu |
tan ngêprah lir Mas Cêbolang |
sêbab Kimas Cêbolang pan duwe aji |
ya pangontong-ontong ||

65. Bisa (n)duga sakarêping èstri |
ingkang cilik lawan ingkang drêmbe |
miwah landhung lan cêlake |
cinilik yèn ing ciyut |
ingkang ombèr dipunagêngi |
kang anggayêr doyanan |
tri dalu tinutug |
lan wêruh ênggonning rasa |
wus jinajah rajanari ring pawèstri |
traping asmaragama ||

66. Milanipun parèstri agampil |
kang durung kêna kedanan rupa |
kang wus kêkênan angenel |
tan na dharatan ketung |
katon bae raina-wêngi |
kadya wong kasurupan |
(n)joto lênguk-lênguk |
lêkas obah anjêranthal |
minthal-minthul akikinthal kang kaèsthi |
konthole Mas Cêbolang ||

67. Abdinira èstri ki dipati |
kathah ingkang sampun dinlajahan |
kari kang wus kêmpung wae |

sêtun roro têtêlu |
ingkang nora dipun grèwèli |
tuwin jawi anjêprah |
kaprah rêbut ayu |
angupaya pinilala |
Mas Cêbolang bêlaba labuh mragadi |
èbèr wani kelangan ||

68. Arta busana myang ali-ali |
paringanira ki adipatya |
pinaring sapanuwune |
iya ganjarannipun |
Mas Cêbolang tan nêdya sugih |
mung ambandhani bedhang |
dadya ngundhung-undhung |
pan arêbut sisingletonan |
kadi toya nêng talang têlas tan kari |
amung têtês kewala ||

69. Mas Cêbolang kêlawan Nurwitri |
ingkang lagya kanggêp kinasihan |
kinungkung nêng (n)jêro bae |
bisa kundur yèn adus |
pan sinambi bedhangan nilip |
nanging datan konangan |
tingkahing asinglu |
mung kang lumrah lilirangan |
tan ngapaa Mas Cêbolang jatinèki |
ngayuti angayangan ||

Jilid 5 - Kaca : 25

70. Salaminira ronggèng kakalih |
binot-sih pan wus pëndhak dina |
ki dipati ing linglunge |
kawuron ronggèng kakung |
kang kawêngku ing siyang ratri |
wus supe langêning dyah |
para garwanipun |
tuwin pra prameyanira |
pratelaning dasih tan arsa nampèni |
milaur ronggèng lanang ||

71. Pan kaledhon kodhêng nandhang branngi |
tita antara kêtarèng tingkah |
kaanan kaucap ngakèh |
ronggèng ro kang jinambu |
bubukane ananggap singir |
susah pra sêlirira |
datan pinalaur |
mung ronggèng lanang kinarsan |
sakathahe para langên nekat sami |
ambelani bëndara ||

72. Miwah Mas Cêbolang dènnya nilip |
wus kawêntar pan (m)balunthahira |

somahan randha sêdene |
lanjar prawan kinrêmus |
satingkahe anglêlanangi |
sakèh kang duwe sanak |
bojo myang sêdulur |
samyã panas atinira |
mêksih ajrih nanging tansah ngincim-incim |
dadya ngênêb kewala ||

73. Wis mangkana nahên ki dipati |
kang lagya nèng gêdhong têtêlonan |
tan kêna bênggang kalihe |
sisiwo siyang dalu |
datan suda malah saya sih |
adhêmèl kadi gula |
kêrakêt lir ancur |
kanthil-kanthil kikintêlan |
Mas Cêbolang Nurwitri ki dipati |
nèng gêdhong gêgèndhongan ||
74. Nuju samana kalaning ratri |
ki dipati lawan Mas Cêbolang |
tan taha-tinaha dene |
saking sih wus kacampur |
woring karsa karasikaning |
kulina kinalilan |
tanpa krama matur |
koko-kinoko kewala |
ki dipati mèsêm angling bisik-bisik |
marang Kimas Cêbolang ||
75. Sun têtanya marang ing sirèki |
sayêktine êndi kang mirasa |
mungguh wong jêjambon kuwe |
apa ta ingkang jambu |
kang kapenak bungahing ati |
nikmate kang mirasa |
apa kang jinambu |
kang êndi bedaning rasa |
Mas Cêbolang nauri gumuyu ngikik |
pan sarwi acêcêpan ||
76. Kang satêmên-têmêne kiyai |
iya mungguh prabedaning rasa |
asangêt akèh kaote |
mirasa kang jinambu |
kumêsare amêratani |
tan ana todhenira |
rasaning tyas nganyut |
amlêng cumlêng kalênyêran |
nguncêr-uncêr mrêkinding pating gariming |
anggo dènaggang-anggang ||

77. Ki dipati kenyut tyas kêpengin |
angandika marang Mas Cêbolang |
sarwi (ng)galigik guyune |
apa iya satuhu |
yèn mangkono tuturirèki |
lah payo coba-coba |
yèn kaya tuturmu |
sasmita wus kawistara |
ginulingkên Mas Cêbolang pan angungkih |
lingkabe ingkang wastra ||
78. Sinambroma ing srênggara manis |
ki dipati winarga piluta |
sakala supe priyane |
lir dyah raosing kalbu |
duk rinungrum ingarih-arih |
wastra kirit wus singsal |
warastra tumanduk |
sumèndêg sêntuging wuntat |
Mas Cêbolang nulya sarat matêg aji |
pangontong-ontong makas ||
79. Lugu agêng akêngkêng tur titih |
wus anjathok ing cithak dinadak |
andêdêl sru pêmadale |
ki dipati anjêpluk |
mak pêt panonnira alangking |
tyasira têrataban |
kakobang kumêpyur |
anêngkah-nêngkuh tan polah |
pan sinêrot pantog ki dipati (n)jêlih |
lah uwis aja-aja ||
80. Wurungêna bae aduh uwis |
ki dipatya (m)barêbêl kang waspa |
andruwili sêsambate |
kabotan ing panyatu |
sanyatane dèrèng nglampahi |
sapisan kêdrawasan |
winisesa sêngkut |
apan sarwi rinarêpa |
ginunturan srênggara pêngarih-arih |
rapêt sarèh tyasira ||
81. wontên rênggange tyasira kédhik |
tan bêtah kang sarira rêkasa |
tansah ngêsah pamuwuse |
sudanên pangêlutmu |
lele gêdhe anyênnyamari |
dhuh wêlasa maring wang |
tan kawawa têngsun |
Mas Cêbolang ngrês tyasira |
pan ginêlak ing sakarsanira pinrih |
supaya ge luwara ||

82. Rongèh pangregira byatning gati |
kang kasrêgan ngadhuh ah ah ngêsah |
dudu sabaèn-baène |
ki dipati kêpuyuh |
anjêngkêrung sangsaya sakit |
(ng)gadhêdhêr akêjotan |
gating prana wus |
warastra lon linuwaran |
pan jumêbrol anjumbul jêjambu mijil |
kêbès rêmbês ludira ||

83. Anêlêsi anèng kasur sari |
sariranira ki adipatya |
ngalumpruk marlupa cape |
riweyanira kumyus |
tulang kêju tan bisa osik |
Mas Cêbolang sungkawa |
myat bendaranipun |
tinuruh wus sinotyanaan |
ngêmu waspa dènnira luwaran enjing |
gêgêtun Mas Cêbolang ||

Jilid 5 - Kaca : 27

84. Nulya Nurwitri prapta nèng ngarsi |
ambrêbês mili aparêmbeyan |
nudingi siptèng kemase |
Cêbolang ngawe wuk-wuk |
netya pucêt angungun sami |
apa sadina pisan |
tan bisa alungguh |
ki dipati dènnya gêrah |
Mas Cêbolang anuduh marang Nurwitri |
ngambil godhong pa-apa ||

85. Ingkang kinèn tan dangu aprapti |
godhong pa-pa pupuse minantran |
pan lajêng winênyêt bae |
nulya jêjambunipun |
pan pinêtêlakên ririh |
pulihan wiwironira |
(ng)gyanning ganda maru |
pan wus sênggang gêrahira |
nanging taksih wontên lècèke sakêdhik |
myang rapuhing sarira ||

86. Nulya sagêd lênggah ki dipati |
animbali garwa sêlirira |
sadaya prapta tan suwe |
samyat atap nèng ngayun |
wus dinuga gêrahirèki |
apan gêrah gêroah |
tan lidok ujarku |
ngandika lon ki dipatya |
marang para sêlir mundhut dhahar aglis |

anulya sinaosan ||

87. Wusnya dhahar linorotkên sami |
ronggèng ro piningan lorodan |
anutug nadhah kalihe |
gya cinarikan sampun |
ki dipati ngandika aris |
mring garwa sêlirira |
manirarsa kundur |
tatanên panggonaningwang |
gêdhong kulon rêsikana dènbarêsih |
sakèhe garwaningwang ||
88. Aywa na kang lunga-lunga sami |
angadhêpa bae raganingwang |
aja irèn sarupane |
kang liningan umatur |
pan sadaya sandika sami |
yata malih ngandika |
mring ronggèng ro wau |
hèh Nurwitri lan Cêbolang |
ing saiki muliha mêtù kariyin |
iya mring Pakauman ||
89. Ywa lunga nèng wismane Jamali |
lamun ana ing sakarsaningwang |
aja nganti suwe-suwe |
dene paringanamu |
kabèh padha gawanên mulih |
manêmbah kang liningan |
samyà matur nuwun |
wusnya ngandika saksana |
ki dipati nulya kundur lan pra sêlir |
mring dalêm agêng ngarsa ||
90. Yata Mas Cêbolang lan Nurwitri |
mêdal mantuk maring Pakauman |
kang ambêkta dandanane |
parèstri jro kang nyangkul |
ngiring kimas lawan Nurwitri |
tan dangu nulya prapta |
wismaning pangulu |
Ki Jamali uluk salam |
nulya sêsalaman sarwi ngacarani |
maring Kimas Cêbolang ||
91. Sami kalujêngan dene lami |
anauri inggih kalujêngan |
Ki Jamali pandongane |
ki pangulu amuwus |
anak-êmas lamun marêngi |
mungguh rijêki Allah |
kêrana Lah-ipun |
pan kula mujur sidhêkah |

Jilid 5 - Kaca : 28

- sakadare pun anak (ng)gênnya maringi |
arta kalawan sinjang ||
92. Sawontêne (ng)gih kawula ngêmis |
saking sakêdhik winratanan |
sêbab kula (n)dongakake |
Mas Cêbolang amuwus |
inggih mangke kula ngaturi |
anulya wus sinungan |
sinjang arta sampun |
wiyar ciyut lawan dhêstar |
arta gangsal reyal Jamali nampani |
maca Alkamdulilah ||
93. Nulya kang èstri nyai Jamali |
ingkang anèm mèsêm-mèsêm mara |
kula pundi ujurane |
arta lan sinjangipun |
gya sinungan arta tri ringgit |
lan sinjang nulya kimas |
pamit mundur mantuk |
wus jênak nèng pondhokira |
Mas Cêbolang tan suda balunthahnèki |
sayambèr angêlantrah ||
94. Anèng jawi wus sadasa ari |
Mas Cêbolang wus arang kêpalang |
apulang yun lan bedhange |
mitra pawèstri manggung |
nama Jaemanis mantêsi |
pêthêl maring pondhokan |
èjlèk siyang-dalu |
sabên-sabên tinimbangan |
pan kêpanggih anèng pondhokanirèki |
Cêbolang Pakauman ||
95. Pan binêndon kongsi dèn-gêbugi |
suprandene nora tobat-tobat |
maksih ambêlêbêt bae |
irimban siyang-dalu |
Jaemanis mêmmanas ati |
malah kagunganira |
kathah icalipun |
arta busana sandenya |
asring Jaemanis ingkang nyonyolongi |
sinungkên Mas Cêbolang ||
96. Samajade Mas Cêbolang sugih |
pan cinatur manggung sêlir samya |
ingkang wus wawuh waune |
agung pawèwèhipun |
busanarta lan buratwangi |
ingkang dadya jaruman |
Jamal rabinipun |
nyai Jamal langkung bisa |

luwih dhang an duk ênome dadya ringgit |
sinêlir ki dipatya ||

97. Linorot pan pinaringkên maring |
Ki Jamali apan wus patutan |
kakalih pan mati kabèh |
marma lir prawan kêncur |
arang kang wruh yèn wus sisiwi |
dhasar wus wanuh lawas |
lan kimas puniku |
nanging kang lanang tan wikan |
mung bojone kang tuwa nyai Jamali |
wêwadul mring kang lanang ||

Jilid 5 - Kaca : 29

98. Ki Jamali maksih nêngah minggir |
winadulan bojone kang tuwa |
nanging tinampèl wadule |
yèn nuju giliripun |
mring kang ênèm rêmên kapati |
rinapat sabên dina |
olèh kang jinaluk |
saciptane linadènan |
liwêt angêt lombok kêncêng lawan pêtis |
dhèndhèng gorèng gêpukan ||

99. Yèn panganan srabi bang wi lêgi |
tan ginapan saliyané ana |
kang nèm langkung gumatine |
yèn gilir mring kang sêpuh |
krêp kapiran asring kalintir |
saanane pinangan |
mung warêg wêwadul |
tan ginitèng wadulira |
ing batinne Ki Jamali pan wus uning |
sêsenggolan kewala ||

100. Nora dadi pikire kang runtik |
tan ngapaa (n)jaban pari mana |
mung (m)buru rênêse bae |
nadyan wêruha tuhu |
bisa ngêmpêt nêpsu ngatingi |
yata ngalama-lama |
Mas Cêbolan wau |
datan kenging sinayutan |
gênti-gênti sêlire ki adipati |
akathah ingkang prapta ||

101. Jarumane pan nyai Jamali |
ngiras jaruman talang turunnya |
tur dhêmitan suprandene |
kêburan akèh kang wruh |
katur marang ki adipati |
kathah ngabèn ing basa |
dhasar abdinipun |

dipati gêthing sadaya |
sang dipati miyarsa kalangkung runtik |
pan wus gêmpal sihira ||

102. Arsa tinukup cinara maling |
nulya nimbali mas patih sigra |
tan dangu praptèng ngarsane |
lan saprameyanipun |
ki dipati ngandika wêngis |
mas patih sunmiyarsa |
pawarta kang saru |
yèn si Cêbolang nyalunthang |
angalunyat apa nyata wani-wani |
mring para sêliringwang ||
103. Kang katitik mung si Jaemais |
sabên suntimbali nora nana |
katêmu anèng pondhoke |
pisan pindho ping têlu |
yèn mêngkono cêmêr si santri |
ngilangkên kabêcikan |
kaya asu buntung |
bêcik si dhalang badhutan |
nora wurung mêtù edane si anjing |
tan kêna binêcikan ||
104. Kimas patih matur (m)biyantoni |
inggih lèrês duduka paduka |
ing jawi gumyah wartane |
èstri kathah cininthung |
centhang cènthêng amêngarahi |
kang dèniwat ambêkta |
sagadhahanipun |
busanarta nyanyamikan |
milanipun abdi kathah ngincim-incim |
anging ajrih paduka ||
105. Yèn ang sala pangaja kang abdi |
angêjura dhatêng pun Cêbolang |
abdidalêm sêdayane |
samyã gêthing andulu |
datan wontên rêmên satunggil |
mas patih musawarat |
ing prameyanipun |
sadaya saur kukila |
inggih lèrês ki lurah aturirèki |
tan wontên ingkang lêpat ||
106. Myang kancakula prameya santri |
wontên bojone ingkang kakênan |
tuwin anak sadulure |
ing mangke wêwah purun |
angrêsahi langên priyayi |
prayogi dipunpurak |

Jilid 5 - Kaca : 30

dimènne jurmumur |
tan pantês ingingu gêsang |
pra prameya samya sagah ting barêkis |
nèng ngarsane dipatya ||

107. Ki dipati ningali pra mantri |
samy (ng)grêgut solahé gambira |
wontên sudane sukane |
awêlas jroning kalbu |
angandika marang mas patih |
kapriye akalira |
aja kongsi luput |
ing patine si Cêbolang |
aywa kongsi kawruhan wong sanagari |
mas patih atur sêmbah ||
108. Lamun parêng karsa sang dipati |
ringkês cinara pandung kewala |
kinawalan panyidrane |
daraponipun sampun |
ki dipati pan wus marêngi |
yata malih ngandika |
mring mas patih gupuh |
lah ywa akêlayatan |
mêngko bêngi tukupên caranên maling |
mas patih tur sandika ||
109. Nulya kapilih kang para santri |
kang pitaya angêntasi karya |
rolas kang wani ing gêtèh |
pan dhinawuhan sampun |
ing pratingkah ngangkah wêwadi |
dènkêna aywa jorah |
caraning asamun |
prameya matur sandika |
nulya kinèn luwaran sadaya mijil |
wus samya asêdhiya ||
110. Lingsir kilèn Asar wayahnèki |
yata ingkang wontên pêpondhokan |
pasantrèn Pakaumane |
Mas Cêbolang duk lungguh |
lan santrine papat bibisik |
matur yèn angsal warta |
nanging warta tuhu |
apan wus katur sadaya |
sarêng miyarsa Mas Cêbolang ngrêsing galih |
nutuh sariranira ||
111. Yata pikir badhe angoncati |
ing rêmbuge santrine sakawan |
nênggih wus surup wayahe |
kimas gumingsir gupuh |
santri gendhong tan ana kari |

lumêbèng wanawasa |
bok bilih binujung |
marma lumêbèng ing wana |
langkung brangta ing cipta pan badhe mulih |
mring rama atur tobat ||

324 Asmaradana

1. Lan malih matur wus mari |
nglakoni tindak (m)bêlasak |
yata samana osike |
santri matur paran karsa |
ing lampah sampun tita |
anggung kabegal ing bathuk |
wus sêdhêng mêmarènana ||
2. Punika minangka peling |
andika putrèng oliya |
lan malih wus wruh surupe |
namane ing batal karam |
prandene dèntêrajang |
Mas Cêbolang sauripun |
lah iya wus bènêr sira ||
3. Mungna kang wus sunlakoni |
yèn malih anglakonana |
tobat nasongka yêktine |
rumangsa yèn antuk dosa |
nunjang walêring bapa |
kapindho dosèng Hyang Agung |
dene sun angrusak sanak ||
4. Katut panggawene eblis |
kaparêng maksih rinêksa |
pan ora sida macèthèt |
santri Saloka turira |
nadyan (n)dika mantuka |
wontên antuk-antukipun |
yèn dinangu rama tuwan ||
5. Bab musawarating ngèlmi |
rèhning kesah sampun lama |
sampun katon tèmên mangke |
lunga nut pikir (m)bêlasak |
yêkti wuwuh dinukan |
mring ramanta sang awiku |
kimas aris aturira ||
6. bènêr karsanira ugi |
lah ta paran karêpira |
ingsun darma nurut bae |
Ki Saloka aturira |
lamun parêng kang karsa |
apan ing gunung Sêmèru |
pawarti wontên wong tapa ||

7. Langkung dènnya mati-ragi |
 kinasihan ing Hyang Sukma |
 buntas ngiwa panêngêne |
 aran Buyut Danadarma |
 nanging wus ngraga-sukma |
 yèn kang sinung rahmat wau |
 sang pandhita yêkti ana ||

7 III. Mas Cêbolang ing rêdi Sêmèru
 Nuruti pamanggihipun Ki Saloka, Mas Cêbolang dalah para santrinipun
 minggah rêdi Sêmèru, badhe sowan buyut Danardana ingkang kaloka bontos
 ngèlmunipun tuwin sampun araga-sukma. Lampahipun kanthi "patigêni"
 pitung dintên.
 Dumugi ing pucaking Sêmèru, botên kapanggih sang buyut, pratandha botên
 katrimah panuwunipun. ...
 kaca 31-32

Jilid 5 - Kaca : 32

324 Asmaradana

8. Yèn kang tan sinung rahmati |
 anênggih suwung kewala |
 puniku ing pawartane |
 Kartipala nambung sabda |
 lèrês ingkang pawarta |
 duk ing dhingin kula tumut |
 marang swargining pun bapa ||
9. Pan wong nênêm kang lumaris |
 tur samya apêjah-brama |
 pitung dina ing lamine |
 prandene suwung kewala |
 ulihe pêlarasan |
 malah wontên wong kang tutur |
 ngalih mring guwa Sigala ||
10. Ki Cêbolang mèsêm angling |
 jajal ayo pinaranan |
 suntandhane awakingong |
 yèn ingapura ing Hyang |
 sayêkti têka ana |
 yèn tan ngapura ta ingsun |
 pêsthine iku tan ana ||
11. Yèn mangkonoa upami |
 yêkti ingsun tur matiya |
 lêbur anèng ngardi kono |
 lah kowe bae muliha |
 matura kyai bapa |
 wus saya rumangsaingsun |
 yèn akèh dosa-manira ||
12. Ing Hyang Sukma lawan malih |
 Kangjêng Nabi kang mustapa |
 yata wus lajêng lampaha |
 marang gunung Mèru-dipa |

samana byar raina |
mêdal saking ing wana gung |
nurut wana têrataban ||

13. Ngambah jurang ngiring-iring |
pèpèrèng parung paparang |
tumurun ing jurang sigrong |
tan ana durgama ketang |
[...] |
langkung sajroning kalbu |
dènpèpati sariranya ||
14. Datan kawarna ing margi |
samana pan sampun prapta |
ing Mèru-dipa sukune |
anênggih ingkang lèr wetan |
pan wontên guwanira |
yèn kang tan antuk pitulung |
guwa punika tan ana ||
15. Yata nèng ngandhap kusambi |
sira Ki-êmas Cêbolang |
lawan wong papat rewange |
tumingal guwa tan ana |
langkung susahing driya |
Cêbolang maras ing kalbu |
ngrasa yèn ora katrima ||
16. Angling mring santrirèki |
wis kabèh padha muliha |
matura ing rama mangke |
wus kalêbu ujaringwang |
yèn ingsun tan panggih |
kêlawan ingkang pilungguh |
wus sunsêdya ngur matiya ||

8 Nglajêngakên lampah dhatêng guwa Sigala. Tekadipun manawi botên kapanggih punapa-punapa, langkung sae nêmahai ajalipun. Para santrinipun kapurih mantuk, matur ingkang rama, nanging mbotên purun. Milih pêjah gêsang sêsarêngan. ...
kaca 32-33

Jilid 5 - Kaca : 33

324 Asmaradana

17. Anèng ing kene wakmami |
santri papat aturira |
lêbura kawula (n)dhèrèk |
sanadyan pêjah gêsanga |
ywa pisah lan andika |
mendah silih dukanipun |
ramanta dhatêng kawula ||
18. Mas Cêbolang angling malih |
yèn mangkono karêpira |
suntarima sira kabèh |

payo padha rewangana |
manêdha mring Hyang Sukma |
supaya têmuwa ingsun |
iya lawan sang tapa ||

19. Samana kasaput ratri |
lajêng sami salat kajat |
anêng ngisoring pèpèrèng |
kèh swara tan piniyarsa |
mung andulu satunggal |
Kang karya sagara gunung |
Kang tan samar mring kawula ||

20. Samana wus pitung bêngi |
(ng)gènnira apêjah-brama |
nêng ngisoring guwa kono |
(ng)gènnira mrih kinanthiya |
dhumatêng sang pandhita |
yata duk samana wau |
Mas Cêbolang sinung rahmat ||

325 Kinanthi

1. Mung badanne bae sinung |
uninga mring sang atapi |
santri papat tan uninga |
yata sang tapa duk linggih |
pitêkur jawining guwa |
tan samar marang kang prapti ||
2. Yèn sutane mitranipun |
sigra ingawe mring ngarsi |
Mas Cêbolang gupuh mara |
praptane sigra nungkêmi |
ing padane sang pandhita |
sang tapa angrangkul aris ||
3. Sarwi angandika arum |
owêl tèmên sira iki |
dhasar anaking pandhita |
kapindho warnamu sigit |
dene polahmu (m)bêlasak |
apa wus tobat sirèki ||
4. Dene katêmu lan ingsun |
tur sêmbah kang sinung angling |
matur inggih sèwu tobat |
yèn anglampahana malih |
nênggih panggawe kang salah |
ngêmungna kang wus kawuri ||
5. Gumujêng sang apalungguh |
sarwi angandika malih |
owêl tèmên ngèlmunira |
wulange ramanirèki |
(n)dadak sira (ng)go slèwèngan |

mêngko ingsun awawarti ||

6. Yèn sira durung sumurup |
ramanira lawan mami |
aprasasat tunggil wêlat |
duk anom lan ingsun iki |
guru Sèh Kadir Jalena |
Kiangêng ing Karang dingin ||

9 Sasampunipun 7 dalu ing salêbêting guwa, Mas Cêbolang sumêrap Sang Tapa, lajêng nyêmbah, wêkasan sami kaparingan tédha saking ciptanipun Sang Tapa.
Mas Cêbolang kadhawuhan mantuk dhatêng Sokayasa sarta kaparingan sumêrap, bilih ingkang rama sampun mundhut putra angkat putra putrinipun Sunan Giri, nama Jayêngsari lan Rancangkapti. ...
kaca 33-34

Jilid 5 - Kaca : 34

325 Kinanthi

7. Anèng Karang têtung taun |
pondhoke tunggil lan mami |
pisah-pisah barêng tuwa |
wus tega prêcaya sami |
(ng)gon tinitah anèng dunya |
nadyan tan kapanggih lami ||
8. Ramanira lawan ingsun |
sasat tan pisah saari |
saking wus tunggil ing rasa |
nanging manira wus (n)dugi |
kang piningkên ing sira |
parabote salat daim ||
9. Arsa ginayuhkên dhuwur |
sunduga ramanirèki |
durung prêcaya ing sira |
kang sinung ujar wotsari |
matur mangsaborong tuwan |
kados sampun ngudanèni ||
10. Yata papat santrinipun |
samyã gêgêtun tan sipi |
myarsa lurahe katrima |
sinung uninga sang rêsi |
kêtara bikut sêmbahnya |
mokal yèn nyêmbah ing sêpi ||
11. Yata sang pandhita sampun |
nyipta dhaharan mawarni |
sinuguhkên kang aprapta |
aglar nêng ngarsanirèki |
sêkul ulam dhadhaharan |
Mas Cêbolang (n)jêngêr uning ||

12. Tumon saktine sang wiku |
kalangkung dènnira ajrih |
sang tapa alon lingira |
payo mas dhaharên nuli |
iyèku riayanira |
wong amêntas patigêni ||
13. Kang sinung ling matur nuwun |
yata wus anadhah nuli |
langkung saking kanikmatan |
sang tapa pan angecani |
tumul adhar wowohan |
dangu dènnira abukti ||
14. Sawusira dhahar matur |
Mas Cêbolang mring sang tapi |
punika rencang kawula |
paran karsa tuwan inggih |
punapa inggih kenginga |
lawan paduka pêpanggih ||
15. Sang tapa aris sumaur |
iku babo nora kêni |
lah iya sanadyan sira |
mung sunwangêni sawêngi |
bèn sesuk nuli muliya |
marang Sokayasa ardi ||
16. Ramanira sakêlangkung |
onênge mring sira ugi |
lan malih yèn ramanira |
dhayohan putra wus lami |
loro kang siji wanodya |
iyèku putra ing Giri ||
17. Sarusake Giri iku |
binêdhah mring Pangran Pêkik |
garwa putra pan sadaya |
binoyong marang Mantawis |
ana putra sing ampeyan |
titiga tunggil sabibi ||

10 Mas Cêbolang kawêjang bab:
Wahyu Jatmika kanthi pralambang kaca paesan ngantos bab gêgambaran
wontênipun Pangeran Sêjati; bab jisim lan jasat. ...
kaca 35-36

Jilid 5 - Kaca : 35

- 325 Kinanthi**
18. Jayèngrêsmi ingkang sêpuh |
mangulon paranne ngungsi |
Jayèngsari pan arinya |
lan arinipun pawèstri |
yèku babo ingkang prapta |

têmu lan ramanirèki ||

19. Wus lawan gyannira pangguh |
iya sapungkurirèki |
Mas Cêbolang duk miyarsa |
pangandikane sang yogi |
kumêpyur ana kêrasa |
ing tyas tamu kang pawèstri ||
20. Tur sêmbah alon umatur |
yèn parêng karsa sang yogi |
rencang kawula punika |
badhe kawula-wartani |
yèn amba ing dintên benjang |
anggèn paduka nglilani ||
21. Sang tapa ngandika arum |
iya wartanana sami |
lan maninge maringana |
sêkul lan dhaharan sami |
kang liningan sigra mentar |
(m)bêktèng dhaharan lan nangsi ||
22. Miwah lan saulamipun |
mawarna-warna mêpêki |
praptane sinungkên sigra |
santri papat suka ngênting |
yata nulya winartanan |
kapat sukane tan sipi ||
23. Mas Cêbolang sigra wangsul |
prapta ngarsane sang yogi |
gambuh ing solah wiraga |
samana kasaput ratri |
sang tapa wus manjing guwa |
Mas Cêbolang pan ingirid ||

326 Gambuh

1. Praptèng jro guwa sampun |
sang tapa lênggah ing sela pingul |
sang mintasih anèng keringira linggih |
yata jatèni asung wruh |
sang tapa marang sang anom ||
2. Dene wong urip iku |
ingkang sayêkti pasthi yèn sinung |
kanugrahan marang Hyang Kang Maha Tinggi |
ingaran baban cahya nur |
wiwitan wêkasan kono ||
3. Pasthi lajêng puniku |
ananing Hyang dene ta sirèku |
wahya mulya tan kajisim ananèki |
punika pan arsa wêruh |

kang sinung ling matur alon ||

4. Rumiya amba ngrungu |
nênggih ingkang wirayat punika |
pan paesan wahya jati kang sayêkti |
jatmika kadulu lêmbut |
punapa inggih sayêktos ||
5. Sang tapa ris sumaur |
dening kang aran paesan iku |
sayêktine iya jasat roh-ilapi |
paesan jatmika iku |
lêmbut tan bisa maring (ng)gon ||
6. Dene ta wijilipun |
wahya jatmika jasat puniku |
ing têngêse kabèh iku roh-ilapi |
pan paesan têngêsipun |
ywa salang-suruping kawroh ||
7. Ana malih winuwus |
paesan tan mantuk ing dhirèku |
lawan jasat iya tan marêk ing dhiri |
iya êndi rupanipun |
paesan kang ngilo jatos ||
8. Lawan wayangan iku |
êndi silih iya purbanipun |
Mas Cêbolang umatur saha wotsari |
kasinggihan sang pukulun |
kawula nuwun jinatos ||
9. Sang tapa mèsêm muwus |
Allah iya ing sasmitanipun |
apan kadi ing wulan ananirèki |
paesan kang kawahyèku |
jatmika lêmbut tan awor ||
10. Êndi ta rupanipun |
wahya jatmika tan anèng wujud |
lunga ingkang paesan paran puniki |
undhak-undhak sasmitèku |
ana kang angilo kono ||
11. Kadi paesan sèwu |
wêwadhahe paesan di luhung |
datan ana rupanta anane nênggih |
gêdhah isi hènawèku |
yèku prènahe Hyang Manon ||
12. Padhêsi wulan iku |
sami rupa sasi gêdhah sèwu |
kasênênan dènirèng gêbyaring sasi |
sasi tunggil warnanipun |

Jilid 5 - Kaca : 36

êndi sasine kang yêktos ||

13. Kang sinung ujar matur |
inggih tuwan jarwakna pukulun |
sang tapa ngling dene sasmitaning sasi |
kang nêng jro paesan iku |
aisi madu kinaot ||
14. Dene kang wahya iku |
apan wêwayangan yêktinipun |
apan dudu kaananing Hyang Kang Jati |
lamun sira arsa wêruh |
angilowa damar kono ||
15. Lir jasat sumbunipun |
iya iku mangka jisimipun |
iya êndi rupane jasat puniki |
kawruhana urubipun |
lan surupe arsa wêroh ||

11 Bab mukmin linuhung i.p. ingkang botên pêngat sêmbahyangipun,
kalajêngakên bab têngêsipun Islam, solat, takdir, asalipun bumi, angin, toya;
bab pêjah gêsang tuwin utamining gêsang.
Mas Cêbolang langkung lêga manahipun nampi wêjanganipun Sang Tapa,
wêkasan lajêng nyuwun pangèstu badhe mantuk dhatêng Sokayasa. ...
kaca 36-39

Jilid 5 - Kaca : 37

326 Gambuh

16. Ya uripe puniku |
duk durung prapta di uripipun |
lawan êndi rupane damar puniki |
yèn mati (n)di (ng)gon sumurup |
labête gêni kang rawoh ||
17. Sasmitaning nyawèku |
ênggih lawan jisimira iku |
iya êndi rupane nyawa lan jisim |
api êndi labêtipun |
kang sinung ling matur alon ||
18. Têngêse Islam iku |
sampurnane êndi ingkang tinut |
sang pandhita aris dènnira nauri |
rokani rêke puniku |
kalbune mukmin kinaot ||
19. Mukmin ingkang linuhung |
ingkang tan pêngat sêmbahyangipun |
dene padhanging tyas kang arsa matitis |
kang bisa matêkkên iku |
ing badan anggung winasoh ||
20. Pasthi kalamun sinung |
padhanging tyas ya maring Hyang Agung |

kang liningan umatur sarya ngabêkti |
kawula malih umatur |
têgêse salat kinaot ||

21. Mênggah ing têrtipipun |
adêge utawi yèn alungguh |
sang tapa ngling kang rukuk pan asal angin |
dene iya uripipun |
asal bumi kang alunggoh ||
22. Dene takbir puniku |
makripate kang sampurna iku |
olèh banyu dene kang sarengat singgih |
kasuciyane puniku |
tan owah-gingsir ing ngênggon ||
23. Lan tan woworan iku |
dènnira non marang ing Hyang Agung |
ing lungguhe kakekat lungguhe nênggih |
yun angrawit ing pandulu |
lan tan owah ing wiraos ||

327 Sinom

1. Kang sinung ling matur nêmbah |
paran ingkang asal angin |
lawan kang asal pratala |
sang pandhita anauri |
adêg uripirèki |
sabda Allah tahyadipun |
pan iya iku Allah |
sabdèku rukuning singgih |
sujud Allah urip nêlahi buwana ||
2. Pan lungguhe ingkang sabda |
sêmbahyange iku singgih |
tan pègat ing takbirira |
rukun sadat sarengati |
kang tarekat puniki |
sêmbahyang rêke pamuwus |
asal angin punika |
kalawan toya sajati |
ayun awas babo ing paningalira ||
3. Dene sipat têgêsira |
karêp-karêp kang puniki |
marang panggawe utama |
karêp kang mring rasa jati |
rasa kang idhêp maring |
Muhamad tuwin Hyang Agung |
asale bumi ika |
lungguhe kakekat singgih |
asal angin pan orang kêna ingêsat ||

Jilid 5 - Kaca : 38

4. Asal bumi saking hawa |
banyu saking aksarèki |
alip kang mangke wêkasan |
kang liningan matur aris |
tuwan lajêngna malih |
pan mèh padhang manahulun |
gumujêng sang pandhita |
sarwi awêcana aris |
karêp lawan cahya pan ing têngsira ||
5. Madi têngese Muhamad |
kahnaning nêpsu puniki |
kang asal angin punika |
dadi badan iku yêkti |
dhadha dadining warih |
êdad saking bumi iku |
ampêru saking brama |
banyu apan dadi ati |
banyu luhung seje ingkang dadi dhadha ||
6. Angin apan dadi swara |
bumi luhung dadi budi |
êndi kang katur Pangeran |
iya ingkang anêng ngarsi |
dènwaspada sirèki |
bumi kang katur rumuhun |
paran ing aturira |
nur cahya ingkang sayêkti |
asal banyu nênggih sujude punika ||
7. Nora katur ing Pangeran |
nur-mani yun kang nampèni |
asal bumi saking rasa |
ya rahman iku sayêkti |
ranne kang ngrungu nênggih |
de pangucap jroning kalbu |
iyèku abulolah |
lir cahya warninirèki |
jro sêgara uripe pan kadi rêtna ||
8. Lungguh pucaking kang grana |
kang rukuk pan asal warih |
dènadhêpkên mring sirolah |
cahyaning lir lintang ngalih |
wruh ing jasad pribadi |
parêke lawan Hyang Agung |
nora sakuthu iya |
lan Pangeran rasa tunggil |
ing artine wus nora nana Pangeran ||
9. Wus puji-pinuji dhawak |
angèl kang ujur puniki |
yèn kang tan sinung nugraha |
saratana mati-raga |
karêmèning Hyang Luwih |

manungsa kang tabri namun |
kang anggung mati-raga |
kang rumasa (ng)gènnya urip |
nora pisan ngaku uripe priyangga ||

Jilid 5 - Kaca : 39

10. Ngrasa-a yèn badhe pêjah |
anèng donya iki kampir |
sumungkêm Kimas Cêbolang |
ing padanira sang tapi |
matur kang mugè-mugi |
angsala brêkah pukulun |
sagêd anglampahana |
ing wulange sang ayogi |
pan sinigêg samana wus byar raina ||
11. Sadaya dènnya mumulang |
ing ngèlmu ingkang ginaib |
kang winulang tyasnya padhang |
samana tinundhung mulih |
sarta winêling-wêling |
tur sêmbah kimas dyan mundur |
mêdal saking jro guwa |
wus panggih lan rencang sami |
pan winartan sarèh kalanèng jro guwa ||
12. Rencang papat samya bungah |
nêrka yèn kimas ing mangkin |
karêm marang kautaman |
yata lajêng mangkat sami |
(n)darung lampahirèki |
(ng)gènnira badhe umantuk |
daya-daya wikana |
nênggih dhatênging têtami |
kunèng ingkang nèng marga gantya winarna ||
13. Kang nèng gunung Sokayasa |
Jayèngsari pan wus lami |
anèng ardi Sokayasa |
lan ari Kèn Rancangkapti |
anglir putra (ng)gèn-yogi |
sang tapa pangrêngkuhipun |
pan wus têlas sêdaya |
ngèlmu ingkang haib-haib |
kang ginêdhong kinandhut wutah sêdaya ||
14. Dhasar manahe rahadyan |
pasang graitane lantip |
marma sang tapa sangsaya |
trêsna trusing lair batin |
dening asmarèng ngèlmi |
mèh supe putra kang nglangud |
nanging sang apandhita |
tan samar putra mèh prapti |

lawan sarta antuk nugrahaning Suksma ||

328 Asmaradana

1. Samana sang tapèng lagi |
pinarak anèng ing langgar |
bakda Asar ing wayahe |
pan amulang ngèlmu rasa |
marang kang wau putra |
lan mulang rakiting laku |
kang bisa mati jro gêsang ||
2. gêsang sajroning kapatin |
sêlamine mung punika |
kang dèrèng winulangake |
santrine ngadhêp nèng ngandhap |
nênêm ingkang sadaya |
nèng tênggal adhangir kimpul |
otèk jagung lan kêtela ||

12 IV. Ing Sokayasa, Jayèngsari tuwin Rancangkapti kapundhut putra dening Sèh Akadiyat. Mas Cêbolang mantuk Jayèngsari tuwin Rancangkapti sampun kapundhut putra dening Sèh Akadiyat sakalihan; sakalangkung kinasihan, ginala-gala tuwin winêjang sakathahing ngèlmu.
Wanci Asar Sèh Akadiyat pinuju mêngang Jayèngsari bab:
Mati sajroning urip, urip sajronig mati. ...
kaca 39-40

Jilid 5 - Kaca : 40

328 Asmaradana

3. Timun kênthang lan kêrai |
nahên wau kang lumampah |
kapidulur lan santrine |
datan kawarna ing marga |
samana sampun prapta |
ngandhap Sokayasa gunung |
yata langkung patêgalan ||
4. Kagyat kabèh wong kang (n)dhangir |
tumingal mring Mas Cêbolang |
sigra sami mara age |
praptane sami karuna |
angling kula tan nyana |
yèn andika ingkang rawuh |
dene lami tèmên nyawa ||
5. Kesah andika mring pundi |
kanca-kanca pan anêdya |
ngupaya ing sarirane |
rama andika tan suka |
makatên kang timbalan |
wus aja kudu ko(k)ruruh |
besuk pan eling priyangga ||
6. (m)Balèni panggawe bêcik |
(ng)guwang panggawe kang ala |

- yèn sanyata anakingong |
 aywa susah kaupaya |
 besuk mulih priyangga |
 tur anggawa ngèlmu luhung |
 punika kang pangandika ||
7. Rama andika ing nguni |
 marmane kanca manira |
 sami akèndêl kemawon |
 gumujêng Kimas Cêbolang |
 sami aris wacana |
 dening daya-dayanipun |
 oliya ngèlmu sampurna ||
8. Lawan suntanya sayêkti |
 kangjêng rama kadhatêngan |
 rara sawiji bature |
 ing pawarti wus alawas |
 ing kene kadhatêngan |
 ingkang tinanya amatur |
 saèstu wontên wong prapta ||
9. Saungkur andika inggih |
 mung kaot sapuluh dina |
 tamu punika praptane |
 (m)bêkta sadhèrèk wanodya |
 warnanipun yu endah |
 rama paduka sang wiku |
 kalangkung (ng)gènnira trêсна ||
10. dhatêng ingkang wau prapti |
 kinêmpit dalu raina |
 lir putra (ng)gèn yoga dhewe |
 miwah ta ibu paduka |
 sami makatên uga |
 tan mantra-mantra puniku |
 lamun putra pêpanggiyan ||
11. Nanging ta wartaning warti |
 puniku pan palajêngan |
 putra ing Giri Kêdhaton |
 duk bêdhaha Sukaraja |
 garwa putra parêkan |
 binoyong marang Mantaram |
 puniku (ng)gènnipun kesah ||
12. Têgêse puniku ngungsi |
 anamur amêndhêm kula |
 marma ramanta yêktine |
 kêlangkung (ng)gènnira wêlas |
 dhatêng kang wau prapta |
 kados tan samar puniku |
 ramanta sang apandhita ||

Rama ibu sakalangkung sukaning galih. Mas Cêbolang kadhawuhan sungkêm
Jayèngsari ingkang sampun dados kadang sêpuhipun.
Sawatawis wêkdal malih Mas Cêbolang kanikahakên angsal Rancangkapti,
tansah sih-sinihan sarta kaparingan griya piyambak.
Botên antawis dangu Sèh Akadiyat kakung putri seda. ...
kaca 40-44

Jilid 5 - Kaca : 41

328 Asmaradana

13. Marang puniku kang prapti |
Mas Cêbolang aris mojar |
wis payo matura age |
iya maring kangjêng rama |
kalamun ingsun prapta |
pan wus tobat kapok ingsun |
narajang walêling bapa ||
14. Aturêna kabèh sami |
saguning supataningwang |
agupuh ingkang kinèngkèn |
minggah marang ing aldaka |
yata sapraptanira |
ing ngarsanira sang wiku |
sang pandhita wus uninga ||
15. Sinamur atakèn aris |
dene gati lakunira |
lah baya ana gawene |
Ragatrana atur sêmbah |
amba atur uninga |
yèn putra paduka rawuh |
kèndêl anèng patêgalan ||
16. Amba kinèn tur upêksi |
inggih dhumatêng paduka |
pan akathah prasêtyane |
karuna dhatêng paduka |
yata katur sadaya |
saliring pitungkasipun |
sang tapa gumujêng suka ||
17. Ngandika sukur yèn mari |
panggaweyane kang salah |
eling lamun putraningong |
Jayèngsari matur nêmbah |
punapa ta punika |
kang tuwan raosi dalu |
putra paduka kang kesah ||
18. Sang pandhita anauri |
iya kulup arinira |
kang suncatur salawase |
nanging sunduga ing mangkya |
wus eling têtêmênan |
kadangira watarèngsun |

bangêt tobat ing Pangeran ||

19. Jayèngsari matur aris |
kados lèrès sabda tuwan |
inggih kadospundi malih |
kalamun botên mantuna |
punapa tan rumangsa |
lamun putranta pukulun |
gya gumujêng sang atapa ||
20. Ngandika Ragatrana glis |
inggal nulya timbalana |
Ragatrana wangsul age |
praptaning ngandhap wus panggya |
lawan Kimas Cêbolang |
Ragatrana lon umatur |
paduka anggèr ngandikan ||
21. Ing rama tuwan dèn-gipih |
pan sampun katur sadaya |
sawêling andika rêke |
prasêtya katur sadaya |
dhatêng rama paduka |
sarêng myarsa aturulun |
ramanta kalangkung suka ||
22. Kula kinèn wangsul gipih |
animbali jêngandika |
yata Mas Cêbolang age |
minggah umarêk ing rama |
sarêng wau katingal |
kang rama angawe gupuh |
kang putra lumampah enggal ||
23. Sapraptaning ngarsa nuli |
anungkêmi padèng rama |
kang rama nêsêp èmbunne |
pan sami anênggak waspa |
Mas Cêbolang karuna |
akathah prasêtyanipun |
katur dhatêng ingkang rama ||
24. Yata Radèn Jayèngsari |
tumungkul anênggak waspa |
pan karasa sarirane |
akathah ingkang karasa |
kèngêtan kadangira |
tan karuwan parannipun |
nêbut sadalêming driya ||
25. Sang pandhita ngandika ris |
mring putra Kimas Cêbolang |
lah payo kulup dèn-age |
ngabêktiya kakangira |

Jilid 5 - Kaca : 42

lan babo iku nyawa |
pan ya sêdulurmu sêpuh |
suntunggilkên roh lan sira ||

329 Mêgatruh

1. Yata ingkang liningan anulya gupuh |
ngabêkti mring Jayèngsari |
sawusnya tata alungguh |
rêsêp tyase Jayèngsari |
marang ingkang lagya rawoh ||
2. Ngalêm ing tyas Jayèngsari mring kang rawuh |
iki wong ladak mantêsi |
sasolahira apatut |
layak wanodya kèh asih |
andulu wong kang mêngkono ||
3. Tan prabeda Mas Cêbolang mawas (n)dulu |
angalêm sajroning ati |
angling ing tyas dene bagus |
dhayohe rama kiyai |
wingit cahyane mancorong ||
4. Ajatmika pasaja bagus aruruh |
yata kang rama ngling aris |
Jayèngsari putraningsun |
aja taha-taha kaki |
mring arinira angrêngkoh ||
5. Kang liningan tur sêmbah langkung anuwun |
umatur sarwi wotsari |
mugi èstuwa pukulun |
sagung timbalan kang maring |
kawula wau kang dhawoh ||
6. Dene sangêt arêmên tuwan angrêngkuh |
mring kula wong kawlasasih |
marmamba langkung anuwun |
mung Allah kang Maha Tinggi |
nêksènana raganingong ||
7. Anggêpamba mring tuwan trus batin kalbu |
atanapi sira yayi |
aywa taha mring wakingsun |
ingsun iki ngungsi urip |
ngungsèkkên sadulur wadon ||
8. Anèng kene têmahan ingambil sunu |
marang ing kangjêng kiyai |
pan yakti sun utang umur |
nuhun-nuhun kang sinung ling |
yata sang tapa agupoh ||

Jilid 5 - Kaca : 43

9. Animbali marang ing rubiyahipun |
kang pinanggih mêdal nuli |
lawan wau putranipun |
sira Nikèn Rancangkapti |
dangune pijêr nèng pawon ||
10. Bok rubiyah tan uning yèn putranipun |
Mas Cêbolang ingkang prapti |
sapraptaning langgar (n)dulu |
mring putra pan rada pangling |
wus lami dènnira (m)bolos ||
11. Sang atapa anjarag pan ora tutur |
Mas Cêbolang gupuh nuli |
ngraup padaning kang ibu |
kang ibu wus mari pangling |
wusana nangis anggêmbor ||
12. Lara-lara akathah sêsambatipun |
katuwone sira gusti |
apa tan wêlas maringsun |
lan malih sira wus eling |
yèn atmajaning kinaot ||
13. Inggang putra wlas tangise ingkang ibu |
sênggruk-sênggruk mèlu nangis |
Rancangkapti lênggah pungkur |
(n)dhakukul (m)barêbêsmili |
langkung wlas mulat ing êmbok ||
14. Dening langkung (m)bok rubiyah trêsnanipun |
lir ibu-ibu sayêkti |
marma Rancangkapti muwun |
tan nangisi ingkang prapti |
saking wlas (n)dulu mring êmbok ||
15. Sang pandhita alon angandika arum |
wis padha aywa nangisi |
aran praptane rahayu |
sung tarima sinung eling |
marang Hyang Suksma kinaot ||
16. Tan winuwus kang onêng marang ing sunu |
yata ing antara lami |
rêmbag kalih-kalihipun |
Jayèngsari anglangkungi |
mau dènnira acondhong ||
17. Marang Kimas Cêbolang lir kadang tuhu |
tan kening pisah saari |
samyang angrasakkên ngèlmu |
runtut wus tunggil pamanggih |
marma ywa tanggung dadya roh ||

18. Pan cêndhake bae ing wau cinatur |
 samana sampun apanggih |
 Mas Cêbolang lawan wau |
 sira Nikèn Rancangkapti |
 siyang dalu akarongron ||
19. Ibu rama langkung sukanirèng kalbu |
 miyat mring putranirèki |
 (ng)gènnira krama aruntut |
 yata ing antara lami |
 kang rama grah lajêng layon ||
20. Ingkang putra langkung sungkawanèng kalbu |
 antawis ing pitung ari |
 kang garwa nusul asurut |
 lajêng sinare anunggil |
 lan sang tapa kilèn gandhok ||
21. Langkung dening sungkawa kang kantun-kantun |
 saya kagagas ing galih |
 Jayèngsari ciptanipun |
 dene ta kurang sathithik |
 dhawuh kang timbul maring ngong ||

Jilid 5 - Kaca : 44

330 Maskumambang

1. Pan antara sawulan surudirèki |
 sira sang atapa |
 santri Saloka tur pèksi |
 mring Jayèngsari wawarta ||
2. Amarêngi lênggah masjid lan kang rayi |
 sira Mas Cêbolang |
 lan garwane Rancangkapti |
 pan agunêm ngèlmu rasa ||
3. Kagyat myarsa Saloka sarêng turnèki |
 ilang bayunira |
 sira Radèn Jayèngsari |
 tumungkul asangga uwang ||
4. Ki Saloka matur malah wus kaping tri |
 ing sasurudira |
 ramanta kangjêng kiyai |
 wong punika (ng)gènnya prapta ||
5. Panggih lawan kula langkung nyalawadi |
 wong kakalih apan |
 abusana cara santri |
 ngakên santri Surabaya ||
6. Tan anyana kula yèn punika têlik |
 (ng)gèn takèn ing radyan |
 langkung dening niti-niti |

kawula inggih bêlaka ||

7. Wîngi kula mring ngare sampun kapanggih |
sanak Surabaya |
mring wismanipun Pak Kêmis |
lajêng (n)jawil mring kawula ||
8. Yèn paduka kaginêm Pangeran Pêkik |
sabab wong punika |
padagange Pangran Pêkik |
marma ing gunêm waspada ||
9. Saya anglês rahadèn duk amiyarsi |
aturing Saloka |
ngandika ris mring kang rayi |
lah yayi sira kariya ||

14 V. Jayèngsari, Rancangkapti tuwin Mas Cêbolang lolos Satunggaling dintên ing Sokayasa kadhatêngan santri kalih saking Surabaya. Punika kakintên utusanipun Pangeran Pêkik ingkang ngupadosi putra-putrinipun Sunan Giri ingkang lolos (Jayèngrêsmi, Jayèngsari tuwin Rancangkapti). Awit saking kuwatosing manah badhe kapikut dening utusanipun Pangeran Pêkik, Jayèngsari, Rancangkapti tuwin Mas Cêbolang sami tilar wisma, lumampah saurutipun Gunung Kidul mangilèn. Sasampunipun 3 dalu, lampahipun dumugi ing pucuking Gunung Lima, kapanggih pandhita Hèrcaranu ingkang sampun araga-sukma punika kapêrnah canggahipun Ki Banyubiru. Sang pandhita paring katrangan, bilih ramanipun Jayèngsari-Rancangkapti mila dinukan dening Pangeran jalaran kapengin mêngku tanah Jawi. Mila wêlingipun, sampun ngantos sami wantun-wantun dhatêng ingkang tampi Nuringrat (Sultan Agung). Dhawuhipun Sang Tapa, kadang sêpuhipun i.p. Jayèngrêsmi taksih wilujêng nanging têbih panggenanipun. Dene Jayèngsari kadhawuhan tansah manêmbah Hyang Widhi. ... kaca 44-48

Jilid 5 - Kaca : 45

330 Maskumambang

10. Ingsun titip marang garwanira yayi |
bok mênawa lêpat |
poma apuranên yayi |
manira arsa mulana ||
11. Ngong-oncati gunêm kang tan bêcik iki |
nanging iya poma |
wartakna (ng)goningsun yayi |
yata kang sinung wacana ||
12. Mas Cêbolang lan garwanira nungkêmi |
padane kang raka |
sarya sru dènnira nangis |
Rancangkapti mêngap-mêngap ||
13. Apan lajêng kantaka Kèn Rancangkapti |
pan wus timur mula |

- yèn muwun pègèl kang galih |
atêmah niba kantaka ||
14. Jayèngsari yata angandika aris |
aduh ariningwang |
adat tèmên sira iki |
yèn nangis banjur kantaka ||
15. Ngêndi ana ing wong pipikiran bêcik |
têmahane padha |
andadak sira tangisi |
yata sira Mas Cêbolang ||
16. Ingkang garwa pinangku sarya anangis |
aduh mirahingwang |
paran polahingsun kari |
yèn sira tulus palastra ||
17. Baya-baya ingsun edan turut margi |
nimas awunguwa |
yata Radèn Jayèngsari |
kang rayi wus sinotyana ||
18. Nulya nglilir pupungun anangis ririh |
angling ingsun kakang |
suthik kari anèng ngriki |
sanadyan mati uripa ||
19. Nora gèlêm pisah lan sira sayêkti |
gumujêng kang raka |
nora kaya sira iki |
munduran kaya duk bocah ||
20. Pae dhangin sira duk durung akrami |
sapan pan mangsa |
kênaa sah lawan mami |
ing mêngko wus duwe krama ||
21. yêkti abot wong angladèni ing laki |
sira Mas Cêbolang |
nabung sabda sarwi nangis |
punapa inggih kawula ||
22. Tuwan kesah kula pan dinalih kari |
mangsa ta purunna |
sapurug amba tut-wingking |
sanajan pêjah gêsanga ||
23. Nadyan inggih pêjah gêsang ajêng uning |
kang raka ngandika |
paran polahingsun yayi |
lamun sira tut-wuriya ||
24. Sayêktine nora olèh dene yayi |
iya pêt-umpêtan |

Saloka nambung sabda ris |
yèn kédah tèmên arinta ||

Jilid 5 - Kaca : 46

25. Atutwuri marang ing paduka inggih |
pan kêjawi kanca |
sadaya kinèn angari |
yèn malih wontên wong prapta ||
26. Yèn pitakèn ing paduka inggih gampil |
ingsun awat-awat |
kula warti yèn wus anis |
saking ing riki wikana ||
27. Ing puruge kula (m)botên nguningani |
yèn sampun paduka |
andhok nuntên tuwan nuding |
asung wruh dhatêng kawula ||
28. (ng)Gèh pun Buras tumuntên paduka tuding |
pêsthine kawula |
lan sanak anusul sami |
inggih dhêmitan kewala ||
29. Pan sadaya mangsa si (n)dadaka inggih |
pisah rayi tuwan |
wong kanthèt-kinanthe sami |
tan wontên seje satunggal ||

331 Kinanthi

1. Bab kabèh santananipun |
wus ingundang sami prapti |
andhèr sadaya nèng langgar |
yata sampun dènwartani |
marang sira Ki Saloka |
kabèh panuju ing pikir ||
2. Wusnya dadi rêmbugipun |
Jayèngsari sukèng galih |
tuwin sira Mas Cêbolang |
langkung suka Rancangkapti |
dene wurung tinilara |
nahên ta kasaput ratri ||
3. Ing dalu datan winuwus |
sarêng byar angkatirèki |
sagung kang para santana |
ngatêr wangsul ngandhap ardi |
pra samya angêmu waspa |
kang lunga lawan kang kari ||
4. Yata kang kesah lêstantun |
Mas Cêbolang Jayèngsari |
Kèn Rancangkapti pun Buras |
nèng ngarsa atuduh margi |

katiwang-tiwang lampahnya |
Sokayasa wus tan kèksi ||

5. Lampahe kawêlasayun |
(n)dulur wong catur lumaris |
wus têbih ing lampahira |
sampun manjing ing wanadri |
mudhun jurang minggah arga |
Rancangkapti anggung nangis ||
6. Ngrêmpong tan bisa lumaku |
ginendhong mring raka nuli |
Mas Cêbolang langkung sayah |
pun Buras ingkang (ng)gêntènni |
sadangunira mangkana |
wau dènnira lumaris ||
7. Nurut wana ardi kidul |
mangilèn lampahirèki |
tan winarna solahira |
ing lampah wus tigang-ratri |
kèndêl yèn dalu kewala |
kêlangkung kawêlasasih ||
8. Yata aningali gunung |
alit kalangkung rêspati |
ing pucak anèng wong tapa |
(ng)gènnipun tapa wus lami |
siji datanpa rowang |
kinasih ing Hyang Widdhi ||
9. Aran Ki Sèh Hèrcaranu |
tuwa pan wus kaki-kaki |
apan ta kaprênah canggah |
mring Ki Banyubiru nguni |
kang martapa ardi Lima |
wus angraga-suksma yêkti ||
10. Arang wong kang wruh ingriku |
saking angkêre nglangkungi |
Sèh Hèrcaranu tan samar |
yèn badhe wontên wong prapti |
satriya alaku papa |
langkung asih kawlasasih ||
11. Langkung awlas sang palungguh |
marang sira sang kaswasih |
yata wau kang lumampah |
kèndêl anèng soring wuni |
suku ardi kang lèr wetan |
tumawing jurang atrêbis ||
12. Gurda gung langkung asingup |
singube ngungkuli wuni |

Jilid 5 - Kaca : 47

samya tumiyung ing jurang |
jurange langkung atrêbis |
ngisor panggenanning sima |
ting galêro mêmêdèni ||

13. Kang rarywan pan ora kèngguh |
ngêningkên ciptaning galih |
mung ketang kang Karya-jagad |
marma rumarasira nir |
kwèh swaraning pêksi munya |
mangsa wohing gurda sami ||

14. Umyung rêbut woh ambarung |
mawarna-warna kang pêksi |
mrak nyangungong ing paragak |
kang satawana nauri |
jêgigèr swara angatak |
kinèn panggih Sang Rêsi ||

15. Kang mangkana pèngêtipun |
kang rarywan graitèng galih |
yata non pucak aldaka |
ana wong tuwa alingguh |
pitêkur muji Pangeran |
sêmune brangti Hyang Luwih ||

16. Yata radyan mara gupuh |
sumêngka marang ing wukir |
sadaya pan samya minggah |
sapraptanira ing nginggil |
sarêng cêlak lan sang tapa |
Ki Sèh pan angawe gipih ||

17. Lah banjura putraningsun |
aja sira wêdi-wêdi |
gupuh wau kang ingatak |
sapraptanira ing ngarsi |
ngaras suku dêlamakan |
sang tapa angrangkul aris ||

Jilid 5 - Kaca : 48

18. Sarwi ingaras kang êmbun |
katiga ginênti-gênti |
ri wusnya tata alênggah |
langkung samya aminta sih |
tumungkul dènnira lênggah |
sang tapa angrês ing galih ||

19. Tan samar sasolahipun |
wasana ngandika aris |
sang pandhita mring rahadyan |
aduh putuningsun kaki |
dene liwat kawlasarsa |
ing solahira mas gusti ||

20. Dèn-narima putuningsun |
pan wus karsaning Hyang Widdhi |
sira dadi lèlampahan |
kawit wong tuwa kang mawi |
ramanta marma dinukan |
dening Hyang Kang Maha Luwih ||
21. Lali pancèn arsa mêngku |
angangkah ing tanah Jawi |
kuwalèn arsa binuwang |
marma apantês malati |
tuwas rusak ngajak-ajak |
marang anak-puti wuri ||
22. Marma putu wêkasingsun |
marang ing sira dèneling |
ywa ngambah pikir (m)bêlasak |
lan dènawas sira kaki |
kang katibanan nuring-rat |
aja sira wani-wani ||
23. Ywa tiru ramanirèku |
lali ing bangsèku yêkti |
marma sru dukaning Suksma |
kang liningan awotsari |
saglugut pan botên nêdya |
anyipta kadya kang wingking ||

332 Pangkur

1. Sangêt panuwun kawula |
lamun amba darbe krêkat samênir |
mung mikir lujênging purug |
sampun binurak-burak |
inggih namung têntêrme manah pukulun |
lan malih kang dados manah |
kadang kawula sayêkti ||
2. Sêpuh punapa inggiha |
maksih gêsang utawi yèn ngêmasi |
sang tapa mèsêm sumaur |
ywa susah manahira |
kadangira sayêkti misih rahayu |
nanging adoh panggènannya |
mangulon paranne ngungsi ||
3. Aja susah mikir kadang |
awakira lah rêksanên pribadi |
yêkti (ng)gal lawase têmu |
sok uga salamêta |
Jayèngsari tursêmbah alon turipun |
kadospundi karsa tuwan |
mring amba manggih basuki ||

332 Pangkur

4. Sang tapa gumuyu suka |
aja maras tyasira putumami |
yèn ta maksih jênêngingsun |
nanging ta lujêngira |
lan sirêpe aja na ingkang angruruh |
nanging sarate mas-nyawa |
dènasru brangti Hyang Widdhi ||
5. Lah nuli sira mangkata |
ana alas kapit ing ardi alit |
pan kinêpung jurang trêjung |
aranne Wanataka |
dhudhukuha mas-putu wontên ing ngriku |
matèkêna raganira |
amung dêlêngên sawiji ||
6. Marang Hyang Suksma Wisesa |
matur nêmbah wau kang sinungan ling |
sandika sak-rèh pukulun |
amba darmi lumampah |
sang pandhita ngandika ingsun tut-pungkur |
angêtêrakên ing sira |
mrênahkên ênggonnirèki ||
7. Lêga tyasira sadaya |
ya dening sang pandhitarsa tut-wingking |
sang tapa ngandika arum |
wus kabèh putuningwang |
iya padha gujêngana nyamping-ingsun |
lan poma padha mêtêmma |
aywa na kang mêlèk sami ||
8. Yèn ingsun durung parentah |
pan sandika wau kang dèndhawuhi |
nulya sami nyandhak gupuh |
ing nyampinge sang tapa |
sang pandhita (n)dhatêngkên karamatipun |
sakêdhap anulya prapta |
ing ênggèn kang dènêsiri ||
9. nênggih ardi Wanataka |
kang ing têngah kapit gunung dèn (ng)gonni |
kinêpung jurang atrêjung |
masjide pan wus ana |
langkung pelag kinêpung balumbang têtung |
rêsik palataranira |
sasêkarane mêtêki ||

10. Miwah ingkang palakirna |
 ingkang tiris angubêng karangan sri |
 andadi-dadi wohipun |
 rakit-rakite kadya |
 kaya uwus dhukuh kanggènan sêwindu |
 sajatine kang karamat |
 Sèh Hèrcaranu linuwih ||
11. Mèh timbang lan waliolah |
 karamate sasat pandhita linuwih |
 lan agêng subratanipun |
 sajêg tan kambon upa |
 milanipun kinasihan ing Hyang Agung |
 barang saciptane dadya |
 yata wusira anuli ||

16 Dhukuh Wanataka sarwi jangkêp kanthi asramanipun, têtanêman sarwi andados kadosdene dhukuh sampun umur sawindu. Mangka sajatosipun, dhukuh wau dumados saking ciptanipun Sèh Hèrcaranu. Supados wilujêng Sèh Hèrcaranu dhawuh sadaya kêdah gantos nami: Jayèngsari gantos dados Sèh Mangunarsa; Mas Cêbolang dados Sèh Anggungrimang, santri Buras dados Monthèl. Namung Rancangkapiti ingkang têtêp, botên gantos nami. Ing Wanataka sadaya tansah sami sêngkut panêmbahipun dhatêng Gusti Kang Maha Kawasa. Botên dangu para kulawarga ing Sukayasa sami nusul dèdunung ing Wanataka ngantos dados dhukuh ingkang rame karta raharja. ... kaca 51

Jilid 5 - Kaca : 50

12. Kang wayah kinèn mëlèka |
 kang ingatak kagyat mulat umèksi |
 anon pakarangan agung |
 sangkêp pan sarwa ana |
 wus anarka karamate sang awiku |
 langkung sami ajrihira |
 sang pandhita angling aris ||
13. Wis dènenak atinira |
 anèng kene aywa amutawatir |
 kang sinung ujar anuwun |
 cinêndhak kandhanira |
 pan cinatur sang tapa têngga nèng ngriku |
 mumulang marang rahadyan |
 apan ngantos kalih sasi ||
14. Wus antuk wêdharing rahsa |
 langkung suka wau rahadyan kalih |
 sang tapa ngandika arum |
 lah wis sira kariya |
 apan sira uwis padha lawan ingsun |
 lêwih ing panganggènira |
 lan malih ngaliha nami ||
15. Putuningsun kang atuwa |
 Jayèngsari asiliha wêwangi |

Sèh Mangunarsa apatut |
dene Kimas Cêbolang |
anama Sèh Agungrimang pan anut |
angêpèk namaning bapa |
putraningsun kang pawèstri ||

16. Mèksiya aranning lama |
ya si Buras ingsun paring wêwangi |
Ki Santri Monthèl puniku |
nuhun kang sinung aran |
angling malih sang pandhita manis arum |
putuningsun Agungrimang |
bêcik misaha (ng)gènnèki ||
17. Anaa saloring jurang |
dadya antuk wong ngêningkên pandêling |
lan tan ngrêgoni iku |
ing ciptane rakanta |
kang liningan sabda sandika turipun |
punapa sak-rèh paduka |
amba pan darma nglampahi ||
18. Yata sang tapa anulya |
anuduhkên kang putra kalih ngiring |
saonjolan têbihipun |
lawan ênggèning raka |
pan wus manggih padhukuhan sri dinulu |
saking sabdaning pandhita |
barang saciptane dadi ||
19. Kêlapa kadya tinata |
pan atharik nêng pinggir wadhah sami |
wowohan palagumantung |
amêpêki sawarna |
wismanira [wis...]

17 VI. Jayèngrêsmi nilar Karangkagêngan, Bantên, ngupadosi adhi-adhinipun. Naminipun kagantos dados: Sèh Amongraga Putra pambajêngipun Sunan Giri ingkang lolos nali, pêrang-Giri, suwita dhatêng Ki Agêng Karang, sangêt kinasihan, winêjang sakathahing ngèlmu agal alus. Sasampunipun katingal mumpuni, dening Ki Agêng namanipun kagantos dados Sèh Amongraga. Santri kalih pandhèrèkipun Gathak Gathuk kagantos dados Jamal Jamil. Sèh Amongraga pamit badhe ngupadosi adhi-adhinipun. Ki Agêng ngandika bilih adhinipun (Jayèngsari) sampun angsal kamulyan agung, timbang kalihan Sèh Amongraga, jalaran gurunipun ugi nate rawuh ing Karang, malah tunggil guru kalihan Ki Agêng, ewadene dèrèng sami kalihan ngèlmunipun Sèh Amongraga. Ki Agêng botên karsa mbèbèrakên dunungipun adhinipun, namung Sèh Amongraga kadhawuhan dhumatêng Wanamarta ing kidulwetanipun Giri Maja, papan dunungipun Ki Bayi Panurta ingkang sampun jumênêng gurunipun para bupati ing Bang Wetan. ... kaca 51-52

1. Ngambah tanah ing pasisir |
lan rayi Sèh Agungrimang |
angulati mring kadange |
miwah marang padhusunan |
angin-angin warta |
angruruh mring kadangipun |
mêksa datan angsal warta ||

2. lajêng samya wangsul nuli |
marang dhukuh Wanataka |
cinatur cêndhake wae |
yata wau sêntananya |
kang kantun Sokayasa |
wus sinung wikan sadarum |
si Monthèl ingkang dinuta ||

3. Wus kêbut sadaya sami |
nusul carang Wanataka |
nanging aicir lampahe |
samana pan wus raharja |
dhukuhe Agungrimang |
kunêng ingkang adhudhukuh |
gantya ingkang kawarna-a ||

4. Sira Radèn Jayèngrêsmi |
kang lami anèng ing Karang |
kadi sarêng ing lampahe |
lan kang rayi kesahira |
nanging gênti kinandha |
kacatur wau sang bagus |
kanggêp pangawulanira ||

5. Marang ki agêng ing Kawis |
malah ingambil atmaja |
saking rêsepè ing tyase |
kadya putra (ng)gèn ayoga |
Ki Agêng datan samar |
marang sira sang binagus |
ing têmebe antuk kamulyan ||

- 333 Asmaradana**
6. Pira ta laminirèki |
(ng)gènnira anèng ing Karang |
kinêmpit rina wêngine |
mring ki agêng pan winulang |
ngèlmu lêmbut lan kasap |
kang ginendhong lan kinandhut |
pan sampun têlas sadaya ||

7. Dhasar manahira lantip |
ukur kumlebat kewala |
kacandhak têkan bongkote |
pan wus pinasthi dening Hyang |
yèn bakal sinèrènan |
ing ngèlmu kang agung-agung |

Jilid 5 - Kaca : 52

dhasar nguni wus pawitan ||

8. Winulang kang rama nênggih |
duk maksih nêng Sokaraja |
marmanira ta ing mangke |
lajêng ambantas kewala |
sakèh ngèlmu sampurna |
malah wus sinung jujuluk |
mring rama ki agêng Karang ||
9. Sawab kawruh wus anunggil |
sinung nama Amongraga |
pan wus karan nama Êsèh |
abdi kêmbar Gathuk Gathak |
wus ingalih namanya |
jênêng santri arannipun |
wus ingalih Jamil Jamal ||
10. Abdi kala taksih alit |
ing mangke tumut saparan |
nahèn ta samana rêkê |
ki agêng duk lagya lênggah |
nèng ngèmpèr mèsjid (n)jaba |
kang putra linggih ing ngayun |
tumungkul sarya angrêpa ||
11. Ki agêng waspadèng aksi |
tumingal marang kang putra |
arum wau andikane |
kadingarèn babo sira |
marêk ing ngarsaningwang |
apa na kang durung surup |
bab ing basa iya ora ||
12. Lan dudu iku ya iki |
sajatine iku iya |
pan yêktine iya dede |
apa mèksih rubêd nyawa |
kang liningan tur sêmbah |
inggih ing sawab pukulun |
sadaya sampun kadhadha ||
13. Sanès kang puniku inggih |
marmamba marêk ing tuwan |
arsa pamit sayêktine |
kesah angupaya kadang |
kang amba turkên tuwan |
inggih ing kantênanipun |
pêjah atanapi gêsang ||
14. Kawula arsa udani |
ki agêng mèsêm ngandika |
aduh putraningsun anggèr |
aja maras atinira |
prakara kadangira |

wus antuk kamulyan agung |
mèh timbang kalawan sira ||

15. Kawruhe lan sira nunggil |
sawab guruning rinira |
wus tau wêruh ing kene |
nanging ingsun tan wani (m)babar |
prênahe kadangira |
nanging yèn sira drêng kulup |
ngupaya ing arinira ||

18 Dhawuhipun Ki Agêng Karang, Ki Bayi Panurta kagungan putra-putri nama Kèn Tambangraras. Bilih kataros, Sèh Amongraga kandhawuhan miturut dhaup kalihan Tambangraras. Punika sagêd dados jalaranipun Sèh Amongraga kapanggih adhi-adhinipun, nanging kédah tansah lampah matiraga. ...
kaca 53-54

Jilid 5 - Kaca : 53

333 Asmaradana

16. Angetanna sira ugi |
marang dhukuh Wanamarta |
kaprênah kidul wetane |
pêtilasan nagri Maja |
-lêngka ana pandhita |
lan dadi paguron agung |
sagung bupati bang-wetan ||
17. Sawab sarwa-na sayêkti |
apa kang tinakokêna |
mring Bayi Panurta kuwe |
ing kasap lêmbat tan kewran |
marma saya kèh prapta |
wong pasisir urut gunung |
mila wismèng Wanamarta ||
18. Dene gurune ngong uning |
pêngulu Cêrbon Dulsalam |
iku kang dadi gurune |
amulang Bayi Panurta |
dhasar yêkti sarwa na |
Ki Dulsalam yèn ing mungguh |
tumibèng tanah bangwetan ||
19. Ngèlmune tan animbang |
yèn mungguh nèng kene nyawa |
apan lumrah lan wong akèh |
durung papak lawan sira |
kang putra matur nêmbah |
saking brêkah sang pukulun |
awit pamulang paduka ||
20. Ki agêng ngandika malih |
kapindhone Ki Panurta |
adarbe atmaja wadon |

warnane pan ayu pelag |
aranne Tambangraras |
dadya kondhange kikidung |
asring dadya lilinduran ||

334 Dhandhanggula

1. Akèh para santri kang nêkani |
sami kasmaran miyarsèng warta |
apan ta nora katampèn |
banjur wisma ing riku |
marma pondhok jêjêl apipit |
sudagar jor-jinoran |
ing patukonipun |
nora nana kang tinampan |
wicarane besuk ingsun arsa krami |
yèn olèh sênênging tyas ||
2. Miwah-wong gédhe kèh duwe melik |
nora nana ingkang wani mêksa |
sawab wus (ng)guguru rêke |
lawan wong wadon iku |
wus winasis ngèlmu maknawi |
wirasat pan wus wignya |
dadya was pandulu |
ngupaya kakung utama |
ingkang pantês sinêmbah ing awal akir |
iku kang ingupaya ||
3. Marma nuduh ingsun mring sirèki |
ingsunkon mring Wanamarta sira |
pêsthi sira yèn dhaupe |
lan marganira têmu |
lawan kadangira ing benjing |
(m)buh sêsangkananeya |
marga saking ngriku |
dadine tyasira padhang |
nging sarate dènasru amati-ragi |
supayane Hyang Suksma ||
4. Asiha marang ing sira ugi |
karêmêne Hyang Suksma wisesa |
wong asring amatèkake |
marang ing raganipun |
lawan wong kang rêmên ngasêpi |
yèku kêkasihing Hyang |
seje lan wong kupur |
dhasare linulu ing Hyang |
ya wong dhasar ginadhang nêraka benjing |
marma ngugung dening Hyang ||
5. Sèh Amongraga saya awingit |
miyarsakkên andikaning rama |
padhang nêrawang tingale |
èngêt trahing linuhung |

Jilid 5 - Kaca : 54

yata sigra dènnya tur bêkti |
angaras dêlamakan |
cinêcêp kang êmbun |
apan sarwi binisikan |
ing pangawruh kang ngilangkên ing sak sêrik |
lan ênggènning Pangeran ||

6. Riwusnya mangkana lèngsèr aglis |
datan kantun abdi kalihira |
ki agêng sru pandongane |
jinurungkên mring sunu |
yata wau ingkang lumaris |
andarung lampahira |
tan ana lyan ketung |
amung sihira Hyang Suksma |
datan liyan kang pinêsthi ing pandêling |
kèndêl-kèndêl yèn salat ||
7. Sawusing bakda sigra lumaris |
ngetan bènêr (ng)gènnira lumampah |
nurut dhusun pinggir lèpèn |
akathah kang kadulu |
akèh langên-langêning margi |
dhusun kathah kang gêmah |
palakirna agung |
kapungkur ingkang padesan |
yata ngambah tarataban pinggir wukir |
têbih kang padhusunan ||
8. Tindaknya ris wau apan sarwi |
tumingal langên-langêning marga |
kadya anggugah driyane |
pradapèng wrêksa lumung |
apan samya nêdhêng asêmi |
lagya katiban warsa |
amuyêg dinulu |
marga sunare sumêngka |
wuryan ingkang marga kadya ngrujit ati |
berag kanyaran warsa ||
9. Larah-larahing ara-ara kadi |
kang udaya kalèban ing ombak |
pacing asêgêr sawange |
srigunggu lawan sêmbung |
puspa lembong myang sanggalangit |
kasêlan mandhalika |
rumput-mrak angrêgu |
nêlasah angadal-adal |
kang wêlingi anurut têtèping margi |
marga lêbu apanas ||

19 Lampahipun Sèh Amongraga kadhèrèkakên Jamal-Jamil mampir Maledari ing rêdi Gora, kapanggih Buyut Wasi Bagêna, gurunipun para békêl dhusun. Ki Buyut kagungan putra putri kalih, nama Kèn Pangliring tuwin Rara Sumêkar, sami ayu rupinipun, lêbda dhatêng kitab Kur'an. Kalhipun ing

334 Dhandhanggula

10. Tindaknya lon wau kang kaswasih |
nujwa mantêngah kang diwangkara |
mangkana kandhêg lampahé |
nèng ngandhap mandera gung |
lajêng èrca rana nèng bêlik |
lan abdi sawusira |
ngabêkti Hyang Agung |
pan angêningakên cipta |
sawusira abdi kalih amangani |
orong-orong binakar ||

335 Wirangrong

1. Yata wusira anuli |
sang brangta lampahnya alon |
ngambah jurang sêngkan siluk-siluk |
yèn jurang atrêbis |
marga rumpil arampal |
pan arang kambah ing jalma ||
2. Marga kapit ing cucuri |
yèn wong kang tan sêdya layon |
mangsa waniya ngambah ing ngriku |
yèn wong misih mikir |
enak lawan kapenak |
mangsa ta silih ngimpiya ||
3. Liwat marga kang asungil |
(m)bok ngambah liyane kono |
tur mangsa kuranga liyanipun |
margi ingkang radin |
ingkang tau dènambah |
ing manungsa pan akathah ||
4. Ing yêkti dhapur ngulati |
sang brangta marga kang ewoh |
ingkang nora kambah ing wong langkung |
yata wau nuli |
anênggêl minggah arga |
nuju Asar wayahira ||
5. Yata nèng nginggil ningali |
kidul wetan lèr lan kulon |
nglimut pan anglamat dhusun-dhusun |
tan awas ingaksi |
miwah kang ardi kathah |
pan samya êlêt jujurang ||
6. Nanging ardi alit-alit |
sang brangta kasmaran anon |

eca dènnya lênggah sela pingul |
kang abdi mêtêki |
yata wau samana |
mèh ngayom Sang Hyang Pratangga ||

7. Ambarung swaraning pêksi |
rêbut (ng)gon anèng kêkayon |
putêr jalak menco pêksi siyung |
prit-pêking salindhit |
johan lan atat-kêmbang |
kêdhasih munya ing tawang ||
8. Swaranira ngasih-asih |
lir nangisi ingkang rawoh |
mrak nyangungong kadya nyapèng tamu |
kang satawana (n)jrit |
anglir asung sasmita |
sang brangta mèsêm ing driya ||
9. Akèh sato ing wana-dri |
samyamunya ting galêmbor |
lêmbu singandaka lutung cênguk |
pra samya awingwrin |
uninga groning sima |
mêncit ngungsèkkên tènaya ||
10. Samana wanci Mahêrib |
umyung swara cênggèrèt-nong |
barung kup-angkupan kongkang ngungkung |
anèng rong lir gèndhing |
patut lir mandra-raga |
rês-rês munya sasauran ||
11. Tangèh ucapèna sami |
isining jurang tuwin rong |
yata sang brangta sukèng ing kalbu |
myarsa kèh kang uning |
yata ing sawusira |
bakda (ng)gènnira asalat ||
12. Lênggah sela wisnu radin |
lajêng muji ing Hyang Manon |
nora dhompo awas ing pandulu |
wus ngumpul nganggêki |
pranyata yèn utama |
sira Ki Sèh Amongraga ||
13. Pratandha waspadèng èksi |
ênggèning Suksma kinaot |
pan sayêkti arang wong kang wêruh |
marang Hyang Kang Luwih |
lamun ta durung bisa |
mati sajroning ngagêsang ||

Jilid 5 - Kaca : 56

14. Nadyan mangkonowa ugi |
yèn sinung sihing Hyang Manon |
arang kang waspada ing pandulu |
ênggonning Hyang Widdhi |
mendah dening akathah |
kalamun sok pandhitaa ||
15. Sinung ilham ing Hyang Widdhi |
mendah wali ting pragogok |
yata ing ratrinya tan winuwus |
samana wus enjing |
Hyang Arka mèn sumirat |
angganthêng kang mega malang ||
16. Kwèh warnanira ingèksi |
mega pindha kang wastra byor |
dadu kuning rêkta wilis wungu |
amemba manjêthi |
umyung pêksi kang mangsa |
wohing bulu lawan gruda ||
17. Sato gora bibar sami |
umuni pating galêmbor |
mrak manguwuh kadya asung pemut |
pêksi bêluk kadi |
angatak uninira |
sampun kadangon gingsira ||

Jilid 5 - Kaca : 57

336 Sinom

1. Sawusnya nitih ancala |
Hyang Surya sang brangta nuli |
tumurun saking aldaka |
abdi kêkalih nèng wingking |
praptaning ngandhap nuli |
yata lajêng lampahipun |
margèng jurang sasêngkan |
parang rong pèrèng kapering |
kang kandhêgan curi mingis lir sutikna ||
2. Prandene mêksa dènambah |
tan kengguh margi kang sungil |
tan wontên baya kang ketang |
amung andulwèng sawiji |
kang karya bumi langit |
kang pinanthêng ing pandulu |
darung ing lampahira |
sadina dènya lumaris |
pan ararywan sabên ing wêktu kewala ||
3. Bakdane nuli lumampah |
ngetan bènêr (ng)gyan lumaris |
yata aningali arga |
agêng dhukuhe kaèksi |
gêng gêng yèn tinon asri |

pan anèng sukuning gunung |
dhukuh punika aran |
pan ing Taramaledari |
gunungipun ingaranan ardi Gora ||

4. Dadya dhukuh milu karan |
dene ingkang apalinggih |
ki buyut Wasibagêna |
gêntur ing tapanirèki |
dhasar ngèlmune luwih |
pan dadya paguron agung |
sagung patinggi desa |
akathah sabatirèki |
ingkang tumut wisma patangpuluh ana ||
5. Masjide katon anganggrang |
pagêr tabag dènênjêdi |
lir sa[. . .]un saking kodahan |
balumbangira ngubêngi |
ingon ulam mawarni |
tharik sasêkaranipun |
samyakinatur sela |
amêpêki sawarnining |
naga puspa kumuning ngapit ing lawang ||
6. Kênanga nêng (n)jawi pisan |
palakirna amêpêki |
manggis dhuku lan pijêtan |
gowok kêpundhung kêcapi |
pêlêm duryan kuwèni |
pakèl rambutan lan jêruk |
srikayane ngayangan |
mangsane lagya woh sami |
angrêmbaka kang têbu-wulung-arjuna ||
7. Dhasar toyane tumumpang |
wèh anjog saking ing ardi |
tibane pan tinalangan |
kilèn ngubêngi kikitri |
ingkang wisma aparik |
asêgêr-sêgêr dinulu |
ki buyut wismanira |
anèng têngah dèrubêngi |
ing wismane sagung para santrinira ||
8. Pan kêkalih kêtibira |
papat marêbotirèki |
apan ta ngiras kêbayan |
wong papat puniku nênggih |
kêtib aran Nuripin |
sawijine kêtib Samud |
marêbot ki Jatruna |
kalawan mêrbot Nurkasim |

Jilid 5 - Kaca : 58

lawan Kêrtasapele Kêrtasapala ||

9. Ki buyut Wasibagêna |
adarbe atmaja kalih |
sami èstri kalihira |
warnane samya yu luwih |
yèn ing desa munjuli |
duk samya birainipun |
wastane kang atuwa |
awasta Nikèn Pangliring |
ingkang anèm wastanira ra Sumêkar ||
10. Kalangkung dinama-dama |
marang rama sang ayogi |
ing sapantêse wong arga |
saking dêlape sasiwi |
yata sang tapa nuli |
pinarak langgar mumuruk |
mring sagung santrinira |
gumuruh santrinirèki |
Nikèn Rara lan ibu ngaji nèng wisma ||
11. Pra samya amangku Kur'an |
kang mulang ibunirèki |
nahên wau kang lumampah |
yata samana wus prapti |
ing dhukuh Maledari |
sang brangta rêsep andulu |
uning rakiting dhêkah |
lan myarsèng kèh santri ngaji |
pan kumêpyur èngêt duk kala nèng wisma ||
12. Yata laju lampahira |
kèndêl sawawining kori |
katuju ngênu samana |
Kêrtisapele nèng (n)jawi |
kagyat dènnya umèksi |
wong ngadêg anèng ing pintu |
bagus misih taruna |
kang cahya amindha sasi |
sgra Kêrtisapele manggihi nulya ||
13. Gupuh dènnya uluk salam |
Kêrtisapele tanya ris |
anak teja sulaksana |
têmbe pun bapa umèksi |
kang tinanya nauri |
kewula wong kawlasayun |
santri saking ing Karang |
nanging santri tanpa ngèlmi |
anèng Karang tan antuk papan katiwar ||
14. Kalingan kang wus utama |
marma kewala puniki |
ngumbara yêkti ngupaya |

ing pandhita kang wus sidik |
arsa ngrasèhkên ngèlmi |
warti ing riki pinunjul |
buyut Wasibagêna |
marma manirènggal prapti |
manthuk-manthuk Kêrtisapele saurnya ||

Jilid 5 - Kaca : 59

15. (Ng)gih lèrês anak kang warta |
sayêkti kangjêng kiyai |
anak pangraoskawula |
pun bapa dèrèng amanggih |
kawruh kadi ing ngriki |
kula punika kang wau |
santri saking ing Tuban |
lir pun anak wus ngêblêgi |
kesah amba kasmaran kawruh utama ||
16. Nglêlana anjajah desa |
sabên wontên wong kang lêwih |
kawula dhatêngi apan |
maksih apêtêng ing galih |
dèrèng padhang samênir |
sarêng ngriki kula rawuh |
tyasingong padhang têrawang |
marmamba wisma ing ngriki |
saking dening karêm ngelmune sang tapa ||
17. Sang tapa mèsêm ngandika |
lah (n)dika aturna nuli |
inggih dhatêng sang pandhita |
kula pan arsa apanggih |
Kêrtisapele gipih |
praptèng ngayunan umatur |
kawula tur uninga |
ing tuwan lamun ing (n)jawi |
wontên tamu ayun marêk ing paduka ||
18. Bagus pan maksih taruna |
ngaku santri saking Kawis |
rencange kêkalih kêmban |
têmbung yèn kawêlasasih |
dene datanpa kanthi |
nèng Karang tan antuk ngèlmu |
sawab dening kalingan |
ing santri gung agung sami |
marma kesah arsa ngupaya tranging tyas ||

337 Kinanthi

1. Mung kantong santri gung-agung |
sarêng miyarsa turnèki |
marêbot yata sang tapa |
pangandikanira aris |
payo enggal aturana |

aywa kasuwèn nèng (n)jawi ||

2. Lan kowe Sêpala gupuh |
matura nyainirèki |
konên asaji pawohan |
lan enggal kon ngraratêngi |
sêkul tanapi nyamikan |
ing saanane dèn-aglis ||
3. Arsa dhadhayohan ingsun |
wong wus luhung ngaku santri |
ya enggal kang adinuta |
langgare wus dèn-gêlari |
kasah alus santri samya |
kang ngaji wus kinèn mulih ||
4. Mung kantun santri gung-agung |
taksih sami mangku tapsir |
yata wus kerit samana |
Sèh Amongraga wus prapti |
nênggih sangajênging langgar |
ki buyut kagyat duk uning ||
5. Anon cahyaning têtamu |
gupuh dènnira nêdhaki |
santri tumurun sadaya |
yata sang brangta anuli |
gupuh dènnya uluk salam |
mèsêm Ki Wasi nauri ||
6. Sarwi nyandhak astanipun |
mring sang brangta gya kinanthi |
binêkta minggah ing langgar |
ri wusnya tata alinggih |
Ki Buyut Wasibagêna |
nambrama marang têtami ||
7. Takèn ing kamulyanipun |
sang brangta uwus wawarti |
ki buyut rêsêp tumingal |
marang wau ingkang prapti |
jatmika sêmu agawat |
anarka yèn wus linuwih ||
8. Wus kacihna ing pandulu |
ing solah kalawan muni |
ngakuwa santri urakan |
mangsa kêna-a piningit |
yèkti sêmune kêtara |
ngakuwa bodho upami ||
9. yèkti kacihna ing wuwus |
puniku kang dadi saksi |
upama wong bodho ika |

Jilid 5 - Kaca : 60

nanging angaku linuwih |
nora susah binarengkal |
pacêlathune katawis ||

10. Mangkono upaminipun |
yèku maknawi sayêkti |
wusnya dangu dènnya lênggah |
ki buyut sigra nganthuki |
mring kêtib Samud wus wikan |
ing sêmunira sang rêsi ||
11. Nulya manjing wisma gupuh |
kêtib Samud andhawuhi |
ing garwane sang pandhita |
yèn kang putra kinèn ngirid |
nyaosna wohan mring langgar |
ing tamu kang lagi prapti ||
12. Yata ni nyai agupuh |
putra kinèn samêkta glis |
nata pawohan nèng talam |
cêpuke salaka putih |
wohe wangèn suruh canang |
apu campur sadak rawis ||
13. Nulya salin sinjangipun |
kang sêpuh Nikèn Pangliring |
lurik lasêm sinjangira |
kêmbêne ijo pêlangi |
asêngkang urubing damar |
susupene roro sisih ||
14. Tikêl balung sêkar suruh |
pupur lamat tan katawis |
kêmbang mênur cundhukira |
pasêmone yèn ingèksi |
layak dimêr pagulingan |
sang rara solah kêtawis ||
15. Rara Sumêkar pan sampun |
asinjang lurik patani |
kêmbên solok supe mirah |
roro sami munggèng jênthik |
sêngkangipun nata-brangta |
pupur rêmu tan kêtawis ||
16. Cundhuk sêkar waja jamus |
sang dyah sêmune liniring |
layak rongèh pagulingan |
solah bawane kêtawis |
riwusnya samya samêkta |
mêdal ibune angirid ||

Jilid 5 - Kaca : 61

17. nênggih ni rara kang sêpuh |
kang (m)bêkta pawohanèki |
kang nèm ambêkta pasêsan |
têmbako anèng salêpi |
rara kalih èsmu merang |
umiyat marang têtami ||
18. Sang brangta nglirik andulu |
ing solahe sang dyah kalih |
kumêpyur karasèng nala |
marang kadangira èstri |
yata ing sapraptanira |
ni nyai jajar alinggih ||
19. Lan raka kiyai buyut |
putra kalih lunggwèng wuri |
-ning ibu runcung kaliyan |
tumungkul nanging anglirik |
marang ing têtamunira |
mênêng turida ing galih ||

338 Pocung

1. Kang pawohan nulya sinajèkkên sampun |
mring ni nyai lawan |
padudan têmbak nèng salpi |
ki parêbot Sapele anumêd pandam ||
2. Riwusira ni nyai anapa arum |
anak kaaturan |
sadhatêng andika ngriki |
matur nuwun wau kang sinung wacana ||
3. Kyai buyut nambung aris wuwusipun |
anggèr amucanga |
ududa dimène mari |
sayahipun wong mêngtas lumaku têbah ||
4. Kang sinung ling ngecani anggantèn gupuh |
nulya sang atapa |
ngatak mring garwanirèki |
apa uwis nyai (ng)gènnira lah-olah ||
5. Lamun uwis bok saana-ananipun |
iya ngarah apa |
gupuh wau kang sinung ling |
malbèng wisma malih lawan putranira ||
6. lajêng ngrakit sêkul wangi anèng sumbul |
ulame mawarna |
tinata munggèng ing piring |
sawusira tinata anèng ing dhulang ||
7. Nikèn rara kang (m)bêkta lantinganipun |
nèng bokor kuningan |

Jilid 5 - Kaca : 62

- rara kang nèm panjangnèki |
kang ngrêrampa dhulang Sapele Sapala ||
8. Sapraptane ing langgar tinata gupuh |
bok nyai kang nata |
kèn rara nyaoskên kênndhi |
ni Sumêkar anyaoskên panjangira ||
9. Gya tinumplak sêkul kang anèng ing sumbul |
yata sawusira |
ki buyut ngandika aris |
mring sang brangta anak (n)dawêg wêwangingan ||
10. Sugatane ibunta sawontênipun |
nuwun kang ingatak |
ngecani sigra wawanting |
kyai buyut lan garwane wanting samya ||
11. Nulya lêkas adhahar ing wong têtêlu |
kèn rara kalihnya |
lênggah wurine bunèki |
tansah nglirik wau marang ingkang prapta ||
12. Amongraga (ng)gèn dhahar sadangunipun |
puluke sakênthang |
cilik agung dèn-galintir |
kalêbu sathithik pan atop ping sanga ||
13. Kyai buyut ngalirik sadangunipun |
ngartikèng wardaya |
baya wus lawas wong iki |
iya (ng)gonne nora kambon-kambon upa ||
14. (Ng)gonne mangan amung ngenaki tyasingsun |
wong iki sunduga |
bangêt (ng)gyan nêmu prihatin |
kang mêngkana ki buyut osiking driya ||
15. Yata dangu dènnira dhahar anutug |
ingundurkên nulya |
dhadhaharan kang sumaji |
warna-warna kang anèng tebok pulasan ||
16. Sêkul ulam ingundurakên ing pungkur |
wus kinèn angêpang |
mring kêtib marêbot sami |
Jamal Jamil pan milu kêmbul anadhah ||

20 Bab panggenanipun Hyang Agung ing gêdhong Rêtna Adiluhung; sarining lair-batin - loro nanging tunggal; kawruh kasukman, kanugrahan jati. Bab têngêsipun sunat lan pêrlu, kuwajiban ulah batos; Pangeran lan kawruh atunggil ênggèn. ... kaca 63-68

338 Pocung

17. Tan winuwus ing solahira puniku |
yata duk samana |
Hyang Arka wus nitih wukir |
lajêng sami totoya badhe asalat ||
18. Riwusira (ng)gèn angambil toya wulu |
ni nyai lan putra |
kalih sampun salat sami |
kêtib Samud apan nulya lêkas adan ||
19. Sawusira adan lêkas sunat sampun |
ki buyut wêcana |
mring tamu kinèn ngimami |
lah ta anak andika dadosa imam ||
20. Amongraga aturira manis arum |
lêrêsipun tuwan |
kang darbe wisma pan wajib |
anauri ki buyut wajib wong brangta ||

339 Asmaradana

1. Lêrêsipun anak inggih |
pun bapa angambil sawab |
wong mêngtas lalana mangke |
sang brangta mèsêm gya lêkas |
jumênêng dadya imam |
nulya amaca Alkamdu |
swaranira pait kelang ||
2. Tanduking sastra matitis |
bênêr panjang cêndhakira |
yata kang rara kalihe |
gugur (ng)gèning makmum samya |
pijêr miyarsakkên swara |
manahira kuwur-kuwur |
asanès ingkang cinipta ||
3. Ingsun tédha dhayoh iki |
awèta nèng kene mana |
muga raganingsun kiye |
pinaringna mring wong ika |
iya karsaning rama |
nuli ing sun (n)jaluk wuruk |
ngong duga wong ika wignya ||
4. Mangkana osiking galih |
nora pijêr asêmbahyang |
ing batin seje dèname |
nanging mèlu rubuh-gêdhang |
yata wusnya samana |
prapta Ngisa bakda sampun |
lajêng sami lênggah tata ||

5. Nyamikan sumaos ngarsi |
ni nyai maksih alênggah |
anèng keringe kakunge |
putra kalih wurinira |
kêtib lan mêrbot samya |
maksih ngadhêp sang awiku |
santri kèh nèng jawi aglar ||

6. Nulya ki buyut lingnya ris |
marang ing sang wau prapta |
anak ala nganggur mangke |
dimèn tanak lalungguhan |
(n)dawêg sami rêrasan |
angrasèhkên babing ngèlmu |
pun anak wus akacihna ||

7. Ingsun duga wus winisik |
kanyatan duk dadi iman |
ukung tanduke atètèh |
ngakuwa bodho tan kêna |
matur Sèh Amongraga |
marma mariki wakingsun |
kapanggih lawan paduka ||

8. Arsa ngrasèhakên ngèlmi |
mangke paduka ngandika |
langkung saking sukuringong |
idhêp-idhêp tuwan mulang |
(n)dawêg tuwan ucapna |
kang dados raosing kalbu |
ki buyut gumuyu mojar ||

9. elok kang ujar puniki |
kang suntakokkên dènnira |
èndi ènggonne Hyang Manon |
Amongraga saurira |
wikana yèn lèrêsa |
dene ènggonne Hyang Agung |
pan wontên ing gêdhong rêtna ||

10. Jatine tigang prakawis |
punika amba miyarsa |
ki buyut aris wuwuse |
anèng ngèndi prênahira |
lan paran têgesnèka |
kang aran gêdhong di-luhung |
Sèh Amongraga saurnya ||

11. Rumiyyin kula miyarsi |
nèr [...] |
[...] mukmin kabèh |
puniku jatine uga |
pamiyarsa kawula |
tuduhe gêdhong di-luhung |

Jilid 5 - Kaca : 64

ênggonne pasisimpênan ||

12. Karsane Hyang Maha Sukci |
marma ingaran rêtneka |
pan puniku sajatine |
ingaran iku sosotya |
adiluwih punika |
iku ing pamyarsaningsun |
wikana lêpat lêrêse ||
13. Yèku sosotyaning bumi |
ingaran kêmbanging jagad |
kêkasihira Hyang Manon |
Ki Buyut kalangkung suka |
pêthuk ing karsanira |
sigra dènnya ngrangkul gupuh |
wus babo iku larangan ||
14. Pan dèdalan laku iki |
pilih pilih kang uninga |
wis mandhêg samono bae |
lah anggèr aywa dinawa |
ngucap basa punika |
mangsa kuranga cinatur |
malih manira têtanya ||
15. Lahir batin sarinèki |
apa sayêktine tunggal |
nora pisah ing karone |
sakuthu roro-roronya |
Mongraga aturira |
rumiyin amba angrungu |
inggih kang catur punika ||
16. Wikan yèn lêrêsa ugi |
yèn ing jasad tuwan ika |
yèn pinèt nama laire |
nadyan ing batin tan beda |
tuwan lawan kawula |
tunggal jatining sukmèku |
ing lair sêpuh paduka ||
17. Ing batin sayêkti sami |
tan wontên anèm sêpuha |
mèsêm ki buyut dêlinge |
ana malih ujaringwang |
kaya pa karsanira |
anama salah karungu |
alim lawan kawruhira ||
18. Kaya pa badan puniki |
dene ta ingaran tunggal |
kang kaya puniku rêke |
Amongraga saurira |

Jilid 5 - Kaca : 65

bedane kawruh ika |
lan kawruh rêke puniku |
dhingin miyarsa manira ||

19. Apan ta ingaran alim |
kang manjing ing jiwa raga |
kang dadi rasa-jatine |
kanugrahan jatineka |
manira amiyarsa |
jatining sastra puniku |
lir êmas timbul ing toya ||

340 Maskumambang

1. Kyai buyut malih wuwusira aris |
kang ngawruhi ika |
têgêse ta kadipundi |
Amongraga saurira ||
2. Inggang kawruh sajatinira anênggih |
tinggal kang tan luwar |
wiyose Hyang Suksma luwih |
ngèlmu kawruh jatinira ||
3. Tan kêkalih pralambine inggang ngèlmi |
lir sêkul upama |
inggang pinangan saari |
wontên dene kawruhira ||
4. (Ng)gih puniku kang darbèni pangan singgih |
ki buyut karênan |
miyarsa panjawabnèki |
yata angrangkul anulya ||
5. Sarwi angling dhuh anakingsun gusti |
ujare tan bisa |
dene ki uwis winasis |
lah ta nyai nora ilang ||
6. Ênggon para angrêngga anakirèki |
nyai têtakona |
sampurnaning salat daim |
sun duga anakmu wignya ||
7. Ya dimène si rara padha miyarsi |
sira sok têtanya |
maring sun durung dumêling |
ni nyai ngangêsêg asigra ||
8. Sarwi muwus anakingsun wong asigid |
kawula anêdha |
sapangat andika singgih |
pun biyang andika-wulang ||
9. Malah mandar samya tinuladha sami |
dhatêng rayi (n)dika |

pan sami kasêngsêm ngèlmi |
Amongraga saurira ||

Jilid 5 - Kaca : 66

10. (Ng)gih punapa ingkang dinangu ing mami |
ni nyai lingira |
sunat prêlu lawan jati |
atine kadi punapa ||
11. Amongraga mèsêm saurira aris |
manira miyarsa |
têgêse prêlu puniki |
dhingin gumanti mring sunat ||
12. Ni (m)bok nyai nauri wacana aris |
têgêse punapa |
ingkang prêlu jatinèki |
Amongraga saurira ||
13. Têgêsipun kang prêlu punika singgih |
langgêng kajatènyya |
kang langgêng tan kêna gingsir |
aranne rêke sarengat ||
14. Pinangeran tan kêni lêngganèng pèsthi |
anglakoni amar |
agung paedaha singgih |
ingkang têka ing têngsnya ||
15. Yèku bakal tampi ganjaranne benjing |
sasampune ika |
têgêse lampah sêjati |
apan sayêktine salat ||
16. Sadurunge têlas lampaha puniki |
tan na ukum baya |
ni nyai amuwus aris |
kang sunat paran têngsnya ||
17. Amongraga alon anauri aris |
kang sunat têngsnya |
margane langgêng puniki |
dene iya ananira ||
18. Yèn wus têngèng paranning laku puniki |
tandha yèn (n)tuk sawab |
padhang paningalirèki |
ya awas jatining lampah ||
19. Ni (m)bok nyai tanya wuwusira malih |
sunat prêlu ika |
apa kêna yèn tinunggil |
anèng ing lêmah punika ||

20. Amongraga saurira rum amanis |
pêsthi lamun kêna |
kang sampun tumêkèng jati |
lan yèn têlas lakune ka ||
21. Wus tan nganggo etanging wêktu puniki |
lampah wong utama |
sawab-tinunggil karyèki |
têgêse wus nêng ngayunan ||
22. Lan kawruhe tan kandhêg daluwang mangsi |
pan wus olèh sawab |
marma tan ngetang ngabêkti |
ing wêktu rêke wus tunggal ||
23. Ni (m)bok nyai aris atêtanya malih |
anak wontên basan |
sintên ta namanirèki |
puniku roh têtêmênan ||

Jilid 5 - Kaca : 67

341 Mêgatruf

1. Amongraga alon wau wuwusipun |
manira miyarsa warti |
yèku kanugrahaningsun |
ni nyai amuwus aris |
marmane ngaran mêngkono ||
2. Ingaranan kanugrahan marmanipun |
Amongraga anauri |
marma ingaran puniku |
yêkti wêwayanganèki |
wêwayangane Hyang Manon ||
3. Ni (m)bok nyai takèn malih manis arum |
anama salah kadyèki |
ing jroning kakung puniku |
wanita sajatinèki |
nênggih sajroning wong wadon ||
4. Ana kakung kadiparan têngêsipun |
Amongraga anauri |
nênggih ing pangrunguningsun |
sajatining kakung singgih |
sayêkti ananing êroh ||
5. Ingkang murba misesa jisim pan iku |
nyawa aran mêksih èstri |
dene mêksih kapurbèku |
ananing roh iku singgih |
dudu lanang kang sayêktos ||
6. Satuhune lanang ananing Hyang Agung |
dene tan ana murbani |
ni nyai malih amuwus |

- kang pawèstri kadipundi |
lah jawabên anakingong ||
7. Amongraga saurira manis arum |
pan ora beda puniki |
nênggih wong wadon puniku |
kêlawan wong lanang sami |
sami wajib olah-batos ||
8. Ni (m)bok nyai malih atêtanya arum |
sapa Pangeranirèki |
lah payo ucapna gupuh |
lah aja nganggo kêkêlir |
Amongraga saurnya lon ||
9. Apan ingsun Pangeran sajati iku |
datan ta saking ing kami |
andika lan kawulèku |
yaktine tan beda ugi |
tan kêkalih atunggil (ng)gon ||
10. Langkung suka ki buyut dènnira ngrungu |
yata sadalu tan guling |
(ng)gènnira arêbut kawruh |
kêtib marêbot tan guling |
(ng)gènnira mirsakkên (n)dongong ||
11. Rara kalih kalangkung kasmaran ngrungu |
angalêm sajroning galih |
iki si wong bagus tulus |
widagda angulah ngèlmi |
sun sêngguh durung kinaot ||
12. Nora larang iya wong mêngkono iku |
dènrewangi adol tapih |
ingsun têtêdha wong bagus |
lawasa ana ing ngriki |
duweya êsir maring ngong ||
13. Tan kawuwus kang raras sajroning kalbu |
yata ki buyut lingnya ris |
aduh anggèr anakingsun |
dènlawas anèng ing ngriki |
arinta wulangên karo ||
14. Sun srahakên marang ing sira satuhu |
nadyan tèmbe ana sudi |
kang kuwasa anakingsun |
anglakèkna rinta benjing |
suka lila raganingong ||
15. Amongraga aturira manis arum |
langkung nuhun kawulènggih |
ing sih paduka kang dhawuh |

Jilid 5 - Kaca : 68

- botên sagêd mêmangsuli |
nanging apuntên kemawon ||
16. Pan kawula mung nyipta nyipêng sadalu |
sirik yèn wêwaha malih |
pintên banggi ta ing pungkur |
yèn mugè sami basuki |
pêsthi wangsul raganingong ||
17. Yèn kêpanggih putranta ingkang sunruruh |
pêsthi amba nuli bali |
sang pandhita aris muwus |
andika-upaya pundi |
kang sinung ling matur alon ||
18. Ngongupaya marang nagari Mantarum |
inggi kalamun kapanggih |
sabab kathah rencangulun |
kang anèng nagri Mantawis |
bok bilih wontên ing kono ||
19. Wus tinatur kabèh mulabukanipun |
sang tapa sarêng miyarsi |
Amongraga wartanipun |
tambah waspanya duk mijil |
ni nyai lan putra karo ||
20. sarêng myarsa ing tutur tri sênggruk-sênggruk |
ki buyut ngandika aris |
marang garwa lawan sunu |
wis padha aywa na nangis |
mundhak susah kang badyandon ||

21 Sèh Amongraga kadhèrèkakên Jamal Jamil nglajêngakên lampah dumugi ing dhukuh Andong Tinunu lèr-wetanipun rêdi Sindara, kapanggih pandhita wadad Sèh Sukmasidik. Putra èstrinipun anggènipun manggih, nama Rara Mègatsih. Botên purun palakrama kajawi kalihan priya ingkang sagêd ngawonakên bantah ngèlmu. ...
kaca 69-70

Jilid 5 - Kaca : 69

341 Mègatruh

21. Iya balik sira anggèr lawan ingsun |
padha (n)jurung puji dhikir |
sèlamête nèng dèlanggung |
lan mugè enggala panggih |
ingkang padha dènupados ||
22. Iya dimèn anakira enggal wangsul |
wis aja kakeyan pikir |
kang garwa kèndèl gèn muwus |
saksana mêmêkas aris |
mring kang putra wantos-wantos ||

23. Amongraga saurira manis arum |
 yèn ugi sami basuki |
 pêsthine manira wangsul |
 ni nyai wacana malih |
 wêlasa arimu karo ||
24. Yata datan winuwus ing solahipun |
 samya angêtêrkên nuli |
 ki buyut lan kêtibipun |
 samya angatêr ing jawi |
 (ng)gènnya wangsul jawi dhukoh ||
25. Yata Ki Sèh Amongraga lampahipun |
 padhukuhan wus kawuri |
 abdi kêkalih tan kantun |
 lumampah truntunan wukir |
 andarung lampah kang wong ||

342 Pangkur

1. Lêpas lampah sang brangta |
 Amongraga jumênêng anèng wukir |
 manjing ing guwa asamun |
 alênggah jroning guwa |
 asêmbahyang anèng jroning guwa ngriku |
 sabakdane salat (n)donga |
 lajêng mawantah amuji ||
2. Tan wontên ingkang kacipta |
 mung sihing Hyang pinandêng jroning ati |
 samana apan sadalu |
 anèng sajroning guwa |
 enjingira sang monêng wus mêdal gupuh |
 saking wau jroning guwa |
 lajêng lampahira aris ||
3. Anêrajang jurang sêngkan |
 pan tumawing parang rêjêng anggawing |
 asiluk singub-singub |
 jurang trêbis katingal |
 panggrit ingkang ori wor panggriting têtung |
 sumyak swaraning cêmara |
 kumrisik kang wuluh gadhing ||
4. Kumrawak swaraning toya |
 ron cêmara kadya surak (m)barungi |
 satawana munyêng bulu |
 pan kadya anêmbrama |
 mrak nyênggong pêksi kwèh munya gumuruh |
 samya mangsa wohing gurda |
 enggar manahe sang brangti ||
5. Sang brangtarsa anupiksa |
 swaraning kang kinjêng tangis anèng prih |
 lir dyah rinabasèng kakung |

pangrêngihe kapyarsa |
lir pamane nêng tilam kawratan lulut |
padhapaning jring kumêlap |
kadya angawe upami ||

6. Mring wau sang Anggungrimang |
sang brangta yata mèsêm jro ngati |
sadina dènyya lumaku |
kèndêl-kèndêl yèn salat |
duk samana ngandhap Asar wayahipun |
lajêng minggah ing aldaka |
sayah araryan alinggih ||
7. Anèng sela sumayana |
pucak arga nêng sandhaping kusambi |
Jamal Jamil ting kalêthus |
amangan woh kêmlaka |
lawan kêtos kang matêng-matêng wohipun |
sang monêng mèsêm umiyat |
ningali kang abdi kalih ||
8. Adangu dènnira raryan |
yata kagyat anon dhukuh rêspati |
sukuning Sêndhara gunung |
anggêggêng katupiksa |
wastanipun ing dhukuh Andongtinunu |
dene namaning kang tapa |
nama Ki Sèh Suksma-sidik ||
9. Mung wowolu sabatira |
ingkang (n)jaga marang Ki Suksma sidik |
pandhita wadad puniku |
darbe putra satunggil |
(n)gèn ananggih anèng sapucuking gunung |
tan karuwan kang susuta |
manggih kala maksih alit ||
10. Mèh kadi rare titiban |
saking dening pandhita drêng sisiwi |
mangke pan diwasa sampun |
langkung sihe sang tapa |
pan ingugung ing sapantêse wong gunung |
mring rama wus sinung aran |
nikèn rara Pamêgatsih ||
11. Klangkung karêm ing ibadah |
saking dening ginulang siyang ratri |
mring kang rama yêktinipun |
marma sang dyah tan nyipta |
palakrama saking kasêngsêm ing ngèlmu |
pasêmon ladak agawat |
ngêgungkèn yèn sugih ngèlmi ||

342 Pangkur

12. Inguni pan wus kalakyan |
 pan akathah sagung para pêtinggi |
 kang sami kasmaran ngrungu |
 ing wartane ni rara |
 andhatêngi akathah ingkang kawangsul |
 saking dening tan kaduga |
 sang rara panjaluknèki ||
13. Tan anjaluk raja brana |
 mung angajak bantah kang ngèlmu gaib |
 nadyan para santri agung |
 kang prapta tan kawawa |
 angêsorna ing ngèlmunira sang ayu |
 undure amèt upaya |
 dhuyung sumbaga lan dhêsthi ||
14. Akathah ingkang misaya |
 ing paekan anging tan anêdhasi |
 nanging wëntala sang ayu |
 nahên kang anèng arga |
 Amongraga tumurun saking ing gunung |
 osik badhe umampira |
 maring dhukuh kang kaèksi ||
15. Dadya laju lampahira |
 pan sinêru lampahira sang brangti |
 nurut èrèng-èrèng gunung |
 samana pan wus cêlak |
 nênggih lawan dhukuh ing Andongtinunu |
 sukunira kang lèr wetan |
 lawan kang Sêndhara wukir ||
16. Masjide katon anganggrang |
 pan acèkli kèdêran dening warih |
 balumbang gung keringipun |
 ingidêran tunjung bang |
 tunjung putih irim-irim tunjung biru |
 têrate mangsanya sêkar |
 ganggêng lawan ganggong wilis ||
17. Masjide binatur sela |
 ompakipun pan sela ingukir |
 pagêre tabag ingapu |
 korine kir-ukiran |
 mastakane rineka-reka apatut |
 tilase pinayu anyar |
 ijo lir dhinandhang gêndhis ||

343 Dhandhanggula

1. Jajar kalih wisma cèkli-cèkli |
mandhapane nênggih dhinêkêt kewala |
lan wisma tinalang bae |
latar rêsik dinulu |
tiris wulan lan tiris gadhing |
têpung mubêng pemahan |
wohan wangèn agung |
sêla-sêla tiris (ng)gènyya |
pêlataran pêthetane sawo manggis |
dhuku lawan pijêtan ||

2. Pêlêm pakèl jambu lan kuwèni |
lagya mangsanira awoh samya |
kilèn pandhapa masjide |
sasêkarane agung |
tan ana lyan tanêmanèki |
pan amung kêmbang-kêmbang |
pra samya binatur |
ing sela pingul sadaya |
amêpêki sadaya warnane sari |
mangsane lagya sêkar ||

3. Campur gandaning pudhak sisilir |
rum ulêgan ambune angambar |
pandhansari pipinggire |
ingkang balumbang agung |
sobrah ningkang pandhan kinardi |
sapênêtting ulam |
tambra lukas mangut |
ulame pan warna-warna |
yèn mangsane Asar samya dènpakani |
kathah mungguh sadaya ||

4. Toya muncar dumilah awêning |
we tumurun kang saking aldaka |
apan tinalang anjoge |
iline maring dhusun |
tan wus ucapêna ingkang sri |
rakite padhêkahan |
asingêr apatut |
cacade cilik kewala |
yata ingkang lumampah pan sampun prapti |
jawining pakarangan ||

5. Nahên Hyang Arka wus nitih wukir |
sang abrangta kèndêl ngandhap gayam |
jabaning lawang korine |
pan ana sêndhangipun |
witing gayam apan ngubêngi |
ing sêndhang pangasonan |
wong èstri ing ngriku |
rabinira para sabat |
lan malihe yèn ki sèh mênthas ningali |

Jilid 5 - Kaca : 72

kakaring mirsa têtgal ||

6. Sakundure ngriku (ng)gèn susuci |
lajêng (ng)gènnya ngambil toya kadas |
anèng ing ngriku jujuge |
yata samana nuju |
Ki Sèh Sidik saking ing têtgil |
mantuk angiring sabat |
sang rara pan tumut |
umiring marang kang rama |
yata kagyat Ki Sèh Sidik aningali |
kang lènggah pinggir sêndhang ||
7. Santri bagus warnanya nom pèkik |
yata lajêng (ng)gènnya uluk-salam |
Sèh Amongraga mulya ge |
ngadêg aris sumaur |
ya ngalekum salam ilahi |
jawab tangan sawusnya |
Sèh Sidik amuwus |
anak teja sulaksana |
têmbe mirsa pun bapa kêtawan malih |
ngajêng paran sinêdya ||
8. Amongraga pan wus awawarti |
wismanira tuwin kang sinêdya |
marmamba kampir yêktine |
kêdalon lamun asung |
ing sawêngi amba nyukêri |
nênggih masjid paduka |
ki sèh sarêng ngrungu |
kalangkung awlas ing driya |
osiking tyas wus narka yèn wong linuwih |
sasolahe katara ||
9. Lah cahyane kang dadya pandêling |
nyana yèn dudu santri la-ala |
nulya sang dyah sadangune |
mandêng marang kang rawuh |
èsmu kenyut dènnya ningali |
salamine sang rara |
pan dèrèng kagumur |
tumingal marang ing priya |
pan lagya ki sang dyah osik jroning galih |
wong iki wus watara ||
10. Ing praptane baya (ng)gawa dhêsthi |
pinasangkên ana ing dèdalan |
katara ragèngsun kiye |
gorèh mulat wong iku |
sun watara asugih ngèlmi |
pawartane ing Karang |
(ng)gonne wong linuhung |
sukur ki dalêm bisaa |

Jilid 5 - Kaca : 73

anglêgakkên marang manahingsung singgih |
dhèdhèkan pangawulan ||

11. Ki Sèh Suksma-Sidik ngandika ris |
sukur pun anak sudi kampir |
mring dhepok kawula mangke |
nulya ingajak laju |
(n)jujug masjid lênggah surambi |
sang brangta eram mulat |
anon rakitipun |
pasang pasang ing sêkaran |
lan rêsike palataran karang asri |
nêdhêng mangsa wohira ||
12. Dènnya lênggah nêng wêwulang sami |
nanging rinangkêpan kasah anyar |
sang tapa nganthuki age |
marang ing sabatipun |
santri Juris uningèng wangsit |
kêlawan Ki Nur Surat |
mring tênggal angundhuh |
timun kêrai sêmangka |
kimpul kênthang kêtela talês wi gêmibili |
santrine kang sakawan ||
13. Amad Iman lawan Amad Kasim |
Ki Nuridin lawan Amad Badar |
kinèn misaya ulame |
Mat Asrun lan Nur Samut |
lan rabine kinèn ngrewangi |
nêng pawon mring ni rara |
kang mring tênggil rawuh |
tuwin kang misaya ulam |
pan sadaya sami lajêng dênratêngi |
pan ingolah mawarna ||
14. Wusnya matêng nulya dênwadhahi |
anêng piring tinata ing dhulang |
sêmangka timun kraine |
tinata panjang watu |
kimpul kênthang uwi gêmibili |
tinata panjang-ilang |
pêlêm pakèl jambu |
kuwèni lawan srikaya |
winadhahan nêng bokor kuningan sami |
sêkul wus winadhahan ||
15. Anêng sumbul yata sang dyah nuli |
pan inguwuh marang ingkang rama |
kinèn anyaosakên jambe |
nulya sang rara gupuh |
malbèng wisma anulya salin |
asinjang mori pêthak |
kêmbên dara-muluk |

Jilid 5 - Kaca : 74

asêngkang urubing damar |
pupuripun alamat datan katawis |
dhasar kuning ni rara ||

16. Susupene apan kalih sisih |
sêkar sêdhah lan sasra-ludira |
munggèng ênthik-ênthikane |
wusnya dandan sang ayu |
lajêng nata pawohanèki |
anèng talam kuningan |
cêplukipun pênyu |
lajêng malih tinimbangan |
mring kang rama nulya sang rara agipih |
mêdal nyangga pawohan ||
17. Langkung merang mulat ing têtami |
sarimpungan dènnira lumampah |
lir wong mêngdêm ing pucunge |
Yata Mongraga (n)dulu |
têka msêm sajroning galih |
nênggih sang rara nulya |
lênggah wurinipun |
ning rama sang tapa nyandhak |
kang pawohan sinaosakên ing ngarsi |
sarya ngling mring kang prapta ||

344 Pocung

1. Lah ta (n)dawêg amucanga putraningsun |
nuwun kang ingatag |
sang tapa angling mring siwi |
rara apa uwus (ng)gonmu olah-olah ||
2. Ingkang putra matur bibisik yèn sampun |
kang rama ngandika |
payo ladèkna tumuli |
ngarah apa ing saanane kewala ||
3. Yata gupuh sang dyah malbèng wisma sampun |
sang tapa ngandika |
marang sèh Amongraga ris |
lah punika anak rayi jêngandika ||
4. Mung sapele anak paparing Hyang Agung |
matur kang liningan |
pun êmbok wontên ing pundi |
sang pandhita gumuyu ing saurira ||
5. Wus tinutur wau ing sadayanipun |
mèsêm Amongraga |
nahên ta sang rara nuli |
wusnya ngrakit dhahar gya binêkta mêdal ||
6. Santri kalih kang ngrampa dhudhulangipun |
ingkang isi ulam |

- sumbul binêkta wong siji |
kang nyamikan apan ta dadi sadhulang ||
7. Nikèn rara kang (m)bêkta lantinganipun |
ing sapraptanira |
ing langgar lajêng sinaji |
sêkul sumbul pan wus tinumplêk ing panjang ||
8. Ulamipun tinata tharik nèng ngayun |
pan awarna-warna |
yata wusira anuli |
sang pandhita ngancarakên (n)dawêg anak ||
9. Wêwanginga sugatane rinirèku |
sawontêne uga |
sugatane tiyang ngardi |
kang liningan nuwun anyandhak lantingan ||
10. Atuturuh sang pandhita gya tuturuh |
dyan lêkas adhahar |
adangu dènnira bukti |
sawusira lajêng linorotkên samya ||
11. Lawan sabat lan rencanging tamu kêmbul |
gantya kang dhaharan |
sinaosakên ing ngarsi |
sang pandhita lan tamu dhahar nyamikan ||
12. Duk samana nuju Mahrib wancinipun |
dyan sami totoya |
angambil toya kadasi |
sabat wolu ngambil toya wulu samya ||
13. Jamal Jamil wus angambil toya wulu |
wusnya lajêng adan |
sajak Carêbon anggalik |
sami eram sagung ingkang amiyarsa ||
14. Dhasar bêsus Ki Jamal yèn karya têmbung |
wusnya sami sunat |
Jamil ingkang angamati |
Amongraga pinêksa pan dadya iman ||
15. Anuruti dadya iman sawusipun |
bakda gya pujiyan |
riwusnya anulya dhikir |
wusing dhikir lajêng dènnya maos donga ||
16. Wusnya (n)donga lajêng sêsalaman sampun |
nulya tata lênggah |
sigra panganan sumaji |
yata kalihira adhahar nyamikan ||
17. Sang pandhita aris pangandikanipun |
dhatêng Amongraga |

anak ala nganggur sami |
inggih saking dèrèng sumurup kawula ||

Jilid 5 - Kaca : 76

18. Nêdha brêkah pun bapa sayêktinipun |
dhumatêng pun anak |
punapa samiya ugi |
rahsanipun ngèlmu ing ngriki lan Karang ||
19. Amongraga mèsêm aris sauripun |
punapa sanès |
pan inggih namaning ngèlmi |
yèkti sami ing ngriku lawan ing ngrika ||
20. Sanèsipun ing ngriki lèbêt kalangkung |
kathahên wangsulan |
sanès kalawan ing Kawis |
Gathak Gathuk botên kathahên karenah ||
21. Sang pandhita aris wau wuwusipun |
anak yèn pun bapa |
inguni manira manggih |
kang wirayat saking titiyang mulana ||
22. Nanging nora kinabarkên yêktinipun |
pan sabên micara |
ingumpêtan dèn-jarwani |
marma taksih rêbut manahe pun bapa ||
23. Amongraga aris wau aturipun |
lah tuwan jarwakna |
kawula lajêng miyarsi |
sang pandhita aris dènnira wacana ||
24. Inggih wiwitane kang jagad puniku |
mring Hyang Maha Mulya |
pundi kang kinarya dhangin |
Amongraga sumaur apan datolah ||
25. Tinibakkên puwat babu Hawa nênggih |
duk lagine apan |
nèng sirahe Adam singgih |
arannipun pan aran betal mukadas ||
26. Ingkang betal-mukadas ing têngêsipun |
têngêse pan sirah |
pangaksi nèng netra nênggih |
duk nèng kuping kanan wau kayat rannya ||
27. Duk nèng kuping kiwa wilayah rannipun |
yèku nur sanyata |
duk nèng mata têngên singgih |
pan ingaran rasa jati nênggih ika ||

28. Sotya kiwa sari-rasa wastanipun |
 duk nêng gulu kiwa |
 wau-wahit wartanèki |
 duk nêng dhadha wahit wau wastanira ||
29. Duk nêng ngati sirolah pan namanipun |
 sang tapa angucap |
 duk lagi nêng pusêr iki |
 (ng)gih punika anak wastane punika ||
30. Amongraga aris wau sauripun |
 duk nêng pusêr ika |
 jamilah wastane nênggih |
 duk lunga mring sêgara rante ika ||

Jilid 5 - Kaca : 77

31. Duk tumurun nutpah namane punika |
 duk nêng kêmpung rannya |
 abah wastanipun singgih |
 anêng têngah kalam apan ingaranan ||
32. Nokat duk nêng pucuking kalam puniku |
 naptu gaib apan |
 duk tiba mêwadhah singgih |
 lir mas timbul tumiba ing babu Kawa ||

345 Maskumambang

1. Ingaranan nênggih wadi lawan mani |
 maningkêm wêwadhah |
 wadi ênggonning raswèki |
 madi (ng)gih ênggonne rasa ||
2. Mani sêjatine rasane puniki |
 kang maningkêm ika |
 duk kêmpêl rasa sêjati |
 kakung kalawan wanodya ||
3. Manthuk-manthuk pandhita atakèn malih |
 dadine punapa |
 wadi madi lawan mani |
 lan anggèr tuwan jarwakna ||
4. Amongraga mèsêm saurira aris |
 wadi dadi ika |
 puputih ing mata kalih |
 madi irêng-irêng mata ||
5. Maningkêm pan dadi ugêr netra kalih |
 lawan dadi ika |
 duk kêmpêl tibaning kalih |
 anêng wêwadhah punika ||
6. Sajatine datulah jatining urip |
 pandhita lingira |
 apa rupane raswèki |

Amongraga saurira ||

7. Kang rasa iku rupane anglir gêtih |
ning dudu ludira |
anênggih ingkang puniki |
lawan kaya daging ika ||
8. Nanging dudu jatining daging anênggih |
apan johar awal |
pan têngêse johar iki |
puniku apan sosotya ||
9. Pan puniku ingkang dinadèkkên dhingin |
roh ilapi ika |
sang tapa atakèn malih |
paran têngêse punika ||
10. Ya ingkang roh ilapi ta kadi pundi |
anggèr padhangêna |
Amongraga mèsêm angling |
têngêse roh urip ika ||
11. Kang ilapi têngêse trêsandhaning sih |
kinarya pratandha |
artine ingkang ilapi |
sajroning urip pan ana ||
12. Wus kalingling dening Sukma kang linuwih |
nanging nora kening |
yèn ngugêmana puniki |
nênggih kang sami ingucap ||
13. Datan kening tungkul wong angulah ngèlmi |
yèn anggung jubriya |
lir wong ngambil minèng kali |
ulam sakêdhung pan sirna ||
14. Mêksa adrêng pangêmèke tan amikir |
pijêr suka-suka |
pakewuh tan dènkawruhi |
tan wruh yèn sinisil baya ||
15. Pan puniku lambange wong ulah ngèlmi |
pan kudu prayitna |
lan malih ngêdohkên kibir |
sang tapa angrangkul agya ||
16. Sarwi angling putraningsun wong asigid |
sun nyana tan limpat |
ing kawruh ingkang sêjati |
Amongraga saurira ||
17. Drêmi-drêmi pun paman kewala niki |
sagêd amicara |

Jilid 5 - Kaca : 78

- yêkti tan sagêd nglampahi |
yata wau nikèn rara ||
18. Sadangune nèng wurine ramanèki |
mirsakên kang sabda |
(ng)gènnira abantah ngèlmi |
tyasira agarunêkan ||
19. Osiking tyas nyata wong wasis wong iki |
kaya iki uga |
kang pantês ingsun ngèngèri |
yèn badhe soal manira ||
20. Pan mangkana sang rara osiking galih |
yata sang pandhita |
alon awacana aris |
marang ing Sèh Amongraga ||
21. Lah ta anak arinta punika inggih |
bok andika wulang |
darbe kawruh pan inguni |
kawula tari akrama ||
22. Nora ayun yèn tan wontên kang njawabi |
ing pangawruhira |
Amongraga msêm angling |
kawula ayun miyarsa ||
23. Ing kawruhe bilih kawula puniki |
sagêd anglêgakna |
ing manahipun manawi |
karya dana kasampurnan ||

23 Seh Amongraga soal-jawab kalihan Rara Mêgatsih bab: roh-ilapi, budi lan napsu, jlèntrèhipun napsu amarah, aluamah, mutmainah tuwin supiyah; budi awon sae; babaring rahsa jati. ... kaca 79-81

Jilid 5 - Kaca : 79

346 Asmaradana

1. Sang tapa suka kêpati |
angling marang putranira |
lah rara majuwa age |
matura dhewe kakanta |
lah iya ngarah apa |
apan wus manjing sadulur |
anggêpku mring kakangira ||
2. Aywa donya nadyan ngakir |
manjinga dadi atmaja |
insa Allah anggêpingong |
yata sang rara gya lênggah |
ing keringe kang rama |
matur minta apura gung |

dhatêng Ki Sèh Amongraga ||

3. Sampun paduka mastani |
mring kawula wong gumisa |
pan têtakèn sayêktine |
Amongraga msêm lingnya |
nadyan awak-manira |
tan rumangsa yèn linuhung |
lagi rarasan kewala ||
4. Basa kang uwis kawijil |
pan inggih tungtun-tungtunan |
kiyai kalawan ingong |
balik ta payo ucapna |
iya pangawruhira |
pira barane wakingsun |
kalamun bisa ambatang ||
5. Kang rama nambungi angling |
lah rara payo ucapna |
buntêlanmu salawase |
sunduga mangsa susaha |
yêktine kakangira |
rara Mêngatsih amuwus |
amba miyarsa wirayat ||
6. Makatên mèlipun singgih |
pundi kang sung wruh ing tingal |
pan salah dalil tingale |
anglir muksa jiwa raga |
kakung miyat wanita |
Amongraga mèsêm muwus |
yèku manira miyarsa ||
7. Kang badan roh iku singgih |
linairkên rasaneka |
amung kang roh ilapine |
kang tanpa jisim punika |
rohani rabani ka |
dene anane puniku |
marmane ana roh nyawa ||
8. Ingaranan roh ilapi |
pan kinarya kênyatahan |
ni rara malih atakèn |
budi lan nêpsu punika |
amarah mutmainah |
budi luamah puniku |
inggih pintên warnanira ||
9. Kang nêpsu amarah pundi |
inggih kalawan supiyah |
pundi kang ingaran mangke |
budi nêpsu maring ala |
Amongraga saurnya |

nêpsu amarah puniku |
ing kang karêm maring ala ||

10. Kang tan surut ing kang galih |
sadhengah nêpsu punika |
puniku amarah rêke |
dene nêpsu mutmainah |
kang rêmên kabêcikan |
tuhu wêca karêpipun |
luamah kang maring laba ||

11. Supiyah karêpirèki |
maring ing kang dudu iya |
amarah mumulang rêke |
mring sagung panggawe ala |
kang luamah sasmita |
abangsa setan puniku |
bêrkêthuthur lumprah lengkrah ||

Jilid 5 - Kaca : 80

12. Rara Mêgatsih ling malih |
budi andhap luhur ika |
Amongraga lon saure |
kang luhur iku tan ana |
ing kang luwih utama |
dene kang luwih puniku |
budi sasmitaning Suksma ||

13. Kang satêngah dènaranni |
budi tuduh maring ala |
ana kang ngucap mangkene |
dene kang mau prayoga |
ing mêngko têka ala |
kupur kang ngucap puniku |
(m)bodhokkên marang Hyang Suksma ||

14. Tan wruh yèn Hyang Maha Sukci |
kang aparing bêcik ala |
budi iku satêmêne |
pratandha karsaning Suksma |
èstu tan amêmada |
lan ana malih winuwus |
puniku ayun waspada ||

15. Tan kêna asalah dalih |
kang badan êroh punika |
nênggih sakawan kathahe |
nyawa jasmani punika |
ing kang ingakên tunggal |
roh rasa-jati puniku |
yèku roh ilapat ika ||

16. Dudu nyatanipun singgih |
nanging tunggal ing kang karsa |
kang rabani iku rêke |

nyataning dat ilapi ka |
sipat lawan apêngal |
Mêgatsih malih amuwus |
pundi kang jati punika ||

17. Amongraga anauri |
kang aran kados punika |
kêlawan sangkan paranne |
duk laire iku iya |
lali rusak ing dyah |
laline rasa akumpul |
dening tinggal kang murcita ||
18. Duk laline rasa iki |
kakung sumuking wadana |
kumêsar tan ana rêke |
marma yun gambuh ing tingkah |
Mêgatsih aturira |
pratelakna têngêsipun |
kang badan punika uga ||

347 Gambuh

1. Amongraga amuwus |
yêkti tingal kang mandêlik iku |
cipta prapta ing manahira sayêkti |
limut suh sirna awimbuh |
jisim johar ingkang layon ||
2. Rasa ingkang kadulu |
jasmani ingkang asung puniku |
têngêsipun duk acampuh rasa jati |
wanodya kalawan kakung |
jasat arannira rêko ||
3. Jasmani duk lagyèku |
tampi rasa saking angganipun |
apan iya dadi sêsamanirèki |
dadya têmahe puniku |
wanodya kang angsung raos ||
4. Rahsa maningkêm iku |
wanita kang rahmani puniku |
sayêktine jisim iku kang atampi |
Mêgatsih malih umatur |
inggih kawula atakon ||
5. Kang roh ilapi iku |
inggih ta paran ing têngêsipun |
Amongraga alon dènnira nauri |
roh rabani ingkang tuhu |
kang lanang maningkêm yêktos ||
6. Warna lir motyarèku |
roh rahmani nênggih priyanipun |

Jilid 5 - Kaca : 81

- roh ilapi yèku uga nami jinis |
 dudu badan sanyawèku |
 kang jasmani yèku rêko ||
7. Ngakên raga suksmèku |
 jisim alus aranne puniku |
 kang rohani tanpa rupa warna singgih |
 lir sêkar pralambangipun |
 kakung kombang angganing wong ||
8. Duk mangrabasèng santun |
 sari utama wadon puniku |
 marma ayun awas yèn sira nèng dhiri |
 duk lagi mêgar kang kudhup |
 yèku lambange kemawon ||
9. (n)Jaba prênahing madu |
 poma dênawas ing prênahipun |
 yèn wus awas mêtsthi wruh asmaragami |
 yèn kang utama yêkti wruh |
 nanging arang singa kang wong ||
10. Kang wruh bangsa puniku |
 yèn kang datan matêng ciptanipun |
 yata dhêlêng ni rara Mêngatsih nuli |
 angartika jroning kalbu |
 nyata pinunjul iki wong ||
11. Nora larang wong iku |
 sunrowangi adol tapih ingsun |
 salawase ana-a ing kênê uwis |
 iya palakrama ingsun |
 mangkono osiking batos ||
12. Amongraga amuwus |
 pagene mëndêl apa wus surup |
 yèn wus surup mênèk ana ingkang kari |
 kang rama nambungi wuwus |
 sundugi anggèr wus katog ||
13. Rara matur agupuh |
 marang kakangira apa uwus |
 mung samono kang lawas sira (m)bêthithil |
 kang putra alon turipun |
 pan wus têlas aturingong ||

24 Rara Mêngatsih rumaos cumêplong manahipun ngantos dangu kèndêl tumungkul. Sèh Sukmasidik karsa anjodhokakên Rara Mêngatsih kalihan Sèh Amongraga, nanging sang lêlanabrata namung nyagahi bilih sampun sagêd kapanggih adhi-adhinipun ...
 kaca 82

14. Nanging kawula sampun |
padhang nêrawang ing nalaningsun |
ingkang rama gumuyu abêlik-bêlik |
lah nora pira-a iku |
kalamun amung samono ||
15. Rara uwus bêjamu |
lan maninge pan wus kalbèng wuwus |
sapa-sapa kang madhangkên tyasirèki |
amawongan sira iku |
putra lèngsèr wangsul ing (ng)gon ||
16. lajêng lênggah tumungkul |
Sèh Amongraga mèsêm andulu |
nikèn rara kesah malbèng wisma nuli |
samana apan sêdaluh |
(ng)gènnya ngagêm ngèlmu raos ||
17. Pukul pat wancinipun |
sang tapa aris ngandikanipun |
mring kang putra Sèh Amongraga bibisik |
barang rèh ing karsanipun |
Amongraga matur alon ||
18. Amba langkung anuwun |
ing pasihanta ingkang dhumawuh |
pan ing mangke amba tan purun nglampahi |
kajawi kalamun sampun |
kapanggih saduluringong ||
19. Pêsthi amba yèn wangsul |
anut ing karsa ingkang puniku |
yèn ing mangke têbih botên darbe pikir |
sang tapa langkung angungun |
pitêkur sarwi andongong ||
20. Wusana ris amuwus |
marang kang putra sarwi angrangkul |
nanging poma anakingsun wong asigid |
yèn ugi sampun kapanggih |
kang para upaya karo ||
21. Poma-poma nakingsun |
nuli wangsula ke gupuh |
ing pêsthine lawas enggal ingong anti |
Sèh Amongraga umatur |
yèn saèstuwa kalakon ||
22. Panggih kang mara ruruh |
pan sayêkti manira awangsul |
kados botên kula anyidrani jangji |
sang tapa lêga tyasipun |
ya ta Amongraga gupoh ||

23. Jawat asta angujung |
 pamit lumèngsèr saking ing ngayun |
 lajêng gupuh dhatêng abdi Jamal Jamil |
 sang tapa lan sabatipun |
 ngatêr sajawining dhukoh ||
24. Wusnya mangkana wangsul |
 sang tapa yata samya lumaku |
 sampun lajêng lan santrinira kakalih |
 andarung ing lampahipun |
 tan miris myat ing margèwoh ||

25 VII. Sèh Amongraga dumugi ing Wanamarta, Ki Bayi Panurta saputranipun sami anggèguru Sèh Amongraga ingkang wêkasan kadhaupakên kalihan Nikèn Tambangraras.
 Lampahipun Sèh Amongraga dumugi sacêlaking dhukuh Wanamarta angsal katrangan saking santri Nuripin bab Ki Bayi Panurta ingkang mandhegani pêsantrèn agêng ing Wanamarta, pèputra tiga.
 Pambajêngipun èstri nama Nikèn Tambangraras, ayu pintêr sarwi sêmbada. Botên karsa emah-emah kajawi kalihan priya ingkang unggul ngèlmunipun. Putra angka kalih nama Jayèngwèsthi, semahipun nama Turida. Putra wuragilipun Jayèngraga, semahipun wasta Rarasati. ...
 kaca 83-86

Jilid 5 - Kaca : 83

348 Girisa

1. Sêmana wus byar raina |
 kang mega malang sumirat |
 ganthêng nèng pucaking ngardi |
 akèh warnane kadulu |
 ana lir wastra manjêthi |
 ana pindha muteara |
 wênèh ana wastra wungu |
 rinenda pinggire murub ||
2. Obah buron agung-agung |
 andaka maesa-danu |
 pating galêro mongira |
 muni nèng panggènnira |
 mangsane duk mulih lagya |
 saking (ng)gènnira mamangsa |
 pan wus adate kang sima |
 yèn dalu kesah mamangsa ||
3. Ulihe yèn mèh raina |
 sanès buron akèh padha |
 yèn dalu lumrahe turu |
 yèn mèh raina pan swara |
 ting galêmbor badhe saba |
 barung wre kalawan lutung |
 wrangutan lan uwa-uwa |
 gumêr munya ing kêkaywan ||
4. Sang Hyang Pratangga amungub |
 munggèng pucaking aldaka |

gumêdêr swaraning pêksi |
rêbut wohing bulu gurda |
cocak jalak-pênnyu johan |
kuthilang kathik kêdhawa |
drêkuku putêr sulindhit |
prit jowan lan bêranjangan ||

5. Anggèr manahe sang brangta |
tumon pêksi kèh swaranya |
kadhali munya ing tawang |
kaswasih yèn piniarsa |
kadya ngandhêga ing laku |
pêksi bêluk munya nglamat |
kadya ngenggalnya ing lampah |
sang branta msêm wardaya ||

6. Wruh sasmitaning kang pêksi |
yata ris ing lampahira |
marga nuting wana pringga |
mudhun jurang minggah arga |
tan wontên durgama ketung |
ing cipta ageya wêruh |
dhukuhe Bayi Panurta |
ya kang aran Wanamarta ||

Jilid 5 - Kaca : 84

7. Raina wêngi lumaku |
kèndêl-kèndêl yèn asalat |
nurut Kêndhêng lampahira |
datan kawarna ing marga |
yata samana wus prapta |
talatahing Majalêngka |
enggar lampah sang brangta |
lajêng wau lampahira ||

8. Anujwa pêcat rakitan |
Jamal Jamil kinèn tanya |
marang wong (ng)giring maesa |
atakèn ing Wanamarta |
kang tinakèn saurira |
punika ingkang katingal |
dhukuh kang gênggêng punika |
(ng)gih kang aran Wanamarta ||

9. Andika lajêng kewala |
ing mangke mêtthi kadulu |
masjide agêng aluhur |
lan malih kawula tanya |
andika ing santri pundi |
sumaur ingkang tinanya |
manira santri atêbah |
saking ing Bantên yêktinya ||

10. Marma drêng mring Wanamarta |
manira miyarsa warta |

yèn Ki Sèh Bayi Panurta |
sabar tur lila ing donya |
anuntun ing wong (m)balilu |
marma santrinira agung |
punapa inggih yêktinya |
sumaur kang sinung wuwus ||

11. Tan dora ingkang atatur |
inggih saèstu mangkana |
ambêge Bayi Panurta |
marma sagung pra dipatya |
(ng)guguru ambêg ambapa |
tan cuwa barang karsane |
sawabe Bayi Panurta |
ngiwa panêngêne kêna ||
12. Lan malih santrine agung |
kawula dèrèng uninga |
kang kadya ing Wanamarta |
kèhe santri kang ngluwihi |
kados kawan èwu ana |
kawula duk maksih bocah |
sagung pasantrèn uninga |
dèrèng wontên kang tumimbang ||
13. Lir Wanamarta kèhipun |
dhasar papanne prayoga |
mirah ingkang palakirna |
bêras datanpa ajiya |
marma santri têbih-têbih |
kathah kang prapta ing riku |
pan uwus adating santri |
marani kang mirah têttha ||
14. Kawula pan dèrèng lawas |
umantuk saking ing ngriku |
salawase pan kawula |
dadi santrine Ki Bayi |
Amongraga nambung wuwus |
kalamun wontên wong prapta |
inggih sintên kang jinujug |
umatur dalêm (n)jujuga ||
15. Inggih putrane panggulu |
puniku kang pinitaya |
dhatêng Ki Bayi Panurta |
wastanipun Jayèngwèsthi |
sabên wontên wong kang prapta |
inggih anjujug ing riku |
pan sampun wisma pribadi |
sakiduling masjid mangu ||
16. Dene warujune aran |
anênggih Ki Jayèngraga |

Jilid 5 - Kaca : 85

- pan inggih kalih punika |
singa ingkang jinujuga |
jêr atmajanipun jalu |
pan amung kalih punika |
pambajêngipun pawèstri |
wastanipun Tambangraras ||
17. Kawula dèrèng amanggih |
wanodya kadi punika |
putrane Bayi Panurta |
apike kagila-gila |
duk kawula ingkang wau |
inggih taksih anèng ngrika |
asring mênengi kawula |
kang wong prapta têka lunga ||
18. Anake pêtinggi desa |
tanapi anak sudagar |
tukonne pan jor-jinoran |
sami kawangsul sadaya |
wit sang rara botên kêna |
tinari mopo kewala |
mring rama aturira |
benjang kawularsa krama ||
19. Yèn wontên sênênging nala |
botên kudu dèntukoni |
lan botên melik kawula |
wong kang bagus awibawa |
sanadyan cebol bucuwa |
lamun panuju kawula |
badan kawula sumangga |
yèn wus kalbu pêthèk ulun ||
20. Marma Ki Bayi kalangkung |
susah mirsa turing putra |
kalamun pinêksa-pêksa |
ature pan kudu lunga |
marma kang rama mupus |
nauri kang namur laku |
manira sawêg angrungu |
wanodya tan arsa krama ||
21. Manawi inggih puniku |
ngupados santri utama |
angling malih kang wong ika |
pan wus pirang-pirang puluh |
santri têbih-têbih prapta |
sami santri jadhug-jadhug |
prandene tan na kinarsan |
kawêlèh pan sami griya ||
22. Sami ngupaya paekan |
awit karsane Ki Bayi |
mring santri sapa kang bêgja |

saking susah myat ing putra |
kalakon sami ngupaya |
nanging sang rara wëntala |
luput ing pêsthi sumbaga |
tuwas kabèh ngacung samya ||

Jilid 5 - Kaca : 86

349 Pocung

1. Marmanipun kèh-akèhe ana muwus |
sundaga ni rara |
buntêt tan darbe nyêmimik |
milanipun sakèhing wong tinampikan ||
2. Yèn lumrahe wong gênge samana iku |
pêsthine pan ana |
ingkang pinilih sawiji |
iku nora (n)dadak tinampik sadaya ||
3. Yèn wong buntêt andadak kakèhan wuwus |
pan inggih akathah |
kang muwus kadi puniki |
pan gumujêng wau Ki Sèh Amongraga ||
4. Angling kadi botên kang kados puniku |
sawêg dèrèng arsa |
ngupaya jodho prayogi |
ingkang kangge awal akir ingupaya ||
5. Dadi ingsun ngrungu ing wartinirèku |
manah mundur mara |
bok manira dènaranni |
darbe niat marang ing èstri punika ||
6. Tur ta baya pisan-pisan raganingsun |
nyipta-a punika |
mung sêdya ngupaya ngèlmi |
(n)dadak nuju ing riku wontên brusahan ||
7. Wong kang angon maesa ris sauripun |
kang amba wicara |
pan wus sawarsa puniki |
yèn ing mangke tèntrêm tan wontên pawarta ||
8. Winginipun kawula saking ing ngriku |
tinjo sanak lara |
ala nganggur awakmami |
anakokkên puniku kang kula ucap ||
9. Pan saèstu sampun tan wontên wong rawuh |
mikir bab punika |
sang monêng mèsêm jro ngati |
duk samana Hyang Arka nitih ancala ||
10. Yata anging Amongraga manis arum |
ngong langkung narima |

pitêdah-para mring mami |
lah ta sampun manira lajêng kewala ||

11. Kang liningan muwus aris aturipun |
(m)bok enjing kewala |
lamun sutah dalêm kampir |
ing pagriyan kawula yèn parêng lêga ||
12. Yèn lajuwa sampun katanggêlan dalu |
apan èwêd-aya |
yèn prapta awêngi-wêngi |
yèn kaparêng ing benjang-enjang kewala ||

26 Sasampunipun sipêng sadalu ing griyanipun Nuripin, Sèh Amongraga kadhèrèkakên dhatêng Wanamarta. Kawontênan samargi-margi tansah ngrêsèpakên: têtanêman, woh-wohan sakalangkung pêpak dumugi sawarnining ulam lss. Griya-griya sae mratandhani panggêsanging tiyang sae, sarwi cêkap. Griya sae-sae, kadosta griyanipun pêngulu Basarodin, para rayinipun Ki Bayi Panurta wasta: Kulawirya, Wiradhustha, Panuksma tuwin Panamar. Samargi-margi swantênipun pêksi ingah-ingahan mawarni-warni. Ugi kapidhêng gamêlan angrangin. Sadaya wau mratandhani bilih Wanamarta gêmah ripah karta raharja, dipun-pandhegani ahli agami ingkang agêng prabawa lan panguwaosipun. Gêsangipun para putra sami memba para luhur Jawi, inggih tatarakitipun dalêm, pangangge dumugi sêlir kalangênan. ...
kaca 86-107

Jilid 5 - Kaca : 87

349 Pocung

13. Marma kula aturi kèndêl sadalu |
ing wismakawula |
yèn tan arsa sare panti |
asareya wontên ing masjid paduka ||
14. Pintên bangga kewala yèn sagêd tumut |
jriyah ngatêrêna |
kalamun lujêng saratri |
sadayane kêrandhah Bayi Panurta ||
15. Mring kawula apan ta wus padha wanuh |
kang dados gêbayan |
punika pun santri Luci |
lêrêsipun nak-sanak lawan kawula ||
16. Suka ing tyas sang brangta sarêng angrungu |
aris saurira |
kisanak para ngecani |
anyukêri sawêngi nêng wismanira ||
17. Lah punapi maksih doh wismanirèku |
kang tinanyan lingnya |
dhukuh mênencil kang kaèksi |
lah ta ênggèh andika dhingin mantuka ||

18. Ri sang wisma angintha mantuk rumuhun |
sapraptaning wisma |
wus mangsit mring rabinèki |
lajêng manggil ing baturira sêkawan ||
19. Mung wong papat kang tumut wisma ing ngriku |
yata sami prapta |
wong papat wus dènpoyani |
suka lajêng ngrewangi ing rabinira ||
20. Olah-olah ing pawon langkung abikut |
ri wusnya mangkana |
sang wisma mêtuk wus panggih |
lan sang brangta nulya lajêng ingaturan ||
21. Saprapane ing dhukuh sang brangta mangu |
myat ing palakirna |
mawarna langgare cèkli |
hèr tumumpang lan rêsik ing palataran ||
22. Sang wisma ling paran ing karsanta nêngguh |
punapa pinarak |
ing wisma tuwin surambi |
anauri mênêt surambi kewala ||
23. Nulya lajêng mring surambi tata lungguh |
Mahrib wayahira |
lajêng ngambil arastuti |
lan sang wisma salat Mahrib praptèng Ngisa ||
24. Wusnya bakda pan lajêng atata lungguh |
sang wisma angundang |
mring rubiyah kinèn nuli |
amêdalna saanane kang sugata ||
25. Kang inguwuh ni rubiyah langkung gugup |
anata sugata |
ri sampunira anuli |
apan nulya sinaosakên mring langgar ||
26. Gya tinata sêkul ulam anèng ngayun |
sang wisma wacana |
lah (n)dawêg tuwan wêwanting |
sugatane inggih (m)bokayu andika ||
27. Kang sinung ling ngecani wêwanting gupuh |
dyan lèkas anadhah |
sêkantuk dènnira bukti |
sang kaswasih kêlangkung kapiutangan ||
28. Mring sang wisma dene cakuting kêlangkung |
yata sawusira |
ambêng ingundurkên maring |

Jilid 5 - Kaca : 88

Jamal Jamil athêkul dènnira mangan ||

29. Bêsngèk têlu lan pindhang sacuwo gêmpur |
(n)dhok kamal sapanjang |
sirna datan wontên kari |
tumpêng kalih bebas imbuh sêkul bodhag ||
30. Langkung merang sang brangta dènnira (n)dulu |
angling ring sang wisma |
adhi sampun isin-isin |
pan ing ngriki pan wus wismaning priyangga ||
31. Anaauri Jamal Jamil (ng)gih (ng)ghipun |
kadipundi kakang |
pangraosipun pun rayi |
yèn mawiya ringa-ringa mring pun kakang ||
32. Nadyan inggih sanak têmbene kapanggih |
pangraos kawula |
lir tunggil sayayah bibi |
Ki Nuripin gumuyu asuka-suka ||
33. Tan kawarna ing dalu datan winuwus |
yata byar raina |
lajêng salat Subuh nênggih |
sak-bakdane lajêng lênggah ngèmpèr samya ||
34. Sang brangta gya alon wau wuwusipun |
dhatêng ingkang wisma |
paran ing karsanirèki |
punapèstu milwèng anut ing kawula ||

Jilid 5 - Kaca : 89

350 Sinom

1. Nuripin aris saurnya |
lah inggih (n)dawêg suwawi |
kula pitulung ngatêrna |
(n)jujuge mring Jayèngwèsthi |
sigra Kyai Nuripin |
amanggih ing rabinipun |
prapta Nuripin lingnya |
kariya sun badhe ngiring |
marang arinira marang Wanamarta ||
2. Mung pak Kêbak lan pak Dama |
iku kang sun-gawa nanging |
sira dènbcik nèng wisma |
manawa ingsun alami |
rabine matur inggih |
yata sigra mangkat gupuh |
ing marga tan winarna |
rawuhira pêcat rakit |
Wanamarta sang brangta eram tumingal ||

3. Tumon sringing padhêkahan |
 agêng-agêng gêng kaèksi |
 awilis kitri katingal |
 dhadhah kinubêng pring ori |
 ronning kang tiris-tiris |
 têtung janur papahipun |
 dhusun gêng sri kawuryan |
 wisma kèh pipit amarik |
 bêbanjêngan latare asisipatan ||

4. Kathah swabawaning desa |
 janma samya nambutkardi |
 saliring pakaryan ana |
 pandhe kêmasan lan gëndhing |
 kundhi kalawan nyingi |
 sayang anglêbur anggêbyur |
 kang milantên amarna |
 undhagi miwah mêtanggi |
 kang angukir-ukir myang karya landheyan ||

5. Bêlandhong lan karya wisma |
 karya jungkat suri sêrit |
 miwah tukang cêkathakan |
 tuwin tukang selakêrti |
 (n)jait kalawan grêji |
 myang kêmalu karya payung |
 miwah karya oreyan |
 sêsêr sundhit jala jaring |
 karya sumbul tambir lampit lan kêlasa ||

6. Karya topèng natah wayang |
 karya golèk lan cêmpurit |
 miwah sarungan sanjata |
 karya kêbut lawan kanthil |
 ingkang nglêlês karya godhi |
 kang gawe êpok myang tandhu |
 angêthèl karya kopyah |
 panêgar dhalang mêtêki |
 wong kang sugih lumrah aduwe gamêlan ||

7. Miwah ingkang karya larap |
 tuwin pakaryaning èstri |
 jor-jinoran nyambutkarya |
 pangobèng nênun lan (m)bathik |
 myang tandho barang mokil |
 pan limrah tiyang sadhusun |
 Wanamarta sadaya |
 akathah kang sugih-sugih |
 sangking bêrkah (n)Jêng Kyai Bayi Panurta ||

8. Tan ana budi maksiyat |
 sakèhing wong jalu èstri |
 têtêp samya ngibadah |
 agrami sambu agami |
 kèh pinangkaning jalmi |

kang têtih-têtih mariku |
ngaji lajêng awisma |
jênak tan anêdya mulih |
sabab dening gampil ngupaya pajiwa ||

Jilid 5 - Kaca : 90

9. Tan ana ingkang kewuhan |
êndi kang dênkarêmêni |
ngajiya anggota-a |
sarwa akèh sarta gampil |
murah sandhang lan bukti |
singa kang dênêdol payu |
wawrate ing ngadesa |
gêmahe kadi nagari |
nora nana kang kêstori dora-cara ||
10. Milane samya kêrasan |
traping wong wisma miranti |
kumpulan akurandhahan |
sagatra-gatranirèki |
wus kasub ing ngatêtih |
dadya pangungsèning dhusun |
miwah tangkar-tumangkar |
kang gagriya winatawis |
cacah wisma sêmu rêbat langkungira ||
11. Sang mong-kingkin duk tumama |
manjing ing dhusun tulyasri |
mulat rakiting awisma |
tata narutus taritis |
pasitèn gisik pasir |
pagêr jaro nurut lurung |
kêncêng sinipat rampak |
gapit jêjêd ginalamit |
gumarining sang monêng mulat karênan ||
12. Tan mantra-mantra ngadesa |
solahing wong pan wus kadi |
nagari rênggêping karya |
sabên wisma turut margi |
sami andhêdhasari |
warung panggêng turut lurung |
bango samya tangkêban |
ngiras èmpèring wismèki |
siyang dalu tan ana kukuding dhasar ||
13. Dadya pêpaèsing marga |
kang dëndol mawarni-warni |
kalithik wêsi kuningan |
tuwin salaka lan rukmi |
miwah sotya myang kêling |
pêpak papanthan anglajur |
grabat samya garabat |
kêlithik samya kêlithik |

ingkang kadi samya kêling kêkêlingan ||

14. Sêlajur samya nyamikan |
sêkul ulam amêpêki |
myang panganan lah-olahan |
woh-wohan awarni-warni |
tuwin yèn nuju Paing |
kidul ngarsa pagêr dhusun |
bangone bêbanjêngan |
kajêng agêng angaubi |
kajêng kêpuh bibis boga lan karoya ||
15. Saengga lun-alunnira |
yèn nuju pasaranèki |
pan kongsi sadina pisan |
Asar andhap bubarnèki |
dhasar nêng pinggir kali |
kaline kêbak parau |
gèthèk pring tumpang sanga |
gèthèk balok badhe milir |
tuwin kathah bakul pêpikul dharatan ||
16. Miwah momot kêkapalan |
sapi-sapèn amêdhèti |
kalang èdhèg ngiras wisma |
sapalih kang dènmomoti |
sasisih dadya panti |
gumrit swarane asêlur |
cikar kèsèr êluran |
momotan awarni-warni |
bêlantikan wade kapal lan maesa ||
17. Kang tumamèng padedesan |
sang monêng lawan Nuripin |
lon-lonan sarya ngandika |
abênêr tuturirèki |
dene sangêt munjuli |
sêsamaning dhusun-dhusun |
tan wontên makatêna |
gêmahe kadi nagari |
Ki Nuripin amatur inggih punika ||
18. Kaharjaning Wanamarta |
bêrkahipun (n)Jêng Kiyai |
Bayi Panurta utama |
muktine kadi bupati |
sang mong-kung nauri inggih |
kyai gêng mangunahipun |
mangkana urut marga |
kathah ingkang kapiyarsi |
kang gamêlan ngarangin wênèh trêbangan ||
19. Pasang rekaning pagriyan |
anggènggèng marik apipit |

Jilid 5 - Kaca : 91

gêng-agêng kampung limasan |
joglo singub tawon boni |
rumat kadya priyayi |
pandhapa gandhok lan lumbung |
pawon kandhang gêdhongan |
tajug sarta lawang-kori |
myang pakiwan pagupon lan pambathikan ||

20. Kang para sugih mangkana |
rakiting wisma miranti |
kang duwe awirya-wirya |
angkuhe wus kaya mantri |
samyah olah kamuktin |
lan têtêp ibadahipun |
latar rêsik sinaba |
ing ayam putih kêbiri |
miwah dara Presi myang banyak kambangan ||

21. Sadhewe-dhewe rekanya |
ungkul-ingungkulan sami |
lawang-kori ingapikan |
samyah pinipil arêmit |
myang pinulas mawarni |
supaya amrih dinulu |
kang liwat papasaran |
solahe samyah birai |
pinarantèn lawan dadya pêngampiran ||

22. Sang mong-wingit kawilêtan |
laju malih aningali |
masjide agêng nêng têngah |
gumuruh santri angaji |
dhasar amangku kali |
kaline agêng binêndung |
ingêjogên balumbang |
balumbang agêng ing masjid |
toyanira awêning pan kadya kaca ||

Jilid 5 - Kaca : 92

23. Ingingonan ulam kathah |
sagung kang ulam bènawi |
pan kinarya kalangênan |
ulam pinatut ing gêndhing |
ulam panyuwuk adil |
lawan ulam jalma kampuh |
ulam sêmune duka |
ulam rare anggalidhig |
lawan ulam kang marga karya simpangan ||

24. Kang ulam balung kalapa |
ulam ginunggung ing laki |
lan ulam pada-kacarma |
ulam tambanging undhagi |
ulam tansah angradin |
myang ulam manggung tan emut |

- ulam jalma mēlarat |
 ulam pamiwaling laki |
 lawan ulam jalma bêsus bêbedhangan ||
25. Lan ulam jayèng kalpika |
 ulam panggugahing jalmi |
 ulam panjaluking potang |
 lan ulam saptaning kaki |
 ulam groboh ing kardi |
 ulam pamêksane laku |
 ulam nêmu kelangan |
 ulam pandaming wong kêmit |
 lawan ulam jalma wire abusana ||
26. Kang ulam guthul gambira |
 lawan ulam wohing dami |
 kang ulam luar binanda |
 tuwin ulam tansah asih |
 lan ulam bêngang rukmi |
 miwah kang ulam prang mungsuh |
 ulam kayu pinasah |
 ulam pangêsuking jurit |
 lawan ulam sêmuné jati angarang ||
27. Tuwin ulam netra jingga |
 lan ulam rangkêp kulambi |
 ulam timbrahing wêdêlan |
 lan ulam rusaking baris |
 lan ulam wiji sami |
 lan ulam pangulu-ulu |
 ulam jalma carita |
 ulam cirining atitik |
 tuwin ulam kasusu ngombe kasatan ||
28. Lawan ulam manggung suta |
 myang ulam wêtêng malênthi |
 kang ulam mawatês warah |
 ulam pawèh kên naggapi |
 ulam ambobolehi |
 lan ulam jêjaring wuwus |
 kang ulam jamang jaja |
 ulam paraboting mantri |
 lawan ulam tumbang pangêndhak dipangga ||
29. Myang ulam agung katingal |
 tuwin ulam rêmbug dadi |
 lan ulam bêsus ingundha |
 myang ulam sêsawat kancil |
 lan ulam dangdang cêmpli |
 lawan ulam tèrèk badhut |
 ulam sasami dhadhah |
 lawan ulam sudhung pêksi |
 tuwin ulam padhang kang wus pinadhangan ||

30. Lawan ulam mathis ganja |
lan ulam sêngkrok kèlathik |
lawan ulam agung ganda |
myang ulam tansah ajurit |
miwah ulam tumbak pring |
lawan ulam janma busuk |
myang ulam kêpanasan |
lawan ulam piring siti |
tuwin ulam bédhandho manah kèwuhan ||
31. Lawan ulam wêdhus jamprah |
ulam patut anggêntèni |
lan ulam pacul katuwan |
tuwin ulam dhandhang langking |
kang ulam jatmikani |
lawan ulam ngabên dhuwung |
myang ulam janma wayang |
lan ulam rada abaring |
miwah ulam rare kudu mèlu lunga ||
32. Kang ulam kayu ginangsa |
ulam panggrêsahing ngati |
lan ulam ngêpuh parudan |
myang ulam pangegol siti |
tuwin ulam ngêmpuki |
lawan ulam matêng sêpuh |
ulam èstri katawan |
lan ulam tan kêna lali |
lawan ulam jalma godhèg brengos capang ||
33. Ingkang ulam anggung sirna |
lan ulam kincanging alis |
lan ulam sêlamêt sawah |
ulam palanging wong bathik |
ulam kèlalar mênir |
ulam pangundanging kuthuk |
ulam judhêg ing lampah |
ulam kêtanggungan linggih |
lawan ulam ngintir-intir naur utang ||
34. Tuwin ulam kadang tuwa |
lan ulam tarêbang muni |
lan ulam kênya busana |
ulam netya pucêt isin |
ulam sapuluh dhuwit |
ulam pamiwiring kapuk |
ulam tansah mimiling |
ulam rimbaganing picis |
lawan ulam janma kèh tansah arungan ||
35. Jawabe ingkang wangsalan |
ulam kang tumrap ing gèndhing |
kang kinarya kêlangênan |
badhene sawiji-wiji |
tambra panyuwuk adil |

badhèr ingkang jalma kampuh |
mangut sêmune duka |
gramèh rare anggalidhig |
ulam sidhat marga kinarya simpangan ||

Jilid 5 - Kaca : 94

36. Bêthok kang balung kèlapa |
mèlêm ginunggung ing laki |
talumpah padha-kacarma |
sipat tambanging undhagi |
papar tansah ngarading |
kêlalèn manggung tan emut |
jambal jalma malarat |
pacal pamiwaling laki |
ulam lele jalma bagus bêbedhangan ||
37. Jayèng cincin wira soca |
têngiri panggugah jalmi |
tagèh pênjaluking potang |
lêmpuk kang saptaning kaki |
wagal groboh ing kardi |
(m)bêrot pamêkasing laku |
sili nêmu kelangan |
kêting pandaming wong kêmit |
ulam badhèr jalma wire abusana ||
38. Ucêng kang guthul gambira |
wadêr-pari wohing dami |
kacol luwaran binanda |
wêlut ingkang tansah asih |
marêmas bêngang rukmi |
jaga ripu pêngang mungsuh |
pêlus kayu pinasah |
surung pangêsuking jurit |
sênggaringan sêmune jati angarang ||
39. Ulam bèlès netra jingga |
lopis rangkêping kulambi |
balutak timbrah wêdêlan |
kadhalan rusaking baris |
cakul kang wiji sêmi |
dêlêg kang pangulu-ulu |
kotès jalma carita |
tawès cirining atitik |
ulam kakap kêsusu ngombe kasatan ||
40. Bêlanak agung susuta |
bèkèl kang wêtêng malênthi |
rêng arêng pamêthes warah |
palung pawèh kèn-nanggapi |
urang ambobolèhi |
kadha jêjêring pamuwus |
kêlalung jamang jaja |
rêbon paraboting mantri |

titikusan tumbak pangêndhak dipangga ||

41. Totog kang manggung katingal |
gilingan kang rêmbug dadi |
gambrêt kang bêsus ingundha |
bêncolèng sêsawat kancil |
jijindhil dandang cêmpli |
larong ingkang tèrèk badhut |
jaligêr sawi dhadhah |
susuh ingkang kudhung pêksi |
damar-wulan kang wus padhang-pinadhangan ||

Jilid 5 - Kaca : 95

42. Sabit lintar mathis ganja |
sogok prana sêngkrok klêntit |
lumbêt ingkang agung ganda |
mamprang kang tansah ajurit |
garanggang tumbak êpring |
ulam lundhu jalma busuk |
êpe kang kapanasan |
lopèr ingkang piring siti |
ulam grago bêdhondha manah kewuhan ||
43. Barok ingkang wêdhus jamprah |
sanggrêng pantês anggêntèni |
bo-gêrang pacul katuwan |
gagakan kang dhandhang langking |
ganthêng kang jatmikani |
kacangan angabên dhuwung |
dhalang janma amayang |
galêndhêng rada abaring |
pan kaluyu rare kudu milu lunga ||
44. Arêng kang kayu ginangsa |
sêbut panggrêsahing santri |
mêrêsi ngêpuh parudan |
ungkil pangêgoling siti |
bêkêm ingkang ngêpoki |
jêmblung kang amêtêng sêpuh |
boyongan èstri tawan |
uling kang tan kêna lali |
pan jabrisan jalma godhèg brêngos capang ||
45. Sumbilang kang anggur sirna |
udhèt kang kincang ing alis |
bulus salamêting sawah |
dhawangan palang wong (m)bathik |
kêtul kêlalar mênir |
kura pangundanging kutuk |
kodhok judhêging lampah |
bangkong kêtangungan linggih |
pan parêcil ngintir-intir naur utang ||
46. Kongkang ingkang kadang tuwa |
cebong kang tarêbang muni |

yuyu kênya abusana |
bayas nitya pucêt isin |
kawongan dasa dhuwit |
bibis pamiwiring kapuk |
kijing batur maejan |
wadêr pêthak rêmbag picis |
ulam sriwêt jalma kèh tansah arungan ||

47. Tumon srining sasêkaran |
samyâ pinatut ing gêndhing |
kang sêkar jabung payudan |
an(?) sêkar mandhêg manolèh |
sêkar panggugah mantri |
miwah sêkar jayèng mungsuh |
lan sêkar kabêndana |
lan sêkar paninda radin |
miwah malih nênggih sêkar awiraga ||

Jilid 5 - Kaca : 96

48. Lawan sêkar agung liwat |
miwah sêkar soring alis |
kalawan sêkar kapita |
tuwin sêkar pondhoh cêngkir |
sêkar panambang pêksi |
lawan sêkar waja jamus |
miwah sêkar angkatan |
lawan sêkar jalma mantri |
anêlasar parawan mati sapata ||
49. Lawan sêkar kasêntanan |
myang sêkar bonang kapêncil |
lawan sêkar palinyokan |
miwah sêkar netra arip |
sêkar panambang janmi |
lawan sêkar janma sungsun |
lan sêkar cacat awak |
tuwin sêkar ganda wilis |
lawan sêkar ing prênah kêdah kapisah ||
50. Miwah sêkar mangan ujar |
lawan ujar soring wêntis |
tuwin kang sêkar kasumpah |
kalawan sêkar sridênti |
sêkar boboting kawi |
lawan sêkar jalma sêpuh |
sêkar kang tan ngucap |
sêkar tan patut ing gêndhing |
lawan sêkar ingkang kapisah ing toya ||
51. Miwah sêkar jajamahan |
lawan sêkar aprang tandhing |
miwah sêkar mangku praja |
sêkar rêncana rinujit |
sêkar kang asung warti |
sarpa sênên agung mungsuh |

nututi mandi angkah |
lan sêkar bapakne kaki |
sungsung guyu sah priya anitih swara ||

52. Dene jawabe kang sêkar |
sêkar kang munggèng ing krami |
jêlamprang jabung payudan |
giyanti mandhêg anolih |
wungu panggugah mantri |
sêkar bopong kang pinanggul |
kêlak kang kabêndana |
kapuranta nida radin |
sêkar pudhak nênggih kang sêkar wiraga ||

53. Wora-wari anggung liwat |
prabu sèt mata sor ngalis |
kumuning sêkar kapita |
sêkar sêmpol pondhoh cêngkir |
mênur panambang pêksi |
mêlathi kang maja jamus |
tanjung sêkar angkatan |
wong araga janma mantri |
rara kênthah parawan mati abela ||

Jilid 5 - Kaca : 97

54. Sêkar dangan kasêntanan |
lênga têtêng aningali |
gambir ingkang ati bigar |
kênanga bonang kapêncil |
katambang wong anali |
wong arumpuk jalma sungsun |
pacar wong pipisahan |
widasari ganda wangi |
raga-ina kang sêkar cacading awak ||

55. Orok-orok mangan ujar |
sêkar sêmpol soring wêntis |
kang kasumpah sêkar sungsang |
sridênti sêkar srigadhing |
bobot sêkar wrat-siki |
mandha-kaki janma sêpuh |
mangunêng tanpa ngucap |
saruni tan patut gêndhing |
pacar banyu sêkar kapisah ing toya ||

56. Purba-nagri mangku praja |
turi ingkang netra arip |
sundêl-malêm jêjamahan |
dalingsêm susung-guywèki |
kêlayu anututi |
sêkar soka agung wuyung |
linyok kang puspa-nyidra |
dalima wantah prang tandhing |
kang adhakan nênggih kang sêkar cêpaka ||

57. Rêmbuyut kakining bapa |
têlutur kang asung wêrti |
argulo kang pandi angkah |
sarpa sênên nagasari |
karandhang sah ing laki |
jaga satru anggung mungsuh |
kancana rinumpaka |
sêkar mas ingkang kinikir |
nitik swara nênggih ang sêkar balurak ||

58. Miwah kang kitri mawarna |
samyâ pinatut ing gêndhing |
uwuh pangêbanging basa |
miwah woh aso ing margi |
woh padu ambêkicik |
lah wong kang tinantang purun |
uwuh sobrahing sirah |
lawan uwuh tumpang titih |
tuwin wohing jalma cidra ing sêmaya ||

59. Miwah uwuh kaca netra |
miwah woh luntur ing siti |
tuwin woh turangga buntal |
lawan woh wangsul ing margi |
lan woh saranging mangsa |
woh kêna tansah kêbrawuk |
miwah woh tanpa basa |
lawan woh trapsila ajrih |
lawan uwuh ciri pratandha nawala ||

Jilid 5 - Kaca : 98

60. Lawan uwuh asung pêkakah |
miwah woh dêdalan bayi |
tuwin woh nora atata |
tuwin woh pamuluk bukti |
myang woh rasaning gêni |
lan woh pêparoning puluk |
miwah woh têngal bangka |
kang woh amunggèng raragi |
lawan woh jalma busana rikatan ||

61. Miwah uwuh ngancam-ancam |
lawan woh rare nututi |
tuwin woh padha gininda |
lan woh wismane priyayi |
miwah woh anggung tilik |
lawan woh pangantèn wus atut |
kêlawan siti andhap |
lawan woh kêsusu aglis |
lawan kang woh tomboking jalma totohan ||

62. Jawabe ingkang wangsalan |
uwuh ginurit ing gêndhing |
gêdhang pangêbanging basa |
durèn kang aso ing margi |

pakèl kang ambakicik |
kuwèni tinantang purun |
rambutan sobrah sirah |
kêpundhung kang tumpang tindhih |
pan kêleca jalma cidra ing ngubaya ||

63. Sêmak ingkang kaca-netra |
manggis kang luntur ing siti |
nangka kang turangga buntal |
balimbing wangsul ing margi |
jirak saranging mangsi |
sawo kang tansah kêbrawuk |
kokosan tanpa basa |
dhuku kang trapsila ajrih |
pan kêcapi ciri pratandha nawala ||
64. Srikaya kang asung pêkah |
jêruk dadalaning bayi |
warêsah kang nora tata |
kêpêl kang pamuluking bukti |
nanas rasaning gêni |
dalima paroning puluh |
malowa têngal bangsa |
jambu kang munggèng rêragi |
dhuwêt ingkang jalma busana rikatan ||
65. Gayam kang ingancam-ancam |
kêlayu rare nututi |
pijêtan padha gininda |
pêlêm wismane priyayi |
malinjo anggung tilik |
carême pangantèn atut |
galêmbak siti andhap |
salak kang kasusu aglis |
mundhu ingkang tomboking jalma totohan ||
66. Kêluwih punjul wilangan |
sukun kang wis kaki-kaki |
sêntul kang walêsan pikat |
êlo ingkang pindha warni |
maja jalma pêpênging |
bulu ingkang sandhang manuk |
kawista akèn luwar |
gowok êrong munggèng kitri |
apan wuni panatape ing gamêlan ||
67. Pala kapêndhêm kasimpar |
samyâ pinatut ing gêndhing |
pala kang rare ugungan |
lawan tandha warêg bukti |
pala minggah ing ngardi |
pala manawa andulu |
myang kang kêpala ngarsa |
kang pala toyaning tangis |

Jilid 5 - Kaca : 99

lawan pala agung dadya mumungsuhan ||

68. Pala têlasing pêmangan |
lawan pamudharing weni |
kêpala bojoning bapa |
tuwin pala talang kêndhi |
kanim pang aningali |
miwah kang wiwinih padu |
lawan pangêpe raga |
kang pala kumudu amrik |
miwah wohing pala nora babarêngan ||
69. Lawan pala kêlumpukan |
pala kang cêtha ing uni |
kang kasuwèn ing memeyan |
pala basa krama adi |
myang kêsamên wilis |
pala gêring pipi lêmu |
miwah pêngudhal bêtang |
pala basa lagi-lagi |
lawan pala parang jaja ing wanudya ||
70. Jawabing pala kasimpar |
myang kapêndhêm kang ginêndhing |
jagung kang rare ugungan |
têbu tandha warêg bukti |
sêmangka minggah ngardi |
timun mênawa andulu |
krai kêpala ngarsa |
waluh kang toyaning tangis |
wohing bêstru anggung dadya mumungsuhan ||
71. Otèk têlasing pêmangan |
pare pamudharing weni |
lombok kang bojoning bapa |
terong ingkang talang kêndhi |
cipir nimpang ningali |
kara kang wiwinih padu |
gudhe pangêpe raga |
kumangi kumudu amrik |
ranti ingkang praptane nora barêngan ||
72. Kimpul ingkang kêlumpukan |
kêtela cêtha ing uni |
kênthang kasuwèn memeyan |
uwi basa krama adi |
gadhung kêkêmbên wilis |
gêmbili gring pipi lêmu |
walur pangudhal bêtang |
suwêg basa lagi-lagi |
pan bêsusu parang jaja ing wanodya ||
73. Kacang pangugêr turangga |
kêdhêle sindhêtêng tali |

- wijèn maju mring priyangga |
kangkung kang prêkutut muni |
bayêm wus mari brangti |
pête kang marga binuntu |
jengkol sinjang kêpelag |
kêmlandhingan kêmbur jurit |
kang kaluwak trênggalung kang tanpa boga ||
74. Kêmiri pangembèt karya |
sumanggi sumêlang ngati |
pucung sêlaning marga |
pacè poyok ngisin-isin |
pakis nora ngrêmbugi |
gundha patrapaning luput |
lumbu sutra rang-rangan |
sambèng pangundang putrèstri |
apan laos wiji èsèl wuwutuhan ||
75. Sang mong-kung praptèng Kauman |
saya kèh rèrekan apik |
kèndêl sakêdhap nèng lawang |
korine Ki Basarodin |
ingukir pinulas sri |
sinungan bale ing ngayun |
kadasan kering kanan |
jrambah pinalêstèr rêsik |
pinarantèn parèrènan (ng)gon asalat ||
76. Bagupon inggil atawang |
darane sadaya putih |
anjêmprah lagya pinakan |
sang sèh tanya mring Nuripin |
lah ta apa puniki |
Ki Panurta dalêmipun |
Nuripin aturira |
dede punika kang kori |
Basarodin pan pangulu wismanira ||
77. Mangke pan wetan punika |
sampun cêlak saking ngriki |
nulya laju lampahira |
arêrasan turut margi |
Nuripin mratelani |
sadaya pitakènipun |
wismane pra sêntana |
kadang kulawangsa sami |
myang sudagar kang sugih-sugih sadaya ||
78. Dene wismane pra kadang |
samy madu rêsa pinggir |
kinarya pangawat-awat |
wêwaton prakosèng tamping |
Suharja wismanèki |
padon lèr kilèn jro dhusun |
Wiradhustha lèr-wetan |

Ki Panuksma pan wismèki |
kidul-kilèn Ki Panamar kidul-wetan ||

79. Wuragil Ki Kulawirya |
wismane cêlak ing kori |
korine (n)jêng kyai ngarsa |
nuntên salêbêting kori |
wismane putra kalih |
Jayèngwèsthi kilènipun |
kang wetan Jayèngraga |
dadya jêng-ajèngan kori |
kilèn wètan lawange kori kinêmbar ||
80. Nulya laju lampahira |
tumingal langêning margi |
sajake padesan harja |
warnane dening mêthuki |
momotan jaran sapi |
kang gègendhong amimikul |
ayom margi tan panas |
dening kitri pinggir margi |
sêntul jêring pring wulung êso lan salam ||
81. Kadhang kapapag jodhangan |
sinamiran srêbèt putih |
asêlur rakit sasrahan |
gumarudug jalu èstri |
anyandhang sarwa adi |
kang anèm birai bêsus |
lakune kalèncèran |
ungkure kapêthuk malih |
ing pangantèn wus wayu wayah sêpasar ||
82. Nuripin akuthawêlan |
andêrmimil turut margi |
jodhangan ingkang kêpapag |
sasrahane Ki Mukidin |
besane lan Nurngali |
inggih sami sughipun |
dene pangantèn luwas |
wetanipun Ki Mukidin |
wisma ingkang kaliwat wau punika ||
83. wontên wong ngriki satunggal |
sughipun anglangkungi |
namanipun Pak Rajiyah |
yèn jêkat êmas sakati |
prandene lir wong miskin |
pangangene kluwuk-kluwuk |
sabuk walulang mêngtah |
udhêng luwas ting saluwir |
padinane pamerane (ng)gih mangkana ||

Jilid 5 - Kaca : 101

84. Yata mulat rare dolan |
 bengkak bikir cirak ubis |
 kang bènthik samya gendhongan |
 gumêdêr wênèh anangis |
 myat tanggapan salirning |
 ambêbarang gambang calung |
 topèng lènggèr myang karucil |
 têbang mena miwah (m)barang ura-ura ||
85. Nuripin lawan sang brangta |
 prapta nataring masigid |
 arêsik rata ajêmbar |
 kitri wuni lan waringin |
 pakèl kawak kawan wit |
 asêm tanjung langkung seyub |
 joge margi prapatan |
 sayah kèh wong myang rarya lit |
 gidrah ramya wênèh janma pêpanahan ||
86. Inggang têgar kikitêran |
 nglarug bêlo ambakali |
 tinêgar ngiras dagangan |
 kang wus mêdêm ngangkat nyirig |
 myang kang lagya angradin |
 (n)jojog congklange linajur |
 amrih rikat adheyan |
 akèh warnaning turanggi |
 inggang kore thokol kêdhu lan kaduwang ||
87. Ki wuragil Kulawirya |
 angêthingkrang anèng kursi |
 sarwi pinikul wong papat |
 ingiring santri rarya lit |
 panakawane ngampil |
 rokok lopak-lopakipun |
 panah endhong gandhewa |
 talêmpak lan payung alit |
 nèng luhuring kursi sarwi ngundha-undha ||
88. Êmprit muluk akalangan |
 ambêblês katon sabibis |
 pêngundhan pinonthang ing mas |
 sêlaka sinilih-asih |
 anulya dènulungi |
 pangundhan êmprite mudhun |
 (ng)gêembrêt mencok pangundhan |
 kang têgar mudhun samya jrih |
 Kulawirya angling têtêgar tutugna ||
89. Nulya êmprite ginusah |
 muluk nuntung ing waringin |
 binarungan rare kathah |
 kang ngundha prit samya êmprit |
 glathik sami gulathik |

Jilid 5 - Kaca : 102

pan sinambi andudulu |
janma kang jêmparingan |
Kulawirya langkung mukti |
sasolahe kadya putra ing nagara ||

90. Nyampinge sarung pelungan |
sabuke pêlangi abrit |
rasukan kuthungan pêthak |
dhêsthar kumbaya kusta brit |
cathokan amêlipit |
pèncèngan sêmadha gêndhung |
gêndhung labêt ugungan |
ingugung mring (n)jêng kiyai |
sasolahe kêrsane nora kêpalang ||
91. Sang onêng aris ngandika |
sintên puniku Nuripin |
nunggang kursi ngundha-undha |
êmprit kadya rare alit |
Nuripin matur bisik |
puniku wuragilipun |
(n)jêng kiyai pan punika |
ladak tan wontên dèn-jrihi |
yèn uninga mring kula lajêng sêmbranan ||
92. Jenggot kula gung sinêbrak |
gur-anggure jèwèr kuping |
pan anyakitakên awak |
mawi enggal nimpang ngriki |
korine Ki Sêmbali |
jumênêng lajêng narutus |
lawang kori piyambak |
piyambak awarni-warni |
kir-ukiran pulasan areka-reka ||
93. Mung undha-usuk kewala |
sajake kori pan sami |
mawi bale parèrènan |
sabên-sabên lawang kori |
padasan anganan kering |
bêgupon inggil lir panggung |
pêksine rupa-rupa |
wontên rêmên dara gambir |
wênèh topong têlampik cêlêp lan megan ||
94. Swarane pêksi ingonan |
dêrkuku putêr ngalap sih |
bèthèt nori jakatuwa |
gêmak jago lan gulathik |
jalak menco sulindhit |
prêkutut panggung munya kung |
cumlêngkung nêng gantangan |
sêmuning desa saari |

Jilid 5 - Kaca : 103

sang mong-wuyung sumêdhot kadhaut ing tyas ||

95. Kêrasèng sêsanarira |
duk maksih muktya nèng nagri |
tumingal harjaning desa |
tan pae lawan nêgari |
randhat lampahe sarwi |
awaspa sinamur-namur |
myarsa gamêlan raras |
salendro myang cara Bali |
ing kang pelog panabuhe lilirihan ||
96. Kang mungêl amung titiga |
gambang rêbab lawan suling |
nora dhompo wilêtira |
sarancak tangkêpe sami |
unine gong ngagêngi |
andule Bima gumuyu |
ngalêp-alêp ngumandhang |
saron imbal ukur jawil |
bême kêndhang sumêntèk irama lamba ||
97. Sang Monêng alon ngandika |
marang sira Ki Nuripin |
dene puniki kang desa |
pamutihan gama sukci |
kêni gamêlan muni |
lah punapa sababipun |
Nuripin aturira |
wontên dene ing kang mawi |
inggih saking (n)Jêng Kyai Bayi Panurta ||
98. Saking agêng maklumira |
kamuktèn tan dênlarangi |
tuwin kasaping pangaji |
sakêdahipun dumugi |
ing sadhusun puniki |
sangkêp panggaotanipun |
mapan wontên sadaya |
dalah dhalang topèng ringgit |
tlèdhèk badhut niyaga sami gigriya ||
99. Mila sangsaya agêmah |
wus kacêluk ing atêbih |
têbih kathah sami prapta |
dhumpil mupangat (n)Jêng Kyai |
Bayi Panurta nênggih |
sabar mèt among amêngku |
mitulung ing apapa |
pêparing mring pêkir miskin |
sadesa pan sami kinulawisudha ||
100. Tan ana sinungan rêngat |
pêradhah ing bojakrami |
rahab abêtah mumulang |

mring awon pênêd gêng-alit |
kang ngalap wulang sami |
sinami talatènipun |
tan ana kang bineda |
mila wong sadesa sami |
ajrih asih anggêpe ambapa biyang ||

Jilid 5 - Kaca : 104

101. Marma wong wisma sangsaya |
kathah wit dhangane mèt melik |
apan sarwa sarwi ana |
lan malih cêlak pasisir |
gampang pambuangnèki |
lamun wong adil tinuku |
mila tiyang sadesa |
tan ana kang kirang bukti |
sawawrate pan sami cêkap sadaya ||
102. Dene Ki Bayi Panurta |
pan wus saengga bupati |
kalangkung mukti-wibawa |
keringan ing kanan kering |
tuwin sagung bupati |
anggêpe ambapa tuhu |
dhasar wus masuk sama |
angalap ing lair batin |
ing kawruhe (n)Jêng Kyai Bayi Panurta ||
103. botên songar samudana |
watêke (n)Jêng Kyai Bayi |
sabên myat tiyang mêlarat |
kacupêtan ing rêjêki |
(n)jêng kyai (m)brêbês-mili |
awêlas nulya tinulung |
paring sandhang balanja |
anggêr tumingal wong miskin |
majadipun punika kyai anggombal ||
104. Prandene wêwah awêwah |
kirang pirsang ingkang mawi |
sang Among-kung lon lingira |
layak puniku kang mawi |
wêlasan ingkang sami |
mring wong nistha kinarya yu |
Jamal Jamil anjawab |
mring Nuripin anakèni |
(ng)gih punapa botên wontên wong durjana ||
105. Dene ronggèng anjêlanah |
wong adol tike waradin |
pakumpulaning wong ala |
Nuripin nauri aris |
wikana kang amawi |
tan wontên jalma lampah dur |
kathah tiyang dursila |

yèn sampun wisma ing ngriki |
pan rahayu ilang dursilaning driya ||

106. Pan makatên kang timbalan |
nênggih (n)Jêng Kiyai Bayi |
sun-dongakkên maring Allah |
sakehe nak putu mami |
(ng)gih muga sinung eling |
cukule budi rahayu |
aywa na dora-cara |
dursila kang laku juti |
malah mandar padha rahaba sêmbahyang ||

107. Limang wêktu kang kawasa |
pirabara yèn nêtêpi |
mung salamête kewala |
atine kang maring bêcik |
sagawe-gawene kaki |
anggêre budi rahayu |
iku jênêng ibadah |
iya panggawe kang bêcik |
nanging kabèh karêpe kudu sêmbahyang ||

108. Sabotênane sêmbahyang |
Jumuah salat ing masjid |
makatên tiyang sadesa |
nadyan talèdhèg (ng)gih sami |
datan maksiyat budi |
Jamal Jamil manthuk-manthuk |
yèn mêtotên utama |
mangunahe kangjêng kyai |
Ki Nuripin ngling (ng)gih inggihane uga ||

Jilid 5 - Kaca : 105

109. (ng)Gih malih kula akandha |
randha Wanamarta ngriki |
nuju sami apêpasar |
mring Sobrah pasare Lêgi |
wong Sobrah angrêmêni |
sangêt kedanan anglamung |
marang randha punika |
ngantos ngêtutkên mariki |
praptèng ngriki tyasipun mantun kedanan ||

110. Nadyan wong durjana miyat |
mêmandung-mandung ing ngriki |
yèn wus malêbêt ing dhadhah |
manahe tan ika-iki |
dumadakan tan anti |
ilang niyate mêmandung |
banjur sanja kewala |
mring wong sanakingsun ngriki |
wus mangkana manahe ing Wanamarta ||

111. Jamal muwus inggih ta lah |
golonganing desa wingit |
tan kêna kambah ing corah |
Jamal Jamil angling malih |
(n)dika kantun nèng ngriki |
sakêdhap kularsa tuku |
kapengin sêga pindhang |
nulya jajan wong kêkalih |
srabi puthu jênang sêga-ramês pindhang ||
112. Athêkul patukon mirah |
wong loro wolulas dhuwit |
mangkana Sèh Amongraga |
laju manêngah samargi |
margi agung ningali |
kathah warnining pandulu |
wong lumampah sêluran |
mendah yèn nujuwa Paing |
suprandene asring nimpang ing pêgagan ||
113. Nuripin matur atêdah |
punika lawange kori |
Jêng Kyai Bayi Panurta |
korine pan tundha katri |
tan wontên kang nyamèni |
inggih pasang rakitipun |
Amongraga tumingal |
nulya maju manjing kori |
kèndêl anèng wisma kampung panangkilan ||
114. Kampung dara-gêpak pelag |
pinipil patra angrêmit |
tumpang-sari pamidhangan |
dhadha pêksi sunduk kili |
singub ingukir apik |
pêngapik lis-lisan alus |
sirap gèndèng bêranang |
wuwung cênthing ukêl pakis |
èmpèr cangcut cukitan dhanyang rurupan ||
115. Umpak cêcandhèn simbaran |
bêbatur dèn-palêstèri |
arêsik kang pêlataran |
kanan kering dèntanêmi |
tanjung kawan wit sisih |
dènpluk gêbyog kêliripun |
gapit bulêt lis-lisan |
kiwa têngên pantok kori |
-nira wetan kilèn samya jêng-ajêngan ||
116. Kori palêngkung rineka |
kaluwung angêbêb warih |
labur ingukir lung-lungan |
undhak-undhakan arisik |

Jilid 5 - Kaca : 106

- kinêmbar-kêmbar rakit |
 kêlir têtung kori ngayun |
 pisan kampung bêlaka |
 lis-lisan pinulas asri |
 sawêtara ingukir cêplok kêmbangan ||
117. Samya sirap gêgêndhengan |
 anggêr sabên lawang-kori |
 kiwa têngêne padasan |
 lawan paregolanèki |
 samya pinipil-pipil |
 pilar myang sasakanipun |
 pipi kupu-tarungan |
 talundhag tambên ingukir |
 myang bêlandar pangêrêt ukir-ukiran ||
118. Kiwa têngên tinanêman |
 sawo jajar kawan sisih |
 gêlyog kêlir pantog lawang |
 -kori têngah tan paeki |
 kêlir kang kilèn kori |
 sawiji lawang palêngkung |
 kêmbang labur pulasan |
 ginapura lit kang kori |
 masjid dhara (ng)gèn têrawèh pra santana ||
119. Mung kadang warga kang ngambah |
 sêmbahyang siyang myang ratri |
 rêsik kinubêng balumbang |
 balumbang mili awêning |
 anjog pangapit kori |
 turut pinggir gêbyog lajur |
 toya asêrewehan |
 tumumpang pasitèn gasik |
 para desa gêng agêng tan mangkana-a ||
120. Dalême Bayi Panurta |
 kang wau kang angyasani |
 kathah bupati utusan |
 paring wragat myang undhagi |
 kadhang mriksa pribadi |
 kang wus samya (m)bapa tuhu |
 miwah para nangkoda |
 ing pasisir samya prapti |
 myang priyayi ngabèi lan putra-putra ||
121. Kang dalêm pandhapa pêcak |
 wolungdasa lambangsari |
 kang kinarya kayu sana |
 bêlandar takir ingukir |
 singub myang dhadha-pêksi |
 sêsaka ingêlis alus |
 bêbatur palêstèran |
 ompak sela pik ingukir |

jagasatru kampung panjang tinalangan ||

122. Kinêkêt lawang paningrat |
ing dalêm gêng tawon buni |
ginandhok-gandhok limasan |
ing ngarsa kori gêng lêmpit |
jandhela krepayak ngapit |
linis panil tangkêpipun |
tritis talang srumbungan |
wuwung labur lis ingukir |
tirahira jêmbangan tutup kinêmbang ||

27 2. Jayèngwèsthi dhatêng ing griyanipun ingkang rayi Jayèngraga, rêrêmbagan bab-bab kasênêngan lan kanikmatan mawarni-warni sinêling dhawuh maos kitab Asmarakandhi dening Jalalodin. Kasusul dhalang Crêmasana suluk kairing gamêlan. Jayèngsari mriksani kitab suluk Kadim tuwin Bayan-maot. Priksa kêmiri ing kanthong bludru Jayèngwèsthi ngèngêtakên ingkang rayi sampun kalajêng-lajêng rêmên dhatêng pêpaesan, langkung prayogi ngudi sampurnaning tekad dhatêng kasidan. ...
kaca 107-115

Jilid 5 - Kaca : 107

123. Buntaring wuwung pinatra |
trap anjênthir ngukêl pakis |
pinulas atuturutan |
pêpayon sinirap sami |
gêndhèng sumringah abrit |
sadaya pagriyanipun |
gêng alit ginêndhèngan |
latar tinanêman kitri |
kang saparik pêlêm gandhik dodol krasak ||
124. Sêngir santog madu basa |
saparik jambu bang putih |
kêlampok arum drêsana |
tumruna sawo saparik |
soring jandhela kitri |
pacar-cina sêkar arum |
jêmbangan gêng ingingonan |
wadêr kok jêlebrah abrit |
sajêmbangan bêranang ngapit paningrat ||
125. Yata wau sang abrangta |
nèng pananggungan alinggih |
Nuripin aris turira |
dalêm kèndêl kula manjing |
ngupaya santri Luci |
badhe kula kèn sung wêruh |
dhatêng Ki Jayèngraga |
yèn botên mring Jayèngwèsthi |
salah siji singa ingkang kapanggih ||
126. Sang mong wingit angandika |
sakêrsanta ngong umiring |
Ki Nuripin sigra mentar |

prapta ing jro angulati |
dangu datan pinanggih |
yata wau kang winuwus |
Jayèngraga nèng wisma |
wismane apik gumrining |
nora gèdhe tan cilik apan sèbêtan ||

127. Lumajang gandhok kampungan |
pèndhapa sami lan wingking |
pêcak sèkêt sasur magak |
singub pinatra arêmit |
blandar serong ingukir |
sunduk kili linis alus |
saka patra patrapan |
ompak cindhèn sela langking |
jrambah batur pinalêstèr jobjobinan ||

128. Èmpèr longkang tinaratak |
ing ngarsa kewala asri |
rinambat anggur ngrêmbaka |
pinarante ginaribig |
alus pinulas apik |
pinarada lung winêngku |
kêtêp gèndhèng tinalang |
cagaking talang ingukir |
kori lèmpit tèbèng patra papêradan ||

129. Ing paningrat bale pelag |
bènèt paradan sêrakit |
kang ing ngriku panêratan |
kilènipun masjid alit |
gumarining rekaning |
rakitnya lir masjid agung |
sakaguru giligan |
dhinanyang kang sunduk kili |
linis bulêd pangimanan mimbar endah ||

Jilid 5 - Kaca : 108

350 Sinom

30. Kiwa têngèning paningrat |
kulah gêng kinêmbang adi |
pinulas-pulas rineka |
ingingonan wadêr abrit |
jlebrah (m)bêranang asri |
gêbyog pagêr kèliripun |
tinurut sêsêkaran |
samyajinêmbangan bêling |
latar kitri sawo lan jambu drêsana ||

131. Wetan pèndhapa gèdhogan |
pêngantèn kudanya kalih |
sawiji kore dhawuk bang |
lan jaragêm margawati |
mangkana Jayèngragi |
kang raka rawuh mærtamu |
têngah anèng pèndhapa |

- Jayèngraga rahi pinggir |
 ingkang èlèr lan kang garwa wurinira ||
132. Sêlir titiga sor ngayap |
 kabèh yu kuning gumrining |
 Jayèngraga ngore rema |
 rema têtès mêtas gunting |
 kalung pasatan putih |
 sarwi (ng)gêbêg tekoniipun |
 mêtacèrèt kalih-kalih |
 ginêbêg ing srêbèt putih |
 apan sarwi udut kalukuk bênggala ||
133. Nyamping kawung latarpêthak |
 paningsêt wungu walulin |
 dhuwung ingampil sêlirnya |
 dhêstar prangrusak kalithik |
 abra mupuk ing nginggil |
 jrih ing raka kurmatipun |
 Jayèngwèsthi alênggah |
 kêlasi batu pribadi |
 nyamping sarung kêmbang Cina kakêlengan ||
134. Apaningsêt gêdhog jênar |
 rasukan jobah sêmbagi |
 biru corak kêmbang tiba |
 arangkêpan takwa putih |
 dhêstar modang aputih |
 sêmada masêm asêmu |
 sarwi ngasta ukiran |
 dèrèng pinacak ing kêris |
 sarwa sêdhêng wangune ginêbêg gilap ||
135. Saosan pateyan ngarsa |
 myang tenongan isi manis |
 lan dhadharan (n)jing-enjingan |
 juwadah ledre surabi |
 gêmblong lèmpèng lan wajik |
 jênang carabikang puthu |
 wedang kopi lan puhan |
 nèng êkan rêjasa putih |
 ulam dhèndhèng bakaran kandêl gêpukan ||
136. Ngayun kantor panuratan |
 myang rekah kitab tan têtih |
 Têpsir-jalalèn lan kitab |
 Sitin Asmrakandhi Pêkih |
 myang Suluk Bayan-mani |
 Suluk Kadim kang tinurun |
 kang ngadhêp ngarsanira |
 santri wasta Jalalodin |
 sing Kalangbrèt warti pènêd swaranira ||

137. Lawan wong masah gandhewa |
nyugu d  d  r nglar-  lari |
j  mparing kinarya lesan |
myang mranggi lagya nyawangi |
kaj  ng timaha k  ndhit |
miwah wong akarya tulup |
lawan kang masah gambang |
dhalang niyaga p  nyuling |
d  n-encokk  n n  ming g  nd  r rarasira ||
138. Kang raka aris ngandika |
mring kang rayi Jay  ngragi |
para iki nora jamak |
ak  h kang sira-dh  m  ni |
tan mambu trah ngulami |
lir wong nagara angkuhmu |
sabarang rin  m  nan |
g  gaman gam  lan muni |
iku rada sathithik c  gahing sarak ||
139. Jay  ngraga aturira |
inggih saw  g par  ng ugi |
sunat pa  sing maksiyat |
kang raka m  s  m nauri |
sunbadhene sir  ki |
mau kaya nora Subuh |
pratandha rambutira |
t  l  s tilase katawis |
Jay  ngraga sarwi gumuj  ng turira ||
140. Nuwun ajrih ing duraka |
bot  n n  dya ang  poti |
ow  l pot w  ktu palilah |
kawula tos-atos y  kti |
t  l  s kula puniki |
inggih bakdanipun Subuh |
Jay  ngw  sthi ngandika |
marang nik  n Rarasati |
apa nyata (m)bok-ipe mangkono ika ||
141. Rarasati aturira |
s  mune w  di awadi |
duka sampeyan punika |
datan sum  r  p ing ratri |
naming gaj  g m  ningi |
d  nnya siram lingsir dalu |
inggih Subuh sak  dhap |
byar enjing asiram malih |
dugi kula angrap  hk  n b  lo anyar ||
142. Kang raka gumuj  ng sarya |
ningali mring Jay  ngragi |
kang rayi gumuj  ng latah |
Jay  ngw  sthi angling malih |
pint  r ipeku iki |

micarèng pasêmon mungguh |
sira sawêngi pisan |
nora turu pijêr nitik |
Rarasati èsmu ngoso pagujêngan ||

143. Lah inggih botên kadosa |
paduka andangu yêkti |
kawula matur pasaja |
wêkasan wong dènpoyoki |
kang raka mèsêm angling |
nora mangkono sun-ngungun |
lèjêmira anyata |
bêlone iku kang êndi |
Rarasati matur ingkang jan-jan jênar ||

144. Cêcalung calon watangan |
pada wadana rêspati |
kuciwa idêp ngusumba |
pandugikula tan kenging |
kacênthok ing kêndhali |
tan wande ngêlangak ambruk |
Jayèngwèsthi dènnira |
gumujêng sarwi nudingi |
mring kang rayi Jayèngraga saya latah ||

Jilid 5 - Kaca : 110

145. Sarwi matur mring kang raka |
paduka punika inggih |
dhatêng (m)bok-cilik duk anyar |
tinumpu ing siyang ratri |
yèn sira gutuk iji |
sring kalingsir wêktunipun |
kula ngantos awêlas |
mring (m)bokayu agung kingkin |
tan milalu maring (m)bok-cilik kewala ||

146. Baya-baya ngur kawula |
kang raka ngandika aris |
lawan sira angur ingwang |
gêr gumuyu sadayèki |
kang ngadhêp anèng ngarsi |
ingampêt jrih guyunipun |
Jayèngwèsthi ngandika |
sarwi angunjuk wedang tih |
sêka ngèndi tekumu têka prayoga ||

147. Kang rayi matur punika |
saking sadhèrèk pasisir |
ki juragan Pak Jumilah |
ing Tandhên kang komuk sugih |
(ng)gènnipun mêlarangi |
Cina prasanakanipun |
Tik Yan Kowan wastanya |
kengingipun dènlambang |

kapal kore lan lapak prabot salaka ||

148. Dene wontênipun kula |
saking pak Rajiyah nguni |
nuju mring Tandhên rêrasan |
pak Jumilah arsa panggih |
dhumatêng (n)jêng kiyai |
agêmêt pitakênipun |
milawang mring kawula |
sumêrêp yèn kula asring |
rêmên têko mila tekone punika ||
149. Kinintunkên pak Rajiyah |
supados katur ing mami |
sarêng kawula uninga |
ing teko bungah tan sipi |
kula dèrèng udani |
kang darbe kadi punika |
teko kaliwat langka |
lêkane kêbak acuri |
kalihdene raosing tèh mindhak eca ||
150. Kang raka mèsêm ngandika |
layak bènêr turmu yayi |
mara cobanên sadhela |
gupuh kang rayi ngladosi |
wedang panas miranti |
cèh cowan amung sasuru |
Rarasati anyandhak |
cèrèt cinurkên aririh |
apan munthuk mêthuthuk kukus angambar ||
151. Wus sinuci cangkirira |
pêthak tutupan sarakit |
kang teko nulya ingasta |
amung amot rong cangkir thil |
gumujêng Jayèngwèsthi |
dene sathithik motipun |
majad pat cangkir ana |
teko dèn-iling-ilingi |
têka nyandhi akêbak nyuri narancang ||
152. Angunjuk wedang tèh cowan |
satêngah cangkir ngling aris |
iya bènêr tuturira |
ngong durung pati paham tih |
beda lawan sirèki |
rasane tèh tan kaliru |
Jayèngraga turira |
inggih kasinggihan ugi |
lamun ical myang pêcah teko kawula ||
153. Têmtu mêdhot tan wedangan |
kang raka gumujêng angling |

Jilid 5 - Kaca : 111

iku thithik rada cêgah |
ujaring wong ahli wirit |
gêgêdhening rasèki |
tan kaya rasane ngèlmu |
tokite mangkonoa |
mutung-mutung marang ngèlmi |
amal lama mrih mêtù mangunahira ||

154. Iya wong iku yèn kaya |
pama pêlêm dodol wangi |
duk lagi kumaropokan |
kêcute anyêmpaluki |
mangsane wus matêng wit |
nèng barongsongan adalu |
rasane asor kelang |
iya yèn mangkono yayi |
yèn lir pêlêm kapodhang kêcut kewala ||

155. Mêntahe matênge padha |
tan pêcat kêcute mêksih |
mangkono upamaneka |
ing wong urip puniki |
kudu angeling-eling |
Jayèngraga matur nuwun |
inggih mugi sagêda |
wulang paduka ing ngèlmi |
Jayèngwèsthi aris malih angandika ||

156. Êndi santrimu kang anyar |
jare bêcik swaranèki |
têrampil amaca kitap |
kang rayi umatur inggih |
pun Jalalodin saking |
Kalangbrèt pinangkanipun |
sawêg wau kewala |
enjing (ng)gèn-kula nimbali |
lah ya mara coba konên maca kitab ||

157. Nulya piningan kitab |
kang Sitin Asmarakandhi |
Jalalodin aturira |
nuwun-nuwun nuhun ajrih |
aywa sira jrih-ajrih |
apan wong talabul ngèlmu |
kudu karena Allah |
pinêksa ki Jalalodin |
dangu-dangu Jalal ature sandika ||

158. Lêkas ta-awut pasêkat |
kir'ate rada patitis |
ulone sêmada sêrak |
(n)dharêdhêg mêrkutuk sêdhil |
agrago sêmu ajrih |
nulya kinèn swara sêru |
sinangêtkên swaranya |

lêkas maca Bismilahi |
arohman nirakimin alkamdulilah ||

159. Sunamiwiti amuja |
muji anêbut namaning |
ing Allahu ingkang murah |
ing donya asih ing akir |
sakèhing puji-puji |
kaduwe Allah kang agung |
rabial ngalamina |
Pangeran ing ngalam kabih |
nulya walngakir batu lilmutakina ||
160. Utawi mujèng akerat |
mulyaning amal kang malih |
paedahe dalêm donya |
tartamtu mring (n)jêng pra nabi |
lan auliya mukimin |
wa salatu wa salamu |
utawi rahmat Allah |
ing tyas mukaranah ajrih |
maring Allah kang cèngèng sumungkêmira ||
161. Ngala Sayidin Mukhamad |
wa alihi wa skabihi |
ingatase nabi kita |
lan sakula-warganèki |
mring sakabatirèki |
khala saekul imamu |
al-ajalu jahada |
ibênu Abinasari |
ibênu Ibrahim asmara-kandhiyan ||
162. Rahmatolah ngalaisam |
têgêse pangandikaning |
wong tuwa kang dadi imam |
kang aran Abulaèsi |
kang anak bin Asari |
Ibrahima Smarakandhiyu |
pan ing sipat Mukhamad |
ingkang sinung rahmat dening |
ing Allahu atasing Nabi Mukhamad ||
163. Massalatun idaika |
laka ing têgêse iki |
lah tatkala tinakonon |
ing sira ma-al imani |
lan kaya pa sirèki |
makulbihi paljuwabu |
mangka ing jawabira |
lapal amantu bilahi |
tangala ing têgêse ngandêl ing Allah ||

Jilid 5 - Kaca : 112

164. Lire pangandêl punika |
 i walmalaikatihî |
 wa kulubihî punika |
 kêlawan wa Rasulihî |
 wal yaomil akirî |
 wal kadri kêrî wa saru |
 tinalahî Tangala |
 swaranèki Jalalodin |
 ambêrabah êrak-êrak rada kiyal ||
165. Yèn masalatun amapan |
 sabuke dipunkêndhoni |
 ambalêdhèh wêtêngira |
 ngangkat masalatun malih |
 swarane dènkêncêngi |
 kêcilikên nora cukup |
 mati pangêlikira |
 lèrèn swara dèn-gêdhèni |
 masalatun wus pakolih ing likira ||
166. Yèn mudhun gêdhe tan nyandhak |
 anggalêrêg ngêlokori |
 ambèthêr gulu gondhokan |
 (m)bêkuh ah èh golèk uni |
 kang sêdhêng gêdhe cilik |
 sruwa judhêl swaranipun |
 rèngkodan sangga-uwang |
 ngiwa-nêngên ngolah-ngalih |
 kèh solahé atimpah-timpuh sêduwa ||
167. Angulèt sêmune wêgah |
 kapriye mangkene ugi |
 sêrête nora kêjamak |
 Jayèngraga ngêndika ris |
 mara lêkasa ngêlik |
 lah antêpên suwaramu |
 Jalalodin anulya |
 pinêksa sangêt angêlik |
 masalatun sru anggêmbor wêdhus domba ||
168. Otote aprakênêngan |
 gulu mêdhok amucicil |
 bathuk irunge (m)bêranang |
 kringêt kumyus (m)brêbêsmili |
 angêdên wangsul wiwit |
 manthuk prêt kapêntut-pêntut |
 gêr ginuyu ing kathah |
 gummyuk-gummyak ih-ih-ihih |
 ahèh ah-ah kapingkêl-pingkêl barêngan ||
169. Niyaga guyu lèh babah |
 nudingi pating têruding |
 Jayèngraga latah-latah |
 nora kaya-a sirèki |

Jilid 5 - Kaca : 113

- kanti kaya wong jurit |
jarene bêcik swaramu |
dene aparongkolan |
ting gèlêthuk tan pakolih |
saya gummyak kang guyu acukakakan ||
170. Ki Jalalodin abiyas |
kêlangkung dènira isin |
sarwi matur inggih ta lah |
sabênipun tan kadyèki |
dugi kula kang mawi |
wontên karsanta tan mêtu |
saya dadya paguywan |
sadaya kang nambut kardi |
bok wus muwus ki santri dhasarmu ala ||
171. Nikèn Rarasati dènnya |
gumujêng tan pati muni |
ragi ewa kêsukêran |
swarane ambalêbêgi |
sêlir tri ting cukikik |
cat-catan samya jrih sêru |
Jayèngwèsthi dènira |
gumujêng ukur gèligik |
sarwi alon angandika mring niyaga ||
172. Lah mara Widilêkasa |
èncokna nême kang êndi |
lèhira anglaras gambang |
gèndèrmu grimingên thithik |
iya jinêman jêngking |
si Crêmasana kang suluk |
sulinge Tunjangkara |
matur sandika anuli |
lêkas ngèlik jinêman jêngking tunjung bang ||
173. Swaraning dhalang alêbda |
ngêntul-êntul wilêtnèki |
gèndèr nyamlêng anyalupak |
suling wratsari abêning |
ginariming gumrining |
Jayèngraga mèlu suluk |
aruntut swara saplak |
amêmbat wilête sami |
kadya êmprit ingundha rêbut tuntungan ||
174. Wus dumugi e layana |
mung sairama nuli wis |
iramaning Sarayuda |
Jayèngwèsthi ngandika ris |
seje rasaning ngati |
ngrungu singir lawan suluk |
pan adoh sêbatira |
sun datan pati nyurupi |

175. Nora pati kaya sira |
dhasar karêm maring gëndhing |
yèn aja wêdiyèng rama |
dalam jogèt sira wasis |
nopèng bêksa rangin |
iya katara solahmu |
Jayèngraga turira |
inggih punika sayêkti |
yèn sampun ajrih rama lawan paduka ||
176. Kalampahan dados dhalang |
lurah cêngkung tukang ringgit |
kang raka mèsêm ngandika |
nulya Nikèn Rarasati |
mring raka matur aris |
sampun siyang wancinipun |
kularsa saos dhahar |
Jayèngwèsthi ngandika ris |
mêngko bae (m)bok ipe sadhela êngkas ||
177. Jayèngraga ngling mring garwa |
lorodèn dhadharan sami |
paringna kang nambut karya |
dèn warata sadayèki |
nulya dipun cariki |
piningkên sadaya wus |
kang samya anèng ngarsa |
Jayèngwèsthi aningali |
marang kang ginarap mring tukang sadaya ||
178. Nulya aningali kitab |
Ibnu Kajar dèn-têmbungi |
pêpêthikan saking kitab |
tutulisane kang rayi |
tinumrap Dhandhang-gêndhis |
lagya angsal tigang pupuh |
linimbang rujukira |
lan babon kitab abêning |
Kajar datan nalimpang mungguh ing murat ||
179. Mindhak dhangan raosing bab |
pan winastan Suluk Kadim |
Jayèngwèsthi lon lingira |
ya wus bènêr iki yayi |
tan ana kang ngoncati |
rasaning murat wus têpung |
nukil ing kitab baka |
ko[k]aranni Suluk Kadim |
tutugêna lan Bayan-maote pisan ||
180. Kang rayi nuwun turira |
inggih paduka idini |

kang mugi angsala sabda |
paduka kawula pundhi |
kang raka anganthuki |
lorogan kantor dinudut |
kathah ingkang jilidan |
korasan kêtas akodhi |
wontên kanthong sawiji baludru abang ||

181. Sinuntak isi dhèrèkan |
ting galundhung tigang rakit |
kêmiri pidak abênan |
lêmpèt conthang lawan gambir |
ambête den ukupi |
kutug sêkar campur bawur |
kang raka èsêmira |
arêndhêt nora kadugi |
Jayèngraga tumungkul nyana kêdukan ||

182. Kang raka alon ngandika |
gèsèh tèmên sira iki |
dudu tabiyat sunatan |
mêngangguran kang tanpa sil |
mung siji iki yayi |
karêpmu ngong nora rêmbug |
lapal jale napsaka |
jaenabil maksiyati |
dudu paès-paèse karena Allah ||

Jilid 5 - Kaca : 115

183. Lan iku paedah apa |
kêmiri pinêtri kadi |
jimat makutha Suleman |
gawe kasliyoning budi |
tabiyat maksiyati |
tanpa mupangat ing ngèlmu |
kang rayi anoraga |
kalangkung dènira ajrih |
arsa matur tan wun dinukan ing raka ||

184. Kang rayi ngaturkên kitab |
maring raka anuwun sih |
supaya ingapuraa |
kitab Markum jilid alit |
Bayan-mani-maoti |
baka tunggil jilidipun |
kang raka rum lingira |
iki prayoga binudi |
sampurnane ing tekad maring kasidan ||

185. Kayata sawiji ayat |
iki al insanu siri |
wa-ana siruhu lirnya |
wal kayatu bila rokin |
insaniyun birakin |
kulu saiin wadahu |

- iku ingakên tunggal |
nanging nora tunggal yayi |
sabab dening akadim kêlawan anyar ||
186. Kadim urip tanpa nyawa |
anyar urip lan nyawèki |
mungguh pangandikaning Hyang |
sinêbut sawiji-wiji |
wahdahu iku yayi |
iya sênêt ing ngalêmbut |
lêmbat-lêmbuting agal |
agal-agaling ngarêmit |
pahuwa ila huwa hêruhu lirnya ||
187. Iya iku iki ika |
dudu iku ika iki |
nanging iya nora liya |
saking iku iya pêsthi |
mangkono iku yayi |
manira durung guguru |
duga-duga kewala |
durung winulang Jêng Kyai |
Jayèngraga lêga myat kang raka lêjar ||
188. Yata wau sang abrangta |
adangu dènira nganti |
Ki Nuripin manjing mêdal |
ngupaya mring santri Luci |
masjid gêng tan pinanggih |
kapanggih nêng masjid mangu |
anulya winartanan |
lingira ki santri Luci |
ing bêcike sira dhewe pêpanggiya ||
189. Kalawan Ki Jayèngraga |
iya tutwurièng mami |
Ki Nuripin saurira |
sakarsanta ngong umiring |
lumampah wong kêkalih |
Jayèngraga wismanipun |
panuju akaliyan |
Jayèngwèsthi aningali |
Suluk Kadim kagyat kalaning tumingal ||
190. Santri Luci kalanira |
kalawan santri Nuripin |
sigra dènira anyapa |
paran karya dene gati |
apa ngutusirèki |
mring (n)jêng kyai dene gupuh |
santri Luci turira |
wiyosipun tur udani |
pan ing jawi wontên wong arsa panggiya ||

191. Inggih dhumatêng paduka |
 puniki abdi Nuripin |
 yêktosipun kang ambêkta |
 Jayèngraga muwus aris |
 marang santri Nuripin |
 santri têka ngêndi iku |
 dene wanuh lan sira |
 Nuripin umatur aris |
 inggih santri punika saking ing Karang ||

28 Sèh Amongraga kapanggih Jayèngwèsthi tuwin Jayèngraga. Rêrêmbagan bab ngèlmu kadosdene anjajagi gègèbênganipun Sèh Amongraga. Sang tamu ananggapi.
 Bab kautamaning ngèlmu punika bilih botên gèsèh kalihan tanggaping kalbu. Soal jawab bab nalika taksih awang-uwung dèrèng wontên bumi langit ing pundi dunungipun Allah.
 Punika kasêbat: "La-takyun-kun".
 Sadèrèngipun: nukat gaib, wilayah, gaibulguyub gaib-uluwiyah, kawontênanipun botên katingal. ...
 kaca 115-132

Jilid 5 - Kaca : 116

350 Sinom

192. Kadosdene santri para |
 tingalipun santri murni |
 awasta Sèh Amongraga |
 duk wingi nèng wisma mami |
 kawula têtakèni |
 akumbi tan pati kudu |
 kêkalih rencangira |
 punika kula tan nyani |
 taksih ngêmu wêwadi botên pasaja ||
193. Jayèngraga angandika |
 mring kang garwa Rarasati |
 wong kabèh kang nambutkarya |
 konên sumingkir kariyin |
 sadandanane sami |
 aywa na ingkang kadulu |
 iku durung amangan |
 padha ingonana sami |
 anèng kampung wingking dènrumat sadaya ||
194. Kang garwa matur sandika |
 liningan kang nambutkardi |
 sigra bubar sami ngiwa |
 galèthèkan dènusungi |
 jumênêng Jayèngwèsthi |
 kinèn nata lampitipun |
 Jayèngraga parentah |
 mring wong rencangira sami |
 angrêsiki kang pandhapa sinaponan ||

195. Luci lan Nuripin gêpah |
tata palênggahan lampit |
kasab alus ginêlaran |
klasa batu wiyar putih |
Jayèngwèsthi ngling aris |
lah (m)bok ipe sira iku |
mundura marang wisma |
angêrtênana cêcawis |
saanane sathithik ingkang prayoga ||
196. Abênêr (ng)gonku samaya |
kaya ana kang inganti |
kang rayi matur sandika |
lumêbèng wisma sêsaji |
raka ngling payo yayi |
konên ngundang dhayohamu |
kowe kene linggiha |
matur sandika kang rayi |
nulya nuduh mring Luci Nuripin agya ||
197. Lah dènaglis aturana |
aywa kasuwèn nèng (n)jawi |
kang liningan sigra mentar |
Nuripin lan santri Luci |
praptèng (n)jawi wus panggih |
santri Luci kagyat (n)dulu |
maring kang wau prapta |
jatmika sêmune wingit |
wus anêrka yèn dudu wong ala-ala ||
198. Luci matur dawêg enggal |
paduka dipunaturi |
inggih dhatêng Jayèngraga |
lan kang raka Jayèngwèsthi |
gupuh kang sinungan ling |
yata Jayèngwèsthi wau |
Luci saungkurira |
angandika mring kang rayi |
kaya-kaya yayi dhayohmu prayoga ||
199. Dene sadurunge prapta |
tyasingsun wus angrujuki |
ki dhayoh santri ing Karang |
badhe amanggutkên ngèlmi |
para dèn ngati-ati |
dhayoh kang sêdya pêpangguh |
mring (n)jêng kiyai bapa |
kang rayi umatur inggih |
lagya èca rarasan Ki Luci prapta ||
200. Matur mangke kadhatêngan |
kerit kèndêl anèng jawi |
lêrês Nuripin turira |
awingit kang badhe prapti |

cahya apindha sasi |
jatmika antêng aluruh |
kados anamur kula |
solah-bawane katawis |
Jayèngraga Jayèngwèsthi sigra mapag ||

201. Jayèngwèsthi lon lingira |
mring kang rayi Rarasati |
ni ipe (m)bokayunira |
Turida konên mariki |
kakuranganirèki |
mundhuta mring (m)bokayumu |
karo angladènana |
sandika ni Rarasati |
santri Luci mit mentar marang ngajêngan ||
202. Jayèngwèsthi Jayèngraga |
dènya amêthuk wus panggih |
sang monêng auluk salam |
agupuh samya nauri |
aris angancarani |
ingaturan gupuh laju |
nèng pandhapa alènggah |
wusnya jawat tangan sami |
lènggah tata Jayèngwèsthi anêmbrama ||
203. Kakang paduka katuran |
sarawuh tuwan nèng ngriki |
sintên kang sinujèng basa |
lawan pundi kang kawingking |
nauri kang sinung ling |
têmbungira manis arum |
kawula saking Karang |
dene kang sudi mastani |
duk nèng Karang wasta Ki Sèh Amongraga ||
204. nênggih kiagêng ing Karang |
ingkang aparing kêkasih |
Jayèngwèsthi aturira |
paran karsanta mariki |
Amongraga nauri |
marma prapta yêktinipun |
kawularsa panggih |
dhumatêng kangjêng kiyai |
lamun parêng yêkti arsa puruita ||
205. Ngrasèhkên kawruh kang nyata |
kapencut kita myarsi |
wartine saking ing Karang |
ramanta sarwa winasis |
marma tan etang mami |
têbih-têbih kita ruruh |
saking kasmaran myarsa |
gumujêng Ki Jayèngwèsthi |

sarya matur mangsa-borong wawarta ||

206. sayêkti tan botên dora |
anênggih rama kiyai |
apan sarwa-sarwi ana |
marma sagung pra dipati |
bang wetan ngalap sami |
mring (n)jêng rama kawruhipun |
tanapi santri têbah |
kathah ingkang sami prapti |
lajêng wisma awis kang purun mantuka ||

Jilid 5 - Kaca : 118

207. Kawula sring darbe sabat |
sutaning para dipati |
sawêg samya mantuk enggal |
tan susah dhatêng kiyai |
pan kawula pribadi |
sayêkti ingkang mumuruk |
wit pakèning (n)jêng rama |
gumujêng Sèh Amongragi |
witming sukur yèn yayi sampun sampurna ||

208. Inggih botên susah-susah |
panggih lan ramanta nênggih |
yata dangu arêrasan |
Jayèngwèsthi ngandika ris |
mring garwa lan kang rayi |
(m)bok ipe sira apa wus |
yèn duwe sasaosan |
bubucu têka sabithi |
ladèkêna sira mau (n)jangan apa ||

209. Turida lon aturira |
mring raka awidik-widik |
inggih kêlan sumapala |
jangan dhusun tan prayogi |
rayinta Rarasati |
kang sêsaji dangunipun |
kêlan jangan nêgara |
Jayèngwèsthi mèsêm angling |
ingkang êndi bedane desa nagara ||

210. Matur jangan padhamara |
jangan dhusun inggih mênir |
lah wis sira ladèkêna |
agupuh kang rayi kalih |
rampadan wus miranti |
sinaosakên ing ngayun |
sabaya sêlirira |
ingkang samya nglêladèni |
sêkul bucu lan pulên pêthak las-lasan ||

211. Nèng panjang giri myang ulam |
pêcêl pitik jangan mênir |

jangan padhamara dhara |
madhêp kang lagya mèmèti |
kilêng-kilêng akinyih |
opor-bèbèk lan bêtutu |
dhèndhèng gorèng gêpukan |
gorèngan kathik gulathik |
èmpal abon dhèndhèng panjêl lan sujènan ||

212. Age rêmpah lan tum-tuman |
kêrupuk bêsêngèk pitik |
sambêl-gorèng sambêl kacang |
lombok kêncêng lawan pêtis |
lalaban kacang cipir |
kêcèmèh têrung lan timun |
bêrambang tempe mêngah |
kêcambah gudhe kêmangi |
kang rampadan sadaya piring lancar ||

213. Wus tinata anèng ngarsa |
Jayèngwèsthi ngandika ris |
inggih suwawi ki raka |
paduka lêkas wêwanging |
payo wisuha yayi |
nulya samya atuturuh |
Jayèngwèsthi lingira |
mring garwa miwah kang rayi |
lah Turida lan Rarasati majuwa ||

Jilid 5 - Kaca : 119

214. Akêmbul buktiya sisan |
ngalap barkahing sang tami |
karana Allah kewala |
ngarah apa wus tan sigi |
ajang tuwungmu êndi |
wisuha karo dimaju |
kang garwa jrih pinêksa |
nulya samya majêng sami |
pan punika rayinta kalihe pisan ||

215. Mugi sampun taha-taha |
ngakên rayi èstri kalih |
sang monêng luntur tyasira |
rinahab datan sinigi |
kumênnyut tyasira sih |
mring Jayèngwèsthi suh rêmpu |
osiking tyas kang muga |
dadya-a jalaraning sih |
nastijaba sawabe kiyagêng Karang ||

216. Sakêdhik radi cawêngah |
akêmbulan dede mukrim |
tinahan ngecani sarak |
nulya lêkas kêmbul bukti |
samyak pikantuk bukti |
sang tamu tan pati antuk |

wêtara mung sasalak |
kalonge sêkul binukti |
kêtuwukên dènya lênggah tan bisa bah ||

217. Dènya nadhah akêmbulan |
Jayèngwèsthi gung anglirik |
mring tamu osiking nala |
sunduga lawas wong iki |
tan kambon ing rijêki |
saking brangtaning ing ngèlmu |
Jayèngwèsthi lingira |
kakang dèn-nêmên abukti |
lah sampun kathah-kathah ingkang pinikir ||
218. Kawula ingkang madhangna |
ribêde pun kakang yêkti |
ing mangke dalu kewala |
kula ambabar sêjati |
sasurasaning ngèlmi |
kang tan tèdhèng gathak-gathuk |
mèsêm Sèh Amongraga |
angalêm sajroning ati |
marang Jayèngwèsthi lawan Jayèngraga ||
219. Wong iki ladak pasaja |
sapolahe amantêsi |
sathithik kakèhan ombak |
ngêgungkên yèn sugih ngèlmi |
mangkana ris nauri |
inggih sampun sangêt tuwuk |
lami kula tan kadya |
punika (ng)gènkula bukti |
sakalangkung pakantuk (ng)gènkula nadhah ||
220. Katêmbèn kula rahaban |
sami akêmbul kèndhuri |
langkung lan takêre saban |
Jayèngwèsthi nauri (ng)gih |
micorèng jroning ati |
iku apa wus togipun |
samono tadhahnèki |
apa samudana lamis |
yèn katoga acicik lir kucing lara ||
221. Lan aja kêmbul lan ingwang |
tan samono krowaknèki |
kalong mung saponngge bajang |
prandene warêg kapati |
kumlêkarên abukti |
batinne tan pati kudu |
saking brangtèng Pangeran |
cahyane sumilak wèning |
matur malih dhuh suwawi kang pakangsal ||

Jilid 5 - Kaca : 120

222. Tansah nyarakkên sumangga |
 Amongraga naur inggih |
 sampun dumugi katêdha |
 kurmatipun yayi kalih |
 tan sagêd amangsuli |
 ingkang sih prananing kalbu |
 Jayèngwèsthi norraga |
 alon muwus mring kang rayi |
 lah Turida Rarasati angloroda ||
223. Iya banjurna kewala |
 carikên marang pawingking |
 mring sabate kakangira |
 wasisan lan Nuripin |
 nulya sami wêwanging |
 linorod kang dhahar sampun |
 binagi wus warata |
 Turida lan Rarasati |
 wusnya têbah barêsih mundur mring wisma ||
224. Arakit saji dhêdharan |
 sinaosakên ing ngarsi |
 sêkul susu kêtan kolak |
 rujak kopyor pisang kuning |
 duryan kalawan manggis |
 pêlêm lan dhuku kapundhung |
 jambu sawo rambutan |
 salak sêmangka kuwèni |
 wus atata dhêdharan andhèr nèng ngarsa ||
225. Jayèngwèsthi ngling sumangga |
 punika pangusap amis |
 Amongraga rum lingira |
 inggih kalangkung ingkang sih |
 sangêt panrimèng-mami |
 nulya mèt sawiji dhuku |
 Jayèngwèsthi mundhut salak |
 satunggil dhinahar manis |
 Jayèngraga cêkoh kokoh kêtan kolak ||
226. Jayèngwèsthi ris ngandika |
 sirèku rada mangani |
 mau (n)bok-warêgi pisan |
 dadi tan mindho-gawèni |
 langkung tawêkalnèki |
 Jayèngraga matur gumuyu |
 inggih kalangkung kêmba |
 yèn mêngtas kawula bukti |
 kêdah nêndha lèlêgi mung kêtan kolak ||
227. Wusnya nutug adhêdharan |
 Jayèngwèsthi ngandika ris |
 mring kang rayi Jayèngraga |
 masjid tatanên kang bécik |
 sira adanna dhangin |

iki sêdhêng waktu Luhur |
Jayèngraga turira |
inggih sampun dènrimati |
ingaturan Sèh Amongraga asalat ||

Jilid 5 - Kaca : 121

228. Wus kering mring masjid salat |
myang Turida Rarasati |
makmum lawan sêlirira |
lan Jamal Jamil Nuripin |
wulu wus dènadanni |
asunat sadayanipun |
Jayèngwèsthi turira |
paduka ingkang ngimami |
Mongraga ngling prayogi yayi kewala ||
229. botên prayogi pun kakang |
kang sêpuh ingkang ngimami |
nulya Ki Sèh Amongraga |
kalihira anglêgani |
sigra majêng ngimami |
mangkana usalli prêlu |
lumawan tumaninah |
nênelakakên kang trêtip |
tutug dènnya salat Luhur bakda salam ||
230. Pêragat puji-pujian |
wusnya dikir donga Luhri |
nulya sêlawat salaman |
lajêng kewala nêng masjid |
Turida Rarasati |
dhêdharan kinèn sumusul |
mring masjid sadayanya |
agêpah kang para sêlir |
samyang angusungi dhêdharan sadaya ||
231. Miwah mawantu nyamikan |
lah-olahan ingkang adi |
Rarasati lan Turida |
tansah ngladèni nêng ngarsi |
gantos wêktu Ngasar-i |
mangkana sabakdanipun |
Jayèngwèsthi turira |
mring Amongraga aririh |
prayogine kakang lajêng mangilèna ||
232. Inggih dhatêng wismakula |
sakêdhap sewang miranti |
yèn sampun kawêradinan |
tamiyan paduka inggih |
lajêng sami umanjing |
saos mring rama wong têlu |
Amongraga anabda |
punapa sakêrsa yayi |

kula ndhèrèk karsane yayi kaliyan ||

233. Jayèngwèsthi lon ngandika |
mring garwa muliha dhingin |
tatanèn anèng paningrat |
lan adhimu Rarasati |
dhêdhaharane iki |
gawanèn ngulon sadarum |
kang kalong sulamana |
lan apa ingkang prayogi |
iya mangsa-bodhowa sira kang rumat ||
234. Kang garwa matur sandika |
nulya mantuk lan kang rayi |
ingiring pra sêlirira |
mangulon sigra arakit |
papan dènnira linggih |
wus miranti sadaya wus |
yata tiga sang wirya |
lumampah mangilèn sami |
nèng paningrat tan pae paèsing wisma ||
235. Reka-rekaning arêngga |
arakit tan nguciwani |
mangkana Sèh Amongraga |
ngaturan lajêng ing panti |
paningrat dènya linggih |
Mongraga raosing kalbu |
kadi tan ngalih (ng)gyannya |
èsmu gumun jroning galih |
dene nora nana siwahe salingsa ||
236. Wus tata dènnira lênggah |
sinambi dhadharan adi |
Ki Nuripin aturira |
kawula anuwun pamit |
mantuk mring wismamami |
mapan ing lampah wus katur |
Jayèngwèsthi ngandika |
sira ywa mulih kariyin |
sesuk yèn wus lumêbu sira muliya ||
237. Karana iku manawa |
dinangu mring (n)jêng kiyai |
ana-a kang matur cêtha |
kakang waune duk prapti |
anèng wismanirèki |
dadya titi paturanmu |
pan nora kêtanggungan |
ngiras ladènana mami |
Ki Nuripin sandika ing aturira ||
238. Tan winarna solahira |
samana pan sampun Mahrib |

Jilid 5 - Kaca : 122

yata nulya minggah salat |
nèng masjidè Jayèngwèsthi |
kang adan Ki Nuripin |
sadaya ngambil hèn wulu |
Rarasati Turida |
miwah parèstri makmumi |
Jamal Jamil Jalalodin samya sunat ||

239. Wusnya sunat pupujian |
astagpirulah halngalim |
minkuli danbin alami |
wa layakpiru dunubi |
ila rabil-alamin |
sang wirya tri sunat sampun |
Amongraga pinêksa |
wau kinèn angimami |
santri Karang mokal lamun tan gambuha ||

351 Gambuh

1. Amongraga amuwus |
wajib kang darbe wisma punika |
angimami ngêmmu kewala ngong yayi |
Jayèngwèsthi turira rum |
botên pun kakang kemawon ||
2. bènêr tan bènêr iku |
wajib pun kakang titiyang sêpuh |
Amongraga mèsêm nauri aririh |
manawi kathah kang luput |
galap tèmah ginaguyon ||
3. Jayèngwèsthi umatur |
inggih kang botên-botên winuwus |
mangke dalu kawula ambabar ngèlmi |
Ki Amongraga gumuyu |
sarwi majêng ngadêg alon ||
4. lajêng usolli parlu |
langkung pasekat ing têngbungipun |
Jayèngwèsthi Jayèngraga wus usolli |
miwah kabèh ingkang makmum |
mulya Amongraga gupoh ||
5. Wus amaca Alkamdu |
awalira Surat Kul ya kayu |
nulya Surat Ida ja-a akirnèki |
ulêming swara amêntul |
kang makmum kabèh andongong ||
6. Jayèngwèsthi lan wau |
Ki Jayèngraga duk myarsa gêtun |
osiking tyas wong iki baya pi-api |
awate bae balilu |

Jilid 5 - Kaca : 123

ngong duga wus putus kawroh ||

7. Kacihna wacanipun |
tumèmbêl bènêr ukaranipun |
Amongraga tumaninahe atrêtib |
tahyat akir iptitaton |
nulya salam nêngên alon ||
8. Asalamu ngalekum |
warahmatulah wa barakatuh |
asaluka alpaoja biljanati |
pataku nasrul islamu |
nulya salam ngiwa alon ||
9. Asalamu ngalekum |
warahmatulah wa barakatuh |
asaluka najata waminari |
wal apwa ngindal kisabu |
bakda salat têngah timpoh ||
10. Gya pupujiyanipun |
langkung rahab sadaya kang makmum |
nulya tutug pupujiyan lajêng dhikir |
wus dhikir andonga rajuk |
Jayèngraga nasib alon ||
11. Ngêlik sêdhêng swara rum |
bèning gumrining alêmpêng êmpuk |
alahuma sali wa salim ngalehi |
pagpirlana warkamnahu |
waliman ya kulu rêko ||
12. Tamat pandonganipun |
nulya salawat salaman wau |
lajêng sunat bakda ngangkat sunat wabin |
tigang salam atêpakur |
pamawasing kang waspaos ||
13. Sampuning dhikir suhul |
amung Pangeran ingkang wus jumbuh |
jumbuh ing dat sipat asma apngalnèki |
pagut napi isbatipun |
ing dalêm kak tan kaledhok ||
14. Wusnya mangkana wau |
wanci manjing wêktu Ngisa-nipun |
nulya Jamal Jamil kinèn angadani |
wus adan sunat sadarum |
Amongraga maksih kinon ||
15. Angimami puniku |
Amongraga mopo pinêksa wus |
laju kewala ngiman nulya usolli |
agya Patekah Alkamdu |

awal surat kang winaos ||

16. Surat Jumungah nêngguh |
nulya Surat Munapèk akiru |
tumaninah trêtibe sarwa utami |
dumugi ing salamipun |
bakda pupujiyan royom ||
17. Dhikirira asêngkut |
wusnya donga ing apêngal lalu |
Jayèngraga tansah berag dènnya nasib |
kang amin rahab kalangkung |
sampuning salat ingkang wong ||
18. Sarta sasalaman wus |
dènnira sunat bakda kang makmum |
nulya mundhun para santri lit-alit |
kantun sang wirya katêlu |
sunat wistir tèsbèh ênggon ||
19. Sampurna tangatipun |
lajêng manggèn kewala nèng tajug |
tata kitri dènnya lèlènggahan sami |
para garwa anèng pungkur |
acadhang yèn ana pakon ||
20. Jamal Jamil akumpul |
lan Nuripin Jalalodin tan wun |
lawan santri-santrine piyambak sami |
Jayèngwèsthi ngandika rum |
marang ing garwanira lon ||
21. Hèh Turida sirèku |
apa wus gawe sêkul sananjung |
matur dèrèng sawêg dipunraratèngi |
sakêdhap êngkas mèh sampun |
dhadharan kang wus mirantos ||
22. Iya saosanamu |
saanane ladèkna kang mungguh |
lan tekone rinta gawanên mariki |
satenongane dèn-gupuh |
kang rayi matur wus saos ||
23. Garwèng rayi agugup |
angladèkkên pateyan nèng ngayun |
sêlir samya anampa dhulang tup saji |
kakarangan praptèng ngayun |
Turida lan rayi gupoh ||
24. Inggang nata ing ngayun |
pisang mas jambu kèlampok arum |
salak pakèl kuwèni durèn lan manggis |
pijêtan dhuku kapundhung |

25. Nanas kêrêtan têbu |
sêmangka jingga kêtela-gantung |
miwah olah-olahan kang adi-adi |
randha-kèli rara-mêndut |
pipis-tuban pipis-kopyor ||
26. Sêmpurna lêmèt pasung |
gantel lêm pêr lan sêmar-tinandhu |
plèrèt gêm pol apan kopyor rujak kawis |
clorot jênang pathi sagu |
juwadah lan jênang dodol ||
27. Wus sumaji sadarum |
mung wing piring lancar kang jêpun |
Jayèngwèsthi alon dènya ngancarani |
suwawi kakang sang bagus |
karana Allah kemawon ||
28. Sang tamu lingnya arum |
sangêt yayi ing panrimaningsun |
botênb sagêt amangsuli gênging kang sih |
kang rayi kalih turipun |
kang botên-botên rinaos ||
29. Kawula pan wus saguh |
amadhangkên kakang ribêdipun |
sêlat-sêlotipun mangke sêdhêng wêngi |
mugi sasambèn rumuhun |
rayinta (ng)gyanipun sugoh ||
30. Nulya samya amundhut |
dhahar dhêdhaharan sakarsanipun |
Amongraga mung pisang mas saulêr thil |
dhinahar nugêl ping pitu |
gutuk tugêl dènya atop ||
31. Jayèngwèsthi ngling kalbu |
nora jamak cicike wong iku |
layak mingkup ususe amung sadami |
mung gêdhang saulêr tuwuk |
dèn-onjot-onjot ing atob ||
32. Jayèngwèsthi tan antuk |
dènya sasambèn nyamikanipun |
Jayèngraga dhahar bikut maratani |
tan winuwus dangunipun |
Jayèngwèsthi lingira lon ||
33. Marang ing garwanipun |
hèh yayi (ng)gonmu angliwêt mau |
liwêt tambra gajihe ayam kêbiri |
pariksanên lamun uwus |

nuli ladèkêna kono ||

34. Gya pinariksa sampun |
rimat sadaya saosanipun |
Ni Turida rêrasan lan Rarasati |
anèng wisma ting kacêmut |
samyang ngungunnira karo ||
35. Turida ris amuwus |
ya talah dhayoh kae kalangkung |
jatmikane aruruh apik acicik |
wong mangkana kae patut |
dadiya pripeyan munggo ||
36. Lawan salaminipun |
Ki Jayèngwèsthi tuwin bojomu |
kadhayohan nora kaya dhayoh iki |
rahabe rakêt sadulur |
nora mambu nêmbè tumon ||
37. Tan ana sisigènipun |
kaya ana kalêthêking kalbu |
bêbatangan bae besuk badhe dadi |
iya paripeyanamu |
Rarasati matur alon ||
38. Inggih kados puniku |
lêrês pêmbatang paduka tuhu |
dugi kula tiyang punika angilmi |
yèn mangke rêrasan ngèlmu |
kula pêthèk sami kawon ||
39. Pun tamu ingkang unggul |
katawis tajêm polatanipun |
sinaguhan sêmunipun wus madhangi |
Turida nauri muwus |
ayake iya mangkono ||
40. Lah payo wis mring ngayun |
ywa kasuwèn yèn sêlak pinundhut |
para sêlir ingirit majêng mring ngarsa |
anampa rampadanipun |
dhêdharan pinire maro ||
41. Bubucu dinok ngayun |
liwêt tambra ngalênga kumênus |
jangan pindhang-sungsum kare cara kaji |
brongkos sambêl-gorèng mangut |
basêngèk pitik lan opor ||
42. Pes-pesan tambra palung |
bêsêngèk angsaran kèlalèn klulung |
gogorèngan bontot burcèt kathik glathik |
johan dêrkuku cuwiyun |

Jilid 5 - Kaca : 126

gangsir êmprit-pêking bondhol ||

43. Dhèndhèng age bêtutu |
êndhog bêkamal pindhang cêrubuk |
babat galêng sêrêgan lan kalak ati |
sajenan kêrupuk-têrung |
srundèng êmpal ragi abon ||
44. Sate pal êmpuk duduh |
lalaban kêrai terong timun |
sambêl lethok lombok kêncêng lawan pêtis |
kêcêmèh lan parewêlut |
têmu poh kacang gêleyor ||
45. Wus sumaos ing ngayun |
kèndêl kang garwa sarwi akêbut |
Jayèngwèsthi alon dènnya ngancarani |
sumangga kakang tuturuh |
lajêng wijk toyèng bokor ||
46. Wusnya wêwanging wau |
kang garwa rayi tan kêna kantun |
samy kêmbul kalima dènnira bukti |
Amongraga pulukipun |
sawohing tanjung kang ijo ||
47. Kinêpêl-kêpêl dangu |
nganti atos bundêr lir binubud |
tinakêra gutuk puluh lan kang rayi |
ulam mung karupuk-têrung |
kang dhinahar lan têtmu poh ||
48. Dènnira dhahar sêkul |
liwêt tambra namung patang jumpat |
langkung tamban pamamahe nganti-anti |
anganti salêmbutipun |
tan akêcap ngêlêt alon ||
49. Jayèngwèsthi andulu |
sasmitanira sinamun-samun |
osiking tyas wong iki dhasare apik |
cicike saking kapatuh |
maune kêrêp ngêlowong ||
50. Nadhah saking kêbutuh |
sunat bae datan pati kudu |
ngur dhèk awan rada kèh kalonge kèdhik |
kalonging sêga kur-ukur |
mung saèndhog ayam cebol ||
51. Jayèngwèsthi arangu |
-rangu dènnya nadhah mung andulu |
lamun kêraos eca dènnira bukti |
sêdhèng bumbune asêngkut |

Jilid 5 - Kaca : 127

myat ing tamu milu këndho ||

52. Jayèngraga asêngkut |
dènya nadhah kokoh cekoh bikut |
rab-uraban myang jangan salin-sumalin |
winratan ulam sadarum |
kanthi kasundhulan antob ||
53. Pan têksih kokohipun |
pêtis rinêmêkan abon rêmus |
Jayèngwèsthi alon muwus mring kang rayi |
êntèkna aja kasusu |
mati pitikmu bêrondhol ||
54. Jayèngraga gumuyu |
ginuyu mring garwa kang (m)bokayu |
pan sadaya dènya nadhah angêntèni |
samana wus samya nutug |
Mongraga kinèn tuturoh ||
55. sarêng dènnira wisuh |
nulya linorod ambêng nèng ngayun |
wus tinampan para sêlir anyariki |
mring pamburi sadaya wus |
Jamal Jamil samya golong ||
56. Dènya nadhah ngathêkul |
Jalalodin Nuripin athêkul |
nora tau mangan lawuh kang kadyèki |
samya angêndhoni sabuk |
mênthêng-mênthêng lambung mêdhok ||
57. Sampun panglorodipun |
dhêdharan malih tinata ngayun |
Jayèngwèsthi ngling sumangga nulak amis |
Mongraga muwus kalangkung |
narimèng sih têkèng batos ||
58. Jayèngwèsthi amundhut |
jêram kêprok binêlah kaujur |
Amongraga mundhut rambutan satunggil |
Jayèngraga sêga susu |
kêtan kolak nora êpot ||
59. Jayèngwèsthi gumuyu |
dene jodhangan sira iku |
bisa mrênahakên ênggon lêgi-lêgi |
kukuh ganjane kêrismu |
kêncêng tan kêna binêthot ||
60. Kang rayi sru gumuyu |
sarwi matur langkung kêmbanipun |
botên mangsêg yèn botên nêdha lêlêgi |
lamun kang olah (m)bokayu |

Jilid 5 - Kaca : 128

sadhengahipun kemawon ||

61. Sagêd dumugi bumbu |
kalêrsan tan wontên kang kadung |
dados kathah eca raosing abukti |
Ki Jayèngwèsthi gumuyu |
pintêr anggênah sireko ||
62. Amongraga amuwus |
inggih lêrês rayinta puniku |
lamun sarwa sêdhêng bumbunipun ugi |
raosing sangêt anuntung |
kaot piyambak sa-ajom ||
63. Jayèngraga gumuyu |
ambodhokkên paduka puniku |
dene lêrês anggènkula amastani |
raka ngling andêlna iku |
olèh babah (ng)gêgêm gacon ||
64. Jayèngwèsthi amuwus |
mring Amongraga wacana arum |
inggih ta lah tan nyana kakang winasis |
tan kêna ngakên balilu |
kacihna (ng)gonne mêm-aos ||
65. Patitis kir'atipun |
alêrês panjang lan cêlakipun |
Amongraga nauri arum amanis |
têtêlat kang wus linuhung |
sayêktine botên enjoh ||
66. Batine mung puniku |
kewala tungkul pan olèh têmbung |
Jayèngwèsthi nauri dene akunci |
angalingi kawruhipun |
tan kenging angakên bodho ||
67. Eca rêrasan dangu |
sinambi dhahar nyênyamikanipun |
sapikantuk dènnira angimbir-imbir |
ngrasakkên raosing ngèlmu |
Mongraga kinarubut ro ||
68. Jayèngwèsthi lon muwus |
Turida sira karo adhimu |
wis tilarên nêng wismanirèki |
nanging ywa sira aturu |
manira lagya têtêlon ||
69. Nuripin bae tunggu |
cèrèt ing anglo dimèn kinêbut |
Kèn Turida mundur lan kèn Rarasati |
Mongraga lêga tyasipun |

Jilid 5 - Kaca : 129

tyas lêjar mari arikoh ||

70. Jayèngraga umatur |
mring Amongraga têmbungira rum |
ngong nunuwun apitakèn kang sayêkti |
kang pundi wujuding ngèlmu |
tan papan tan tulis rêko ||
71. Kula salaminipun |
dèrèng manggih murad kang ginathuk |
ngèlmu kothong tanpa papan tanpa tulis |
mugi paduka sung tuduh |
wujudipun kang samêrngko ||
72. Mongraga mèsêm muwus |
yayi de anèh tèmên puniku |
kang tinakokakên sawujuding ngèlmi |
tanpa papan tulis iku |
kang kothong ingkang tinakon ||
73. Èwêd ngèlmu puniku |
pan sumangga yayi ingkang sêpuh |
Jayèngwèsthi nauri sumangga mugi |
wontêna pituduhipun |
pangudinipun patakon ||
74. Inggih supayanipun |
padhang nêrawang ing manahipun |
pan puniku gégambènipun kang ngèlmi |
kula inggih dèrèng mangguh |
wujuding ngèlmu kang kothong ||
75. Mongraga lingira rum |
langkung utamining ngèlmu wau |
yèn tan gèsèh kalawan tanggaping kalbi |
yèn kaplantrang kêlantrang kêpaung |
lir kinjêng tanpa sotya non ||
76. Dene sajatinipun |
ngèlmu tanpa papan tulis iku |
nènggih Kur'an lan Kitab-kitab sayêkti |
sêmune tanpa sadarum |
puniku pinurih coplok ||
77. Saking jilidanipun |
yèn bisa coplok ngalih ing kalbu |
saunining Kur'an wus apil ing galih |
myang kitab apil kacakup |
cap-lêng coplok wus ngalih (ng)gon ||
78. Kewala anèng kalbu |
kalbu wus wujud ngilmu kang agung |
tan kêna sat tyas wus pangawak jaladri |
mring papan tulis tan ngingus |

Jilid 5 - Kaca : 130

tanpa gawe wus tan kanggo ||

79. Yaya inggih puniku |
ngèlmu tan papan tan tulisipun |
dene ingkang salang suruping tampi |
amangeran dhèwèkipun |
dhèwèke awake bobrok ||
80. Mung ngêngèl-êngèl wuwus |
wuwuse ngaku-aku amêngku |
kang punika kapêlantrang kawruhnèki |
mila kêdah mrih sumurup |
yèn kêsosol dados gecol ||
81. Jayèngraga tumungkul |
tyasira kêkandhangan ing kawruh |
graitane pundhês tan thukul sadêmi |
yèn nêdya mawali kawruh |
malah tyas mindhak cumêplong ||
82. Panarimanya antuk |
wêwatêsan ing kawruh kang luhung |
Jayèngraga ngêgrèpèh umatur aris |
datan anyana saglugud |
coploke ngèlmu ngalih (ng)gon ||
83. Manggon anèng ing kalbu |
inggih sangêt kasinggihanipun |
dèrèng wontên para pandhita kang alim |
ingkang nampurnakkên kawruh |
kang anjarwani mangkono ||
84. Inggang sami têtamtu |
tan kenging nalimpang saking riku |
nênggih wontên tiyang ahli raos angling |
tunggil kang paduka wuwus |
mêngku angaku Hyang Manon ||
85. Sangêt kalêsikipun |
sumangga kakang kula rumuhun |
duk paduka tumiyan Ki Tatasjati |
ing pangraos kula sampun |
ing mangke têmahan cebol ||
86. Jayèngwèsthi amuwus |
mring kang rayi wus manira milu |
ing kawruhe kakangira Amongragi |
wusira ywa ro ing kawruh |
ciptanên nugraha rawoh ||
87. Jayèngwèsthi ausul |
maring Amongragi sualipun |
duk wang-uwung durung ana bumi langit |
Allah nêng ngèndi (ng)gènnipun |

myang duk karya jagad kono ||

88. Langit lan malhipun |
kang thukulan lan gumrêmêt iku |
miwah gunung sagara lan kali-kali |
kang pundi sayêktosipun |
waune lawan samêngko ||
89. Jayèngwèsthi asêngkut |
mathênthêng wadi pitakonipun |
yèn wong tembre-tembre arang kang ngawruhi |
nadyan para kaum-kaum |
kajaba oliya yêktos ||
90. Amongraga duk ngrungu |
têka gumuyu wardayanipun |
patakone apa baya amung iki |
kang binuntêl kang kinandhut |
Mongraga nauri alon ||
91. Mênggah basa puniku |
duk wang-uwung kabèh durung wujud |
bumi langit saisine durung dadi |
punika apan la takyun |
kun ingkang ana ing kono ||
92. Lagi ora puniku |
lan lagi-lagi nanging-nanging kun |
durung-durung nging nokat wilayah gaib |
tri gaib-gaibul guyub |
gaib uluwiyah rêko ||
93. Gaib uluwiyahipun |
gaib tigang prakawis puniku |
pan kalangkung ngèlmu punika arêmit |
kang la takyun muradipun |
kang pèsthi anane linyok ||
94. Kun apan muradipun |
lagi bae tan kêna binêstu |
nokat wilayah gaib punika wingit |
wit tanpa karana iku |
tan ajali pribadi pon ||
95. Gaibul guyub iku |
pèsthi amor tan katon dinulu |
gaib uluwiyah iku kang wus pasthi |
têtêp nêng sajroning limut |
pêtênging pêtêng tan katon ||
96. Gaib uwiyah iku |
mêsthi têtêp nêng papadhangipun |
padhanging apadhang datanpa aling-aling |
nêrantang tan lamuk-lamuk |

97. Punika muradipun |
dene ingkang kak kakekatipun |
sanyatane pun bumi kalawan langit |
langit bumi jatinipun |
bumi ngakal kang sajatos ||
98. Mangka duk wangwungipun |
sadurunge bumi langitipun |
inggih sadèrènge wontên akal budi |
budi kita kang satuhu |
tuhu ananing Hyang Manon ||
99. Anane tan kadulu |
tan kêna yèn dinalih dinulu |
yèn ta dèrèng maujud akal lan budi |
mênêng mung mênêng puniku |
ênêng êning wus pana pon ||
100. Puniku jatinipun |
nyataning nyata kawruh wus pupus |
Jayèngwèsthi tustha manahe kajatin |
kalangkung dènnira ngungun |
sapandurat tan miraos ||
101. Yêktine mung puniku |
kang kinarya gêm salaminipun |
ing têngahe mangke wontên kang jawabi |
kalihe osiking kalbu |
wong iku tuhu kinaot ||
102. Lawan (ng)gonningsun ngandhut |
durung ana kang bènêr salugut |
panjawabe mung wong iki kang patitis |
dalênge kadya balilu |
tan nyana yèn wus sumrowong ||
103. Têka mangkana wau |
kalih osike jro nalanipun |
Amongraga angling malih rum amanis |
dalêm wêdalna sadarum |
kabèh ngèlmu kang kinaot ||
104. Pintên banggi wakingsun |
manawi sagêd ambatang ulun |
Jayèngwèsthi Jayèngraga saurnya ris |
êntèk tan wontên kang kantun |
kang anèng gègèdhongingong ||
105. Sun dugi dèrèng putus |
pun kakang dene pindha balilu |
tan andimpe kalamun sampun linuwih |
Ki Amongraga sumaur |

langkung saking sukur ingong ||

106. Yai (ng)gonnira gunggung |
narima saking sihing Hyang Agung |
kang liningan kalihe suka sêmu jrih |
angling kakang pan satuhu |
botên agunggung ragèng-ngong ||

29 Amongraga nêrangakên bab sarengat, tarekat, hakekat tuwin makripat, dalil, hadis, ijêmak, sidik amanat tablig sarta gêgêbênganipun agami Islam dumugi pucaking ngèlmu kasampurnan. Jayèngwèsthi tuwin Jayèngraga kawêjang ngèlmu raos saengga rumaos cumêplong padhang manahipun. ... kaca 133-137

Jilid 5 - Kaca : 133

351 Gambuh

107. Apan sayêktinipun |
tan wontên lir pun kakang satuhu |
pan wus datan karuhan kang praptèng ngriki |
sawiji tan wontên wêruh |
nênggih poncote kemawon ||
108. Têbih lan kang puniku |
suprandene sadaya tan wêruh |
Amongraga gumuyu nganthètkên malih |
anglambang ing pangawruh |
puniku pan maksih ngadoh ||

352 Kinanthi

1. nênggih basa kang puniku |
sarah sarengating Nabi |
Muhamadinil-mustapa |
wasalalahu ngalèhi |
Mukamad daliling Kur'an |
ing Kadis lawan kudusi ||
2. Ijêmak Kiyas lan Kusus |
paedah kurmat ing Widi |
punika kèdah santosa |
ling-aling gondhèlan dalil |
kang mukarab ngilmu sarak |
ablaku ingkang utami ||
3. Sarengat tarekatipun |
hakekat makripat nênggih |
amot ing dalêm sarengat |
sarengat (ng)goning kèdadin |
wong kang aral bangsa riyah |
mupangat sinung rijêki ||
4. Ngèlmu kakekat puniku |
yèn tilar sarak kasirik |
kasirik kasurang-surang |
kasingkang-singkang kacicing |

ewa punika jamanan |
ing jaman kalih prakawis ||

5. Kang dhingin jaman ngam iku |
lan jaman êkas puniki |
lamun jaman mukmin êngam |
kêdah ngapilakên dalil |
sawirasaning ing kitab |
kêdah paham anglampahi ||

6. Mangunah jalaranipun |
saking apil Dalil Kadis |
ingkang sarta linampahan |
satus parlune tan gingsir |
asihing wêktu palilah |
pasa sêmbahyang angaji ||

7. Puniku wahyuning jamhur |
sarapdin ulama mupid |
jaman ngam-êngam utama |
tumama ing wahyu suci |
socane manusa êngam |
binage nugraha ngadil ||

Jilid 5 - Kaca : 134

8. Dene dalil lan madêlul |
mrih kandêlnya ing ling-aling |
têpakurirèng Hyang Suksma |
dadya tangating ngabêkti |
wajibing Rasul pan tiga |
kang sidik amanat tablig ||

9. Sidik bènêr têngêsipun |
amanat kapracayèki |
tabligh ingandêl têngêsnya |
mokaling Rasul pan katri |
kang gidib kianat kitan |
gidib gorèh têngêsneki ||

10. Kiyanat palacidra dur |
kitman ngumpêt têngêsneki |
punika ingkang supaya |
kawangwang ing siyang ratri |
kabiru mulki gaiban |
agung karatoning gaib ||

11. nênggih basa kang puniku |
pan maksih cêlak puniki |
tan ngangge tèbèng satuma |
galèthèke kang sayêkti |
nyata nyataning nyata |
rayi kalih dèn-bisiki ||

12. Athuk-gathuk adu bathuk |
tumungkul kang rayi kalih |

tyas samya candhang andhandhang |
lir cintaka minta riris |
ris rêrasan ngèlmu rasa |
wus tan na rasaning ngèlmi ||

13. Lire bibisik puniku |
pamêdharing ngèlmu gaib |
kang linarangan ing sarak |
tan kêna kawijil ing ling |
kang wus pupus ngalih titah |
lah puniki yayi kalih ||
14. Yayi mung anèng manêngkung |
antara mung pitung sasi |
mênêng budi mênêng solah |
mênêng nendra mênêng bukti |
mênêng ngucap mênêng (ng)ganda |
mênêng myarsa mênêng mèksi ||
15. Datan ika iki iku |
blêg plêng gêmplung blêng uwus nir |
lowong buntu tan pinangka |
sajroning blêng amung siji |
wiji-wijiling kasidan |
sida aku iya urip ||
16. Wijining wiji puniku |
tumanêm ing pitung sasi |
wijining nukat wilayah |
duryat mêtobat san kamil |
wijining ing kêdadeyan |
asênêt nèng pitung sasi ||
17. Sajroning pitung sasi wuk |
kêmurahaning Hyang Widi |
pan ing dalêm satus dina |
palaling Hyang mratandhani |
thikil wijining oliya |
nurbuwah waliolahi ||
18. Ywa kandhêg pratandhèng ngriku |
lajuning dadi ngadadi |
ing dalêm wus pitung wulan |
utami kang sangang sasi |
jatining wisik tri kêcap |
namung aku iya urip ||
19. Aku tan loro têtêlu |
iya pra sèjèn dumadi |
urip tan kêna ing pêjah |
puniku yayi kang pêsthi |
wêkas-wêkasan kasidan |
sida-sidaning kadadin ||

Jilid 5 - Kaca : 135

20. Awang uwung lan kang ngèlmu |
tanpa papan tanpa tulis |
wus pupus rampung sampurna |
kang buntu ing pitung sasi |
punika mulyaning tekad |
tuwin kamulyaning Widhi ||
21. Pupus palêsthaning kawruh |
wus sampurna thêl kinunci |
tutup wus datan kabuka |
kang mantêp dènnya akunci |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
sarêng myarsa (m)brêbês-mili ||
22. Ngraos tanpa bukti tuwuk |
sêgêr tan anginum warih |
rasa nikmat kanikmatan |
wus padhang dulwèng sawiji |
kalih sarêng ngrangkul pada |
mring Mongraga awotsari ||
23. Sarya ris ing aturipun |
dhuh kakang sadulurmami |
ing dunya praptèng akerat |
manjinga sahabatmami |
ing paduka dening tuwan |
asung padhanging tyasmami ||
24. Jêng rama kang ngukir ulun |
tan angsung ngèlmu ginaib |
tuwan kang têmbene prapta |
mring kawula anètèsi |
ngèlmu kangge akir awal |
marmamba (ng)guguru yêkti ||
25. Tan kumêdhap ing pandulu |
mung tuwan gurungong yêkti |
gumujêng Sèh Amongraga |
sarwi awêcana aris |
muga Hyang anaksènana |
saking karsanira kalih ||
26. Darmi-darmi raganingsun |
nudukhên ngèlmu wit saking |
bêgjaning yayi kalihnya |
saking sih nugrahèng Widhi |
aparing ngèlmu sampurna |
kewala kang dadi margi ||
27. Yata kalih matur nuwun |
tumungkul osiking galih |
sun têtêdha ing Pangeran |
aywa tanggung awakmami |
(ng)goningsun angèstu-pada |

28. Panggiha lawan (m)bokayu |
mugi Hyang gampangna benjing |
wangkaling (m)bokayuningwang |
arsa-a mring wong puniki |
paran malih ingupaya |
pungkasan mung kari iki ||
29. Têka mangkana jro kalbu |
kacatur pan mèh sawêngi |
(ng)gèn agunêm ngèlmu-rasa |
yata sêdhênge samya rib |
Jayèngwèsthi lon ngandika |
marang ki santri Nuripin ||
30. Sira timbalana gupuh |
Nikèn Turida kèn mijil |
kang linilan sigra mentar |
tan dangu kang garwa prapti |
sira mundhuta gêlaran |
kajangsirah ingkang suci ||
31. Kang garwa liningan mundur |
mundhut pasareyan aglis |
tan dangu prapta anampa |
lajêng tinata miranti |
Ire cakêt pangimanan |
klasa batu dèn-gêmbèsi ||
32. Ingukup pan marbuk arum |
kajangsirah têlu alit |
guguling loro kunthingan |
singêp kampuh sêmèn-putih |
wus tata matur ing raka |
Jayèngwèsthi turira ris ||
33. Sumangga wus wanci bangun |
paduka lèlêson arip |
Amongraga rum lingira |
inggih sakalangkung yayi |
ing mangke manawi karsa |
kawula tilêm yèn arip ||
34. Yayi prayogi umangsuk |
ing dalêm asare arip |
Jayèngwèsthi aturira |
kawula kalilan gingsir |
maklum paduka kewala |
kawula mundur ing panti ||
35. Nulya lèngsèr kalhipun |
mring wisma lan Jayèngragi |
praptaning dalêm alênggah |

ngandika mring ingkang rayi |
yayi rasaning tyasingwang |
seje wingi lawan iki ||

36. Kawruh ingkang rungkud-rungkud |
lan kang bundhêt-bundhêt kêlit |
marganing gèsèh rêrasan |
simpangan ing dugi-dugi |
ing saiki wus sinungan |
dêling tan samar ing kapti ||

37. Nora anyana sarambut |
palaling Hyang ingkang prapti |
ginanjar ing kamurahan |
mring sira kalawan mami |
Jayèngraga aturira |
inggih kasinggihan ugi ||

Jilid 5 - Kaca : 137

38. Kawula samantênipun |
sangêt prabedane yêkti |
wau lan sabên ika |
wontên kaotipun ugi |
kawula lawan paduka |
kaot paduka wus sidik ||

39. Kang raka alon amuwus |
ya wus padha uga yayi |
mung kaot bangêt kewala |
ing dalêm jati wus sami |
payo seje winicara |
mungguh Ki Sèh Amongragi ||

40. Yèn wus jênêk ing tyasipun |
nèng kene katur kiyai |
sokur yèn ana karsanya |
(n)Jêng Kyai mring Amongragi |
yèn tan ana prayoganya |
amatur dadiya krami ||

41. Ing bojone lan (m)bokayu |
sira dongakêna mugi |
ilanga budine wangkal |
sokur thukula pribadi |
kang rayi matur noraga |
inggih kados pundi malih ||

42. Nulya ngling mring garwanipun |
myang kang rayi Rarasati |
karone pada wus wêkas |
yèn sira sabên kêpanggih |
lan (m)bokayumu dèn bisa |
supaya lêjar ing kapti ||

43. Kang garwa raywa wot-santun |
wus mangkana Jayèngragi |
pamit kundur mundur ngetan |
kalilan wus lèngsèr mijil |
lan garwa myang sêlirira |
Jayèngwèsthi mungguh guling ||
44. Ki Jayèngraga kang kundur |
rêrêp nèng paningrat jawi |
lindhuk kang rayi cinandhak |
lungayanira pinithing |
pinidih ingaras-aras |
aduh bêgja tèmên mami ||
45. Anêmu kumalaningrum |
campêd sadina sawêngi |
kadya tan panggih sapasar |
duk mring sira masku ari |
kang rayi ngêsah amiwal |
mangke ta sampun pinidih ||
46. Karsane lir wong dèrèng wruh |
dene anyar tèmên iki |
puniku wontên pun Giyah |
si Sikêm lawan si Sati |
dumèh-dumèh yèn pêtêngan |
niku nyengoh aningali ||
47. Kang raka gumujêng nambut |
kang rayi pinondhong aglis |
kang rayi nut karsa raka |
kundur mangetan dèn iring |
ing sêlirira têtiga |
Wagiyah Saikêm Sati ||

30 Sèh Amongraga ngimani solat Subuh, solatipun sakalangkung têtib pantês dados têtuladan, pasugatan tansah lumintu, ucal-ucalan mawarni-warni, nanging dhaharipun Sèh Amongraga namung sakêlangkung sakêdhik. ... kaca 138-145

Jilid 5 - Kaca : 138

352 Kinanthi

48. Kang rayi tansah rinungrum |
kinuswa-kuswa samargi |
wus prapta ing dalêmira |
lajêng tumamèng jinêmrik |
ing dalu tan winursita |
mangkana wus gagat enjing ||
49. Tinabuh bêdhug dhêng Subuh |
Jamal Jamil Jalalodin |
Nuripin atoya kadas |
nulya adan ngalik-alik |
sadaya sami sunatan |

myang santri lir maring masjid ||

50. Araras pujiyanipun |
Amongraga asusuci |
sawusnya siram akadas |
nêlaskên sunat têtêtip |
Jayèngwèsthi prapta kadas |
wusnya ngambil toyastuti ||
51. Sunat kalih rêkangat wus |
anêthêk kinèn ngamati |
Nuripin sigra akamat |
Amongraga angimami |
nulya ngangkat pèrlunira |
takbirira amatitis ||
52. Pasêkat Patekahipun |
êmat kasar tan kalêmpit |
myang sakathahing Patekah |
pipitu kang dènkawruhi |
sawuse maca Patekah |
surat Sujada walnèki ||
53. Surat Kasar akiripun |
bêrukut kèlawan têtib |
tumanêm kang tumaninah |
suci ing tigang prakawis |
suci badan suci lesan |
kaping tiga suci ati ||
54. Kang suci badan lirisun |
salate Sèh Amongragi |
lamun ngadêg sukunira |
bênggange kang sêdhêng kucing |
adêge kèncêng tan owah |
kang kadya adêging alip ||
55. Ana rungon tan rinungu |
ana tingal tan ningali |
ana swara tan dènucape |
anèng ganda tan ngambêti |
ana rasa tan rinasa |
kang tumèmpèl angganèki ||
56. Kang gumrêmêt kumalulur |
kang agatêl cumalêkit |
kabèh tan ana rinasa |
ekraming badan tan osik |
nuju ing lapal Sujadah |
sunating imam nujudi ||
57. Wusing ngadêg nuli rukuk |
tungkuling kang bathuk sami |
sipat dhêngkul lèrêsira |
palêngkuking rukuk nênggih |

kadya êlam ingkang awal |
iktidal adêgirèki ||

Jilid 5 - Kaca : 139

58. Abênêr la-ulanipun |
lan adêge lêngên kalih |
tangan mêgar marêp keblat |
mulya sujud sèlèh rai |
tangan papak lawan sirah |
kadi êlam ingkang akir ||
59. Alungguh suku tumimpuh |
tangan tumumpang ing wêntis |
kadya eke lungguhira |
antaraning sujud kalih |
adêge kunut apêngal |
sucining lesan matitis ||
60. Cêtha ing wêwacanianipun |
utama swarane bêcik |
sucining ati kalawan |
mukaranahira wêning |
mêngkono salat nugraha |
kawase Sèh Amongragi ||
61. (ng)Gènnira asalat Subuh |
andungkap tahyat kang akir |
trêtib samya tumaninah |
tan kasêlan-sêlan dening |
tingkah sajabaning salat |
nulya salam nganan ngering ||
62. Bakda salat lajêngipun |
pupujiyan langkung asri |
adhikir rêmpêg arahab |
wus dhikir andonga Sukril |
tinumpa-tumpa utama |
mrih manpangat ingkang muslim ||
63. Sawusnya pandonganipun |
salawat salaman sami |
uyêl samya ngalap bêrkah |
marang Ki Sèh Amongragi |
santri sadaya wus bubar |
samya mudhun saking masjid ||
64. Sang wirya kalih kang kantun |
têpakur suhul ing dhikir |
tanjèh ing panaulpana |
tan kalingan wus kalingling |
linglung pagut kêjumbuhan |
loro-loroning ngatunggal ||
65. Tan pae paesanipun |
kawula kalawan Gusti |

nèng sajroning kaênêngan |
ênênge onêng kang êning |
paworing tunggal kaanan |
ana-ananing pribadi ||

66. Dènnira suhul bakda wus |
pajar byar Hyang Arka mijil |
lajêng wêktu tangat Loka |
akasut ing pangabêkti |
Loka ing rolas rêkangat |
nêm salam sampun barêsih ||

67. Mangkana sabakdanipun |
sasalaman lan kang rayi |
Jayèngwèsthi aturira |
kados sadalu tan guling |
Amongraga lon lingira |
ingih pikantuk sakêdhik ||

Jilid 5 - Kaca : 140

68. Pan alayap ing alungguh |
gumujêng Ki Jayèngwèsthi |
sarya nging Nuripin sira |
timbangana Jayèngragi |
kang liningan sigra mentar |
nulya Ni Turida prapti ||

69. Anampa dhadharan ngayun |
pateyan lan wedang kopi |
lèmpèng bang juwadah jênang |
puthu-mayang lan surabi |
ledre isèn palèrèt sat |
carabikang abang putih ||

70. Lèmpêr lan sêmar-tinandhu |
bakaran pisang matêng-wit |
gêmblong ulam bêbakaran |
dhèndhèng gèpukan sinapit |
yata Jèyèngraga prapta |
atur salam angabêkti ||

71. Nulya kang rayi tumutur |
angirid rampadan asri |
kang raka nging iku apa |
(m)bok-ipe kang sirairid |
Nikèn Rarasati turnya |
saos dhahar mumpung enjing ||

72. Kang raka gumujêng muwus |
lah ladèkna marang ngarsi |
Nikèn Turida agêpah |
sêkul ulame rinakit |
sinarêng laladènira |
sêkul jajanan mawarni ||

73. Sinaosakên ing ngayun |
 dhadharan pinire marik |
 tinata kang sêkul ulam |
 liwêt angêt sêkul-gurih |
 lêmbaran lan pindhang tambra |
 opor bèbèk bêsngèk pitik ||
74. Myang pepesan tambra palung |
 bothok jambal lawan masin |
 pal puk abon susujènan |
 dhèndhèng age srundèng ragi |
 sambêl lethok lan lalaban |
 lombok kèncêng lawan pêtis ||
75. Cêrubuk kêrupuk-têrung |
 wus tata dènya sêsaji |
 matur sampun mring kang raka |
 Jèngwèsthi ngaturi wijik |
 kêmbul ngawirya titiga |
 wus sira tuturuh wijik ||
76. Wus lêkas nadhah têtêlu |
 sami pakantuk ngabukti |
 Jayèngraga kokoh nadhah |
 kang raka anggung anglirik |
 sinamun dhahar ulam |
 panadhahe Amongragi ||
77. Asêngkut ragi pikantuk |
 lawan sabêne kèh iki |
 kêpêlipun sawidara |
 pinidih kongsi angintip |
 sarwi tamban dènya nadhah |
 pêmamahira aririh ||
78. Karsa mêtatani lawuh |
 nyapisan ukur nyasuwir |
 yèn ulam tan mawi sêga |
 yèn sêkul tan mawi daging |
 sabên dhahar sapulukan |
 gutuk pit atob kikinthil ||
79. Kantun sakêpêl adangu |
 kinêpêl kewala nganti |
 nganti mring rayi kalihnya |
 pikantuk dènnira bukti |
 dhasar sadaya tan nendra |
 Jangwèsthi micarèng ati ||
80. Iku drêmbe drêmbanipun |
 dene gèlêm maratani |
 angambil kang ulam-ulam |
 nyajimpit lir wong icip-icip |
 krowaking sêkul samana |

Jilid 5 - Kaca : 141

sabithining bocah bayi ||

81. Atobe bae (n)dhêrudhut |
wit muluk atob ping kalih |
tyasira karaos lêpat |
duk kêmbul kalih kang èstri |
Ki Amongraga tan rêna |
mangkana osiking galih ||
82. Wasana alon umatur |
sumangga ingkang dumugi |
Mongraga nauri sabda |
inggih yayi wus dumugi |
anulya samya wijikan |
ambêng linorod cinarik ||
83. Sêkul lorodan wus dinum |
wêrata jalu lan èstri |
Jamal Jamil tinuwukan |
pan Nuripin Jalalodin |
dhêdharan tinata ngarsa |
wêtah pan dèrèng dinimik ||
84. Jayèngwèsthi lon umatur |
sumangga punika manis |
Amongraga lon lingira |
atobe dadya pangarsi |
inggih sangêt ing panrima |
mung wedang satêngah cangkir ||
85. Jayèngwèsthi mundhut timun |
watang mung sairis tipis |
lah ta payo Jayèngraga |
mara sunbadhe sirèki |
badhe kang abot kewala |
juwadah jênang surabi ||
86. Kang rayi suka gumuyu |
inggih pan amung surabi |
kang raka ngling jarku apa |
kêna tèmên dènaranni |
anutug dhahar nyamikan |
yata ingkang rayi kalih ||
87. Jayèngwèsthi lon umatur |
mring raka Sèh Amongraga |
paran ing ngarsa paduka |
punapa nuntên apanggih |
inggih kalawan (n)jêng rama |
Amongraga mojar aris ||
88. Kewala dhatêng anurut |
punapa kang karsa inggih |
yèn èstu pinanggihêna |
lan ramanta sunumiring |

yèn kinèn kèndêl sumangga |
ing rèhira sunturuti ||

89. Jayèngwèsthi lon umatur |
inggih prayogi pinanggih |
dhumatêng kiyai bapa |
mila kang wau turmami |
yèn tuwan kasora mring wang |
pêsthi pun-andhêg nèng ngriki ||

Jilid 5 - Kaca : 142

90. Lan (n)jêng rama yêktinipun |
mangke têtah awakmami |
kasor lan tuwan atêtah |
lajêng ganjar ngèlmu gaib |
dadya mangke raganingwang |
mring paduka wus ambalik ||

91. Pambadhe kulangge sawung |
mênggah mring rama (n)jêng kyai |
gumuyu Sèh Amongraga |
tan anêdya awakmami |
mring (n)jêng kyai amungsuha |
nêdya (ng)guru yèn marêngi ||

92. Kadarmanira kang wau |
marma nis prapta ing riki |
wus kasêdyèng puruita |
dhumatêng ramanta nênggih |
ngrasèhkên ngèlmu kang nyata |
gumujêng Ki Jayèngwèsthi ||

93. Sarya ris dènnira matur |
katerna ngong atur uning |
inggih dhatêng kangjêng rama |
yatanggal dènnya lumaris |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
kêtiga santri Nuripin ||

94. Sèh Amongraga kang kantun |
nahên ta ingkang lumaris |
kocapa kang anèng langgar |
kang lagya mumulang santri |
sira Ki Bayi Panutra |
duk lênggah nèng masjid alit ||

95. Mumulang ing para putu |
miwah kaponakan sami |
tan wontên santri kang liyan |
dene santri anggung sami |
ngaji anèng masjid bêsar |
ingkang mulang para kêtib ||

96. Tuwin santri agung-agung |
pra samya ngrasèhkên ngèlmi |

nênggih lawan kancanira |
nahên ta Kiyai Bayi |
lan kang garwa sami mulang |
Kur'an atanapi Têpsir ||

97. Marang para anak putu |
tan wontên kang alyan santri |
Tambangraras tumut mulang |
sinjange cawèni putih |
kêmbêne gadhung walaka |
rasukan sêmbagi kuning ||

98. Kalpikèng kalih amurub |
samyã barleyan nèng jênthik |
asêngkang cêmêng kewala |
barleyan panunggul sami |
gumêbyar anèng wadana |
kadya mêtshotêna galih ||

353 Mêgatruh

1. Sêrawungan lan Kèn Raras cahyanipun |
nèng wadana ling sisiring |
lan sorote netra barung |
kuwung rêbut paran sami |
buburon aliru ênggon ||

Jilid 5 - Kaca : 143

2. Tangèh lamun rinêngga kusuma ayu |
tuhu musthikaning bumi |
jatmika antêng aruruh |
graitèng sêmu awingit |
dhasar wus limpat ing kawroh ||

3. Nanging têbih sang rêtna ningali kakung |
nênggih wit dènnira saking |
subrangta karêm ing ngèlmu |
ngupaya kakung prayogi |
ingkang wus putus ing kawroh ||

4. Lan nêngênkên sang dyah wirasating kakung |
ing rapli lawan maknawi |
marma nguni akèh rawuh |
satriya para ngulami |
sang dyah myat tan wontên condhong ||

5. Saking dening tan kalbèng wirasatipun |
kang kenging dipun-gondhèli |
ing awal lan akiripun |
sang dyah langkung apiknèki |
nging gawat tan ana wêroh ||

6. Gawatira sajroning tyas karsanipun |
besuk ingsun karsa laki |
manawa wontên wong kakung |
gung kang ngèlmu sih ing èstri |

kang tan karêm mring wong wadon ||

7. Nikèn rara yèn ningali mring wong kakung |
kadya ningali wong baring |
wa-ewa sukêr andulu |
pangraose kadya najis |
sêngit mring wong lanang dhayoh ||
8. Lamun maring sêntana myang kang wus wawuh |
lir ningali rare bènthik |
tan mantra-mantra salêmut |
jroning sare nora ngimpi |
sajêge duk maksih beyong ||
9. Kongsu mendra-mendra malah lungse sêpuh |
tan ana birainèki |
mung birai maring ngèlmu |
bantase mring Dalil Kadis |
paham ing Kur'an kinaot ||
10. Pan wus inggil sang rara pangraosipun |
ngungkuli kang rayi kalih |
ngaji Têpsir agung-agung |
Têpsir Bahwi-baelawi |
Jalalèn murat wus awroh ||
11. Lawan kitab gêng-agêng sampun kacukup |
tan ana bab kang kalêmpit |
ngungkuli kaum pangulu |
pambudining Dalil Kadis |
lapal makna murat raos ||
12. Sabobote èstri pan sampun linuhung |
nanging tan kawêntar ahli |
sabab tan watak (n)dédarus |
mring kaum myang santri-santri |
ukur mring kang rayi karo ||
13. Asring kandhah kang rayi ing kawruhipun |
jomblahé madlul lan Dalil |
Ijêmak Kiyas wus putus |
nanging raosing kang galih |
tyasnya kadho dèrèng manggon ||
14. Mung cêcandhang manawa na sin Hyang Agung |
pining guru kang yêkti |
ingumpêd datan kawuwus |
sangêt dènnira akunci |
mung pasrah marang Hyang Manon ||
15. Nadyan ibu tuwin rama datan wêruh |
nênggih kang basa puniki |
ing karsane sang dyah ayu |
kalangkung dènnira wingit |

Jilid 5 - Kaca : 144

(ng)gyan nutupi tan mêrojol ||

16. Marma ingkang rama kêlangkung angugung |
dhasar putrèstri sawiji |
wasis sabarang ing kawruh |
yata samana Ki Bayi |
kagyat wau dènnira non ||
17. Duk praptaning kang putra kalih nèng ngayun |
Jayèngraga Jayèngwèsthi |
anulya sinapa gupuh |
ana karyanira kalih |
gati praptèng ngarsaningong ||
18. Ingkang putra tur sêmbah alon umatur |
kawula atur udani |
ing jawi wontên têtamu |
arsa marak tuwan inggih |
dalusipêng wismaningong ||
19. Santri têbih saking Karang wismanipun |
taruna langkung apêkik |
jatmika wingit asêmu |
cahyanya amindha sasi |
ing pandugiulun kados ||
20. Dede wijiling ngalit katarèng sêmu |
manis têmbunge matitis |
kawistarèng tindak tanduk |
mèsêm sira Kyai Bayi |
myarsa ture putra karo ||
21. Yèn mangkana timbalana ngarsaningsun |
pan ingsun arsa udani |
warnane kang sira gunggung |
lan apa ing mau ratri |
wus kabrengkal ingkang kawroh ||
22. Kothonge lan anane ing isènipun |
kang putra matur wot-sari |
sampun kaculik ing dalu |
lan amba taksih pradondi |
dèrèng wontên ingkang kawon ||
23. Ulun lan ing ngrika taksih salang surup |
Ki Bayi gumuyu (m)bêlik |
apa tan ko(k)-culik iku |
iya bangsa ingkang iki |
pupungkasan kang saking ngong ||
24. Ingkang putra nêmbah aris aturipun |
pan kawula bèbèr nanging |
ing ngrika pan botên ayun |
ingaran taksih atêbih |

Jilid 5 - Kaca : 145

winastan limbang kemawon ||

25. Kang akarya punika pundi (ng)gènnipun |
lan malêbêt kang nêng langit |
inggih pintên cacahipun |
amba pan dèrèng udani |
tuwan dèrèng mulang ingong ||
26. Mila amba tinakènan mingak-minguk |
kang rama gumuyu malih |
sarêng miyarsa turipun |
wusana ngandika aris |
basakêna sira karo ||
27. Têka kêngawokan basa kang puniku |
sunduga dhayohirèki |
gêgamane iya namung |
kang binuntêl saking Kawis |
kinarya mêdèni cebong ||
28. Ingkang putra kalih aris aturipun |
paduka dèn-ngati-ati |
mêmêdosi ingkang tamu |
yèn kasor ngisin-isini |
paduka pan sampun kalok ||
29. Satêmahe kasor mring santri angunthul |
mindhak nawarkên kang wingking |
kang rama angling gumuyu |
tuturmu dhayohirèki |
sadurunge ingsun wêroh ||
30. Êmbuh kasor ingong lawan unggulipun |
ing tyasingong lêgawa sih |
yèn unggul sun lila muruk |
lamun kasor ngong minta sih |
raosing tyas anêrontong ||
31. Akèh tamu kang brêngga rowa ing kawruh |
tan nêdya ingsun praduli |
sêmuning dhayoh rumujuk |
payo timbalana aglis |
manira pan arsa wêroh ||
32. Nikèn Rara Tambangraras nambung wuwus |
ngandika marang kang rayi |
thole dhayohira iku |
têkane marene yayi |
apa dhasar (m)barang obrol ||

31 Sèh Amongraga kasowanakên dhatêng Ki Bayi Panurta ingkang pinuju wontên ing langgar mucal ngaos; putra putrinipun Nikèn Tambangraras ingkang sulistya rinêngga ing busana, nanging têbih dhatêng priya, ugi mucal ngaos ing langgar wau. Bapa tuwin putra putri sami dèrèng pitados dhatêng kalangkunganipun Sèh Amongraga sanadyan santri asal Karang ing tanah

Bantên.

Ki Bayi Panurta manggihi Sèh Amongraga. Nyai Malarsih garwanipun Ki Bayi kadhawuhan tumut manggihi tamu wau.

Nikèn Tambangraras nginjên saking sawingkinging gêbyog, sumêrap tamu ingkang susila anoraga angrêsêpakên, ing batos kapranan, kados-kados sandika nglampahi dados jatukramanipun. ...

kaca 146-148

Jilid 5 - Kaca : 146

353 Mêgatruh

33. Lakar arsa ngayoni jêng rama iku |
dupèh-dupèh santri Kawis |
paran tan adol pangrungu |
yèn (n)jêng rama kalok saking |
ing tanah kang adoh-adoh ||
34. Liwat saking kumaki kang prapta itu |
kang rayi umatur aris |
kakangbok sayêktosipun |
botên anggungung wakmami |
sayêktinipun kakangbok ||
35. Kula kangbok mring têtamu sampun kêthur |
tan kenging dipunêtohi |
punika upaminipun |
pun adhi kêlawan mami |
sami ambênce kemawon ||
36. Sayêktose iba ta ing kathahipun |
ngulama kang praptèng ngriki |
pungkas dening kula sampun |
tan susah kunjuk kiyai |
pan punika raganingong ||
37. Ngraos kasor marmènggal ngaturi wêruh |
dhatêng ing rama (ng)jêng kyai |
mèsêm kang raka sang ayu |
ana karasa ing ngati |
myarsa ture yayi karo ||
38. Sajroning tyas baya-a ageya wêruh |
paranta warnanirèki |
ingkang ambêbarang ngèlmu |
kang rama angkatag malih |
marang ingkang putra karo ||
39. Payo enggal timbalana ngarsaningsun |
trêngginas kang putra kalih |
tan na dangu nulya pangguh |
Amongraga dèndhawuhi |
ingandikan rama gupoh ||
40. Yata enggal Sèh Amongraga tut pungkur |
wau ta Kiyai Bayi |
maksih lênggah ngèmpèr tajug |

anak putu ingkang ngaji |
wus kinèn bubar gumuroh ||

41. Nikèn rara malbèng wisma lan kang ibu |
ngrakit sêdhah woh lan malih |
sadhiya sugatanipun |
yata Amongraga prapti |
ingirid kang putra karo ||
42. sarêng prapta Ki Bayi kurmat tumurun |
ngurmati kang wau prapti |
kasmaran tumrap ing tamu |
ing solah jatmika wingit |
lan cahyanipun mancorong ||

Jilid 5 - Kaca : 147

354 Asmaradana

1. Sèh Amongraga nulya glis |
tur sêmbah angaras-pada |
Bayi Panurta ge-age |
(ng)gènnira anyandhak asta |
sigra binêkta lênggah |
wus tata dènnira lungguh |
putra kalih jajarira ||
2. Ki Bayi rêsêp ing galih |
ningali têtamunira |
jatismika wingit sêmune |
pan ora angumbar tingal |
tumungkul dènnya lênggah |
Ki Bayi awlas andulu |
angartika jroning nala ||
3. Wong iki sêmune lantip |
nanging tan kêtarèng netra |
awadi ing pasêmone |
sunwêtara ing duduga |
dudu wong padarakan |
pantês wijiling amêngku |
solahbawane katara ||
4. Têka mangkana ing galih |
dangune dènnya amawas |
wusana ngandika alon |
anak teja sulaksana |
ujare santri Karang |
apa ta Karang ing dhusun |
apa Karang Kaagêngan ||
5. Tur sêmbah kang sinung angling |
yêktos Karang Kaagêngan |
nanging santri lit kemawon |
marmamba marêg ing tuwan |
sumêdya puruita |
arsa angrasèhkên ngilmu |

saking ing ribêtkawula ||

6. Tiyang sêpuh anilari |
 ing ngèlmu kasêlak pêjah |
 dèrèng uninga surupe |
 duk nèng Karang pan kawula |
 takèn kang wus utama |
 tuwin dhatêng kyai guru |
 manah amba dèrèng padhang ||

7. Marmamba anumpal-kèli |
 sowan dhatêng ing paduka |
 Ki Bayi (ng)guguk guyune |
 sarêng miyarsa turira |
 aris wijiling sabda |
 dene ing Karang ta kulup |
 ênggonne wong kang utama ||

8. Kawula malih wakmami |
 iya lamun kadugiya |
 kajaba tungtunan bae |
 pirabara yèn pun bapa |
 bisa amadhangêna |
 ing ruwêde tyasirèku |
 langkung saking bêgjanira ||

9. Nuwun ingkang sinung angling |
 Ki Bayi sigra angatak |
 mring santri Luci pan kinèn |
 amanggih ing rabinira |
 lan samêktaning gantyan |
 trêngginas ingkang ingutus |
 malbèng wisma wus apanggya ||

10. Lan garwa wus dèndhawuhi |
 mring santri Luci trêngginas |
 Luci ambêkta gantènne |
 sapraptaning masjid lênggah |
 anèng keringing raka |
 gantyanira apan sampun |
 sinaosakèn ing ngarsa ||

11. Ki Bayi wacanèng rabi |
 nyai sira bagèkêna |
 mring anakingong akiye |
 sangêt arêsêp tumingal |
 marang atmajanira |
 mèh uga ingsun andulu |
 lawan karo anakira ||

12. Kang garwa angancarani |
 anak andika ngaturan |
 pan inggih ing sarawuhe |
 Mongraga nuwun turira |

Jilid 5 - Kaca : 148

- langkung kalinggamurda |
saking sih ingkang dhumawuh |
anampar ing kawlasarsa ||
13. Lir pinêthot ingkang galih |
sira (m)bok Bayi Panurta |
srêng miyarsa ature |
manahira gogolongan |
kêdadak trêsnanira |
ya (ng)gèn rêrasan dangu |
kocapa Kèn Tambangraras ||
14. Adangu dènnira ngintip |
anèng gribiging pandhapa |
kang nèng nglanggar nglela bae |
katon salir solahira |
yata kusuma rara |
ana karasa ing kalbu |
kaya wus karsaning Sukma ||
15. Yèn badhe ajatukrami |
yata dyah osiking nala |
dene amèncês wong kiye |
pasang sêmune pasaja |
bênêr riningsun samya |
pangalême mring wong iku |
ki dalêm kang lagi prapta ||
16. Angêntèk tèmên wong iki |
pirasate tan angetang |
ingong têtêdha ki dhayoh |
nglêgakna galihe rama |
mugi rama tulusa |
asihe ing dalêm iku |
ingkang sêmune jatmika ||
17. Pirabarane tan ugi |
ana sih ganjaraning Hyang |
raganingong salawase |
sakèh ingkang sami prapta |
angguguyu maring wang |
tyasingsun nora salugud |
tan pisan niyata krama ||
18. Mung (n)dulu ki dalêm iki |
gêmpal raosing wardaya |
upamane raganingong |
tinari pinaringêna |
marang ki dalêm ika |
pirabarane katèngsun |
yèn purun anglakonana ||
19. Têka mangkana jro ati |
sang rara angêmu waspa |
dadya rongèh sasolahe |

samitane palaling Hyang |
marang Kèn Tambangraras |
jodho ngawal ngakiripun |
yata kang eca pinarak ||

32 Sasampunipun sami solat lan dhahar kêmbul, Ki Bayi Panurta rêraosan bab ngèlmu kalihan Sèh Amongraga. Bab curiga manjing rangka; rangka manjing curiga; wardinipun malaekat, nabi, wali, mukmin kas, cahya, mukjijat mangunah, kramat sadaya wontên ing badan.
Ki Bayi Panurta kawêjang dening Sèh Amongraga bab gaibipun Gusti Allah saengga padhang tarawangan manahipun, paham sawarnining alam: kamil, misal, ajêsan, alam arwah. Ki Bayi Panurta rumaos kaluhuran dening Sèh Amongraga saengga nangis sêsênggukan. Sadaya wêjangan botên kenging tumrap Nyi Malarsih, semahipun Ki Bayi. Nikèn Tambangraras tuwin ibunipun sarta cèthi abdinipun wasta Cênthini sami nginjên, mila sumêrap sadaya lampah-lampahing wêjangan. ...
kaca 162-165

Jilid 5 - Kaca : 149

20. Nèng langgar yata Ki Bayi |
angatak ing rabinira |
nyai dene kongsi kasèp |
apa nora kasugata |
kang garwa aturira |
inggih sadangune sampun |
ngantosi kang pangandika ||
21. Bayi Panurta nganthuki |
ni rubiyah sigra mentar |
maring wisma ngrakit age |
sawarnine kang sugata |
sêkul ulam nyamikan |
mawarna ulamanipun |
tumrap nèng piring rampadan ||
22. Dhaharan mawarni-warni |
nèng piring jêpun lancar |
samêkta nèng jodhang warèng |
kang putra Kèn Tambangraras |
wau tumut anata |
wusnya winêdalkên gupuh |
santri Luci kang ngrarampa ||
23. Kalawan santri Nuripin |
sapraptaning anèng langgar |
pan lajêng sinaosake |
sêkul pêthak las wêtahan |
nèng panjang giri pradan |
jangan kluwih siptanipun |
kinêla asêm pêdhêsan ||
24. Bêtutu bêsêngèk pitik |
dhèndhèng gêpukan gorèngan |
êmpal ragi dhèndhèng age |
dhèndhèng panjèn lan sujènan |

babad galêng sêrêgan |
por bèbèk pès-pèsan palung |
rêmpah sidhat bothok jambal ||

25. Gorèngan kathik gulathik |
lidhah ati lawan limpa |
brongkos lan sambêl-gorènge |
sambêl-kêmiri lan kacang |
tur gadhon caplok dadar |
abon lan kêrupuk-têrung |
lombok kêncêng pêtis banyar ||
26. Lalahan kacang kêrai |
terong kêcipir lan kara |
kunci lêmpuyang têmu poh |
wus samêkta anèng ngarsa |
sira Bayi Panurta |
nulya nyarakkên mring tamu |
anuwun kang sinung ujar ||
27. Nulya lêkas awawanting |
dhahar akêmbul wong tiga |
Ki Bayi saambêng dhewe |
gadhah lawan ingkang garwa |
nutug dènnira dhahar |
Mongraga kapêksa tuwuk |
ngecani sarak mamèt tyas ||
28. Akokoh jangan sakêdhik |
imbuh sêkul sakaluwak |
adangu dèn onjot-onjot |
tan dhahar ulam mung jangan |
kewala lan lalaban |
têmu poh sadangunipun |
angantu dènnya luwaran ||
29. Angampêt atobe ririh |
Ki Bayi micarèng nala |
wong iki apa dhasare |
apa gawe samudana |
pasang sêmune wanda |
tan duwe watak kumlungkung |
gajêg watake prasaja ||
30. Nora mangan kêlah-kêlih |
mung jangan kang kinokohan |
kalonge sêga sapungge |
kaya wus lantih nastapa |
yata dènnira dhahar |
wus nutug linorot gupuh |
pinaringkên panakawan ||
31. Nulya dhadharan mangarsi |
pisang mas samangka jingga |

Jilid 5 - Kaca : 150

- jambu bang putih jruk kêprok |
 pêlêm salak lan rambutan |
 manggis kalawan duryan |
 kang nangka kapundhung dhuku |
 srikaya juwadah jênang ||
32. Kêtan-kolak lawan pipis |
 tuban bantalan sêmpurna |
 randhakèli kèci lêmèt |
 lêm pêr pasung tape mayang |
 êbrêm cucur rêngginang |
 mêngdut lan sêmar-tinandhu |
 cariping tumpêng walangan ||
33. Wus tata kêbêg nêng ngarsi |
 Ki Bayi lon anglingira |
 payo anggèr saanane |
 supaya dadya pangusap |
 aywa ataha-taha |
 kang liningan matur nuwun |
 kapundhi ingkang pasihan ||
34. Ki bayi ngandika malih |
 marang putra kalihira |
 sirèku dadak lir dhayoh |
 amiwitana dhaharan |
 têpa-têpa anèng wang |
 yèn lagya têmbene mêtu |
 misih wigih duga-duga ||
35. Kang putra gupuh nyarani |
 sumangga punika kakang |
 sihipun ramanta mangke |
 sêdyaningsun kapasuka |
 lêngawèng tyas sih marma |
 Mongraga nor-raga muwus |
 pan inggih yayi sumangga ||
36. Ki Bayi gumujêng sarwi |
 amundhut satunggil jêram |
 ginêlkah dhinahar age |
 nulya sami sarêng ngalap |
 nyamikan sasênêngira |
 Amongraga mundhut dhuku |
 satunggal thil pinalêkah ||
37. Dhinahar kalangkung ririh |
 anulya ki Jayèngraga |
 mundhut kêtan kolak kokoh |
 Jayèngwèsthi mèsêm mulat |
 ingkang rayi alatah |
 kang rama gumujêng muwus |
 punapi kang sira sabda ||

38. Umatur Ki Jayèngwèsthi |
 putra paduka Jèngraga |
 pan kenging kawula pêthèk |
 dènya nadhah kêtan kolak |
 kang rama angandika |
 pan cilik mula adhimu |
 doyanane kêtan kolak ||
39. Tan wun dènya mêmanuhi |
 nutug sêsambèn nyamikan |
 yata wus manjing wêktune |
 Lohor pan samya asalat |
 Ki Bayi dadya iman |
 sadayanya samya makmum |
 Malarsih lan putranira ||
40. Tambangraras lawan cèthi |
 Cènthini Sumbaling miwah |
 ingkang makmum sadayane |
 wus antara dènya salat |
 paragat bakdanira |
 sêsalaman sadaya wus |
 kang makmum mudhun mangandhap ||
41. Sang wirya wangsul (ng)gyan malih |
 anèng surambine langgar |
 dharan maksih pêpak andhèr |
 kang kalong wus sinulaman |
 anyatur batal karam |
 myang riba sunat lan pêrlu |
 cêngkah pakon kang rinasan ||
42. Mangkana sadangunèki |
 sinambi dhahar nyamikan |
 andungkap wêktu Asar-e |
 nulya samya asêmbahyang |
 tan owah makmumira |
 ing wêktu Ngasar bakda wus |
 sira Ki Bayi Panurta ||
43. Mudhun saking langgar aris |
 sarwi alon angandika |
 dènpadha tanak lungguhe |
 sunarsa siram sadhela |
 putra matur nor-raga |
 nulya kundur mring wisma gung |
 Ki Bayi sawusnya siram ||
44. Nimbali garwanirèki |
 pinarak anèng jêrambah |
 sarta putranira Nikèn |
 Tambangraras anèng ngarsa |
 Ki Bayi lon lingira |
 kae santri kang mêrtamu |

45. Sadangune suntingali |
pasang sêmune jatmika |
awênês wêning sênênne |
salamine ngong tamiyan |
santri kang wus utama |
tan kadyèki lêgawèngsun |
cipta lir (ng)gyan ngong ayoga ||
46. Sukur yèn sayêkti inggih |
ngèlmune wus surup ing kak |
lir tuture nakmu karo |
nadyan nora mangkonoa |
sun calonni ngulama |
Ni Malarsih lon umatur |
inggih dhatêng kasinggihan ||
47. Ing sêmu samya maguti |
kang putra ibu lan rama |
mapan tunggil kalêthêke |
kalawan tyas tan kawêdhar |
andhêdhêr pan anêdha |
dhaupe dhêdhayohipun |
sathithik dadya dhadhakan ||
48. Têka mangkana ciptèki |
Ki Bayi malih ngandika |
mêngko olaha kang adèn |
ulam lawan pêpanganan |
nora dumèh yèn kathah |
sathithik yèn sarwa luhung |
dhayohmu iki utama ||
49. Kaya wijining amukti |
ati-atinên kang sarwa |
prayoga pasugatane |
Malarsih matur sandika |
mangkana wayahira |
kang surya wus tunggang gunung |
Ki Bayi wangsul mring langgar ||
50. Wanci manjing wêktu Mahrib |
lajêng sami minggah salat |
Nuripin Jamal Jamile |
Jalalodin Luci samya |
amêndhêt toya kadas |
santri Luci kang adan wus |
sadaya samya asunat ||
51. Ni rubiyah makmum sami |
lan kang putra Tambangraras |
ana ing gandhok masjide |
lêt wrana kajang jêjêdan |

kang lèr pawèstrinira |
cèthi Cènthini tan kantun |
Sumbaling myang pra wadonan ||

52. Cènthini tan kêna têbih |
langkung karêm ing agama |
marma dyah langkung gêng sihe |
mring (m)bok Cènthini wit nunggal |
ing budi pakarêman |
tan kêna sah siyang dalu |
wusnya sami kang asunat ||

53. Manjing kinèn angamati |
Ki Bayi kang dadya imam |
ngangkat pèrlu usalline |
tibaning takbir asantak |
wus usalli sadaya |
pan ilhar pamaosipun |
Patekah sajak Bintara ||

Jilid 5 - Kaca : 153

54. Groal-graul angimami |
sawuse Patekah maca |
pan surat Kulyakayu-ne |
kang akir wusing Patekah |
pan surat Idaja-a |
dumugi ing bakdanipun |
iptitah lajêng pujiyan ||

55. Wus pupuji lajêng dhikir |
wus dhikir donga Rajukna |
anumpa donga Sukur-e |
anasib Ki Jayèngraga |
swara landhung angêmbat |
buntas lêga pan anglangut |
kang amin-amin ya Allah ||

56. Wus bakda pèrluning Mahrib |
samyasunat bakdiyatan |
Ki Bayi Amongragane |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
nanjèhkên sunatira |
wabinêm rêkangatipun |
tri salam tapakur ing Hyang ||

57. Asujud takrub ing Widi |
poting Mahrib manjing Isa |
kinèn angadani mangke |
nulya adan yat acatan |
Nuripin Jamil Jamal |
Jalalodin Luci pan wus |
wong lilima sarêng adan ||

58. Wusnya sunat sadayèki |
Ki Bayi lon anglingira |

marang Amongraga kinèn |
angimami pèrlu Ngisa |
èh anak Amongraga |
majuwa ngimami pèrlu |
gènti sun makmum kewala ||

59. Amongraga nuwun ajrih |
ngling aris aywa sumêlang |
sun kalilani dhèwèke |
wusana matur sandika |
lajêng Sèh Amongraga |
ngimami angangkat pèrlu |
usallinira pasekat ||
60. Usalli parlan Ngisaki |
arbanga rok-angatina |
adha-an imaman kable |
yatan lilahe tangala |
Allahu akbar nulya |
tasbih sarta wajahipun |
patitis maca Patekah ||
61. Êmat kasare trampil |
sakathahe kinawruhan |
myang sastra kandêl tipise |
tetela tan musabiyat |
jais wajib lajimnya |
swaranira amlas-ayun |
ngalêp-alêp angêmandhang ||
62. Nuju kalimah walalin |
tumèmbêl kandêl êladnya |
ngandhêlong landhung ulone |
sêdhêng traping mukaranah |
prênah gênah ing talak |
sajak Yaman nganyut-anyut |
ayat sawuse Patekah ||
63. Surat Jumngah awalnèki |
akire wusing Patekah |
surat Munapèk ayate |
têrtib sarta tumaninah |
karênan kang makmuman |
sadaya tyase tawajuh |
sukur nikmat dènnya salat ||
64. Wus antara takyat akir |
asalami bakdanira |
asarèh pupujiyane |
nulya dhikir napi isbat |
arahab mrih sapangat |
ing dhikirira wus suhud |
bakda dhikir maca donga ||

Jilid 5 - Kaca : 154

65. Jayèngraga kang nasibi |
dhasar bêsus ahli swara |
angêntul-êntul sajake |
sawusnya donga sêlawat |
samyas asêsalaman |
kumarubut sadaya wus |
samyasunat bakda Ngisa ||
66. Nulya bubar kang makmumi |
kantun sang para ngawirya |
ngasutkên sunat wirit |
bakda sunat trap wiritnya |
isbandi satariyah |
tajèh ing suhul jus junun |
sira Ki Sèh Amongraga ||
67. Dènnira kasut ngantuni |
dèrèng pot têpakurira |
pana ing dalêm layape |
liyêp marang kanyênyêtan |
tanpa padha wus kumplang |
pagut ing tingal panahul |
pantoging tyas kajumbuhan ||
68. Tan minangka minangkani |
ing napi kêlawan isbat |
cèngèng linuwar ikrame |
rasa-rasa yèn luwara |
saking sru kawimbunan |
ing rahmat nikmating kalbu |
sakbakdaning wiritira ||
69. Nulya sujud tanasari |
sujud takrub anêlangsa |
minta apura dosane |
angiringakên bidêngah |
(ng)giwar saking maksiyat |
nimpang ing tyas kang têtakbur |
kibir angas mring Pangeran ||
70. Tobat nasoka sru tokit |
waspanya drês marawayan |
kalingling kaluputane |
mangkana ikraling nala |
mupit maring Pangeran |
linairakên jroning takrub |
kang muga Gusti Pangeran ||
71. Kang kuwasa ajumbuhi |
kang latip ing kaelokan |
dinohêna amba mangke |
ing cipta riya sumêngah |
kiparat ing sasama |
ywa kasêlan ing pandulu |

pemandêng amba ing Tuwan ||

72. Mangkana sèh Amongragi |
wus purna dènnira kawas |
lon anjunjung wadanane |
wus muyêng jaman mungayan |
ya jaman kalumrahan |
lumrah sajabaning wêktu |
iya jaman saban-saban ||

Jilid 5 - Kaca : 155

73. Wus bakda Sèh Amongragi |
nulya marêg anèng ngarsa |
mingsêr kang rayi kalihe |
wus tata dènnira lênggah |
Ki Bayi angandika |
mring Luci sira dèn-gupuh |
manira pundhutna sêga ||

74. Mring nyaimu Ni Malarsih |
kang liningan sigra mentar |
pan sampun dhinawuhake |
Nikèn Malarsih agêpah |
anuding cèthinira |
Sumbaling Cênthini gupuh |
samyã anampa rampadan ||

75. Ni Malarsih anèng ngarsi |
sapraptanira ing langgar |
kang bucu sinaosake |
nèng panjang giri pèradan |
rampadan piring lancarã |
langking samya pradan luhung |
ulamnya tan pati kathah ||

76. Pès-pèsan tambra têngiri |
bothok jambal mangut utak |
bakaran angsalan klalèn |
basêngèk opor kambangan |
masin ayam mênjangan |
ragi ponjèn êmpal duduh |
dhèndhèng gèpukan gorèngan ||

77. Prit gangsir kathik gulathik |
dhèndhèng age ati lidhah |
srêgan limpa rêmpah gadhon |
lombok kêncêng pêtis banyar |
cokak kêlawan kecap |
lalaban sêmangka timun |
têmu poh terong lan kacang ||

78. Sêsambêlan amêpaki |
Ki Bayi alon ngandika |
lah payo wêwanting anggèr |
nulya samya wiwijikan |

Jayèngwèsthi Jayèngraga |
katri Sèh Amongragèku |
Ki Bayi ambêng piyambak ||

79. Dyan lêkas samya abukti |
pikantuk dènnira nadhah |
Jèngraga dhokoh akokoh |
brongkosira anglênga |
nêmên lir buka siyam |
winaratan ulamipun |
Sèh Mongraga dènnya nadhah ||

80. Kêpêl sawidara bungkik |
mung pikantuk nêm pulukan |
pan gutuk kêpêl antobe |
kantun sakêpêl angantak |
-antak nganti luwarnya |
Ki Bayi wruh ciptèng kalbu |
gya wijik aluwaran ||

81. Jayèngraga mêksih bukti |
dènnya kokoh kêtanggungan |
kasêsa luwaran mangke |
Jayèngwèsthi mèsêm lingira |
(m)bok kang alon kewala |
ngêngantèni ywa kasusu |
kang rayi gumujêng nabda ||

Jilid 5 - Kaca : 156

82. Paduka ngling angêntosi |
ngêntosi kèndêl kewala |
namung botên wijik wae |
kang raka ngling jêr karosan |
mênawi têlung buka |
Ki Bayi gumujêng muwus |
dhimu iku cilik mula ||

83. Brongkos duduh dèndoyani |
dhèk cilik bêbêde ilang |
dènurubkên rêmês brongkos |
pan sarêng gumujêngira |
mèsêm Ki Amongraga |
nulya sami atuturuh |
ambêngira cinarikan ||

84. Pinarinakên pawingking |
Jamal Jamil tinuwukan |
Nuripin Jalalodine |
Sumbaling Cênthini sigra |
anglorodakên dhahar |
wong kêkalih sarêng mundur |
wangsul anampa dhadharan ||

85. Tinata Nikèn Malarsih |
ingkang kalong wus sinulam |

pêpak sarwa adèn-adèn |
wusnya anata dhadharan |
Ni Malarsih liningan |
kinèn mundur ing wisma gung |
nulya kundur maring wisma ||

86. Wusana wangsul aningit |
lan kang putra Tambangraras |
yata kang samya alungguh |
sira Ki Bayi Panurta |
lon wijiling wacana |
murwani patakènipun |
marang Ki Sèh Amongraga ||
87. Sêdhênge rêrasan ngèlmi |
ing wanci asirêp jalma |
anak Mongraga yêktine |
ingkang dadi pêrlunira |
pêpanggih lan pun bapa |
lah mara wêdalna gupuh |
kang dadi sumêlangira ||
88. Babing basa kang piningit |
dununge ana lan ora |
apan sayêkti anane |
curiga manjing warangka |
warangka manjing marang |
ing curiga balikipun |
suksma manjing maring badan ||
89. Badan manjing ing suksmèki |
lan cacahé malaekat |
Nabi Wali ing cacahé |
apa iku anakingwong |
kang dadi rubêdira |
pira-barane nakingsun |
yèn bisa amadhangêna ||
90. Yèngsun marang ing sirèki |
Amongraga aturira |
kawula nuwun pan dede |
paduka wuwus punika |
pan têksih basa swara |
kewala pan dèrèng jumbuh |
maksih kabar jakin sarak ||
91. Sarengat kabiru yakin |
nganasir mungguh ing Allah |
maksih rambatan Dalile |
madêlul Ijêmak Kiyas |
kathah jujulukira |
Ma Suci Mulya Hyang Agung |
Hyang Ngaluhur Hyang Wisesa ||

Jilid 5 - Kaca : 157

92. Punika pan mêksih ngèlmi |
 dèrèng abadan sajuga |
 kajêng kawula yêktine |
 icala nama kawula |
 wus roron-roron tunggal |
 kewala lan Hyang Agung |
 punika ulun upaya ||
93. Kalamun ngêmungna singgih |
 punika kang tuwanucap |
 taksih kathah ling-alinge |
 dèrèng purun lan Pangeran |
 dadya manah taksih was |
 ing Kawis sampun angumbuk |
 sabên wong anom mangkana ||

355 Sinom

1. Tan susah amba umarak |
 dhatêng ing paduka nênggih |
 marmamba marêg ing tuwan |
 kawarti saking ing Kawis |
 paduka sampun sidik |
 nênggih basa kang puniku |
 (n)jêthung Bayi Panurta |
 sarêng miyarsa turnèki |
 sapandurat datan kêna angandika ||
2. Yêktine amung punika |
 agême Kiyai Bayi |
 nadyan lambang jêr pungkasan |
 sirahing Suluk sakalir |
 wusana angling aris |
 Ki Bayi lah mara gupuh |
 jawabên kang pratela |
 sakèhe ujarku iki |
 apa rapak lawan kawruhe wong kana ||
3. Mangkana Sèh Amongraga |
 matur mring Kiyai Bayi |
 wondene timbalan-tuwan |
 basa kang paduka pingit |
 dununge ana yêkti |
 puniku jisim kang wujud |
 jisim jriyah karijah |
 inggih ana ing sakalir |
 pan asyakang jirim anse astidelal ||
4. Puniku ana ing aral |
 kawula-kawula yêkti |
 tan kuwasa gadhah purba |
 lir sarah anèng jaladri |
 tan kêna ngarsa tunggil |
 Gusti têtêp Gustinipun |
 kawula têtêp kawula |

tan kêna silih sinilih |
mung angandêl wujud kang sipat murah ||

Jilid 5 - Kaca : 158

355 Sinom

5. Wondene dununge ora |
kita puniki ngandhêmi |
tan nêdya myat ing Pangeran |
wujud ingkang saiki |
[...] |
wus angandêl yèn Hyang Agung |
tan arah ênggon ora |
kantha warnambu rasèki |
tanpa dunung nanging dunung tan dunungan ||
6. Tan kêna kinarya apa |
punika tetela mukmin |
kumpule ana lan ora |
jumblahtun mukkin pi jirim |
jirim wus têtêp mukkin |
mukkin ngadam kadal wujud |
mukkin jud badal ngadam |
punika mungguhing dalil |
ingkang lèrês murat kang kadya punika ||
7. Wondene kang salang-sêrap |
ing grait dènwastani |
anane ana ing kita |
rinêngkuh wujuding Widi |
tan tinunggal tunggali |
datan ana kang nyêkuthu |
êkaking dhèwèkira |
piyambak tan ana kalih |
ingkang nora wiwitan nora wêkasan ||
8. Punika botên sakeca |
karantên kita puniki |
dèrèng binuka dening Hyang |
kuwasa nampik amilih |
liripun nampik milih |
kamurahaning Hyang Agung |
murah karena dunya |
rijêki sandhang lan bukti |
taksih amilala enak lan kêpenak ||
9. Angrasa sakit sakeca |
bênêr luput ewah gingsir |
gingsir maring kaelokan |
kêpengin sampurnèng urip |
kasusu bungah ati |
atine akudu-kudu |
kudu ngaku Hyang Suksma |
gèsèh tekade tan nunggil |
ngèlmi êkak tekad ngam abangsa riyah ||

10. Dados pèndhèking paningal |
copètan rimbag lan ngèlmi |
ngèlmi kak kèdah kas tekad |
anampik tan melik pingil |
pingil donya puniki |
melik pingil mung salêmut |
langkung kagêngan brangta |
sapele dipun-kedani |
botên amput lawan kamulyan akerat ||

11. Ki Bayi micarèng nala |
rada bêlero ing galih |
dene kêkalih muradnya |
dènya muradi kang dhingin |
dèrèng pati nyurupi |
dene murade kang kantun |
satêngu nora gagal |
wus tumanêm tyas kadjèki |
wusananya dènaranni kaluputan ||

Jilid 5 - Kaca : 159

12. Manthuk-manthuk pan rinasa |
rasa surasaning ngèlmi |
yata lon dènya ngandika |
tutugna (ng)gèr kang patitis |
Mongraga matur aris |
dene kang paduka wuwus |
nênggih ingkang curiga |
manjing ing wêrangkanèki |
elokipun warangka manjing curiga ||

13. Punika pralambangira |
suksma manjing badannèki |
lan badan manjing ing suksma |
inggih salat-jatinèki |
wontên ing dalêm takbir |
atul ikram campuhipun |
panjinging sukmèng badan |
badan manjing ing sukmèki |
nalikanya ing ngriku campuring karsa ||

14. Minangka sakèthèngira |
lawan ati sanubari |
binuka kêlawan ikram |
mirad munajat tubadil |
lêstari panjिंगnèki |
suksma maring badannipun |
mangka punika badan |
umanjing maring sukmèki |
yèn wus kusni ing dalêm ikraming salat ||

15. Minangka sakèthèngira |
pambukane roh ilapi |
binuka kêlawan salat |
kusta daim ismu ngalim |
lêstari panjिंगnèki |

imam maring sukmanipun |
sukma pan wus kapurba |
maring badan sabab dening |
badan sagêd anêmbadani ing sukma ||

16. Dene ingkang salah tampa |
kang salang-surup ing ngèlmi |
tan (ng)guguru kumabisa |
anggêpe kita puniki |
dinalih badannèki |
manjing maring badan luhung |
sirna wujuding badan |
wus badan sukma sêkalir |
nora nana badan mung sukma kang ana ||

17. Obah osik salah tingkah |
ing siyang kêlawan ratri |
ing kêrsa-kêrsaning sukma |
tingkah-tingkahing sukmèki |
badan wus dèntambuhi |
badan sukma sajêgipun |
tan ana watêsannya |
ing awal tumêkèng akir |
kang punika tiyang kasliyo ing tekad ||

18. Murungakên ing kasidan |
sabab pambaliking ngèlmi |
maksih solaya tan saplak |
cèwèng dening kanthètèki |
pan tan kenging sarènti |
ing ngèlmi kalawan laku |
sarengat lan makripat |
wontên lampahe pribadi |
yèn makripat kédah santosa ing tekad ||

Jilid 5 - Kaca : 160

19. Mapan wus anêdya nyungkap |
mring pribadine Hyng Widi |
tan sêdya mor ing asya-a |
wus muslim maring pribadi |
kédah mêkatên ugi |
lamun tan makatên ribut |
Ki Bayi tyasnya wêwah |
sumêrêp murat kakalih |
pan ginêgêt-gêgêt sangsaya karasa ||

20. Ki Bayi lon anglingira |
tutugna manèh nakmami |
Mongraga lon aturira |
de cahyaning malekati |
padhange tingal-jati |
wontên sênêning aluhung |
luhung ingkang wus limpat |
winahyu ayuning budi |
sinung cahya kêlomodan ing malekat ||

21. Tan t kdir sawiji rupa |
malekat punika aib |
nglimputi sak hing rupa |
rupa rupaning cahy ki |
cahya sasmita wingit |
w warah sad r ng mojud |
pan datan kawang nan |
namung kang kinarsan dening |
Hyang Maha-gung kang asipat bijaksana ||
22. Kewala ingkang kinarsan |
idayatulah minihi |
idayat cahya malekat |
punika sajatin ki |
dene nabi lan wali |
para nabi cacahipun |
sajabare ing Kur'an |
wali saj re Kur'ani |
mukmin  kas sa- p se Kur'an k hnya ||
23. Y ktine nabi punika |
walburhanu ambiyai |
ina pi dati alaka |
karijah bil mukjijadi |
pratandhaning para nabi |
kar m ing dat sartanipun |
m dal ingkang mujijad |
tur anu waliulahi |
ina pisipati alaka karijan ||
24. Bil karamati punika |
pratandhaning para wali |
para wali kar m ing sipat |
m dal karamatir ki |
walburhanu mukminin |
wa ina pi ap ngalu |
alaka karijatan |
mangunaha pratandhaning |
muknin ingkang  kas kar m ing ap ngal ||
25. Lan m dal mangunahira |
ingkang pangkat tri prakawis |
sajatinipun punika |
wujuding ratu hakiki |
ratu ajaman nabi |
sih nugrahaning Hyang Agung |
wahyu cahya nurbuat |
ing kanabeyan pin sthi |
sinung rahmat kamulyan donya akerat ||
26. Ratu jaman waliolah |
sih nugrahaning Hyang Widi |
wahyu cahyaning idayat |
ing kawaliyan pin sthi |
sinung rahmat ing akir |

Jilid 5 - Kaca : 161

ratu jamaning mukminun |
ing sih nugrahaning Hyang |
wahyu cahya latul kadri |
kamukminan pêsthi sinung rahmat donya ||

27. Dene kang salah tampinya |
malaekat nabi wali |
mukmin êkas anèng badan |
datan marèjèl sadême |
cahya mukjijat tuwin |
kêramat mangunahipun |
anèng badan sadaya |
badan wujud malekati |
wujud nabi wali mukmin anèng badan ||
28. Punika botên sakeca |
anggêpe ngangas-angasi |
botên tàyèng ing kasidan |
kang tan jomlah tekatnèki |
kawruh punika nilib |
mlèsèt kajangkêlok lumpuh |
wa punika sumangga |
sarèhning murat kêkalih |
akikirih satunggilipun papalang ||
29. Kirih punika umpama |
wowohan jambu kang manis |
tan mawi oncèk-oncèkan |
kewala ajêng binukti |
papalang saupami |
wowohan durèn kang arum |
kêdah angarah-arah |
wruh jujuringaning isi |
pinalêkah yèn dèrèng mlêthèk rêkasa ||
30. Ngèlmi kang paduka ucap |
lêrês sayêktine yakin |
namung sulaya ing tekad |
wus sami nabon pribadi |
Ki Bayi duk miyarsi |
tyasnya lêjar manthuk-manthuk |
saya sumêrêp gambalang |
katêgor tyase Ki Bayi |
wus kacupan tan gulawat mawalana ||
31. Mongraga pambatangira |
sakawruhe dènwastani |
gênah ing satunggal-tunggal |
malah ragi dènwêwahi |
inginggahkên kang ngèlmi |
Ki Bayi anjumbul-jumbul |
mendah dèntelakêna |
parandene Kyai Bayi |
pangraose wus panggih lawan Pangeran ||

355 Sinom

32. Yata glis angrangkul madya |
sarya ngling dhuh anakmami |
ya pagene sira nyawa |
wus nyêkêl ngèlmu prêmati |
kongsi prapta ing ngriki |
adoh-adoh para jujuk |
sayêktine manira |
mung iku buntêlan mami |
arinira karone durung ngongwarah ||
33. Ngongwèhi basa punika |
mirah kang para bupati |
kang samya ngangsu maring wang |
sunwèhi ngisore têbih |
têmah tibèng sirèki |
mèh ta ana karyanipun |
ing Karang pan jêlanah |
wartanira iku kaki |
yèn ing kene ngèlmu iku gêgêdhongan ||
34. Aywa ingkang mungguh kaya |
kang sira ucapkên inggih |
yèn pun bapa sumurupa |
lagya ku buntêlan mami |
parandene tyasmami |
bolong saiki katèngsun |
Amongraga turira |
basa kang punika inggih |
sayêktine kawula sampun uninga ||
35. Marma gèpah amba marak |
ing tuwan punapa sami |
murade lawan kawula |
nênggih basa kang piningit |
wusana tuwan sêpi |
Ki Bayi malih angrangkul |
dhuh bëndara sutèngwang |
pan pun bapa wus ambalik |
wakmanira sira (ng)gèr kang madhangêna ||
36. Nênggah basa kang punika |
umatur Sèh Amongragi |
inggih tan kenging yaktinya |
yèn tan ajrih jiwa ragi |
lan malih botên kenging |
yèn kajarwa ing lyannipun |
kêjawi kang wus padha |
angalap punika kenging |
Ki Panurta andhêku ing wuwusira ||
37. Pan sarya asrah prasêtya |
kathah-kathah Kyai Bayi |
lingira mring Amongraga |
yata mangkana anuli |

anyimpar maring jawi |
mulya mijil saking tajug |
kilènne pangimanan |
anèng sasoring kumuning |
Kyai Bayi Panurta madhêp ing keblat ||

38. Sèh Amongraga atangat |
sarêkangat salam nuli |
têpakur ngêningkên tingal |
ing gaibira Hyang Widi |
amancat ing tarèki |
mikrat lêpas ing pandulu |
plêng komplang sanalika |
ing jaman sapta tinarik |
alam kamil alam misal alam ajsam ||

Jilid 5 - Kaca : 163

39. Ping sakawan alam arwah |
kapitu gaibe katri |
wakidiyat lawan wahdat |
akadiyat sami gaib |
jisim sajroning gaib |
ing riku dènnira suhul |
èning tan kacamboran |
pinalal pana ing takdir |
tan kalêmpit ing tingal tan kumalêndhang ||

40. Wruh papancèning asya-a |
myang ganjaraning kamrêki |
siksa ganjaraning dabah |
mangkana dènnira mupid |
tan pae anjumbuhi |
tarèk kinira tanajul |
akadiyat wahêdat |
wakidiyat gaib akir |
alam arwah alam ajsam alam misal ||

41. Alam insal-kamil luwar |
wus bakda tanajul tarki |
wus mulyèng jaman wèntèhan |
mangkana Sèh Amongragi |
ningali kang nèng wuri |
Ki Bayi taksih tumungkul |
sêsangat antarnya |
(n)dhêkukul konjêm ing siti |
Ki Sèh Amongraga alon wuwusira ||

42. Lah wus tuwan tumênga-a |
prayogi sami alinggih |
sira Ki Bayi Panurta |
gupuh dènnira atangi |
tingkahe ingamisik |
timpuh wiyung ngabên dhêngkul |
mathis tan ana obah |
jangjine angalap jangji |

jangji sêtya tuhu ing donya akerat ||

43. Ki Bayi asrah prasêtya |
kasanggêman yata nuli |
winisik basa sampurna |
sarêng miyarsa Ki Bayi |
sênggruk-sênggruk anangis |
tangis cumêplong ing kalbu |
manah padhang nêrawang |
ngraos tuwuk tanpa budi |
pangraose wus ana sangisor aras ||
44. Ambalik sami sakala |
kramane mring Amongragi |
mèh-mèh kaya ngabêktiya |
saking tan nyipta kêkalih |
mung mangsud guru yêkti |
Ki Bayi aris turipun |
rayi dalêm kalihnya |
sumangga ing karsamami |
ingkang mugè wontêna sih wulang tuwan ||
45. Inggih kang basa punika |
Mongraga umatur aris |
(ng)gih putranta sakaliyan |
sampun kawulawêjangi |
ing ratri kala wingi |
kalihe wus sami suhud |
matur Alkamdulilah |
kawula dados wuragil |
sakalangkung panrimakula satitah ||
46. Amongraga pan wus wikan |
ing dalêm pêpanggènnèki |
Ki Bayi lan putranira |
Jayèngwèsthi Jayèngragi |
beda ganjarannèki |
Ki Bayi ganjarannipun |
sih kamulyan ing donya |
kang putra ganjarannèki |
pan cêcalon ganjaran mulyèng akerat ||
47. Kawawa ngèlmi makripat |
de Ki Bayi Panurtèki |
kahidayat ngèlmu sarak |
sarengat utamèng urip |
Mongraga matur aris |
paduka ingkang akasud |
têpakur maring Allah |
lan tangat kalaning wêngi |
lawan ngagêngêna salat pêrlu kala ||
48. Ywa pêgat adarus mulang |
ing kitab Kur'an amêrdi |
ing janma pêkir kasihan |

Jilid 5 - Kaca : 164

Ki Bayi nor-raga ajrih |
ing wulang Amongragi |
Mongraga malih umatur |
sumangga maring langgar |
Ki Bayi anèng ing wingking |
anèng langgar mingsêr kang rayi kalihnya ||

49. Wus tata dènnira lênggah |
Ki Bayi langkung nor-ragi |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
mulat mring Sèh Amongragi |
cahyane anguladi |
sênênning guwaya mancur |
cacangkoking ngawirya |
ngusuma sêmune wingit |
pan katara pasang tejaning oliya ||
50. Kang putra kalih tyasira |
bungah amêrwata siwi |
aningali mring kang rama |
antuk nugraha jinatin |
ingga sampurna nunggil |
samyangsal wêjangan guru |
Ki Bayi lon ngandika |
marang putranira kalih |
sira padha wus sinuci ing paningal ||
51. Kang putra aris turira |
mring rama gumuyu sami |
paduka andangu marang |
kawula lawan pun adhi |
inggih sampun pinaring |
marang ing putranta nêngguh |
basa ingkang punika |
paduka kita sisani |
ingkang rama mèsêm lêga ing tyasira ||
52. Ngling malih mring Amongraga |
ibunta punapa kenging |
mirsa basa kang punika |
Amongraga matur aris |
punika botên kenging |
èstri ripak wadhahipun |
botên kadi ni Dhara |
Murtasiyah garwèng Arip |
inggih mindhak amêwahi kang duraka ||

33 Nikèn Tambangraras ing batos kayungyun dhatêng Sèh Amongraga, wêkasan namung nalangsa sarta nangis sêsênggukan. Ibunipun prihatos lan sadaya katur Ki Bayi. ...
Lajêng kasambêt bab utaminig kèlakuwan kèdah pana dhatêng dat, sipat, apngal dumugi tekad pungkasan, i.p. sarengat tuwin makripat.
kaca 165-167

53. Susah-susah makatêna |
 jangji sok têmêna ugi |
 (ng)gènnya palakramèng tuwan |
 pèsthi ing tèmbe pinanggih |
 yata (m)bok sori Bayi |
 dènnira ngintip wus dangu |
 anèng kajang jêjêdan |
 pinalêthèk mrih udani |
 lawan ingkang putra Nikèn Tambangraras ||
54. Apan wus sasontên mila |
 Tambangraras lan (m)bok sori |
 cèthi Cènthini tan têbah |
 dènnira sami angintip |
 katon sasolahnèki |
 kang samya rêrasan ngèlmu |
 kyaine duk winêjang |
 wong roro sarêng umijil |
 sapraptane Ki Bayi sangêt nor-raga ||
55. Ni sori lan Tambangraras |
 tyas sukur bungah kapati |
 Tambangraras sadangunya |
 myarsakkên rêrasan ngèlmi |
 gêtun dene ngêplêki |
 ing ngèlmu osiking kalbu |
 kabèh raosing driya |
 ing murat basaning têpis |
 nora gothang kang liningkên Amongraga ||
56. Tuwin dènnira umiyat |
 Tambangraras mring Mongragi |
 sapraptaning pamisikan |
 cahyanira angênjali |
 kilah-kilah mawingit |
 ing sênènnira sumunu |
 wênês manis sumilak |
 tumeja amêrbawani |
 pan sangsaya mêdhar kabagusanira ||
57. Nikèn Tambangraras rantas |
 tyasira tumpês kêtawis |
 kêdaut dahat karantan |
 runtuh tyasira mawêrdi |
 tanpa awêr rêdatin |
 katêmbèn dènnira wuyung |
 wiyung nguyang ing driya |
 andrawaya waspa mijil |
 manah bêtêg jujur kajala ing priya ||
58. Priya ingkang lagya prapta |
 pratamèng ngèlmi kajatin |
 Tambangraras ling ing driya |
 ki dalêm bisa karya gring |
 paran bisa wakmami |

lumadèng pada angèstu |
mring ki dalêm kang memba |
nyudama purnama sidhi |
dhuh ki dalêm dalêma ing Wanamarta ||

Jilid 5 - Kaca : 166

355 Sinom

59. Têka mangkana linging tyas |
tan kawawa anyabili |
saking gêng kandhuwan brangta |
tan lyan kaèksi kaèsthi |
pan amung Amongragi |
kang mojok mêjêg jêjantung |
ngêrajang jijang goyang |
puyêngan sajroning galih |
nanging taksih angêkêr ing sangkribira ||
60. Dadya angganya jatmika |
tan owah dènnira linggih |
astanira aliyangan |
inggapit kajang galamit |
pinalêthèk rong nyari |
(n)dulu sarya sangga janggut |
mangkana Tambangraras |
angingkut tyas ingkang wingit |
pinapankên tapakurirèng Hyang Suksma ||
61. Ya Ilahi subkanalah |
he Allah kang Maha sukci |
kang muga Gusti Pangeran |
kang agung kang anglimputi |
kang sipat murah asih |
sayêkti amba nunuwun |
muga pinarêngna |
ki dalêm kêlawan mami |
ing pangajabamba Tuwan têkanana ||
62. Mangkana ekraling nala |
nalika amuntu budi |
alayap ing palinggihan |
pan ahul ciptanya êning |
kang ana kang udani |
mring sang rara dènnya kasud |
Nikèn Malarsih miwah |
cèthi Cènthini tan uning |
yèn bendaranira lagya sulul ing Hyang ||
63. Sêsangat dènnira ikram |
kêncêng cêngêngira ngikis |
apêpês napas mrih kawas |
wus bakda datan katawis |
yata (m)bok Sori Bayi |
dènnira ngintip wus dangu |
lan putra Tambangraras |
kumanyut sarêng miyarsi |

ing wuwuse wau Ki Sèh Amongraga ||

64. Kalamun èstri tan kêna |
ngalap ngèlmi kang piningit |
abot muwuhi duraka |
yèn dèrèng nir ingkang budi |
osikira (m)bok Bayi |
lêga dene kakungnya wus |
amung Ni Tambangraras |
tumungkul (m)barêbês-mili |
sênggruk-sênggruk lajêng mantuk marang wisma ||

Jilid 5 - Kaca : 167

65. Kang ibu pan wus uninga |
yèn putra sangêt prihatin |
lajêng manggihi kang raka |
Ki Bayi kagyat duk uning |
miyat ing garwa nuli |
sinapa sarwi sinêndhu |
garwa lajêng tan wang-wang |
matur bibisik awadi |
sawusira garwa lajêng mantuk wisma ||

66. Yata Ki Bayi Panurta |
(n)jêtung dangu datan angling |
miyarsa aturing garwa |
langkung putêg jroning galih |
sinamun sangkribnèki |
wus datan kêtarèng sêmu |
Mongraga ris aturnya |
mring rama Kiyai Bayi |
tuwin marang Jayèngwèsthi Jayèngraga ||

67. Utamaning kalakuan |
ing pana tigang prakawis |
wajib sami ngrawuhana |
pananing dat kang satunggil |
pana kang kaping kalih |
pananing sipat puniku |
pana kang kaping tiga |
pananing apngal jangkêp tri |
pananing dat têngêsipun yêktinira ||

68. Tan ana wujud kalihan |
amung wujudipun Hyang Widi |
sadaya wujuding Allah |
pana sipat têngêsni |
sakathahe kang urip |
tan liyan Allah kang mujud |
tan ana ingkang kuwat |
tan ana kang ngudanèni |
ing asya-a kang maujud ananing Allah ||

69. Têngêse apan apêngal |
tan ana panggawe mosik |
kabèh panggawene Allah |

punika ingkang kalingling |
ing siyang lawan ratri |
Ki Bayi saya sumurup |
kang putra kalihira |
nuwun-nuwun wus mangrêti |
matur malih sira Ki Sèh Amongraga ||

70. Dene tekat pupungkasan |
pan inggih kalih prakawis |
sarengat lawan makripat |
manut takdiring kang ngèlmi |
yèn sarengat kang ngèlmi |
ing tekad kédah tawajuh |
kang santosa ngibadah |
sumungkêm ing parlu wajib |
anglakoni cêgah pakoning sarengat ||

71. Punapa jangjine sarak |
aywa kongsi anggêgampil |
purun-purun karya wênang |
nglong-longi ukum kang wajib |
pungkase mung sawiji |
tan kenging pot salatipun |
amung sawiji rahap |
ing wêktu pêrlu lan wajib |
yata darus ing kitab kalawan Kur'an ||

34 5. Dhaupipun Sèh Amongraga kalihan Nikèn Tambangraras.
Ki Bayi Panurta rêmbagan kalihan putranipun kêkalih bab Nikèn
Tambangraras prayogi kajodhokakên kalihan Sèh Amongraga. Kasuwun Ki
Bayi sajarwa dhatêng Sèh Amongraga, wasana sasampunipun ngaturakên
sêjarahipun wiwit bêdhahipun Giri, Sèh Amongraga nayogyani kanthi
panyuwun paningkahipun sampun andhatêngakên suka-suka. Ki Bayi Panurta
sakulawarga sami sukur. Nikèn Tambangraras suka ing manah.
Ki Bayi Panurta paring pitutur dhatêng Nikèn Tambangraras bab utamining
wanita winêngku ing priya. ...
kaca 168-175

Jilid 5 - Kaca : 168

355 Sinom

72. Ngrasèhkên Ijêmak Kiyas |
sarya sêdya angantêpi |
dèn-toh-jiwa dèn-angrasa |
wirang yèn tan anglampahi |
dene kang kaping kalih |
makripate tekadipun |
kédah eklas amberat |
ing misil karena lahir |
tan marduli ingkang kipayah kal-donya ||

73. Dènkirigakên sadaya |
sêmbahyang ngaji tan sudi |
tan kêpengin majêmukan |
tan kadêrêng nyandhang mukti |
tan kapengin kamuktin |

nendra rajah têmah nginum |
tan parduli sadaya |
pan amung dhatêng Hyang Widi |
kang kaèsthi majênun mungguling Allah ||

74. Punika tekad kang tama |
cangcalan cêcalon dadi |
ing kasidan pinardika |
kang angga saingga katri |
muyêg tumruna adi |
tan ana lêng-olêngipun |
bèsèr wohe ngayangan |
punika ingkang supami |
salah satunggale aywa apepeka ||
75. Ki Bayi angling nor-raga |
inggi kasinggihan ugi |
tyaskula sangsaya padhang |
nêrawang datan kalêmpit |
rumaos tekad sisip |
ing ngèlmukula kang wau |
mangke wus angsal brêkah |
winulang jatining ngèlmi |
inggi mugè kinuwatna dening Allah ||
76. Sarta sawabe pun anak |
kang tansah kawulapundhi |
lah kapriye kono sira |
kulup apa kaya mami |
matur kang putra kalih |
inggi ing manah saèstu |
tan pae lan paduka |
kathah indhakupun wêning |
andhêradhag tyaskula kadya pinilar ||
77. Wus samya suka pirêna |
datan mamang ing pangèsthi |
Sèh angling Alkamdulilah |
Allah ingkang nêmbadani |
lulus santosèng ngèlmi |
kang rimbag iktekadipun |
yata malih ngandika |
mring rama myang rayi kalih |
lamun parêng paduka sami kundura ||
78. Kawula arsa iktikap |
tangat palilah ing ratri |
anuwun maklum paduka |
mugi paduka lilani |
Ki Bayi Panurta ngling |
inggi sumangga aplalu |
payo kulup alinggar |
madal pasilan umijil |
ingkang putra kalih umatur sumangga ||

79. Nulya mēdal katrinira |
 santri Luci angēluti |
 pinire ingkang dhēdharan |
 dēnnya tētēbah wus rēsik |
 mulya mundhut paguling |
 kajang sirah klasa batu |
 tinata anèng langgar |
 sira Ki Sèh Amongragi |
 mring patirtan susuci sawusnya kadas ||
80. Mring langgar tangat palilah |
 tan cinatur solahnèki |
 yata Ki Bayi Panurta |
 nèng wisma lan putranèki |
 Jèngraga Jayèngwèsthi |
 Ki Bayi alon amuwus |
 tanya èsmu sungkawa |
 mring garwa Nikèn Malarsih |
 priye mau tutugēna tuturira ||
81. Lan sutanta Tambangraras |
 dene nora na kaèksi |
 kang garwa matur pasaja |
 putra paduka pan lagi |
 atangat ing awēngi |
 sasontèn mila andulu |
 nginte lawan kawula |
 malèthèk kajang rong nyari |
 aleyangan saélèr gapit jêjêdan ||
82. Kawula inggih kadyèka |
 sami nēdya aniniling |
 myarsa (ng)gyan paduka bantah |
 lan tami sang Amongragi |
 uning sasolahnèki |
 paduka pan jinatèn wus |
 putranta Tambangraras |
 kalèsédan dēnnya linggih |
 kados lamun kawuron myat tamu tama ||
83. sarēng paduka ngandika |
 ibunta punapa kenging |
 mēnggah ing basa punika |
 tamu dalēm matur aris |
 [...] |
 sayēkti wontèn anggēripun |
 angsal bēkti ing priya |
 agung ganjaran pinanggih |
 putra tuwan asēnggruk-sēnggruk karuna ||
84. lajēng mantuk maring wisma |
 anumpa tangatirèki |
 sapunika dèrèng kēndhat |
 putranta kandhuan kingkin |
 sumangga (ng)gyan anggalih |

putra paduka puniku |
saèstu wus kantênan |
brangta mring Sèh Amongragi |
mugi-mugi kagaliha putra tuwan ||

85. Kang rama tyasnya wus lêjar |
myarsakkên aturing siwi |
wusana alon ngandika |
ingsun nuruti sirèki |
yèn wus padha ngrêmbagi |
sun têngbunge mêngko esuk |
matur inggih prayoga |
yèn paduka wus marêngi |
pan sadalu dènnira arêrêmbagan ||
86. Wanci wus akir ijabat |
manjing Subuh pajar gidib |
myarsa swaraning wong adan |
ing langgar Ki Jamal Jamil |
nulya mring masjid |
jalu èstri samya Subuh |
mung Nikèn Tambangraras |
Subuh ing wisma pribadi |
wusnya kadas sadaya sami asunat ||
87. Wusnya sunat nulya kamat |
Sèh Mongraga angimami |
ngangkat usolli parêlal |
Subêki rakangatèni |
ada-an imamami |
lilahi tangalahu |
akbar tasbih kabiran |
alkamdulilahi kasir |
ran wa subkanallah bukratan wasilan ||
88. Lajêngira maca wajah |
ini wajahu wajêhi |
ya aliladi pataras |
samawati wa arli |
kanipan muskinani |
wa mahyaya wa mahmatu |
ila almurikina |
nulya takbir kang makmumi |
Amongraga pasêkat Patekahira ||
89. Wacan sawuse Patekah |
surat Sujadawalnèki |
akire wusing Patekah |
surat Kasar kang kinardi |
panjang wawancanèki |
ing Sujada mawi sujud |
dadya dangu dêngira |
tumaninahira trêtib |
ingkang makmum sadaya kalangkung rêhab ||

Jilid 5 - Kaca : 170

90. Datan ana kang kuciwa |
 trap tingkahe kang ngimami |
 kang salat antaranira |
 prapta ing taahyat kang akir |
 salawat atasing Nabi |
 myang atas kulawargèku |
 tumaninah iptitah |
 nulya salam awal akir |
 bakda salam pupujiyan sasarêngan ||
91. Nganyut-anyut swara rampak |
 wus pupuji nulya dhikir |
 lalagon lajêng asantak |
 ambata rubuh kapyarsi |
 wus kawanatus dhikir |
 numpa donga limang wêktu |
 kang nasib Jayèngraga |
 swaranira rum amanis |
 wusnya donga sêlawat asêsalaman ||
92. Miwah kang samya asolat |
 ing masjid mangu pan asri |
 ing mangu kang dadya imam |
 kêtib Kyai Nursukidin |
 gilir lan Talabodin |
 kang salat ing masjid agung |
 sabên kang dadya imam |
 Ki Pangulu Basarodin |
 kadhang Kyai Bayi Panurta piyambak ||
93. Swaranira sêsauran |
 kang lagya arame dhikir |
 wênèh sawêg pupujiyan |
 myang lagya (n)donga anasib |
 piniyarsa mêwahi |
 asri sênênning desa gung |
 sabên kang kuwat-kuwat |
 santana sudagar sugih |
 nadyan pipit masjid piyambak-piyambak ||
94. Wêktu Subuh Mahrib Ngisa |
 rame swarane sarênti |
 warata sadesa pisan |
 kathah sabawaning santri |
 tuwin yèn nuju sasi |
 Ramêlan trawèhanipun |
 sagolongannira |
 karsanira Kyai Bayi |
 satus trawèh sajroning ing Wanamarta ||
95. Tan wun arjaning kang desa |
 yata kang salat ing masjid |
 sira Ki Sèh Amongraga |
 wus bakda Subuh anuli |
 tangat Loka akasil |

Jilid 5 - Kaca : 171

nêm rêkangat tri salam wus |
dhikir tapakur ing Hyang |
mupid dènnira awirit |
sawusira luwar saking pasuhulan ||

96. Nulya samya lalênggahan |
lan rama myang ingkang rayi |
Jayèngwèsthi lan Jèngraga |
wus wau bakda anganti |
dhêdharan gya sumaji |
Sumbaling Cènthini wau |
kang ngladèni ing ngarsa |
pateyan lan wedang kopi |
gèmblong lèmpèng tan-kolak juwadah jênang ||

97. Ledre isèn lawan bikang |
puthu gèdhang mayang cangkir |
glali-sutra jênang-caca |
surabi lan kupat mujid |
bakaran pisang kuning |
bakaran dhèndhèng ginêpuk |
wus tinata nèng ngarsa |
Sumbaling cèthi Cènthini |
mundur sarwi (m)bêkta tup saji karangan ||

98. Luci kang têngga cèrètanya |
uthi anepassi gèni |
mangkana Sèh Amongraga |
aris matur mring Ki Bayi |
punapa wus kaèsthi |
masalah mênggahing ngèlmu |
manawi wontèn ingkang |
karaos sumêlang galih |
inggih mugi paduka anglairêna ||

99. Miwah putranta kalihnya |
punapa sampun anunggil |
manawi salayèng karsa |
tuwin kirang rêsêpnèki |
prayogi kang kawijil |
karana Allah apllalu |
(ng)gyan tuwan sarasehan |
lan putranta yayi kalih |
ing rujuke kang ujar wau punika ||

Jilid 5 - Kaca : 172

100. Ki Bayi aris aturnya |
botèn anggèr (ng)gih sayèkti |
apan ta mamang samèndhang |
ujar punika wus èning |
sayèktine nakmami |
ibunta duk panggih mring sun |
yata mèdhar pasaja |
saliring solah sakalir |
saraose sira Ki Bayi Panurta ||

101. Andhêku Sèh Amongraga |
 myarsa lingira Ki Bayi |
 putra kalih nambung sabda |
 mangrêpa aturirèki |
 kathah-kathah minta sih |
 mring Amongraga mlas-ayun |
 yata Sèh Amongraga |
 umatur marang Ki Bayi |
 pan amêdhar sajarah nênggih ing lampah ||
102. Asal-usule wus jarwa |
 nênggih duk rusakirèki |
 nagari ing Sukaraja |
 wus jinarwakakên sami |
 Ki Bayi duk miyarsi |
 lawan putra kalhipun |
 anjêtung ngêmu waspa |
 sadangunira alinggih |
 saking dening ngunngun myarsa tuturira ||
103. Sadaya ciptaning nala |
 tan bodho kêncêng tyasmami |
 nyata wijiling ngawirya |
 trah kusumandana warih |
 turasing amêrtapi |
 ngulama abangsa luhur |
 nulya nutugên rêmbag |
 yata Ki Sèh Amongragi |
 anuruti yèn wus panggih kadangira ||
104. Samangke langkung lênggana |
 Ki Bayi ngêmu waspa ngling |
 tanapi putra kalihnya |
 aturnya angasih-asih |
 yèn ta lamun wus panggih |
 sakarsa rinta puniku |
 tan ketang mung sadina |
 ing panggih tilarên gampil |
 mung wêlasa mring rayinta lir kukila ||

356 Dhandhanggula

1. Langkung awlas Ki Sèh Amongragi |
 aningali mring Bayi Panurta |
 tuwin ing ari kalihe |
 wusana ris umatur |
 karsa tuwan amba umiring |
 nanging panuwunamba |
 ing tuwan pukulun |
 sampun (n)dhatêngakên suka |
 inggih dipun sagêd rumêksa ing kami |
 rêhning ngêmong turida ||
2. Kyai Bayi wus sagah ing jangji |
 apan samya turut-tinurutan |
 cumêplong bolong driyane |

- ical riringanipun |
 suka bungah sajroning galih |
 narima maring Allah |
 ciptèng tyas katuju |
 ana lêgane kang karsa |
 yèn tan payun kapriye ing solahmami |
 kaya tan anèng donya ||
3. Kyai Bayi Panurta ngiling aris |
 marang ingkang putra kalihira |
 kinèn ambêkta-a age |
 marang ing wismanipun |
 apan sarya winêling-wêling |
 ing salir solahira |
 ing saturutipun |
 putra kalih wus atampa |
 nulya matur Jayèngwèsthi mring Mongragi |
 sumangga kundur mêdal ||
4. Ki Panurta anambungi aris |
 inggih prayogi yèn parèng ing tyas |
 mijil kundur ing wismane |
 ing rayinta kang sêpuh |
 Jayèngwèsthi nyarèhkên pikir |
 kawula pirêmbagan |
 ing tumuntênipun |
 Sèh Mongraga tan lênggana |
 wusnya pamit sêsalaman binêkta glis |
 mantuk mring wismanira ||
5. Yata kundur wau Kyai Bayi |
 praptèng wisma panggih lan kang garwa |
 duk lênggah lawan putrane |
 nulya winartan sampun |
 ingkang garwa salir ing nguni |
 kalangkung sukanira |
 garwa duk angrungu |
 ana kèdhik sêngkêling tyas |
 dene putra lagya ana dènkarsani |
 sawêg manggih sungkawa ||
6. Nikèn Tambangraras duk miyarsi |
 pangandikanira ingkang rama |
 sukèng tyas ana sêngkêle |
 kang dadi sukanipun |
 tan andimpe yèn trah priyayi |
 kang dadi sêkêlira |
 dene ngêmu wuyung |
 nanging dyah waspadèng tingal |
 nadyan silih dhumatênga lara pati |
 luluha wus sinêdya ||
7. Dene antuk ngulama linuwih |
 sêdya krama ing donya akerat |
 mangkana wau ciptane |

dènnya lènggah tumungkul |
nèng ngarsane ramanirèki |
kang rama angandika |
babo putraningsun |
mung sira woding wardaya |
bêgjanira ana kang sira karêpi |
kêpalang sêkêling tyas ||

8. Nanging narimaa lamun pêsthi |
palaling Hyang kang paring mring sira |
nanging wêkasingsun anggèr |
kang putra gya winuruk |
salir ingkang wong palakrami |
ondhe kang kina-kina |
èstri kang wus kasub |
bêbaku dèwi Patimah |
sorsoranne Aklimah garwèng wong krami |
kakunge ala tuwa ||

Jilid 5 - Kaca : 174

9. Pan winartan patraping mring laki |
wontên malih dara Murtasiyah |
mring kakung Sèh Ngarip trape |
lan Joharmani iku |
antêpira adarbe laki |
wus pinajar sadaya |
salir solahipun |
kang putra sarêng miyarsa |
andikane kang rama sang rara nuli |
tumungkul rawat-waspa ||

10. Poma wêkasngong mring sira nini |
nêm prakara tekading wanita |
ingkang wus muktamad rasêh |
parèstri kang linuhung |
ageyongan ing nêm prakawis |
tinuwajuhkên ing tyas |
tan mêngèng sarambut |
èstri kang dadi lêpiyan |
kae mau kang suntuturkên sirèki |
lire kang nêm prakara ||

11. Dhingin wêdi kapindhone asih |
kaping têlu sumurup ing karsa |
kaping pat angimanake |
ping lima (m)bangun-turut |
kaping nême labuh ing laki |
lire wêdi sira ywa |
wani ngrusak wuwus |
kabèh sapadhane ngrusak |
lire asih aja kêmba sira nini |
rahabmu marang priya ||

12. Êndi kang dènkârêmi ing laki |
sira mèluwa rahab kang trêсна |
sabab sih tunggal wujud |

nalikane kayungyun |
kang sinung sih lan kang ngasihi |
tan pae ing paeka |
miluwa sih lulut |
lire sumurup kang bisa |
amèt ati ing priya kang anyondhonggi |
apa kang dadi cipta ||

13. Pêpanganan bubungahan tuwin |
ing lèlèjêm sasmitaning priya |
priya rujuke karsane |
lire ngimankên iku |
ngeling-eling walêring laki |
tan ngilang-ilang wulang |
anggugu mituhu |
lire (m)bangun-turut ingkang |
anglakoni sapakon-pakoning laki |
ywa wangkot ing sakarsa ||
14. Abot ènthèng saèn wirang isin |
kinarya la ayu ing sawiyah |
-wiyah linakonon bae |
lire kaping nêm labuh |
tan onjodan datan mangêni |
tumamèng lara pêjah |
tan nilar tan kantun |
toh jiwa donya akerat |
aywa duwe tyas rêngkêd kang êsak sêrik |
lilakna angganira ||
15. Ywa pilih ing kadadéyanèki |
angandhêmi dènnya nut ing priya |
tan sumêlang pamêlênge |
iku rara dènemut |
dalil èstri kang angramati |
kang brangta maring tekad |
lir tuturku mau |
wong wadon kang dadi iman |
ya alapên bêrkahe supaya olih |
ganjaraning akrama ||

35 Ki Bayi Panurta paring dhawuh dhatêng rayi-rayinipun bab anggènipun amiwaha dhaupipun Nikèn Tambangraras kalihan Sèh Amongraga. Pamiwaha tanpa suka-suka pinanggih ewuhaya, jalaran putra putri namung satunggal, nanging calon pangantèn kakung botên kêrsa pinahargya kanti suka-suka. Mila namung badhe kawaradinakên sadhusun, botên ngaturi para priyayi ing nagari. ...
kaca 175-178

Jilid 5 - Kaca : 175

356 Dhandhanggula

16. Bakal jodhomu iku linuwih |
wahyu ngulama gung tur oliya |
dhasar trah ngawirya gêdhe |
lah dèn bisa sutèngsun |
kudu ngati-ati ing kapti |

- adat bangsa wibawa |
kêdah sira wêruh |
ngawruhi dalu lan siyang |
sakarsane aywa wani mamaoni |
tobata ing Pangeran ||
17. Sabab kakung wus tinitah jais |
anratoni ing dyah donyèngkerat |
anrapakên kukumahe |
purba wisesanipun |
mring wanita uwus jinai |
mulane sira rara |
tyasira kang sukur |
dèn-gêdhe panrimanira |
maring priya ingkang bêkti anggusti-gusti |
poma dènwêdi sira ||
18. Nikèn Tambangraras duk miyarsi |
ing wuwulangira ingkang rama |
lir taru katrêsnan dene |
jawuh upaminipun |
tyasnya sêmi amiminihi |
ambêg kumba susila |
tyas musthika luhung |
tumungkul angêmu waspa |
angling malih Ki Bayi mring garwanèki |
rubiyah tutugêna ||
19. Awêwarah mring sutanirèki |
manirarsa nimbali rinira |
wèh wêruh sarta rêmbuge |
kiyai nulya mêtù |
angandika mring santri Luci |
Luci sira undanga |
kabèh dhi-adhimu |
santri Luci sigra mentar |
nimbali sadaya ingkang para ari |
tan dangu nulya prapta ||
20. Ki Suharja lan Wiradhusthèki |
Kulawirya Panukma Panamar |
gêpah narka ana gawe |
asaguh anèng ngayun |
samy condhong karsa (n)jêng Kyai |
KI Bayi lon ngandika |
mulane sirèku |
sadaya samya ngong-undang |
ngong wèh wêruh yèn pupulunanirèki |
ya Nikèn Tambangraras ||
21. Ngongdudutkên bae olèh santri |
santri moyang anyar saking Karang |
lagi tuture maune |
basa wusanipun |
ngulama kas trahing amukti |
aran Sèh Amongraga |

wijiling ngaluhung |
sira padha andongakna |
yèn pinarêng maring Hyang kang Maha Luwih |
jodhone pulunanta ||

Jilid 5 - Kaca : 176

22. Nikèn Tambangraras lan Mongragi |
muga salamêta sihing Suksma |
têtêpa dadi jodhone |
ri sadaya andhêku |
nêmbah matur ngaturkên puji |
mugi Allah marêngna |
inggih dhaupipun |
para ri matur ing raka |
amba datan myarsa yèn wontên têtami |
sawêg sêrap punika ||
23. Ingkang raka angandika malih |
apa sira durung wruh warnanya |
pra ari umatur dèrèng |
Kulawirya umatur |
kula ingkang midhangêt warti |
saking pun Carmasana |
duk têmbene rawuh |
nèng wismane Jayèngraga |
pan kawarti santri saking Karang èdi |
putra sangêt sihira ||
24. Ki Baywa ngling ya bènêr sirèki |
(n)jujuge nèng wismane nakira |
kang nom Mongraga praptane |
mêngko kabèh sirèku |
mampira wismane Jèngwèsthi |
yogya padha panggih |
lan bakal alomu |
para ri matur sandika |
nêmbah mundur saking ngarsane Ki Bayi |
mêdal mring wismanira ||
25. Kyai Bayi kundur mring wismèki |
pra ri samya marang wismanira |
Jayèngwèsthi ing jujuge |
yata wau kapanggih |
sasalaman agênti-gênti |
wus tata dènya lênggah |
samy (m)bagèkkên wus |
Jayèngwèsthi ris turira |
pan punika paman paduka kang rayi |
(n)jèng rama sami priya ||
26. Amongraga ngling inggih utami |
mindhak santosa ing sarakira |
pra paman myat ngungun tyase |
pasang pasêmonipun |
samy muji layak trah luwih |
katarèng solah-bawa |

cahyane sumunu |
tumeja angulat-ulat |
Ki Suharja wusana têtanya aris |
mring Ki Sèh Amongraga ||

27. Dhuh anakmas sun tanya ing pundi |
asal kamulyanipun anakmas |
Sèh Mongraga lon ature |
saking Karang satuhu |
têbih-têbih kawula prapti |
ngalap bêrkah rakanta |
(n)jêng kyai kalamun |
winêjang ngèlmu raos kak |
Amongraga ing wadi mêksih akunci |
kang paman sadayanya ||
28. Sampun sami maklum ing wawadi |
wus winêngku liya kang rinasan |
bab sarengat tarekate |
nutug sadangunipun |
dènya samya rêrasan ngèlmi |
nulya samya pamitan |
mring kang putra gupuh |
ingandhêg dhahar tan arsa |
mung ngong parlu papanggih rêhning tinuding |
sigra sêsalaman ||
29. Tan cinatur solahirèng uni |
nalikane ing sawiji dina |
Kyai Bayi Panurta-ne |
anèng pandhapanipun |
lênggah lawan garwanirèki |
putrane tinimbangan |
tan adangu rawuh |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
anèng ngarsa Ki Bayi ngandika aris |
karo padha majuwa ||
30. Payo padha pipikiran iki |
saenake rinêmbug wong papat |
gawene kakakngmu kiye |
dene panjalukipun |
kakangira Sèh Amongragi |
riringkêsan kewala |
tyase maksih wuyung |
lamun manira ringkêsa |
priye malah anak pawèstri sawiji |
anandhang rara tuwa ||
31. Nganti kalangkahan kakang kalih |
sira kalawan Ki Jayèngraga |
yèn sunrowa kaya priye |
Jayèngwèsthi umatur |
pan prayogi dipunturuti |
ringkêsan krana Allah |

Jilid 5 - Kaca : 177

amung parlunipun |
ewa punika sumangga |
ing sakarsa sampeyan kula umiring |
Ki Bayi angandika ||

32. Sira priye suta ngong taruni |
apa iya kaya kakangira |
Ki Jayèngraga ature |
mênggah ing aturulun |
kadospundi lamun sinêpi |
prayoganipun rowa |
ing sawawratipun |
ing sariringkêsanêya |
kulawarga tiyang sadhusun puniki |
punapa tan miyarsa-a ||
33. Pra santana wiwah magêrsari |
sintên ingkang dipun arsa-arsa |
mung (n)jêng tuwan lan liyane |
lan kaping kalhipun |
pan pikantuk sunat utami |
Jayèngwèsthi acipta |
mring rayi andulu |
Jayèngraga anor tingal |
ingkang raka nambungi wacana ririh |
ya bènêr aturira ||
34. Nanging iku rada ninisani |
karsane kyai durung winêdhar |
kang ibu lon andikane |
kaya bènêr adhimu |
tan ngapêskên ramanirèki |
yèn rinowoa pisan |
pêsthi asung wêruh |
marang priyayi nagara |
Kyai Bayi Panurta ngandika aris |
wis padha bènêrira ||
35. Mungguh manira kang dadi pikir |
sakadare iya kinurmatan |
mung sakulawangsa bae |
êmbuh tumpêng sabucu |
rinayab ing brayat pribadi |
lan wataranên pira |
wong sadesa iku |
Jèngraga matur ring rama |
kados wontên tiyang sèwu malah luwih |
kêjawi padhêkahan ||
36. Ya mung iku bae kang pinikir |
kêbo salawe kirang cukupa |
kajaba bèbèk ayame |
wis Jayèngwèsthi gupuh |
kakangira Ki Amongragi |
ana-a wismanira |

Jilid 5 - Kaca : 178

sira besaningsun |
bêladhahên omahira |
tutuwuhan kêmbâr-mayang aja kari |
pan iku ila-ila ||

37. Kasompokkên kasusu sakêdhik |
iki lagi tanggal kaping sanga |
besuk ping rolas têtumune |
pakolih sangatipun |
ing Ahmad-e sore Ngasêr-i |
yèku amung jagongan |
sadintên sêdaluh |
ngarah apa riringkêsan |
yèn aja kêpalang mantuku kingkin |
mêsthi limalas dina ||
38. Jayèngwèsthi (n)dhêku matur inggih |
nuwun sandika ing rèh paduka |
darmin lumampah sapakèn |
kang rama malih muwus |
dene sira Ki Jayèngragi |
amêmataha karya |
(n)dadaka sadarum |
kabèh kulawangsanira |
pra-têlung wêtuning godhong salêmpit |
kabèh mangsa bodhoa ||
39. Wong dhukuhan aja na kang kari |
atugura dalêm têtung dina |
lan bojomu konên mrene |
dadya kanthining bumu |
ana kang sun pitayani |
lan paman-pamanira |
rêhên saliripun |
dadakan kang rampung rikat |
ing pakarya aywa na kurangan bukti |
mangsa bodhowa sira ||
40. Jayèngraga sandika turnèki |
ngling ing garwa iku anakira |
bêlanjanên sacukupe |
Jayèngwèsthi turipun |
nuwun sampun ngantos pêparing |
saking barkah paduka |
kados inggih cukup |
lamun samantên kewala |
Jayèngraga gumuyu mring raka sarwi |
sasmita pranêng basa ||

36 Tumindakipun pahargyan prasaja botên siwah kalihan limrahipun tiyang gadhah damêl mantu: griya kabladhah, tarup jangkêp kanthi petang, sajèn, kêmbâr mayang lss. Kathah tiyang ingkang tinanggênah ngrampungakên ubarampenipun mantu.
Nyi Malarsih kajawi siyaga pasêgahan, ulam-ulaman kanthi mragad maesa, ayam, banyak lss., ugi nata patanèn pinajang sarwi endah. Bingahing

356 Dhandhanggula

41. Prandenipun kula dènwastani |
anisani karsane (n)jêng rama |
paduka punika dene |
mêdalkên gêdhigipun |
angluhuri karsane kyai |
dadya apagujêngan |
Ki Bayi gumuyu |
wus nora dadia ngapa |
wus muliha karo nambêlèha sapi |
maesa bèbèk ayam ||
42. Nêmbah matur sandika nulya mit |
putra kalih lèngsèr sampun mêdal |
Ki Bayi lon andikane |
(m)bok rubiyah sirèku |
brêsihana wismanirèki |
galêthêkan singkirna |
êndi kang tan patut |
tatanên ingkang prayoga |
sacarane mêmantês sabarang kalir |
mêmajang kang murwèndah ||
43. Matur sandika nyai Malarsih |
anulya nyorog pêthine giwang |
mundhut arta bolèng kabèh |
karsa kinèn tutuku |
animbali wadon Sumbaling |
sira mênయా pasar |
tutukuwa bumbu |
uyah trasi brambang bawang |
kacang wose ijo kaluwak kêmiri |
asêm laos panjêlang ||
44. Kang sarwa kèh tutukonirèki |
gula kahwa aja kukurangan |
bêcike borongên kabèh |
warnan pasar dènramut |
mumpung pasarmu dhewe Paing |
kang liningan sandika |
yata kang tutuku |
ambêkta rencang sadasa |
sigra mentar mring pasar wadon Sumbaling |
angêpak warnan pasar ||
45. Yatra tigangdasa reyal ngêngting |
age-age ingiring rêmbatan |
sigra katur bendarane |
wus jangkêp dènya ngetung |
Kyai Bayi sigra nimbali |

ingkang rayi Suharja |
lan Wiradhusthèku |
Panukma miwah Panamar |
Kulawirya sadaya prapta ing ngarsi |
santri Luci tan têtah ||

46. Sira kabèh mila ngongtimbang |
apa saparentahe nakira |
Ki Jayèngraga kang angrèh |
gawene pulunanmu |
pan dadakan sadina iki |
bladhahên wismanira |
iya mupung esuk |
banjur têtaruba pisan |
si Panukma lan Panamar sunbubuhi |
ana sajroning wisma ||
47. Ladènana (m)bokayunirèki |
mangsa bodhowa roro sira |
lan bojomu sakarone |
sandika kang tinuduh |
angling malih mring santri Luci |
gaweya kêmban-mayang |
rong jodho kang patut |
kumpulna sapa kang bisa |
lan malihe mundhut tutuwuhan cêngkir |
pisang têtahu rêjuna ||
48. Marang para lurah santri-santri |
kang liningan Luci sigra mentar |
andhawuhkên pundhutane |
samyang ngupaya gupuh |
pisang raja lan cêngkir lêgi |
têtahu rêjuna angsal |
katur sadaya wus |
pinasang anèng sasaka |
sawarnine saka têtarup tan kari |
sinungan tutuwuhan ||
49. Nora kongsi sabêdhug gya dadi |
myang wismane Jayèngwèsthi purna |
rinayap dening wong akèh |
sakulawarganipun |
langkung sêngkut anambut-kardi |
lêlatar rinêsikan |
sadaya wus rampung |
Ki Bayi ibut parentah |
sawusira anulya ngingon-ingoni |
watara kulawangsa ||
50. Sarupane santri bocah cilik |
kinumpulkên ngingonan sadaya |
dènadhêpi pêpangane |
suka dènnya andulu |
lamun kirang dipunimbuhi |

Jilid 5 - Kaca : 180

sêkul kêlawan ulam |
nutuk sami tuwuk |
kamituwa pra mumulang |
nèng pandhapa karya sujèn sapit abing |
miwah kang mupuk ulam ||

51. Kyai Bayi Panurta siniwi |
nèng pandhapa pêpak nak putunya |
akêmul kampuh sindure |
kuluk cêmêng baludru |
dhêsthar bathik Arab wus putih |
nyamping kawung luwasan |
kang mêngtas winasuh |
lênggah ing lampit dêmangan |
nyandhing têpsir Jalalèn lan Baelawi |
pan ngiras amumulang ||
52. Para pinisêpuh anèng ngarsi |
yèn Ki Bayi amurati lapal |
kang nambut-karya amine |
tangane sami gathu |
sèlèh sujèn myang sapit abing |
atakwa ing pituwa |
wuwulanging guru |
yèn wus nulya nambut-karya |
lamun wêktu kèndèl salat bakdanèki |
nulya trap damêlira ||
53. Kyai Bayi angling maring Luci |
sira kang dadi juruning pangan |
aywa kakurangan kabèh |
sakarêpe dèntuwuk |
rijêkine Allah marêngi |
mangsa sabêna dina |
mêmangan anutuk |
sakèhe kang nambut-karya |
samyang sêngkut suka rênane kapati |
warêg mangan ambêta ||
54. Bakda Ngasar wau Ni Malarsih |
lan kang rayi Panukma Panamar |
katri mantu lan ipene |
sadinên gya mêmangun |
anêlaskên rêrekan apik |
Malarsih karsanira |
nglangkungi kang uwus |
rumiyin duk darbe karya |
ngantos kaping kalih tan kadi puniki |
(ng)gyannya mêmangun tilam ||
55. Patani gêng ing têngah tulya sri |
badhe panggènan pangantyanira |
kinarya putihan bae |
inendah mara sêmu |
sinalimut ing sarwa putih |

Jilid 5 - Kaca : 181

- langse caweni pêthak |
 (ng)galêr kunus alus |
 wawaton lan sakanira |
 tumpangsari pamidhangan sundukkili |
 linapis mori pêthak ||
56. Pelag lêlangitan sarwa putih |
 pojok saka sakawan sinungan |
 wiwiron lir worah-warèh |
 mêdhok nyêkar kêcubung |
 pan kinayu-apu aputih |
 tinon lir kêmbâr-mayang |
 mungsêr sungsun pitu |
 palisir kaywapu malang |
 têpung gêlang sungsun katri samya putih |
 kêlasa batu pêthak ||
57. Tuwin kasur agêng lan guguling |
 kajang sirah antêban pan seta |
 tinundha agêng alite |
 lawan kêkawalipun |
 ing pajangan sri sarwa putih |
 winingkis ing canthelan |
 sinampiran kacu |
 pêthak winiru araras |
 karang ulu kinarang mêlok mêlathi |
 myang kasur sinêbaran ||
58. Jinêbadan amrik ganda minging |
 patani gêng inendah ing seta |
 tinon tuhu tanpa tandha |
 tinon byar putih mancur |
 pan sumilak asêmu wingit |
 nêlahi jroning wisma |
 sumunu dinulu |
 Ni Malarsih kurmatira |
 mring ulama pinasaja sarwa suci |
 carêming karasikan ||
59. Kanan kering kêkobong angapit |
 mubyar muncar karone kinêmbar |
 kang kinarya gubah cindhe |
 corak jêlamprang wungu |
 pinarada gumêbyar asri |
 palisir garènjèngan |
 tinurut kaywapu |
 ing sutra ijo kuning bang |
 sasukane sakawan pisan linapis |
 garènjèng lir saka mas ||
60. Kasur agêng sinamir mêngdhoki |
 guling êncit surati loro bang |
 bantal antêp samya cindhe |
 miwah kêkawalipun |
 cindhe ijo sinêlan abrit |

bantal sinungsun sanga |
gêng alit tinurut |
karang ulu pinêlokan |
oncèn-oncèn anggitan gambir mêlathi |
kasur sari sinêkar ||

Jilid 5 - Kaca : 182

61. Sunduk kili sinamiran kêling |
limar pêlung solok pandhan surat |
walulin lan palangine |
kêndhaga karang sungsun |
pêthi giwang kêbut angapit |
kêndhi pratola miwah |
kaca bênggala gung |
poponjèn lan parêsikan |
myang bothèkan cêncandhèn pinrada asri |
kêmbar-mayang ing ngarsa ||
62. Pandam sèwu roro bonyo ngapit |
gênuh sajèn sampun pinêpêkan |
ila-ila sadayane |
asri kêdhung-kumêndhung |
Ni Malarsih bungah tan sipi |
suka sêngkêl sakala |
karaos tyasipun |
ningali rakiting tilam |
jroning wisma anglir kaswargan kaèksi |
mulêg ganda angambar ||
63. Ni Malarsih sumumpêl kang galih |
saking kagêngên ing bungahira |
tambah raosing manahe |
(m)barêbêl arawat luh |
prêmbèh-prêmbèh wusana nangis |
kami-sêsêgên supag |
anulya tan emut |
gugup Panukma Panamar |
jalêr èstri Rarasati anangisi |
gumrah tangis jro wisma ||
64. Kyai Bayi kagyat myarsèng tangis |
gupuh dènnira lumêbèng wisma |
iku ana apa kuwe |
dene tangis gumrumung |
Ki Panukma umatur nangis |
kula (m)botên uninga |
ing prakawisipun |
ing sawusipun mêmajang |
apan kèndêl nulya mêtèk-mêtèk nangis |
lajêng niba kantaka ||
65. Kyai Bayi manthuk-manthuk angling |
wis mênênga aja na karuna |
bêcik sarèhêna bae |
nulya sami anurut |
ingkang kantu nulya anglilir |

pan maksih marawayan |
tan adangu emut |
Ki Bayi alon lingira |
kêna ngapa (ng)gènira sira tan eling |
Malarsih aturira ||

Jilid 5 - Kaca : 183

66. Inggih botên wontên ingkang mawi |
Ki Panurta alon wuwusira |
mring Panukma Panamare |
iya wruhanirèku |
wus bunuhe adat wong cilik |
yèn katêmbèn tuningal |
ningali kumêndhung |
nora bungah malah susah |
saking dening nora tau duwe apik |
mulane kêneg lara ||
67. Ukur akèh thithik amadhidhig |
kêbungahên têtahane susah |
seje pancène wong gêdhe |
gadhah angundhung-undhung |
pangrasanya maksih sathithik |
iku lagi wadhagan |
bae ing wuwusku |
dene dalane agama |
yèn ujare sarak iku pan sinirik |
tan kêna kinarêman ||
68. Lamun mungguh sira lawan mami |
nora kêna kulina ing donya |
wus angganthêng wêwalêre |
tan kêna mamak-mumuk |
yèn kêprècèt murungkên dadi |
angloro ing Pangeran |
akerate bukung |
cunthêl lir ganjarannira |
apan beda lan kang tinitah prajurit |
tan kêna kukurangan ||
69. Ki Panukma Panamar samya jrih |
kaluhuran sabdane kang raka |
tumungkul (m)brêbês waspane |
sangêt kraos tyasipun |
Ki Panurta muwus mring rabi |
iya Malarsih sira |
dèn-narimèng wuruk |
aywa pègat dhikirira |
lan istigpar salawat atasing Nabi |
têpakur kang santosa ||
70. Ni Malarsih tumungkul langkung jrih |
amituhu wuwulanging raka |
suka sukur ing kalbune |
winêjah wus tuwajuh |
wuwuh tajêm anjatmikani |

sawusira mangkana |
Ki Bayi amuwus |
wis padha atrapa karya |
ingkang rayi sadaya anyandhak kardi |
Ki Bayi nèng pandhapa ||

71. Wanci Ngasar akir Kyai Bayi |
kinèn kèndèl ingkang nambutkarya |
dhawuh mring santri Luci-ne |
kinèn amundhut sêkul |
angingoni kang nambut-kardi |
watara kulawarga |
tan ana kang kantun |
jalwèstri apantha-pantha |
pan authi santri Luci angidêri |
ngimbuih sêkul ulam ||
72. Wus luwaran dènya samya bukti |
tuwuk sakèhe tan ana kirang |
sadaya pan mènthèh-mènthèh |
surya wus tunggang gunung |
samya ngangkat wêktu Mahribi |
santri nabuh kènthongan |
goprake kumrusuk |
pra santri kathah anjêprah |
sami gupuh lumajêng pating tharêklik |
prak-prakan abarungan ||
73. Amèt banyu wulu ting kacuwik |
kêrabyukan lir bendrong grahana |
saking kathahing santrine |
salêmprotan kêkêmu |
kang wus wulu manjing ing masjid |
andongga yat-ayatan |
nulya adan barung |
swara sora rum arampak |
wusnya innalaha wa malaikati |
lajêng sadaya sunat ||
74. Sawusira sunat samya muji |
Jayèngraga kang dadi mubalah |
alêlagon istigpare |
swara ubyug gumrumung |
umyang arum rêmpêg kapyarsi |
kang cilik kang sêdhêngan |
kang agêng ambarung |
ngêlik andul-andul padha |
tumalawong tan ana barênjul siji |
dalam êmèle rampak ||
75. Astagpirulah halngalim min kulli |
danbin ngalim lakpir ayuman |
ila rabilngalamine |
barung arum aruntut |
gumarênggêng asri amanis |

Jilid 5 - Kaca : 184

wus manjing nulya kamat |
ngangkat parlunipun |
(n)Jêng Kyai Bayi Panurta |
nulya majêng karsa ngimami pra santri |
tangawut lajêng niyat ||

76. Wusnya usali praptaning têkbir |
lajêng tasbih nulya maca wajah |
Patekah mukaranahe |
tamat Patekahipun |
surat Waluka awalnèki |
akire Alamnasrah |
nuli tahyat lungguh |
awal praptèng akir tahyat |
nulya mawa sêlawat atasing Nabi |
miwah ing kulawarga ||
77. Nulya salaman ing awal akir |
wusnya bakda amaca ibtitah |
lajêng pupujiyan akèh |
swaranira gumrumung |
wus pujiyan anulya dhikir |
rêmpêg ambata-rêbah |
swara sru gumuntur |
wus atusan antaranya |
bakda dhikir andodonga ing Hyang Widi |
rahab donga tinumpa ||
78. Jayèngraga rahab dènnya nasib |
swara muluk mêmêt mêmbat-mêmbat |
sinauran amin kabèh |
ramya asru gumuruh |
wus pêragat ing wêktunèki |
prapta ing bakda Ngisa |
sêsalaman sampun |
lan santri kathah sêlawat |
nuli kundur Ki Bayi saking ing masjid |
ingiring santri kathah ||

37 Ing griyanipun Jayèngwèsthi, Sèh Amongraga paring kêtrangan bab tekat
Kadariyah tuwin Jabariyah ...
kaca 185-187

Jilid 5 - Kaca : 185

356 Dhandhanggula

79. Yata ingkang nèng wismanirèki |
Jayèngwèsthi Ki Sèh Amongraga |
Jayèngraga duk praptane |
saking masjid pan laju |
nèng ngarsane kang raka kalih |
sawusnya sêsalaman |
tata dènnya lungguh |
kang anèng ing ngarsanira |
ingkang paman Suharja Wiradhusthèki |

kalawan Kulawirya ||

80. Ki Nuripin kinarsan nèng ngarsi |
Jamal Jamil anèng ngandhap têbah |
dene pra lurah pasantrèn |
bagus Yahya gus Dawud |
Amad Asra bagus Arpani |
Janodin Jayaniman |
Jalalèn gus Yusup |
miwah para bèkêl desa |
Wiratrana Jatruna lan Surakrêti |
Sadangsa Jayayuda ||
81. Sêpuh anèm kapang nèng pandhapi |
lan santri kang dadi kasinoman |
miwah kang anambut-gawe |
mung sawêtaranipun |
datan kusung-kusung ing kardi |
mapan datan linilan |
rêkasaning bau |
mangkana Sèh Amongraga |
anèng dalêm kalawan kang rayi kalih |
kalawan para paman ||
82. Sasaosan dhêdharan mawarni |
wedang êtèh lawan mêmanisan |
rinampat nèng ngarsa andhèr |
wedang bubuk tan kantun |
gula arèn lan roti kêring |
Amongraga tan patya |
dhêdharan anginum |
ukur wedang sacêcêpan |
tanpa gêndhis mung angsal satêngah cangkir |
kinurêpakên ing cawan ||
83. Angandika mring kang rayi kalih |
yayi Yayèngwèsthi Jayèngraga |
mênggah ing tekat kang angèl |
kalih prakawis nêngguh |
apan kadariyah kang dhingin |
lawan kajabariyah |
puniku yèn mungguh |
binudi para ngulama |
dèrèng wontên kang rikat angrarampung |
saking angèling murad ||
84. Lamun kadariyah tekadnèki |
apan kapir ngindallah punika |
yèn kajabariyah dene |
kapir ngindanas tuhu |
datan kenging lamun pinilih |
salah satunggilira |
pêsthinipun kupur |
yèn pinèt sadaya kopar |

lamun nampik kalih pisan pèsthi kapir |
tan kenging ginagampang ||

Jilid 5 - Kaca : 186

85. Kajawi kang sampun ahli suni |
lah punika kang sampun sampurna |
kang wus tan ana cacade |
puniku ugêripun |
ing agêsang kêdah ambudi |
tekade kang santosa |
ywa nganti kêsandhung |
yèn têkiyur kêkandhangan |
datan wurung anarik apêsing budi |
badan anut kewala ||
86. Gampil yayi sêmbahyang angaji |
sawab wontên lanjarane kitab |
tan wontên ngèlmu kang angèl |
anamung tekad nêngguh |
lamun sisip ambilaèni |
tekad dadya pratandha |
awon pênêdipun |
wande siyos saking tekad |
ingkang dados lèbêt-lèbêting ngaurip |
saking tekad piyambak ||
87. Wiwinihe tekad saking budi |
nyataning budi katarèng tekad |
yèn sampun jomblah tekade |
kêlawan budinipun |
(ng)gih punika yayi kang kusni |
kang rayi kalihira |
tumungkul madhukuh |
nuhun-nuhun aturira |
datan purun anglawani aturnèki |
pan kaluhuran sabda ||
88. Sangêt kontragira ingkang galih |
Jayèngwèsthi lawan Jayèngraga |
myat ingkang raka wingite |
dadya tumut mangun kung |
datan kolu wedang sacangkir |
miwah kang paman-paman |
dhêdharan kur-ukur |
tan kaur ngraoskên tekad |
têpangipun murade kadariyahi |
lawan kajabariyah ||
89. Amongraga sêmune awingit |
angandika mring ari kalihnya |
kadipundi ing karsane |
kyai kalawan ibu |
dènnya nambut karya nglangkungi |
mêmantu rowan-rowan |
tingale agupruk |
dene kula wus prasambat |

nuwun riringkêsan kemawon utami |
pasaja karena Lah ||

90. Sasat sagêd nimpêni ing mami |
inggih ta lah de botên kadosa |
kyai lan ibu karsane |
Jayèngwèsthi umatur |
inggih kula sampun ngaturi |
aywa ngantos rinowa |
dede parêngipun |
nanging ibu jêngandika |
ingkang adrêng kédah kurmat sawatawis |
bêrkate wong puputra ||
91. Ciptanipun putrèstri satunggil |
inggih botên niat rowan-rowan |
rampungna sêkul salèmpèr |
namung niat majêruk |
lawan brayatipun pribadi |
inggih sakulawarga |
mung tiyang sadhusun |
datan ngaturi uninga |
ing priyayi nagari saking satunggil |
piyambakan kewala ||
92. Mugi dènapuntêna pun bibi |
kamipurunipun apêpeka |
saking sangêtipun sihe |
inggih dhatêng (m)bokayu |
mila mugi tuwan alimi |
Amongraga ngandika |
sumangga ing kayun |
sinampun dhahar juwadah |
mung sacuwil ginalintir kang ginigit |
dangu panggilotira ||
93. Sarwi ngancarani mring kang rayi |
yayi suwawi sami dhaharan |
kang rayi nanduki age |
dhahar nyamikan sampun |
linorodkên mring Jamal Jamil |
agêpah dènnya nadhah |
wong roro athêkul |
yata kang sami jagongan |
nèng dalême Kyai Bayi Panurta ngling |
sakèhe kulawangsa ||
94. Ing latri lagya midadarèni |
pan pèpakan kulawanganira |
miwah pra lurah santrine |
Ki Bayi dènnya lungguh |
pinggir kang lèr têngah (ng)gènnèki |
anyamping godhong jarak |
kêmul kampuh sindur |
dhêstharira mori pèthak |

Jilid 5 - Kaca : 187

kuluk cêmêng luwas sadaya arêsik |
lênggah lante dêmangan ||

95. Sasaosan dhêdharan mawarni |
ingkang cêlak dènnira alênggah |
ri kalih kanan keringe |
Panamar Panukmèku |
myang pangulu Ki Basarodin |
Talabodin kalawan |
Nursukidin wau |
murid Jaki Pranaita |
santri Luci Jumêna lan Ki Sêmbagi |
prênah paman lan uwa ||
96. Pan tinata lulungguhanèki |
ingkang têngên lan sêpuh nèmira |
akapang têpung lungguhe |
Amadiman sumambung |
Amadolah lan Amadtahir |
kêlawan Amadbadar |
miwah Amadarum |
bagus Imran bagus Ilyas |
gus Suhada Murtaja bagus Nawawi |
Janawi lan gus Nurya ||
97. Gus Nuryani Nurjani Jumjani |
gus Tabrani Jaelani miwah |
Ngabdul-sudur Dul-sukur-e |
Ngabdul-tamsur Dul-gapur |
Duljuwahir Ngabdul-Ngajujir |
nulya pêtinggi desa |
samyâ békêl têpung |
Wrêgaita Wrêgatrûna |
Wrêganaya Kêrtayasa Wangsakêrti |
Kêrtinala pak Sawa ||

38 Malêm midadarèni kathah tamu jalêr èstri ing dalêmipun Ki Bayi Panurta
rêmbagan kalihan Ki Sêmbagi bab Pasatoan laki-rabi. Sanèsipun sami
lêlênggahan sinambi main catur, wong-wongan, omong-omong,
dêdongengan, lêlucon tuwin umyung minangka sarananing wungon.
Têrbangan kanthi singiran Jawi lss. ...
kaca 188-190

Jilid 5 - Kaca : 188

356 Dhandhanggula

98. Pak Banikêm pak Sungkêm pak Kêmis |
pak Rajiyah pak Kêdah pak Susah |
pêpakan sadaya andhèr |
békêl kewala ngayun |
pan kajawi békêl pawingking |
samyâ (n)jagani karya |
acakut aguyub |
myang santrine masjid kathah |
samyâ (n)darus Kur'an kitab lan tajuwid |

myang usul nahwu sarap ||

99. Langkung rêma pêpacitanèki |
wedang kopi wowohan gorèngan |
balêbah pangan santri kèh |
tan kirang malah langkung |
yata ingkang anèng pêndhapi |
Kyai Bayi Panurta |
tinarap nak putu |
katonton wibawanira |
Ki Panurta wong sadesa mule sami |
nadyan liyan amanca ||
100. Langkung asri langêning pandhapi |
linangse pêthak sêdayanira |
pyan lawon lan sasukane |
amrik pandam akurung |
pan daluwang banyu rinujit |
kinêmbang samya dluwang |
ijo lawan biru |
damar-damar ting paluncar |
miwah salêbêting wisma anêlahi |
mubyar tan ana memba ||
101. Samya gawok sakèh kang ningali |
pan katêmbèn ing desa tan ana |
kabèh jomblong pandulune |
kang jagong samya muwus |
lan rowange caturan ririh |
(n)Jêng Kyai nora jamak |
karyèram pandulu |
aku wruh ing kana-kana |
pra priyayi mantu tan kadi puniki |
rakiting pêpajangan ||
102. Ki Sêmbagi rêrasan aririh |
ting kêranthuk lawan Ki Jumêna |
ragi awadi anthuke |
Ki Bayi lon amuwus |
lan punapa uwa Sêmbagi |
ingkang dipunwicara |
awadi dinulu |
kalawan paman Jumêna |
Ki Sêmbagi nauri wacana aris |
inggih bab pasatuwan ||
103. Kyai Bayi gupuh ngandikani |
de punika rêrasan têmênan |
lah uwa nèh tutugake |
ngong kasupèn kèlamun |
uwa sagêd amêmetangi |
pasatuwan wong krama |
awon pêndipun |
dènmariki uwa paman |
cêcêlakan tunggil lan putrane kalih |

pun Panukma Panamar ||

104. Ki Sêmbagi Jumêna mangarsi |
wus anunggil Panukma Panamar |
Ki Baywa lon patakone |
wayahdalêm puniku |
Tambangraras lan Amongragi |
kados pundi punapa |
pênêde puniku |
Ki Sêmbagi lon wuwusnya |
ngèlmu Buda beda lan sarak utami |
Ki Bayi lon ngandika ||
105. Wus la-ilanya wong laki rabi |
kêdah anggunêm ing pasatuwan |
Ki Sêmbagi wangsulane |
inggih sumanggèng kayun |
kang kapanggih petanganmami |
èstri nêptu tridasa |
langkunge têtêlu |
kang jalu nêptu tridasa |
langkung wolu gunggungé pitungdasa ji |
ingêcèr picis kênthang ||
106. Crèk-crèk krukup crik andhok dhawah sri |
sinanèskên kang kari ngècèran |
crik andhok dhawah sri manèh |
winor lan kang sri wau |
sakantunne dipunècèri |
crèk andhok tiba lara |
sinèjèkkên gupuh |
crèk andhok dhawah ing lênggah |
satêlase crik andhok dhawah sri malih |
wêtan dhanyange gangsal ||
107. Ambêgènggèng Ki Sumbagi angling |
ih sae tèmên ècèrannira |
pangantèn agêng bégjane |
Kyai Bayi gumuyu |
amaca Alkamdulilahi |
atanya dêrahira |
Ki Sêmbagi muwus |
dhanyang gangsal (ng)gih punika |
wiwit èstri lungguh gèdhong lara pati |
etang anut ing dhanyang ||
108. Ki Panurta ngling punapa malih |
kang uwa jar mêksih wontên ramal |
kala-mudhêngipun dèrèng |
pan sami kêkahipun |
nêptuning kang sastra winilis |
aksara kalih dasa |
pan pinara têtlu |
sastrane saduman sapta |
ha[...] ra[...] ta[...] la[...] ja[...] ma[...] tha[...] nêptunya niji |

Jilid 5 - Kaca : 189

rong duman sastra sapta ||

109. Na[...] ka[...] sa[...] pa[...] ya[...] ga[...] nga[...] nêptu dwi |
kang têlung duman nênmêm sastranya |
ca[...] tha[...] wa[...] da[...] nya[...] ba[...] dene |
nêptunipun anêlu |
pan ingetang jalu lan èstri |
binucal tiga-tiga |
pintên kantunipun |
yèn kantun tiga palastra |
lamun kantun kêkalih punika sakit |
kantun siji utama ||
110. Putradalêm punika prayogi |
wiwitane wêkasane susah |
pisah lan yayah-rênane |
wikana pisahipun |
enggal lawas pati lan urip |
têmtu ujaring ramal |
kala-mudhêngipun |
ewa punika sumangga |
tabit Buda manawi cêgah ing ngèlmi |
amawi pasatuwan ||
111. Kyai Bayi angling mring Sêmbagi |
langkung kathah ngèlmuning Pangeran |
tan sagêd anacahake |
uwa yèn bab puniku |
yèn tilarên tan mêlarati |
nging Ki Bayi Panurta |
manahe sumênut |
Ki Pangulu datan rêmbag |
ngèlmu kala-mudhênge Kyai Sêmbagi |
myang santri kathah-kathah ||
112. Ki Panurta ngling mring santri Luci |
sira undangên si Kulawirya |
kang liningan mentar age |
tan dangu nulya rawuh |
prapta ngarsanira Ki Bayi |
kang raka angandika |
bêcik padha catur |
lan kakangmu Ki Panamar |
totohana wêdhus lêmu lan kèbiri |
kang rayi tur sandika ||
113. Ki Panamar amuwus mring ari |
priye jangjine sira lan ingwang |
mungguh totohane kuwe |
manuta ing matipun |
êmat pidak kalawan êtir |
mat mantri jaran gajah |
kacèk bayaripun |
yèn mat mantri pidak gajah |
apan wêdhus lêmu bayaranirèki |

Jilid 5 - Kaca : 190

yèn mat êtir jaranan ||

114. Sak sukane pan ayam kêbiri |
Kulawirya anauri sagah |
nulya pinasang cature |
Panamar gêlaripun |
kawal supit-urang miranti |
Kulawirya glarira |
êtire tinumpuk |
kukuh kawal kakanthètan |
lêkas maju sag sêg pidak mrih pêpati |
ngungkih angkah-ingangkah ||
115. Ki Panamar langkung ngati-ati |
nanging pidake kathah kang rusak |
rada katimpah lampahé |
akêcap manthuk-manthuk |
dangu pikir lampahing ngêtir |
Kulawirya angatag |
swawi kadangon wus |
nulya nglampahakên jaran |
pan kasupèn tinggal kawal mangan mantri |
jaran pinangan gajah ||
116. Dadya gulêd sadhengaha lali |
pangan-pinangan gêsah-ginêsah |
Ki Bayi la-ilu bae |
anggêsah-gêsah tumut |
ngalor ngidul mèlu (ng)gêsahi |
rubungan para tuwa |
suka samya (n)dulu |
kang timpuh wênèh siduwa |
ana ingkang ngêlus-êlus jenggodnèki |
kang cêcathut anglangak ||

39 Ing griya wingking jêjagongan para wanita. Anèm sêpuh sami rêrêmbagan mawarni-warni, wontên ingkang nyariosakên pêngalamanipun kawêngku priya makaping-kaping, tumanduking sanggama kapisan dumugi bab-bab cêrêmêdan engga langkung gumêr swantênipun gajêng cêkikikan. ... kaca 196-202

Jilid 5 - Kaca : 191

117. Ki Bayi ngling hêh Wirya dênaglis |
lakokêna jaranmu anggusah |
sigra ginubah ratune |
kenging dênrok tiripun |
tumul (ng)gusah Kiyai Bayi |
Kulawirya asuka |
sah-sah ès-ès suh-suh |
angalênggêr Ki Panamar |
kukur-kukur kerogan tyasira sêdhih |
gatêlên jenggodira ||
118. Kulawirya kêkêl anyukikik |
ratu mingsêd tir pinangan jaran |

- gya tire kinênthêngake |
 sarwi alon mêrkungkung |
 tuding-tuding tangan kumitir |
 dènmatna tir wus êmat |
 nanging datan ayun |
 ingangkah êmat kapidak |
 Ki Panamar ngulat-ngulèt priye iki |
 angosog dènyya lampah ||
119. Sakarine rinampêtkên aglis |
 tinadhahan ing kawal kanthètan |
 dadya tumpês sadayane |
 kari gajah angacung |
 Kulawirya saya angikik |
 dhasar watak manthêlang |
 mangka olèh buru |
 tan ering mring kakangira |
 anjêgènggèng ngisin-isin bakal iki |
 anuntun wêdhus domba ||
120. Dhasar jambul kabênêran kêndhit |
 berok lêmu gimblah jenggodira |
 jalamprah kaya jenggode |
 Basarodin blêglugu |
 ki pangulu ambêkuh ih ih |
 (n)dadak nggarap wong tuwa |
 Ki Bayi gumuyu |
 Ki Panamar rada duka |
 ih wong nganom anèng ngarsane kiyai |
 polahe cêlangkrakan ||
121. Kulawirya saya bilik-bilik |
 cukakakan Panamar ngling nyêntak |
 lah wis ta êmatna age |
 Kulawirya gumuyu |
 êmat pidak sapapan uwis |
 Panamar asok menda |
 garundêlan muwus |
 bènêr kang ngarani karam |
 wong botohan nora patut dènparduli |
 bécik padha cinêgah ||
122. Kyai Bayi Panurta ngling aris |
 mring kang rayi Panukma Panamar |
 katri mring Basarodine |
 mungguh ing dina sesuk |
 wayah apa sangatirèki |
 Amate ing paningkah |
 Ki Pangulu matur |
 punika tanggal ping rolas |
 lêrêsipun enjinge wit Jabarail |
 Ahmate wêktu Ngasar ||
123. Wayah wisandamêl Yurup-nèki |
 pan sumangga pundi kang kinarsan |

Ki Bayi lon andikane |
utama Ahmatipun |
ningkah Ngasar sorene panggih |
bêbanjuran kewala |
dhasar karsanipun |
nora kaya wong maksiyat |
nganggo ngarak ramèn-ramèn tan marêngi |
karsane Amongraga ||

Jilid 5 - Kaca : 192

124. Samene kiye wus anglojoki |
malah sunduga tan pati rêna |
karsane ringkêsan bae |
iki saking nyaimu |
bêrkating wong asih ing siwi |
pinalangan tan kêna |
kudu kusung-kusung |
kusunge tan rowan-rowan |
yèn rowa-a pêsthi nyuruhi priyayi |
amung niyat sidhêkah ||
125. Mangan krasa pêdhês asin thithik |
sêkul sêlayah kédah pinrutah |
nak putu kulawangsane |
satêngah kaya kaul |
dupèh anak kari sawiji |
manahe ge luwara |
mulane abikut |
manira sêmada wêlas |
apan mèlu karasa ing ati mami |
sutrèstri mung sajuga ||
126. Pan tumungkul ingkang rayi kalih |
myang Ki Basarodin aturira |
inggih kadospundi malèh |
tyaspaduka dènsukur |
suka rêna ing lair batin |
mapan sampun jaragan |
samyà nêdha tuwuk |
sampun mawi susah-susah |
mokal supe wal ngamalun kajiratin |
bikakekati iman ||
127. Pan gumujêng wau Kyai Bayi |
iya bènêr cêcaturing kitab |
sidhêkah gêdhe pedahe |
ya bangêt tarimaku |
angandika mring santri Luci |
sira mundhuta trêbang |
siji bae gupuh |
Luci sigra mundhut trêbang |
sinaoskên ing ngarsa Kiyai Bayi |
trêbang nulya sinêntak ||
128. Kyai Bayi angandika aris |
payo padha trêbangan dhèwèkan |

Ki Panukma Panamare |
katêlu ki pangulu |
kapat Luci kalima Jaki |
nênême Pranaita |
kapitune aku |
samyã suka kang liningan |
adan lêkas ginêmbalang trêbangirèki |
anulya lêkas bawa ||

129. Singir Jawa sajak Bintarèki |
ngêlik alot erak-erak sêrak |
pating karêkêl ulonne |
brêkat guru asêmu |
lêlagone pan angunani |
gadhuwul mêmbal-mêmbal |
lulungsuran bêsus |
saurane ya hu-Allah |
tabaraka Allahu robilngalamin |
bakina wa-aba-da ||
130. Panrêbange kathah kêmpyangnèki |
gêmbungira nibani irama |
dèningêr-ingêr trêbange |
pong pêng pyak tong ting brêng brung |
nulya nyandhak singir angêlik |
Jaki Luci asênggak |
kêploke agupruk |
lapale singir tanakal |
tubi asla biarbabi saodadi |
kadasamsu pilibra ||
131. Jiha tatana kalu kang singir |
nulya sêlawat maca ruwiya |
kèndêl samya asêsambèn |
rare gumêdêr amyung |
tantangan toh pating jarêlih |
thak-thèk sami panggalan |
Ki Baywa ngling hus hus |
bocah padha kênèng tolah |
sok sinau malang jati bolong benjing |
jamak ngaji sêmbahyang ||
132. Dinukanan sadaya pan ajrih |
samyã bubar ngalih (ng)gon kewala |
rubungan panggalan malèh |
kyai duka anêbut |
nyandhak wilah Jaki lan Luci |
kang rare sinabêtan |
bubar byur lumayu |
Ki Jaki nêmu wong tuwa |
ginitikan ngudubilah dene iki |
ana benggole kawak ||
133. Kyai Bayi duka sarwi paring |
bêbêt putih wus kinèn kapoka |

Jilid 5 - Kaca : 193

yata kang nèng jro wismane |
Ni Malarsih alungguh |
lan ipenira kakalih |
Sumbaling datan têbah |
angladèni ngayun |
angayap parèstri kathah |
sami cuki wênèh keyo ting karipyik |
dhakon samya paguywan ||

134. Pawèstri kang anèng masjid alit |
samya dhikir lèlagon barungan |
cumlêring rêmpêg ungêle |
swara anganyut-anyut |
amêwahi asrining wêngi |
sadalu datan kèndhat |
salin-salin lagu |
ing masjid agêng trêbangan |
santri kathah samya sêlawatan dhikir |
maulut langkung rahab ||
135. Santri Luci bikut angladèni |
wedang panganan rampadan muncar |
wus pinetang sapatute |
rinampat ingkang mungguh |
angalihi wênèh nigani |
kang ingancak kewala |
nigani sadarum |
pêpak warnining panganan |
lah-olahan woh-wohan sadaya sami |
kaot piring lan ancak ||
136. Myang wedang tèh manisan nèng bèri |
wedang kahwa manisan nèng dhulang |
lan rokok jambe suruhe |
gembol wêr ingkang mungguh |
rokok dawa miwah tapsirih |
bokor myang panjang-ilang |
wênèh kang winungkus |
waradin sadayanira |
kang jagongan ing mandhapa lan ing masjid |
miwah kang nambut-karya ||
137. Tuwin kang anèng wisma pra èstri |
datan prabeda samya rinampad |
ingkang jagongan arame |
mêmangan ting kariyuk |
ting karêcap myang sêgu wahing |
wênèh kandha-kinandha |
tuture agupruk |
dagang maring Surapringga |
prau momotan jaran kèsèr lan sapi |
paraning papasaran ||
138. Jor-jinoran tutur olih bathi |
ingkang gèthèk bathine gethokan |

lumur sor nutur untunge |
kang tanèn nutur tulus |
anguyangkên nêmpur lèh bathi |
tandho atundha-tundha |
tandha tandhing untung |
panêgar balantik jaran |
tutur tuku bêlo satêngah dadi |
payu sawidak lima ||

139. Ingkang alul anglampahkên dhuwit |
yèn anggadhè motangkên sareyal |
suwang sigar uyahane |
yèn sapuluh rongpuluh |
sareyale suku sêsasi |
tutur gawe curiga |
sakandêlanipun |
mas ginadhè rolas reyal |
wus bur dinol payu pitung puluh angris |
kêris thok tan kandêlan ||

140. Nora liyan kang kinandha sami |
para sudagar tani panêgar |
anèng ngon-ingon kandhane |
jago gêmak brêkutut |
bèbèk banyak pitik gulathik |
êmprit pêthèkanira |
kang payu nêmu suku |
samyak catur kang turangga |
apêpanthan sagolongane pribadi |
dhalang kandha angruwat ||

141. Angêtèprês bêbanyolan ringgit |
tangan suraweyan kang minangka |
Sêmar Petruk Nalagarèng |
sêmbada cucutipun |
Widiguna lucu kêpati |
ginaguyu gêr-gêran |
kang linggih angêlun |
ngalèh ngrubung Widiguna |
samyak kêkêl cukakakan hih hih hih hih |
huh huh huh hah hah hah hah ||

142. Nora pijêr amêmangan sami |
rare rubyung myang kang nambut-karya |
kèh salong tinggal gawene |
kasinoman arubung |
ting cukikik mijêti ati |
ngangsu unjal-ambêgan |
gêr ambata rubuh |
kasor kang para carita |
Kyai Bayi pan gumujêng anggaligik |
andêlna Widiguna ||

143. Yata wus dalu bêdhug dhêng muni |
santri Luci angladèkkên dhahar |

- ngabani kasinomane |
nampa rampadanipun |
miwah ancak gotong-pat sami |
panganan dinum samya |
sabageyanipun |
kinêroso tapak-dara |
nulya sêkul ulam majêng maring ngarsi |
ingetang ambêng tata ||
144. Rampadan kang ngalihi nigani |
ambêng ancak nyêdasani samya |
nyêlawèni santri rare |
kang jangan bècèk wêdhus |
ajang takir gêdêbog sami |
sawusira warata |
Ki Bayi amuwus |
suwawi sami wijikan |
nulya samya tuturuh sadaya sami |
wanting angumbah tangan ||
145. Adan lêkas nadhah ting karêcip |
kriyak-kriyuk amangan seropan |
ingkang mangan kèh swarane |
Widiguna nglingnya rum |
engak ganggang bèbèk agurih |
gêr ginuyu ing kathah |
kang kasêlak huk-huk |
angguguyu Widiguna |
mring dènya mangan enak sadayèki |
ambêng dinum binêrkat ||
146. Wus warata kang bagi-binagi |
sami kinêroso tapak-dara |
sinandhing tan ana mulèh |
lajêng natas sadalu |
samya kandha kinandha malih |
kang macanan wong-wongan |
lan dham-dhaman catur |
wênèh ngantuk arenggotan |
kang nyênyambi mangan brêkate pribadi |
kang udut nocoh kinang ||
147. Ting kalêmpor amyang ting parêlik |
Ki Bayi sês kêlukuk bênggala |
kang udut nipah lan wangèn |
Widiguna audud |
patang gelang tike lininting |
Kyai Bayi ngandika |
ngong mambu alangu |
langu lir kukusing madad |
ingkang sami cêlak matur (n)jêng kiyai |
inggih pun Widiguna ||
148. Tike sagêgêm kang dipunlinting |
Widiguna nauri ya ta lah |

kabèh padha ngrubuhake |
ginuyu ing sadarum |
Ki Baywa nging kadèkna sangit |
madad lininting klaras |
langu ngaluk-aluk |
Widiguna anggêlungsar |
kêkadhalan majêng nêmbah bari ngagir |
mring Ki Bayi Panurta ||

149. Kulanuwun kamipurun kèdhik |
dalêm paringi mindho sakèdhap |
kados punapa raose |
êsês dalêm (ng)galuguk |
(ng)gih apuntèn dalêm kang mugih |
dalêm lilani kèdhap |
Ki Bayi gumuyu |
cêblung dhalang cêlangkrakan |
njaluk mindho kèlukuknya ênya iki |
ududa klukukingwang ||

Jilid 5 - Kaca : 196

356 Dhandhanggula

150. Dimarene majuwa sathithik |
Widiguna pinulir irungnya |
irungmu iki kagèdhèn |
andêlole ambêngkuk |
bok êlongên pèthèl bèn cilik |
Widiguna anjola |
gumuyu dhuh biyung |
irunge dènusap-usap |
irungkula punika kularêmêni |
awon-awon (m)botêna ||
151. Sampun bêktane duk wingi uni |
pinulir ngantèk abang bêranang |
gêr ginuyu ing wong akèh |
kyai gumujêng (ng)guguk |
pênyanaku awèh dênlongi |
matur dede pabênan |
sangsaya ginuyu |
Ki Bayi mundhut rasukan |
sêmbagi bang lan ikêt jingga pining |
-akên Ki Widiguna ||
152. Kulambiku jobah (ng)gonên iki |
barjumungah de ikète jingga |
yèn tinanggap (ng)gonên mètèt |
Ki Guna nêmbah nuwun |
nuwun inggih inggih kapundhi |
sinunggi linggèh bêksa |
klak kluk pacak-gulu |
udud kalukuk kasêlak |
huk huk sarwi matur dalêm pulir malih |
irung kula kang bégja ||

153. Mundur lero maring (ng)gonne malih |
ginuyu mring wong kathah gêr-gêran |
parèstri nèng dalêm gêdhe |
samyang ngungak gumuyu |
mring Ki Widiguna pinaring |
akèh polahe bungah |
langkung cucudipun |
Nyai Malarsih tinarap |
ing parèstri kang putra mantu nèng ngarsi |
Rarasati kalawan ||
154. Ni Daya lan Jumêna Sêmbagi |
ni Panukma lan ni Panamar |
sudagar kang gêdhe-gêdhe |
ni pêngulu nèm sêpuh |
wus luwaran dènnira bukti |
samyang namur lèk-lèkan |
kejo ting kêrupyuk |
ingkang cuki dhêdhakonon |
rare cilik gumêtêr gathèng cangguring |
ana kang cêcaturan ||
155. Wênèh paguywan pating cukikik |
wênèh rêrasan acarêmédan |
Ni Sumbaling angêtèprès |
takèn mring Ni Dayèku |
lah (m)bokayu dika rumiyin |
kaping pintên mah-imah |
duk maksih nèmipun |
Nyai Daya saurira |
e ya amung ping pindho kangjêng kiyai |
dipati Wirasaba ||
156. Duk pinundhut ku kinarya sêlir |
pêngantyan lagya olèh nèm wulan |
sêdhênge pêpasihane |
pinancal pitung puluh |
saking rêmên marang wakmami |
bojoku bêtayangan |
rina wengi bingung |
kang dènamèkkên mung ingwang |
aku iya samono manèh anangis |
kèlingan duk pasiyan ||
157. Bêrkating bocah sun durung ngêrti |
rakiting wong laki pipindhonan |
kèlingan lakiku bae |
satingkahe alulut |
cinêdhakan mring ki dipati |
mêngkarag anggangingwang |
jrih sangêt kalangkung |
tur rinêpa ingarihan |
sarta pinaringan arta busana di |
tan arsa nampanana ||

Jilid 5 - Kaca : 197

158. Kang kaetang namung lakimami |
 solah bawane tansah katingal |
 iya wong padha ênome |
 ki dipati wus sêpuh |
 sariranya pupuk mêdèni |
 sabên ngong cinêlakan |
 tansah nangis asru |
 pan kongsi satêngah wulan |
 nora kêna manira pan maksih eling |
 marang lakiku lawas ||
159. Ni Sumbaling tanya kadipundi |
 wiwitipun kênane kêkênan |
 Ni Daya gumuyu nyablèk |
 iku lagi suntutur |
 nuju udan dêrês kapati |
 ngong anèng pagêdhongan |
 dalêm èmpèripun |
 tan wruh ki dipati prapta |
 kanca bubar nuli lawange kinunci |
 gumujêng galigikan ||
160. Nyandhak tangan ginujêg ngong (n)jêlih |
 rêgêjêgan pinaksa kewala |
 tan bisa mawal karsane |
 nuli iya wis atut |
 manira lan ki adipati |
 Sumbaling (n)dhêsêg tanya |
 sarwi (ng)guyu-(ng)guyu |
 tanggung têmên (n)dang dèn-jugag |
 ingkang cêlak samya gumuyu angikik |
 nyai pangulu têngah ||
161. Nyai Pratima sudagar sugih |
 ragi dhompol wong pat carêmêdan |
 cukikikan samya lirèh |
 Sumbaling (n)dhêsêg muwus |
 kadipundi witipun kening |
 bokayu duk kinarsan |
 nèh wangsuli wau |
 Ni Daya tutur tan ringa |
 kerasèng tyas ningali pajangan amrik |
 èngêt kala nèmira ||
162. Ika mau duk ki adipati |
 anggarêjêg kêmbênku linukar |
 sun bènakkên lukar manèh |
 sinjangingong rinangkit |
 lajêng (n)dheprok-(n)dheprok tinarik |
 lambungku nyêng dèngangkat |
 angadêg rinangkul |
 ngong nangis anyêngkah-nyêngkah |
 kinukuhan ngapithing sarwi ngarasi |
 anguyêg payudara ||

163. Wus kawudan tan polih ing tapih |
 ki dipati nyamping wus siningsal |
 byar ngalela kagungane |
 nuli wisnya wis atut |
 tan beda lan pangantèn ugi |
 Sumbaling hêm ah biyang |
 tanggung têtên iku |
 manas-ati sok dèn-jugag |
 caritane wong têtlu sami angudi |
 bacute babar-pisan ||
164. Nyai Daya èsmu (ng)guyu angling |
 mau têtka kudu cêcarita |
 tan kêna sabrèbèt durèn |
 iya mara suntutur |
 nanging mêngko gantya nakoni |
 wus samya sinaguhan |
 Ni Daya gumuyu |
 basa mangkono ngong mulat |
 kagungane jêng kyai têtêg atitih |
 nglêgarang gêdhe dawa ||
165. Andharêdhêg atiku kuwatir |
 nulya ginulingkên kinurêban |
 timbalane to e to e |
 manira asidhêkus |
 pan winêngkang ingong kukuhi |
 tinimpah saya sayah |
 wus bênggang pupuku |
 (n)jêng kyai dipati mapan |
 gya tumanduk warastra sêg angêlêbi |
 pan dudu lamakira ||
166. Nêt andêdêl tan kêna tumuli |
 pinapan-papankên wus amapan |
 pinêksa sru pêmadale |
 makênêng raosipun |
 ambarêbêt pating prakinting |
 kumêsar anêratap |
 grêgêl sun-anjêpluk |
 anjrit pinêksa kewala |
 tan kuwagang pantoging watês ngong (n)jêlih |
 kêsamur drêsing ngudan ||
167. Binotan srêg pangkêrêdan mami |
 pat-pêt pêtêng ambêgan salêkak |
 mawut kokonangku kabèh |
 êrug ngatut manjuluk |
 bantal kontal ujurku ngalih |
 polahngong gêlasaran |
 malang megung tinut |
 udane tan têtang-têtang |
 dêrês bae suwe-suwe rada rapih |
 tangisku nuli suda ||

Jilid 5 - Kaca : 198

168. (ng)Gigilani solahe jêng kyai |
 payudara pipi cinokotan |
 pinggêt unton-unton kabèh |
 mayar rasane liru |
 mak blas seje mau saiki |
 nora mèmper satuma |
 mung sadhela bingung |
 nuli pikir salin ada |
 sasuwene tan bisa mêlèk sakêdhik |
 sumrahe nora jamak ||
169. Tan kèlingan bojo-bojo dhangin |
 bocah cilik-cilik tan mirasa |
 nulya lèh gèdhe angatèl |
 satêngahing pulangyun |
 lèrèn kinèn nèkêm ningali |
 ih tobat nora jamak |
 satutup nêt punjul |
 sajêmpol pènyèt sih ngongkang |
 marêm mathêm pangrasa tan nêdya uwis |
 udan drês kongsi têrang ||
170. Gêr gumuyu ririh ting kulikik |
 wong tri angling nyêthoti Ni Daya |
 ngêpenginake dongèng |
 samya rongèh alungguh |
 ting kalêsêt gondhange salit |
 napase kumarangsang |
 ngêlêd-êlêd idu |
 samya jawilan papindhan |
 ingabedhang lèlèjêm iriban liring |
 Ni Daya ris atanya ||
171. Lah bok Têngah wis ping pintên laki |
 nauri gih duraka ping tiga |
 tinanyan pundi bedane |
 bok Têngah èsmu guyu |
 jaka-lara pangantèn urip |
 pangantèn sami bocah |
 lamine rong taun |
 randha nêm wulan mah-imah |
 angsal ngriki kemawon Ki Basarodin |
 adhine Amad Badar ||
172. Mung puniku kang dadi tyasmami |
 mèmper kang (n)dika tutur punika |
 arêbut agêng panjange |
 kang pundi ukuripun |
 sami nyakêp gêlangan sikil |
 gêng gêng ki dipatya |
 mênang panjangipun |
 botên patos kêrêp minggah |
 nanging bêtah wiwit sontên ngantos enjing |
 raose kalênnyêran ||

Jilid 5 - Kaca : 199

173. Badan sakojur ngalêbêt mringing |
 pan kêrasan ras-arasên wisan |
 yêkti pikantuk kang gêdhe |
 sami mèsêm ngacêmut |
 dhêdhêngkêtan dènnira lênggih |
 nging tan kongsi susuta |
 nulya pègat lampus |
 randha pat wulan mah-imah |
 inggih angsal ki pangulu Basarodin |
 lah punapa bedanya ||
174. Anahuri apan kaot ugi |
 dene ki pangulu darbèkira |
 gêng nanging sangêt cêndhake |
 sampun lir cêpuk lugu |
 watês gêlang lan bongkot sami |
 gendhol-gendhol ing ngandhap |
 sagêgêm agêmut |
 yèn nggarap sapatilêman |
 goblag-gabluk bêg-bêg kadya dèn sothoni |
 grewal-grèwèl pocotan ||
175. Kêsêl (m)bênakakên anjagani |
 ting cukikik wong papat cêblèkan |
 layak yèn grèwèlan bae |
 wong kaya balabudhur |
 ambalèndhêr ngewuh-ewuhi |
 dhasar bandhane cêndhak |
 wêtênge anjêndhul |
 tan pati bisa akandhas |
 ngaya-aya sunduga boyoke sakit |
 mênêtakên rêkasa ||
176. Nyai Têngah gumuyu nauri |
 lèrês Nyai Daya panduginya |
 tingkah sangêt kangelane |
 ambêgane asênggur |
 kula-watuki kemawon jêbling |
 wahing sarêng copotnya |
 mak bul sru cumêput |
 tan kêkah anèng panggonan |
 susahing tyas karaos rayat kang mati |
 ginuyu cukikikan ||
177. Ni Parti makaping pintên laki |
 nauri mung sapisan kewala |
 nanging sring kening godhane |
 kinedanan wong bagus |
 godhaning blis pisan ping kalih |
 yèn sampun kalampahan |
 manahkula gêtun |
 sarêng ping tiga sakawan |
 lajêng tuman tan nganti milih wong sigid |
 anggêr agêng kewala ||

Jilid 5 - Kaca : 200

178. Yèn kula kesah pêpara asring |
 rinêjêng jênak sapatilêman |
 tan nganyang yèn tumbas wade |
 inggih lèrês bokayu |
 ingkang agêng lawan kang alit |
 yèn angsal agêng panjang |
 angalênyêng bingung |
 pangobèng kula nêmbêlas |
 anyapisan wêrata kula pilih |
 angsal tiyang sakawan ||
179. Pangobèng tiga buruh satunggal |
 buruh sangêt awon warnanira |
 nanging gêng panjang badanne |
 ngungkuli kang cinatur |
 dados agêm mathêm ing ati |
 iriban mring wong lanang |
 yèn pasar Pon Tanjung |
 mikat babu nèng dèdalan |
 gêgarapan sakatêg-katêge dugi |
 sêgêr adheyang-dheyang ||
180. Tiyang ngriki kathah sunicipi |
 ingkang kêrêp mung Ki Kulawirya |
 rayat datan uningane |
 lan ki pangulu êmpun |
 inggih lèrês tir dèn bithèni |
 gumuyu jojorokan |
 Ni Malarsih dulu |
 cat myarsa ing carêmêdan |
 tyasnya ngungun ya ta lah dene wus sami |
 tuwa acêrêmêdan ||
181. Sadangunira Nikèn Malarsih |
 muwus lan nyai pêngulu tuwa |
 dus-wiladah lan nipase |
 kasaru kang gumuyu |
 ting kulikik ingampêt sami |
 lirik dènnya rêrasan |
 Ni Malarsih muwus |
 bibi punapa rinêmbag |
 dene nêmên gumuyu pating jurawil |
 nauri kang liningan ||
182. Inggih gujêngan tamba lèk sami |
 Ni Malarsih malih angandika |
 Sumbaling punika biyèn |
 têtèdhèk langkung payu |
 gêr ginuyu rewange linggih |
 mênêng mari crêmêdan |
 liya kang cinatur |
 nyawêngah angon iriban |
 wus katungkul nuli carêmêdan malih |
 Sumbaling tinakonon ||

183. Tuter duk masihe dados ringgit |
dèrèng paringkilèn wus anjajah |
jêjaka wong tuwa dene |
sajêg kula pulangpun |
dèrèng wêruh raosing sakit |
pan sakeca kewala |
nanging wiwitipun |
krêp jajalan sami bocah |
uga gêdhe saya gêdhe-gêdhe malih |
kula duk maksih bocah ||

Jilid 5 - Kaca : 201

184. Dipun-tunggil tilêm lawan êncik |
êncik Subedhe badane domba |
lan kang (n)dika catur kabèh |
agêng kang kulatutur |
pan satukup bathêthêt luwih |
rong jêmpol pênêd ngaya |
acul manggut-manggut |
dinêdêlakên ing wokkan |
lir dèndhêngkul ngilêbi ubênging pinggir |
dèn ngêr-ingêr mrih mapan ||

185. Dangu-dangu sami ngêmu yiyit |
dèn usêlakên angêlar-êlar |
wus angaluwing kikise |
mêkênêng mak blêng anglud |
bongkoting ngong ubêd-ubêdi |
ing saptangan supaya |
ywa tutug pokipun |
blês-blês alon kêlêmira |
rada suwe tutuge watêsing jarit |
saptangan mau ika ||

186. Duk wiwite nyang-nyêng gringgang-gringging |
amrêkinding raose tan kaprah |
lawan sabêne wong ngakèh |
datyan kadya puniku |
ngunyêr-unyêr ngalênyêr anyir |
bêd-ubêd inguculan |
puput lar-lêr lar-lur |
saking agênge tan gonggang |
lae-lae dubilah rasane ngêngting |
abungah ngangah-angah ||

187. Mung punika kang dadya tyasmami |
anjêlajah kabèh kawêratan |
Cina Koja Cik Jawane |
wus tan bisa angetung |
awon pênêd agêng lan alit |
miwah kang panjang cêndhak |
kang koming myang buntung |
anggêre kang kêngkêng mangkas |
ingkang panjang kang bènêr (m)bêmbêng agilig |
kang mêdhok bulêdira ||

188. Kang mucuk-bung tan pati pakolih |
 miwah kang bêndhol alit bongkotnya |
 sring (n)dhoko têngahing gawe |
 ngong ginarap wong têlu |
 dèn-woloni dipun-rolasi |
 ngagir miring malumah |
 myang mungkur sidhêkus |
 anjongok (n)jêngking lumampah |
 ambêrang kang ngadêg ngingkrang anèng nginggil |
 pinangku nganja-anja ||
189. Mila katêlah rêmênanmami |
 yèn wong (ng)garap tan akèh rekanya |
 bosên êlir angkrok bae |
 asring ngong tinggal turu |
 yèn mêlèka sun plaur dhidhis |
 ginuyu kalêsikan |
 malih lon amuwus |
 mendahane ngalahêna |
 ingkang akèh rekane salin sumalin |
 sumrah bisa aliyan ||
190. Salin solah salin raosnèki |
 nadyan sadina sawêngi bêtah |
 malah saya kèh rasane |
 lir gatêlên kinukur |
 puk nim kukur-kukur ing gudhig |
 ènyèng sakojur pisan |
 layake puniku |
 jênênge anyêng nyang-nyêngan |
 paribasan wong kêna ngênnyêng sayêkti |
 têmtu rasaning lanang ||
191. Yata wontên wulangan sawiji |
 padha karêm rêrasan karasa |
 ajrih isin mèlu ngomèl |
 sadangune angrungu |
 rêrasan kang ngenaki ati |
 nilingkên pan katara |
 api-api idu |
 kêcah-kêcoh sêsamuran |
 nanging nora marèjèl pangrungunèki |
 kabèh wus kacathêtan ||
192. Dangu-dangu kêrasa mrêkinding |
 jêlalatan narithil kêdhèpnya |
 awake kabèh anyabe |
 sasuwene alungguh |
 pan wus mêtù ping nêm mring jawi |
 kalêsêd malih mêdal |
 awat-awat nguyuh |
 bakune saking amawas |
 saya matu bêngkak kagunganirèki |
 thinuthuka kêmlothak ||

Jilid 5 - Kaca : 202

193. Sapraptaning jawi nulya linggih |
 bêkah-bêkuh hèn hèn ah ya ta lah |
 sarwi mijêd wêlakange |
 boyoke dèn-kuk-êngkuk |
 parandene ora amari |
 angadhuh sarwi ngucap |
 ambakna wong muwus |
 agawe laraning ngawak |
 suwe-suwe angadêg sarwi anjêngking |
 mêrkungkung ngulèt kayang ||
194. Kaku atine anjêlih ririh |
 gêdrag-gêdrug ekar sukunira |
 kadhêdhêlan andêlèwèr |
 kisruh kabêlêt nguyuh |
 mring pakiwan lumayu (ng)gêndring |
 kiyêng abêdêdêngan |
 wêtune kasusu |
 kocar-kacir nèng dèdalanan |
 durung kongsi tutug ênggoning wus ênting |
 sinjange kaompolan ||
195. Parandene mêksa durung mari |
 paringisan lir wong lara ayan |
 kêcap-kêcap ngêsês bae |
 amingka bathukipun |
 nora kêna dipunsayuti |
 wêgah sangêt ngrêsula |
 jêr ya kae mau |
 cêlathune nora kaprah |
 sarwi nêkêm kagungan mêksa ambithi |
 cinêthot ciniwêlan ||
196. Wong papat sami mêngdêm kalisik |
 saking nyênyêde kang carêmêdan |
 sadaya mêtu yiyide |
 ngêmbêr sadangunipun |
 tambas marang ing tapih |
 takon-tinakon samya |
 sami drês angilu |
 gumuyu apalungokan |
 ngajak adus jinabad pamrojol mani |
 wong papat sarêng kesah ||

40 Sabibaripun dhahar lajêng têrbangan singiran lan emprak sinêling lêlucon
 gêr-gêran, kanthi ronggèng lare jalêr dados èstri sakalangkung damêl
 sênêngipun ingkang ningali, langkung-langkung emprak kanthi sihir (sulap)
 angedab-edabi. Kasambêt gamêlan angrangin rinêngga ing swantên nganyut-
 anyut tuwin jogèdipun ronggèng malêtêr, saya dalu saya nganggsêg emprak
 jêjogedan. Sasampunipun têngah dalu sami pindhah ing griyanipun
 Jayèngraga ingkang mandhegani jêjogedanipun, damêl sêngsêmipun ingkang
 ningali. ...
 kaca 203-220

356 Dhandhanggula

197. Tan wun catur sêmbère Sumbaling |
yata ingkang jagongan kidulan |
Jayèngwèsthi ing dalême |
sasontên kang winuwus |
namung ngèlmi saraking nabi |
murading kawiritan |
pêkih kang pakewuh |
sabaturing pasugata |
sadaya wus wanci satêngah satunggil |
Jayèngraga krêkuhan ||
198. Sasontên mila dènyarsa singir |
nanging ajrih manawi dinukan |
mring raka dadya tyas mène |
garêncêngan ing kalbu |
arsa munjuk-munjuk pan ajrih |
tag-tig widhag-widhigan |
tan saranta matur |
ing raka Sèh Amongraga |
kula nuwun pangapuntên ingkang mugè |
wontên lilah paduka ||
199. Lamun parêng paduka lilani |
kewala pun sunat sisingiran |
dhikir maulud pedahe |
Amongraga amuwus |
inggih sunat-sunat utami |
kurmat (n)Jêng Rasullolah |
manpangat aplanlu |
Jayèngraga enggar ing tyas |
wus kalilan kêtêkan sru nênging ngati |
sênthot mêdal ing jaba ||
200. Jamal Jamil lawan Jalalodin |
Nuripin tan kantun Jayèngraga |
lênggah ing pandhapa ngèglèh |
mundhut trêbang têtêlu |
lawan kênhangira satunggil |
pra santri kang jagongan |
mire maro kêpung |
angandika Jayèngraga |
marang para lurah santri gus Arpani |
Jonadin Jayaniman ||
201. Bagus Yahya gus Jalalèn tuwin |
gus Dawud gus Yusup Amad Darsa |
kinèn mepak lèrèhane |
myang para békêl dhusun |
kang sami kewala agami |
dhalang topèng Ki Crêma |
-sana anèng ngayun |
kalawan Widilêksana |
Tunjangkara samya cêlak Jayèngragi |

para santri aberag ||

202. Amongraga mèsêm aningali |
mring kang rayi sira Jayèngraga |
angling mring Jayèngwèsthine |
rayinta wus adangu |
dènnya arsa asunat singir |
Jayèngwèsthi turira |
inggih sakalangkung |
yèn ta sampuna kapalang |
jrih ing tuwan kèdah natap Cara-bali |
salendro myang pelogan ||
203. Tan pae lan karsane (n)Jêng Kyai |
tuwin ibu sangêt brangtanira |
duk wingi kantaka supe |
kathah karasèng kalbu |
Amongraga nauri aris |
botên maibèn yèn ta |
cuwèng tyas pun ibu |
mugi Hyang kang ngapura-a |
inggih yayi prayogi andika mijil |
kalih paman sadaya ||
204. Kawularsa sêpèning awêngi |
nulya tumurun Sèh Amongraga |
maring langgar panêpènne |
Jayèngwèsthi amêtu |
lawan ingkang paman kêkalih |
Suharja Wiradhusta |
praptèng pandhapa wus |
kang raka aris ngandika |
para iki nganggo (n)dadak têrbang katri |
aramèn nganggo kèndhang ||
205. Jayèngraga mring raka turnya ris |
mapan tiyang sampun kinalilan |
punapa rinaos malih |
ngajrih-jrihi tiyang yun |
kang raka gumujêng nudingi |
andêlna yèn singiran |
rahabe kalangkung |
Jayèngraga angandika |
marang dhalang hèh Crêmasana sirèki |
undangèn Widiguna ||
206. Iya suwunên mring (n)Jêng Kiyai |
lan si Suratín yèn anèng kana |
anake pak Rajinah-e |
lamun tan anèng ngriku |
ampirana nèng wismanèki |
lan malih timbalana |
putumu si Sênu |
lan paman Ki Kulawirya |
aturana nulya kang liningan aglis |

Jilid 5 - Kaca : 204

mentar enggal-enggalan ||

207. Praptèng jroning regol aningali |
wong gêr-gêran Ki Crêma wus nyana |
yèn Ki Widiguna kae |
pinaran tan asantun |
kagyat Widiguna kapanggih |
Crêmasana ajarwa |
lakune ingutus |
Widiguna saurira |
yèn makatên dawêg marêg (n)jêng Kiyai |
nulya nêmbah ing ngarsa ||
208. Matur kawula dipuntimbali |
ing putrapaduka Jayèngraga |
Crêmasana kang kinèngkèn |
dipun purih umatur |
Kyai Bayi gumujêng angling |
iku kanca kabudan |
dhumpyuk padha kasud |
dhêdhalang angundang dhalang |
sing kon (n)dhalang kang kinongkon dhalang sami |
padha dhalang-dhalangan ||
209. Ana gawe apa dene gati |
Crêmasana umatur putranta |
karsa trêbangan rêramèn |
Ki Baywa nging amuwus |
dèn lilani mring Amongragi |
matur kados kalilan |
de suka kalangkung |
Ki Bayi gumujêng enggal |
ingsun nêmpil sadhela iya sathithik |
wong loro banyolana ||
210. sarêng (m)bêngok anjêlih wong kalih |
samyakagèt sadaya alatah |
bêkêm-binêkêm karone |
Widiguna acucut |
Crêmasana lucu kêpati |
poyok-pinoyok samya |
gêr-gêran ginuyu |
(n)jêng Kyai gumujêng suka |
nulya mundhut rasukan sêmbagi abrit |
kalawan ikêt jingga ||
211. Crêmasana kulambiku iki |
sun paringkên (ng)gonên Jumungahan |
ikêt (ng)gonên yèn anopèng |
Ki Crêmasana nuwun |
nêmbah-nêmbah langkung kapundhi |
nèng mustaka kacancang |
pupucuking rambut |
dahat ing kalingga murda |
sih (n)jêng Kyai dadosa jimat paripih |

Jilid 5 - Kaca : 205

dados ing kayuwanan ||

212. Lah ya uwis dadak crita ringgit |
(n)jêng Kyai sarwi anggêgêm yatra |
sajêmpèl sinêbar (ng)gonne |
wong ro kinèn angrêbut |
Crêmasana Widiguna glis |
rêgêjêgan rêbutan |
brawuk binarawuk |
goh-ginogoh ing gêgêman |
rame wêngkang-winêngkang tindhih-tinindhih |
konthole Widiguna ||
213. Ginujêngan sêt anjêlih-jêlih |
Widiguna kandhutane wutah |
kang dènmut ginêgêm dene |
kabèh kêna rinêbut |
Crêmasana bungah kapati |
dènculkên kontholira |
Ki Widi mimisuh |
Ki Bayi asuka-suka |
gumêr-gumêr gumêdêr jalu lan èstri |
(ng)guguyu Widiguna ||
214. Crêmasana pan umatur aris |
inggi rayi dalêm Kulawirya |
ingaturan putra mangke |
Ki Bayi alon muwus |
ya wis sira ngidula aglis |
kang liningan sandika |
nêmbah samya mundur |
anakipun pak Jariyah |
gus Suratin si Sênu wus dèntimbali |
wus kerid sadayanya ||
215. Tan adangu wus prapta ing ngarsi |
Jayèngraga ngling mring Crêmasana |
dene suwe sira monyèt |
Crêmasana umatur |
inggi sawêg dipunparingi |
ginanjar udhêng jingga |
sarasukanipun |
sêmbagi bang langkung pelag |
dipunkêmbar gêbal-dalêm tiyang kalih |
kula lan Widiguna ||
216. Sarta pinaring arta dhik-udhik |
kang ngrêbat kula lan Widiguna |
ramanta sangêt sukane |
Jayèngraga gumuyu |
sukur sira karo pinaring |
si Sênu lan si Surat |
kon maju ing ngayun |
nulya majêng anèng ngarsa |

217. Nyang si biyung konên anggêlungi |
karo pisan bae konên ngêmbar |
kang lir ronggèng busanane |
sigra ingirid mangsuk |
mring dalême Ki Jayèngragi |
yata Ki Jayèngraga |
trêbange ginêmbrung |
lêkas amaca sêlawat |
lan wong akèh salalahu ngalaihi |
wasalamu ngalaeka ||
218. Nulya talu barung Bismillahi |
amana Bismillahi amana |
mana lilah gêr arame |
trêbang gobyog ambarung |
ajêguran gumuntur asri |
gumêmbrêng agêmbrungan |
abarung brêng-brong-brung |
angguguk gêndhunging kêndhang |
kêmpyung imbal atampèlan lan trêbang tri |
sênggukan magak-magak ||
219. Samya kagyat kang wong jalu èstri |
wong sadesa kadi ginugahan |
tangi padha nonton kabèh |
dhêrakalan lumayu |
tuwa anom gédhe lan cilik |
rare nangis amothah |
ting crêngèk kêmayu |
ginendhong nangis nèng dalan |
anggawa bor upêt colok myang didimik |
miwah êting daluwang ||
220. Miwah kang anèng dalêm lèr sami |
mirud aningali ing kidulan |
jalu èstri age-age |
lumayu rêbut-dhucung |
mung kang anggêr kewala kari |
tunggu têngga dandanan |
lan kang sêpuh-sêpuh |
rarya lit gusis sadaya |
mring kidulan pëndhapa jêjêl apipit |
jalwèstri yèl-uyêlan ||
221. Wus antara dangu talunèki |
nulya suwuk amaca sêlawat |
ngaring-arang sadayane |
ingonnira winangun |
kinang rokok wangèn lilinting |
nipah kalobot mênyan |
srotong lan kêlukuk |
rokok tanjung kapulaga |

wedang kopi jênang widaran krakkêling |
grubi ulêr-ulêran ||

222. Santri saya kèh mèlu alinggih |
samyah lahah milu sêlawatan |
wong tuwa bocah sêdene |
Jayèngraga amuwus |
mring Nuripin lan Jalalodin |
karo mêngko êmpraka |
nuli gênti maju |
si Crêma lan Widiguna |
kang liningan sandika aturirèki |
berag santri sadaya ||
223. Jayèngraga angandika malih |
Nuripin pundhutên têrbangingwang |
si Macan Garongan kae |
lawan mundhuta angklung |
têka lima gêdhe lan cilik |
mundhuta manèh trêbang |
têlu êngkas gupuh |
kang kinèngkèn sigra-sigra |
mundhut trêbang titiga tan dangu prapti |
kalawan angklungira ||
224. Wusnya katur marang Jayèngragi |
nulya sinêntak Macan Garongan |
ginênbrang arum swarane |
dadya trêbang pipitu |
angklung gangsal kêndhang kakalih |
ingkang sami narêbang |
Jayèngwèsthi mungguh |
lan kang rayi Jayèngraga |
Wiradhustha Suharja Kulawiryèki |
gus Dhaud Amat Asra ||
225. Santri lilima ingkang ngangklungi |
Widilêksana lan Tunjangkara |
kang nabuh kêndhang karone |
arumat sêdaya wus |
Jayèngraga lêkas asingir |
bawa maca sêlawat |
lagu Sêkargadhung |
swara ngêlik arum mêmbat |
ya illaha illaha ya illahai |
ilalah Allah Allah ||
226. Sinauran swara kèh gora tri |
sarta lan trêbang pitu barungan |
angklung lan kêndhang arame |
angguguk imbal gêdhug |
kêmpyang kipyah angklung angênthir |
klung klung thur nut irama |
pong ping pyêk prong prong brung |
thung thung dhah dhung grug bêng bung brang |

Jilid 5 - Kaca : 207

puk pêk ping pêk pong bung pèng pèng tong-ting tong-gring |
pêp pêp bah pung byang dhung brang ||

227. Kang ngemprak Nuripin Jalalodin |
sarwi nyêkêl sumbu mubyar-mubyar |
mubêng kalangan ngalètèr |
sarwi angêmut sumbu |
tênggok karo dènbarongoti |
cicingklok cêcangklakan |
pan surung-sinurung |
brongot-binarongot gantya |
dangu dènnya bêng-ubêngan siring gênti |
kalangkung rahabira ||

228. Lamun nuju tibaning ing singir |
Jayèngraga ngêlik abarungan |
wong pitu rêmpêg ungêle |
arum nuntung anuntung |
lir salendro munya angrangin |
kang senggolan kewala |
lulut wilêtipun |
singir dêling angêmanak |
tan sarênti lapal bisahri rabingi |
kad badan nurhul akla ||

229. Payah badan badra bida kali |
mayujla anna rat bihil akla |
nusarkan wamagribane |
alussamai kalu |
umarkaban ahlan waulbi |
soban nur ngijan ripta |
tanpa mamis luhu |
kil ngatil niniyus tahlan |
wa la mar-ahul badrukarli kusnihi |
bah jata tlubu akla ||

Jilid 5 - Kaca : 208

230. Anulya kang santri naurani |
tanpa rungwan barungan lan trêbang |
sawiji tan ana gèsèh |
kalangkung gêr gumuntur |
sinalahan sêlawat nabi |
wa salalahu ngala |
-ihi wasalamu |
salalah ngala Muhammad |
suwuk alon trêbangira angêpiping |
bêng bêng bêng sèlèh trêbang ||

231. Jayèngraga nulya maca rawi |
tumèmbêl patitis kira'atira |
pasekat dawa cêndhake |
sêmbada êmpuk mêtul |
sajak Yaman wus angêsèhi |
wilête ambiyolah |
ngêmandhang alandhung |
anggalêndêm rum araras |

santri ingkang ahli kira'at tyase ênting |
myarsa pasekatira ||

232. Wus bakda dènnira maca rawi |
nulya sasambèn udud anginang |
winêton panganan malèh |
inggih sakantunipun |
suprandene misih prayogi |
santri samya nyamikan |
ing sasênêngipun |
nulya lêkas bawa Lêmpang |
Allahu ya Allahu Allah ya rabi |
na Allah kasbun Allah ||
233. Tanggap barêng santri kèh nauri |
angantêp swara tan ngetang èrak |
sadaya samya rahabe |
gumêr gumrumung ngandul |
asauran gantya wus kadi |
Monggang lan Lokananta |
nganyut-anyut arum |
Ki Crêma lan Widiguna |
samya êmprak bêksa Kêlana-tinangkil |
karone ikêd jingga ||
234. Cathokan sêt nyênthong asisinthung |
rambut pinuntir ngluwêr singsêtan |
cawêtan sabuk sondhère |
akawêng tali wangsul |
pan andhèglèg ambapang ngibing |
apasang pupu malang |
ngingkrang gêdrug-gêdrug |
hebat grudha anjingklak |
sêblak larap narècèt mundur sêrisig |
anglênggak langak-langak ||
235. Tangan kipat-kipat ukêl tangkis |
dariji gêtêr ambuntut landhak |
andhêngklang manthêng mathènthêng |
maju banyak salulup |
anggêndhingdhang lambung klak-aklik |
pacak-gulu èjlègan |
manggut-manggut nyunguk |
angêmbyak akipyah-kiyah |
kêplok tangan lêmpêng aniba gionjing |
akiprah gidrah gidrah ||
236. Jayèngraga tyasira mèh kèdhik |
sèlèh têrbang ambêksa Kêlana |
myat ing raka tyas jrih mène |
mupus mung nrêbang bêsus |
angungkuli kang sadayèki |
ngapipir ngipat-asta |
imbal rangkêp baut |
ngagêm si Macan Garongan |

Jilid 5 - Kaca : 209

pan jumêngglung lir gong Siyêm matug bêning |
tan ana timbangira ||

237. Aningali bungah sêdayèki |
myat kang êmprak lan ingkang narêbang |
sauran tiba singire |
angêlik tan akantu |
bi aslabi arbah sodadi |
kadis samsu pilibra |
jihatan akalu |
kulu wasirtu sarian |
pi butuni tasarapat li kamali |
pi lumuriltu ngawal ||
238. Naurani santri kwèh gora ngrik |
sru asêsêg gibyok trêbangannya |
pong brung brang brung bêng tung tung grèng |
pêg pêg bah bah kur bah kur |
nguk nguk bêbêb clong clung thur thur thir |
tong ting thor bong pung pung brang |
tanpa rungyan ubyung |
Crêmasana Widiguna |
nyêkêl colok ngêngkêlang colok susumping |
colok nyakot amubyar ||
239. Rame surung-sinurung sisirig |
bobrongotan pan bakar-binakar |
Kalana pèrang rekane |
atêlorongan sumbu |
[. . . .] |
bar bêr mubyar-cinandhak |
gya kinarya cundhuk |
saingga lir pangabaran |
kang anonton ênting sukane kapati |
samyã sumyah gêr-gêran ||
240. Samya katêmbèn dènnya ningali |
nulya suwuk amaca sêlawat |
samyã lèrèn sadayane |
Jayèngraga gumuyu |
ingkang raka gumujêng ririh |
dhasare tukang bêksa |
kinèn êmprak baut |
karya bungahe ngakathah |
anglêgakkên galihe para priyayi |
Ki Crêma Widiguna ||
241. Tinimbangan maju anèng ngarsi |
pinaringan panganan sêgêran |
rujak kopyor jruk kêproke |
dèn-galundhungkên nêlu |
kang sawiji dipunisèni |
arta sêjampêl sowang |
kang pinaring nuhun |
mundur wangsul ing (ng)gènnira |

wus pinangan nulya kang pinindha ringgit |
si Sênu lan gus Surat ||

Jilid 5 - Kaca : 210

242. Saking wetan padhang dènobori |
ingiring para rare jêjaka |
cingak wong nonton arame |
ngaruhi (ng)guyu-ngguyu |
uyêg kabèh samya anolih |
bilah nganggo ronggèngan |
merok-merok ayu |
ting balêkèr guligikan |
ham hèm ramya nêbut bilah setan rajin |
rajine pak Rajiyah ||
243. Nulya piyak mire nganan kering |
pating kacêmut acukikikan |
kabèh marèngès andorès |
saking suka andulu |
kang pinindha ronggèng wus prapti |
ngarsane ing ngawiryà |
mêpês sila panggung |
Jayèngwèsthi mèsêm mulat |
Jayèngraga gumujêng suka ningali |
Kulawiryà alatah ||
244. Pan kinêmbar busananirèki |
sinjang parangrusak kêmbên jingga |
rinenda pinrada adèn |
singsêt ngawêng ing pungkur |
asamêkan mênthalagiri |
wangkong wingking taliban |
mancut adu mancung |
tapih sipat polok tinap |
asandhungan pangasih nêrampat wuri |
widi jênar gèbêgan ||
245. Sêngkang uliran têngungul siji |
pupur rinêmbug pêthak sumilak |
cêthik asangsangan kace |
gêmbaya brit kustalus |
gêlung sêdhêng bokoran jinggring |
pinalipit ing sêkar |
nganggit magêr-timun |
tinirahan oncèn muncar |
pinalangkan ing jungkat pênnyu rinukmi |
cundhuk-mêntul tamèngan ||
246. Jayèngraga angandika aris |
sapa ingkang andandani sira |
apa ya si biyung dhewe |
Surati nêmbah matur |
Nyai Daya ingkang (n)dandosi |
mijil (m)bêkta busana |
saking jro sadarum |
panuwunipun (m)bok inya |

iya ta lah Nini Daya dene apik |
bisa karya yu warna ||

247. Lah wis ayo empraka kang bêcik |
kang liningan umatur sandika |
Jayèngwèsthi lon dêlinge |
si Jamal Jamil iku |
konên emprak dhisik wong kalih |
kang rayi nut ing raka |
nulya ngandika rum |
lah Jamal Jamil empraka |
bêrkat sira sabating guru linuwih |
ingong kang ngalap bêrkah ||
248. Matur sandika Ki Jamal Jamil |
sarwi muwus sela itêm wawrat |
Jayèngraga suka tyase |
gya kinèn mundhut watu |
pan sakêndhil agêng wus prapti |
dupa mênyan rinumat |
adan lêkas gupuh |
sajak Karang-kabuyutan |
Bismillahi hiamana bismillahi |
amana mana lilah ||
249. Sinauran gumuruh pra santri |
kadya bendrong sasra abarungan |
gumêr gumêdêr arame |
angklungira kumruwuk |
trêbang umrês barêngan singir |
Ki Jamal Jamil emprak |
lir ngalangi banyu |
sela sagêruk ingangkat |
rame antêp-ingantêpan gênti-gênti |
kadya kapuk salamba ||
250. Kang ningali kagawokan sami |
sadaya sami asuka-suka |
Jamal Jamil mên dhêt lare |
pasuson dipun-rêbut |
dèn-agirkên rare nêng lampit |
lare alit (m)bêrangkang |
dèn-antêpi watu |
mring wong ro balag-balegan |
biyung anjrit biyang priye kuwe kyai |
wong akèh (n)jêlih samya ||
251. Nanging rarene sangsaya aring |
gêlèntèran ingantêpan sela |
tan pitaya wong tuwane |
age-age rinêbut |
wus karêbat dipuntangisi |
nulya gêr samya latah |
langkung ramenipun |
Jamal Jamil dènya emprak |

Jilid 5 - Kaca : 211

dènya bandhêm-binandhêm sakênanèki |
rai wêtêng gigirnya ||

252. Trêbang ajêngguran manêngkêri |
tinatap gêbyog kaya bêdhaha |
tung plêg tung plêg dhung brang dhung breng |
bêb bêb bah bah gur bah gur |
pang pêng ping bêng kêtongting tong gring |
grung grung byêg brang brung brung brang |
klung klung klur klur thir thur |
Jamal Jamil dènya emprak |
saya rahab nêlaskên budayanèki |
nulya agêgabusan ||

253. Nyuwun kalewang berang lan arit |
bapang sinungan kinarya emprak |
kang myat maras tyase kabèh |
nulya bacuk-binacuk |
myang amêcok garês pribadi |
bat-bêt datan tumama |
ngali-ali kêtul |
miwah dènya babrongotan |
kang kinarya colok obor gêng kang gêni |
rame bakar-binakar ||

254. Jamil kinarya têdhas ing gêni |
bêbêd saruwal kulambinira |
udhêng rambut lan jenggote |
pan dadya gêni murub |
mulat-mulat abadan gêni |
wong nonton eram-eram |
langkung sukanipun |
Jayèngwèsthi Jayèngraga |
gung gumujêng ningali Ki Jamal Jamil |
sadaya sumyak-sumyak ||

Jilid 5 - Kaca : 212

255. Bêbêdira ki Jamal dèn-athing |
athingakên ngoboran kinarya |
anggorèng kacang kadhêle |
matêng samya inguntut |
kulambinya anggembol warih |
gênine ingoboran |
karya (ng)godhog kimpul |
matêng pinangan ing bocah |
nulya nyuwun linggis wêsi gilig kalih |
sinungan kinaryemprak ||

256. Sigra gêgabusan Jamal Jamil |
pênthung-pinênthung ing linggis samya |
Jamal pinênthung raine |
sru banène kumêpruk |
bathuk pêcah tiba ing siti |
gêtih andêladag |
kêlosodan mujur |
pinindho ngantêpan sela |

sirah rêmuk balung rênyêk badannèki |
ngalumpruk gobrah-gobrah ||

257. Kang ningali cêp gêtun tan sipi |
gumun samya manahe sumêlang |
sadaya pucêt ulate |
Jèngwèsthi manthuk-manthuk |
gèdhèg-gèdhèg Ki Jayèngragi |
Suharja Wiradhustha |
myang Kulawiryèku |
samya angungun sadaya |
priye kuwe mêngko akale ki Jamil |
agawe gêgawokan ||
258. Ki Jamil nyuwun sinalip gèndhing |
Sêkar-gadhung kang landhung lon-lonan |
pan mangkana saurane |
ulung asambêr ulung |
ya maole si ulung mati |
ngêlayung ya maola |
roke pida yakun |
Jayèngraga gupuh mojar |
mring gus Surat Sênu lah ngadêga singir |
nuta Jamil kewala ||
259. Matur sandika kang sinungan ling |
nulya ngadêg mring Jamil winulang |
wus linuruhan mangkene |
Jamil nèng wurinipun |
sarwi (m)bêkta angklung kêkalih |
kang jisim ingubêngan |
sindhên Ulung-ulung |
sambêr ulung ya maola |
si ulung mati ngêlayung mole rokin |
pindha ya kun mangkana ||
260. sarêng ngêlik mêthit anjêlirit |
alantik lir pulung kang pipitan |
kadya nangisi isthane |
mring bangke kang amujung |
kang ningali samya kèh nangis |
trêbang lirik satunggal |
lan angklung têtêlu |
lawan kèndhange satunggal |
ukur jawil imbal angêpinjal bincil |
kêmpyang nyampyêng pincatan ||
261. Ting salèntik pang pik pèk pak pik pik |
tung plèk tung plèk tong ting bung pang pêng byang |
nguk nguk dhung dhung thong thong thur thèr |
kutugipun kumêlun |
mayit obah nulya ngalilir |
lurube ingungkaban |
Ki Jamal wus lungguh |
ambêgane arênggosan |

Jilid 5 - Kaca : 213

- ingadhêpan ronggèng ro lawan Ki Jamil |
Jamil lir mêlas mulat ||
262. Nulya nyandhak bëndho lawan arit |
Jamal ngucap hèn ta bëndho sira |
lan si arit bapang kuwe |
lumakuwa sun utus |
padha mèka dawêgan aglis |
gya bëndho arit bapang |
kesah rêbut dhucung |
gumlothak kêtanggor cagak |
Jamil angling bok dènalon bëndho baring |
lunga tan ngarah-arrah ||
263. Ginaguyu mring kang nonton sami |
tan adangu bëndho arit bapang |
kalung dêgan anyagandhèng |
barêng saking lèr kidul |
praptanira asèlèh ririh |
bëndho arit tumumpang |
nèng dawêganipun |
Ki Jamil muwuse sugal |
ora urus jamak banjur dènparasi |
sêpête buwangana ||
264. Nulya tangi bëndho lawan arit |
ting galasrok marasi dawêgan |
polah dhewe ras rès ras rès |
kang myat suka gumuyu |
dawêgan dèninumkên aglis |
dêgan sakawan têlas |
bëndho arit gupuh |
ambuwang sêpêt bubuhan |
nulya Jamal wus bagas lir wingi uni |
nuwun salin lagunya ||
265. Dhênggung Bantên bawa saurnèki |
dhênggung yahu daim dhênggung Allah |
daim Allahu daime |
sigra sinauran gur |
brong prong prung brang dhêng thung thung thung gring |
pyak pyok byêg pèp pèp bah bah |
nguk gruk bung thor thir thur |
umrês barung lan sauran |
Jamil Jamal aemprak nêlasakên gèndhing |
gènti nganciki sirah ||
266. emprak pundhak kinarya cik-ancik |
samyã banting-binanting bag-bêgan |
pra emprak tan kadya kiye |
kang nonton sakêlangkung |
cêkakakan hah hah huh hih hih |
kapingkêl kèl kasêlak |
pan kapêntut-pêntut |
kathah kèthuh ngêbrok (ng)gènyã |

akapricit arsa lunga bok dèn-nggoni |
mulane anggadidak ||

267. Wus antara kasauran singir |
suwuk maca sêlawat lahuma |
sali wa salim ngalèhe |
lan wong kèh salalahu |
ngalaihi wa asalami |
salalahu ngalaya |
Muhammad cêp suwuk |
samya rèrèn sangêt sayah |
amêmangan kang sêgêr myang wedang kopi |
Jamal Jamil ngandikan ||

Jilid 5 - Kaca : 214

268. Anèng ngarsanira Jayèngwèsthi |
piningan ingkang sêsêgêran |
sêmangka jêruk salake |
srikaya lèmèt mêtud |
wuwungkusan pipisan isi |
arta sareyal sewang |
kang pinaring sampun |
nuwun mundur ênggènnira |
asêsambèn sadaya angaring-arang |
nutug dhahar nyamikan ||

269. Ki Kulawirya amaca rawi |
swara santak erak muluh rêmak |
grawul mung buru wanthène |
sêru rada mêtukutuk |
nanging marang sastra pêtitis |
maca lapal ruwiya |
wulingan kabibu |
salalahu ngalèhisam |
wa huwa ma kakalu ala nguyuni |
ma ka tungun suratana ||

270. Wusnya tamat dènyya maca rawi |
Jayèngraga ngling suwawi paman |
paduka lajêng bawane |
witipun Carang-gantung |
miba Pêtung-wulung kang aris |
sigra Ki Kulawirya |
abawa swara sru |
ya lailaha ilolah |
ya Muhammad Rasullulohi tangalim |
Muhammad Rabibolah ||

271. Santri sadaya anaurani |
rêmpêk tan ana mènèhi sajak |
angiyud-iyud swara kèh |
yèn nuju sèlèhipun |
tinanggapan ronggèng ro ngelik |
ngalik-alik araras |
nyamlêng nganyut-anyut |
lir sundari kapawanan |

lantik-lantik sumênut ambêlèr ati |
wong samya sir kumêsar ||

272. Wilêting pasindhèn amulêt ati |
lir tinutu tan kêna tinata |
tetela lir èstri jiblès |
sasolahe wèh wuyung |
kabèh samya rêmên tyasnèki |
cipta sami kedanan |
mring gus Surat Sênu |
Sunu dhasar putu dhalang |
gus Suratin dhasar anake wong sugih |
ginulang wasis bêksa ||

Jilid 5 - Kaca : 215

273. Bêkas gambyong mèsês ronggèng kalih |
tan ana sor-sinoran wus rimbag |
cangkêt-cangkêt kêkêncète |
cat-catan kengispun |
lêntreng kêsit mungsêr sisirig |
kêclap larap anilap |
lèngèk-lèngèk maju |
jariji kêjêr ling-lingan |
mênthung uwêd andhêngklang gêndhewa gadhing |
sèdhêt andhêdhêt ulat ||

274. Pacaknya lir Srikandhi nèng kêlir |
lan Drêsanala aparibawa |
tandhing wilêt kalulute |
ulêt lir kupu tarung |
tan kuciwa baude sami |
Ki Crêma Widiguna |
ambadhuti cucut |
sarta enggake imbalan |
abêbanggèn prak-prak kêploke ngêdasih |
coronge mubyar-mubyar ||

275. Ngêlik Pêtung-wulung kumalinthing |
lir suling wratsari abarungan |
kang tan sêlaya tutupe |
ngalêp-alêp mlasayun |
pan sêmbada sasolahnèki |
sangkêp tangkêpe limpat |
ilo ukêl cênthung |
ukêl lêlathèn tasikan |
inggêg jaja juwêt ngujiwat ngawêti |
Jèngraga kêguguran ||

276. Karêkuhan tyasnya widak-widik |
dènyarsa ambêksa garêncêngan |
jrih ing raka isin ngakèh |
kadho-kadho angungun |
saking sangêt dènnya kapengin |
Jayèngraga umêdal |
totoya anguyuh |
mring sor jambu ing gêdhogan |

gus Suratin sigra (m)bêkta cèrèt mijil |
kang turas tinuruhan ||

277. Tinakèn apa gêdhe ta iki |
inggih agênge botên kêjamak |
ah ngajêng sangêt mêdhoke |
Jèngraga sru gumuyu |
sèlèhêna cèrètmu dhingin |
mirêng Sênu sindhènya |
ngêlik Pêtung-wulung |
cumêngkling bènêr lir pendah |
rêbab sêdhêng olih santêne gumrining |
Jayèngraga ambêksa ||
278. Lan Suratin dènnira angibing |
pating karinggêk nèng pêpêtêngan |
antara têtung gongane |
lah wis payo anusul |
cangkingên cèrète yèn lali |
kasuwèn bok kênyanan |
wangsul ing (ng)gyannipun |
anutug dènya trêbangan |
wusnya dangu kèndêl sinalahan sami |
samyas so sadayanya ||
279. Jayèngwèsthi angling mring kang rayi |
tutugêna manirarsa sunat |
kang rayi inggih ature |
kang raka nulya kundur |
Jayèngraga ombèr tyasnèki |
ngandika mring kang paman |
kadospudinipun |
putrandika kundur sunat |
prayogine bubarane kewala sami |
kula mantuk mangetan ||
280. Paman kalih kantuna nèng ngriki |
mung suwawi paman Kulawirya |
kang paman alon saure |
lah iya sakarêpmu |
tutugêna iya prayogi |
bubarane sakarsanta |
Jayèngraga muwus |
pênêdipun abubarane |
nulya Jayèngraga lan Kulawiryèki |
samyas kundur mangetan ||
281. Ronggèng roro Sênu gus Suratin |
Crêmasana lawan Widiguna |
Widilêksana lan malèh |
Tunjangkara puniku |
Gandasana sami angiring |
Nuripin Imanarsa |
gus Dawud tan kantun |
kang nonton bubar sadaya |

Jilid 5 - Kaca : 216

- wus mangkana atata dènnira linggih |
anèng têngah pandhapa ||
282. Jayèngraga angandika aris |
mundhuta trêbang gèndèr lan gambang |
kalawan kèndhang sulinge |
kang kinarya gongipun |
trêbang bae kang nora sirik |
kang liningan sandika |
tan dangu prapta wus |
thêng thêng pinatut rébabnya |
nèming gèndèr sinèngrèng ngèk wus pakolih |
nyamlêng nème araras ||
283. Jayèngraga mèsêm ngandika ris |
sèngrèngèn sêsèndhon pathêt sanga |
dèn-nutug lih-ulihane |
Widiguna kang suluk |
kang sinung ling sigra miranti |
Crêmasana angrêbab |
Widiguna suluk |
kang anggèndèr Gandasana |
Tunjangkara pènêt tutupane suling |
Widilêksana (ng)gambang ||
284. Kulawirya ingkang angêgongi |
gong trêbange si Macan Garongan |
nulya lêkas sêsèndhone |
Crêmasana abêsus |
tutupira gêtêr amiwil |
jariji anglir pendah |
kalajêngking ngêntup |
akêsit lir anggang-anggang |
kosok lamba amuput alus alari |
yèn rangkêp rikat rata ||
- Jilid 5 - Kaca : 217
285. Crêmasana pacake amanjing |
ngik-ingike angèrèng lir garantang |
kawat pakolèh santêne |
ngês wilêt manis arum |
Gandasana gèndèr gumriming |
sêrènge anyalupak |
êmpuk ulêm arum |
bêbêngkakane ngêmanak |
pênabuhe apinjal pancêr mincati |
sêmune lir Unêngan ||
286. Widilêksana pênggambangnèki |
apik dhasar gambang dadi anyar |
kayu rawan rum swarane |
kalêrêsan pikantuk |
grobog sêdhêng rong-rongannèki |
placak paku kuningan |
sasênthêng pinuntu |
apêsagi rarasira |

- panabuhe narithil driji kumitir |
galêbêg tan carukan ||
287. Abot kiwa kêbat alêstari |
têr gêtêr lir kupu prêt-uprêtan |
tan (ng)goling wiwilahane |
macalang wilêtipun |
baut bêsus anggungnsari |
Tunjangkara dènnira |
nyuling nganyut-anyut |
tiupan pakolih jamang |
wuluh tarang tuwa bobotsari tipis |
mencok unyêranira ||
288. Tan bêlero laras nora silir |
mathis manis ènthèng swaranira |
bêning cengkok tutupane |
samyâ rêbut ngêsipun |
kèh uninya amêmêlingi |
sumêlèt athuthitan |
paniyupe landhung |
anglir pulung kapipitan |
pra niyaga kang samya sêsêndhon ngênting |
Sarayuda sabêman ||
289. Jayèngraga angandika aris |
wanci punapa punika paman |
Ki Kulawirya saure |
pan iki bakda saur |
durung bêdhug têlu kang wanci |
sêtun satêngah tiga |
Jèngraga amuwus |
sainggane rong gêndhingan |
apan kanti Crêmasana matur aris |
kados botên kasêsa ||
290. Lah ya payo muni Lompong-kèli |
nuli Pêtung-wulung ingkang mêmbat |
nulya buka gêdhingane |
êgong trêbang jumêngglung |
pan ambaung lir gangsa yêkti |
rêbab ngêcêg ngak-ngikan |
gambang kumlunthung thur |
suling mêtir atilêpan |
gêndèr nal-nil Widiguna angêndhangi |
Rara-ciblon kosekan ||
291. Rarasnya rum nyundari ngrêrangin |
ingkang nabuh samya bautira |
adu wilêt yatmakane |
ing gêndhing ngêsês bêsus |
Crêma Widi kalok pasisir |
niyaga Wanamarta |
kang komuk mumuruk |
ronggèng ro Sênu lan Surat |

sarêng ngêlik mêtêd lêmpeṅ Lompongkèli |
saya wèh kalinglungan ||

292. Dhasar wus ênggone anèṅ gèndhing |
kang anabuh ambantu tog-togan |
rèmpêḡ mrih padha rasane |
ronggèṅ sangsaya bêsus |
pèngibinge dipun-gèndhingi |
kang myarsa nunjang-nunjang |
lumayu andulu |
asukup padha sadhela |
ing pandhapa gèdhe cilik jalu èstri |
apipit yèl-uyèlan ||
293. Saya karènan ingkang ningali |
Jayèngraga ngatipung pangpungan |
sarwi alon ngandikane |
paman supaminipun |
punapinggih punika kenging |
lamun dèn-emprakana |
kang paman gumuyu |
patute bae ya kêna |
dene ingkang ora nganggo ênggonnèki |
namung trêbang kewala ||
294. Wah mêngkana ing kono Nuripin |
Dawud Amad-arsa priye sira |
kang sinung ling lon ature |
sumangga karsanipun |
langkung ajrih matur kumawi |
Kulawiryà lingira |
kèh-akèh rinêmbug |
wis payo tēka empraka |
ngarah apa mêngko manira labuhi |
Jayèngraga alatah ||
295. Nging yèn wontèn dukane (n)Jèṅ Kyai |
ngong tan uning mangsa borong paman |
Ki Kulawiryà (m)bègèṅgèṅ |
ya wis ana ing aku |
kang nadhahi dukane kyai |
kang putra dhasar karsa |
ana kang ananggung |
Jèṅgraga cucul rasukan |
nyamping dhèstar ingèlus ingkang alèṅking |
ngusap-usap kumbaya ||
296. Adan jumènèṅ lèkas angibing |
Kulawiryà ngadèḡ asèrigag |
Nuripin Jalalodin-e |
kinèn anyèkèl sumbu |
wong kèkalih lir ambadhuti |
Jayèngraga abèksa |
pacake asaguh |
bèksa Panjinom Madura |

miwir nyamping agêtêr jêmpol klak-aklik |
atanjak kêbo-mênggah ||

297. Mêdhi-kèngsêr ngalêsêd narisig |
angikal ukêl asta ngrajungan |
midak irama tindake |
parigêl egol lambung |
aluk-lukan ula ngêlangi |
narêdhèt asigêgan |
pacak-jangga manglung |
amênthang asta andhêngklang |
pan haeban naga kabunton anolih |
alaras riringgitan ||
298. Kang ningali kathah samya linggih |
myat kang bêksa sadaya asênggak |
kêplok lir gêrah swarane |
samya suka andulu |
bêndarane suka angibing |
pasêmone awayang |
lir Wirun abagus |
sarira lurus ajênar |
brêngos têtèn kékêtogan lir minangsi |
waja têtèsing toya ||
299. Langkung bungah-bungah kang ningali |
samya eram-eraming kedanan |
sakèhe kang nonton kabèh |
micarèng jroning kalbu |
dhuh bêndaraningong wong sigit |
lae-lae saengga |
mêmundhuta mring sun |
ngong-rewangi raya-raya |
numbuk bêntus datan etang kinarikit |
tyasingwang tan sumêlang ||
300. Sangsaya berag dènnira ngibing |
ronggèng ro pênçar mubêng kalangan |
kumpul prêpêt nindur age |
sarwi anêngkah lambung |
golang-galing ling-lingan liring |
cêthik methok apasang |
nampèl-nampèl pupu |
Jèngraga lir pinagolan |
jaja mungal manglung ing jangga angliling |
kadya grudha kasêlak ||
301. Hebat kêclap kumalebat kêsit |
lir paksi prit mèsat sing pangundhan |
alon akalangan kangsèn |
kêjêr gambrêt aniyub |
mencok maring pangundhan wêntis |
uwal muwêr nêng ngasta |
sisirig ngandhuyuk |
mathêt ngalêtêr ting-tingan |

Jilid 5 - Kaca : 219

larap marang ngarsa nindur sarêng ngêlik |
amanis gêtas rênyah ||

302. Apupunton swara rum amanis |
mirut sakwehning ulon animbang |
anyamlêng mathis manise |
tan malèsèt sarambut |
ngês wilête amêthêt ati |
ati pêthot thêl gigal |
gêlêng golong linglung |
kairup langên kalangwan |
Jayèngraga mênthang ukêl angêtibing |
nangkluk klêg pacak-jangga ||
303. Wus adangu luwar dènya ngibing |
nulya lênggah sadaya atêrap |
sinung wedang panganane |
ngaso-aso sadarum |
amêmangan myang ngingum kopi |
nutug dènya nyamikan |
Jèngraga amuwus |
yèn wus aso sasêndhonan |
pathêt manyura Widiguna nyuluki |
wusnya banjur gèndhingan ||
304. Pêtung-wulung tibakna Ginonjing |
niyaganya sigra pêpathêtan |
nutug olèh-olèhane |
lan buka Pêtung-wulung |
Jèngraga nging paman sumawi |
Kulawirya agêpah |
sabuke dènulur |
ngiras sondhèr singsêt pisan |
dhêstharira tinêtêpkên kacêp alis |
nyamping cancut serongan ||
305. Kawêng sondhèr tali wangsul prêkis |
tandang saguh asinggah agagah |
bêksa Dhadhap krêta cèkèh |
tanjak alaras maju |
nyidhang mundur kicak narisik |
majêng siblak tayungan |
lajêng nrisik mundur |
anampa manggêl amagang |
ngingkrang nyidhang manggêl majêng anaricig |
jêglig apacak-jangga ||
306. Pêtung-wulung aniba Ginonjing |
nulya kiprah abêksa Kalana |
pacak-gulune aèjlèg |
ronggèng ro angrêrubut |
nindur gèndhèng mungsêr sisirig |
gulêt ulêt-ulêtan |
mubêng maju mundur |
lincak-lincak kicat-kicat |

Jilid 5 - Kaca : 220

amêtènggèng mathènthng lir Bima-kunthing |
manggêl thêg macak-jangga ||

307. Nulya sampun dènnira angibing |
kêringêtira apêruntusan |
lèrèn aso sadayane |
sêsambèn nyamuk-nyamuk |
wusnya nutug amacit sami |
Jayèngraga ngandika |
dhunêna rêbabmu |
kêndhonana kêndhangira |
payo padha bubaran sêdhênge arip |
kang liningan sandika ||
308. Angling malih amundhuta dhuwit |
têlung reyal paringna niyaga |
tan dangu praptèng ngarsane |
gya piningkên sampun |
pra niyaga nêmbah nuwun sih |
nyamikan binêrkatan |
sigra samya mundur |
Kulawiryâ apamitan |
kang anonton wus samya bubar tan kari |
mung Sênu lan gus Surat ||
309. Ingkang datan kinalilan mulih |
anata pasareyan nèng paningrat |
wus miranti saulêse |
Jayèngraga duk wau |
nèng paningrat dènnya aguling |
Sênu lan bagus Surat |
angêloni pupu |
dangune akalêsikan |
Jayèngraga èsmu (ng)guyu angling ririh |
sarwi narik pipinya ||
310. Sira karo dèn manjuluk thithik |
samya manjuluk dumugèng jaja |
angêkêp lambung kalihe |
[...] |
ronggèng roro dèntêtakoni |
sarwi kinèn nêkêma |
ing kagunganipun |
ronggèng ro agaligikan |
samya nêkêm rong têtêm panjangirèki |
watês galêng kewala ||

Sasampunipun bibaran Jayèngraga tilêm ing paningrat anganthi ronggèng kalih
ingkang kadhawuhan ndongèng pêngalamanipun dipun gandrungi têtayang jalêr.
41 Wêkasan ronggèng angladosi Jayèngraga dumugi ubaling nafsu sahwat. ...
kaca 220-223

311. Sira iku wis padha nglakoni |
kêlampokan lawan bocah-bocah |
gêdhe êndi karo kiye |
ronggèng roro gumuyu |
matur dèrèng Tate Dènworì |
maido Jayèngraga |
apa munga aku |
cêkake bae uwis sira |
gus Suratin matur inggih sampun mami |
kang kadugi ing manah ||
312. Sami sutaning sudagar singgih |
ingkang asih lir tiyang kedanan |
kewala kang sami dene |
santri (ng)gih kathah wuyung |
nanging datan kula-langgati |
namung rayi paduka |
gus Kanjir kang sampun |
putrane Ki Wiradhustha |
yèn kang sêpuh mung paduka lawan malih |
kiyai Kulawirya ||
313. Jèngraga ngling paman lawan mami |
gêdhe êndi matur kang liningan |
gèng panjang paduka kiye |
kiyai mung saêcu |
yèn punika saêcu luwih |
kurang kêdhik sakilan |
Jèngraga gumuyu |
sapa manèh kang anggarap |
matur sampun ora satêmêne maning |
inggih namung punika ||
314. Lah si Sênu kapriye sirèki |
aywa kumbi matura pasaja |
Sênu nêmbah lon ature |
inggih kathah kang wuyung |
mring kawula kedanan sami |
santri myang sudagaran |
kathah pawèhipun |
sami ing ngriki kewala |
mèh wêradin akathah kang sami brangti |
inggih dhatêng kawula ||
315. Kalih ki pangulu Basarodin |
dipun kaluthuk namung sapisan |
kapok kinalampok malih |
Jayèngraga gumuyu |
guligikan gêroyok angling |
kadèkne kêlirikan |
nyat bocah rumusuh |
bagus kang suluh wadana |
mas pangulu ulate angincih-incih |
nora mambu wong tuwa ||

316. Saliyane ing kene wong êndi |
 Sênu matur pan inggih kawula |
 nuju katimbangan nopèng |
 dhatêng kitha rumuhun |
 kinêrsakkên dhatêng (n)Jêng Kyai |
 dipati Tintên sowan |
 gêng ganjaranipun |
 busana arta kandêlan |
 buntun jêne kawula ngantos tri ari |
 tan sinung mêdal-mêdal ||
317. Tuwin para putra santanèki |
 kathah kang kedanan mring kawula |
 mila wit kawula wade |
 (ng)gih sapikantukipun |
 tiyang nistha ngling Jayèngragi |
 manira lan kakangmas |
 gêdhe êndi iku |
 umatur agêng paduka |
 angling malih iku pan goroh sirèki |
 lan sun gêdhe kakangmas ||
318. Sarwa ngoncori lawan ing mami |
 kêrana aku duk maksih jaka |
 kangmas tumênggung sring mrene |
 kadhang sun kang lumêbu |
 anèng kana tan pisah mami |
 kongsi sêtêngah wulan |
 tan kalilan mantuk |
 mring wang karsa kêlampokan |
 pan pinêksa makênêng lagya sakêdhik |
 mopo aku tan kuwat ||
319. Mung sun-kêmpit ing pupuku mipit |
 kanti angganjêl anèng wêlakang |
 linulur pègêl raose |
 badhe iya satuhu |
 matur namung kaot sakêdhik |
 sarwi gelo ingogak |
 Jèngraga gumuyu |
 sapa kang ngluwihi kangmas |
 matur botên wontên sarwi anggaligik |
 ora têka balaka ||
320. Matur ngênthêt-ênthêt asmu isin |
 inggih wontên nglangkungi rakanta |
 agêngipun myang panjange |
 gêbaldalêm puniku |
 Kaki Widiguna nglangkungi |
 anguwêr mring kawula |
 kongsi anjêngkêrung |
 Jèngraga gumuyu latah |
 anêmpuh byat dene putune pribadi |
 apa mèri wong kathah ||

Jilid 5 - Kaca : 222

321. Jêr rupamu (ng)grêgêdakên ati |
 sira ro apa tan kangên mring wang |
 lan pirang dina lawase |
 tan katêmu maringsun |
 inggih wontên kalihdasa ri |
 Surat umatur sapasar |
 apa jrih kalamun |
 tan wontên ingkang timbalan |
 ye dènmrene kewala mêngko sun-ganti |
 samya matur sumangga ||
322. Yata wau myarsa swarèng pêksi |
 kluruk ayam myang putêr bênggala |
 Jèngraga kadho karsane |
 panggalihira tanggung |
 angandika mring ronggèng kalih |
 Sênu Suratin sira |
 têkêmên bae wus |
 cuwa ing wêktu tunggangan |
 nulya samya nat-nêt anêkêm-nêkêmi |
 sarwi ganti angaras ||
323. Warastranya dangu dènarasi |
 dènnira makas wus waunira |
 Jayèngraga rongèh tyase |
 kumênjar angganipun |
 datan kêni dipunsayuti |
 mrêkiding bêbêdêngan |
 ngacêcêng sakojur |
 nuju ronggèng ro araras |
 sangêt ngingsêp kumêjot nyêroti pipi |
 karone gubras-gubras ||
324. Angga lêgêg ngudal-udal mijil |
 alêr-lêran nandho nèng landhungan |
 nora ucul panggêgême |
 Jayèngraga ambêkuh |
 ah ah ngêsês hêm hêm sarya ngling |
 o o lah kêtiwasan |
 priye kuwe iku |
 dha pada ngur dèntamakna |
 ginaguyu ing ronggèng pating galigik |
 tuntas dènya dêrawas ||
325. Kêkênthêlan anjêdhêl nèng rawis |
 miwah kang kathok anèng landhungan |
 dènkêsuti sap-tangane |
 kêbês kumbayanipun |
 pan warata lir dènsêkuli |
 Jèngraga wunguendra |
 anggêrêng gêgêtun |
 nyampinge adêlêmokan |
 èh Suratin mundhuta nyamping dènaglis |
 kulambi sabuk deêsthar ||

Jilid 5 - Kaca : 223

326. Mring si biyung kang kinèn gya prapti |
 busana katur nèng patadhahan |
 Jèngraga mring patirtane |
 Sênu Surat tut pungkur |
 marang kulah tinalang mili |
 kungkum siram jinabad |
 purujil mani wus |
 ronggèng ro kinèn anguma |
 anggrosoki kagungan landhunganèki |
 anglalar sariranya ||
327. Nuli mêngtas dènnya asusuci |
 salin busana sapangadêgan |
 patlêsan pinaringake |
 maring gus Surat Sênu |
 nanging Surat matur tan apti |
 nuwun panah kewala |
 sagandhewanipun |
 lan êmprit kang muluk lêpas |
 sinaguhan pinaringan samya tampi |
 nêmbah nuwun kalihnya ||
328. Jayèngraga malbèng dalêmnèki |
 Sênu Surat wus cucul busana |
 datan winarna solahè |
 kang anèng lèr winuwus |
 kang jagongan pandhapa sami |
 kang nutur kalanira |
 mring kidul andulu |
 kang emprak singir trêbangan |
 para tuwa manthuk-manthuk dènkandhani |
 Ki Bayi tumut suka ||

42 Enjing, ing dalêmpun Ki Bayi Panurta para rayi kadhawuhan
 ngrampungakên tatarakit badhe paningkahipun Sèh Amongraga, para putra
 kadhawuhan ngirid pasowanipun Sèh Amongraga kanthi pangiring
 saprayoginipun. ...
 kaca 224-225

Jilid 5 - Kaca : 224

356 Dhandhanggula

329. Angandika marang santri Luci |
 kapriye Luci sira tutura |
 kang emprak sapa kabèhe |
 Luci matur agupuh |
 kang rumiyin adhi Nuripin |
 lan Jalalodin emprak |
 asumbu-sinumbu |
 nuntên Kenthol Widiguna |
 lawan Crêmasana lucune kêpati |
 pan emprak cara Buda ||
330. Kuciwa tan mawi têngsnèki |
 dede emprak pan topèng balaka |
 mêtênggèng thir anjêgègèh |

- Ki Bayi sru gumuyu |
 thir kapriye tuturmu Luci |
 matur tan sagêd nelad |
 badannya sakojur |
 gulu athoklak thaklikan |
 talorongan balêbêran pasêr gêni |
 rineka Kalana prang ||
331. Nuntên sabat kalih Jamal Jamil |
 ngêdalakên pangeram-eraman |
 têb-têban gabusan rame |
 mawi pêjah amujung |
 sirah pêcah ajur kang kulit |
 rahipun dêladagan |
 kang ningali gumun |
 nuntên ronggèng kalih (m)bêksa |
 anyindhèni tan adangu mayit tangi |
 nulya lir waunira ||
332. Kathah rekanya bëndholan arit |
 kinèn mëndhêt dawêgan sasanjang |
 bêtêde kinarya (ng)gorèng |
 kacang lan gembol banyu |
 damêl (ng)godhog uwi gêmibili |
 Ki Bayi suka-suka |
 winartan agumun |
 angling ya besuk kewala |
 lamun ana lêngawaning ati benjing |
 yata ing wayahira ||
333. Wusing bêdhug têlu ingkang wanci |
 nulya amêdalakên ambêngan |
 rolas ambêng gêdhe-gêdhe |
 kêndhuri sêkul wuduk |
 ulamipun lêmbaran pitik |
 kalawan sêkul kêpyar |
 kukuluban kudhu |
 sêkul gorèng pêcêl dowan |
 pêcêl ayam myang sajèn-sajèn pêtani |
 sadaya linorodan ||
334. Sêdaya kapang ngêpung kêndhuri |
 ki pangulu Basarodin (n)donga |
 mumule lan sêlamête |
 dinongan sadaya wus |
 gya binage ambêng waradin |
 jaba jêro kawratan |
 jalu èstri cukup |
 tan ana kang kaliwatan |
 sawusnya cinarikan binêkta mulih |
 wus manjing wêktu pajar ||
335. Kinênthongan ngumrês goprak muni |
 binêdhugan Subuh wayahira |
 myarsa adan ing masjide |

santri samya lumayu |
gumarubyug salat ing masjid |
Kyai Bayi Panurta |
angimami Subuh |
sawusira bakda salat |
Kyai Bayi kondur dèniring pra santri |
lajêng lênggah mandhapa ||

336. Angandika marang ingkang rayi |
Ki Panukma lawan Ki Panamar |
katri lan Jayèngragane |
padha dandana gupuh |
parentaha sakèhing santri |
prayoga (n)jênêngana |
ing paningkahipun |
Ki jamhur Sèh Amongraga |
masjid gêdhe tatanên ingkang abêcik |
kang rayi tur sandika ||

337. Dene sira kulup Jayèngragi |
ingkang kidul mangsa bodho sira |
rampunge barang rakite |
lan wong magêrsarimu |
prayoganên ingkang angiring |
marang ing kakangira |
ing paningkahipun |
kang putra matur sandika |
ngling mring garwa mareneya suntuturi |
mijila ing pandhapa ||

